

# M ap li nèt ale

1<sup>e</sup> A.F.

Gid Mèt la

Premye Ane Fondamantal

Tòm 2



# Kreyòl

Leson 36 a 87

# M ap li nèt ale

Gid Mèt la, 1<sup>e</sup> A.F.

2018

# Kreyòl

# M ap li nèt ale

Premye Ane Fondamantal (1<sup>e</sup> A.F.)

## Gid Mèt la

### Tòm II

Leson 38 a 87

**Materyèl pou eksperimantasyon**

2018



**USAID**  
ÈD PÈP AMERIKEN

## Prezantasyon

Paj prezantasyon sa a se pou tout pwofesè ak lòt moun ki pral sèvi ak materyèl : « **M ap li nèt ale** » yo.

Metòd « **M ap li nèt ale** » a fonksyone ak twa materyèl : **Gid mèt la, liv elèv la ak kaye egzèsis elèv la**. Materyèl sa yo fèt nan lide pou ede ak fasilite pwofesè yo nan ansèyman ak aprantisaj kreyòl la ki se lang tout ayisyen. Aprè plizyè remak ak kòmantè ki te fèt sou metòd « **M ap li nèt ale** » lekòl yo t ap itilize nan ane anvan yo, Ministè a, atravè **Inite Devlopman Konpetans Lektik Ekritik ak Matematik (IDKLEM)**, deside pote kèk chanjman enpòtan nan **leson ki nan gid mèt la**.

Chanjman ki fèt nan gid mèt la pral rann pwofesè yo pi efikas nan ansèyman lang kreyòl la. Sa ap pèmèt elèv yo aprann pi byen tou. Nan revizyon ki fèt yo, nou fè anpil efò pou nou konsidere tout remak pwofesè yo, direktè yo ak tout lòt aktè k ap itilize materyèl yo, yon fason pou nou amelyore kalite yo.

Modifikasyon ki fèt nan gid mèt la, konsène : **estrikti aktivite ki nan leson yo, konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj yo, epi kantite tan pou pwofesè a fè leson yo**.

## Tan leson an

Pou chak leson ki genyen nan gid la, nou endike ki kantite tan yon pwofesè dwe pran lè l ap fè aktivite yo. Sa ap pèmèt pwofesè a adapte leson yo selon klas li gen devan li a epi respekte orè ak objektif li gen pou l suiv yo. Nan chanjman ki fèt yo, kèk fwa, pwofesè a gen plis posibilite pou li chwazi aktivite li plis bezwen nan leson li ap travay ak elèv yo. Gen plis aktivite ekritik nou ajoute nan leson yo, yon fason pou devlope konpetans elèv yo nan ekritik.

## Estrikti leson an

Pou chak leson, nou rasanble aktivite yo an 9 blòk, tankou :

**1- Mizantren**

**2- An nou jwe ak imaj**

**3- Konsyans fonemik**

**4- Rekonèt lèt yo**

**5- Lektik (lèt, mo ak fraz)**

**6- Ekritik (lèt, mo ak fraz)**

**7- Vokabilè**

## **8- Konprann istwa**

### **9- Evalyasyon ak yon blòk aktivite pratik oubyen ekriti ki nan fen chak leson.**

Sa pèmèt yon pi bon pwogresyon nan leson yo. Sa pèmèt tou elèv yo patisipe plis nan travay k ap fèt nan klas la. Sa fè aktivite yo vin plis santre sou elèv yo. Pou fasilite koreksyon egzèsis yo, nou bay plis posibilite pou elèv yo pale, poze kesyon, bay opinyon yo, sou travay yon lòt elèv yo anvan pwofesè a fè entèkansyon pa li. Sa fasilite elèv yo dekouvri pi vit ak pi fasil erè yo fè nan yon egzèsis, epi korije yo ansanm. Pou nou fini, nou ajoute kèk repons posib ki ap sèvi kòm modèl pou pwofesè a ede elèv yo lè y ap reponn yon kesyon. Sa ede elèv yo fòme bon fraz lè y ap reponn kesyon epi bay repons ki pi konplèks menm jan ak modèl repons posib yo

### **Konsiy ki nan ikon bouch ak nyaj yo**

Gen chanjman ki fèt nan konsiy ikòn bouch ak nyaj yo. Nou bay anpil priyorite ak konsiy ikòn bouch yo, epi nou diminye konsiy ikòn nyaj ki repete anpil yo pou pwofesè a pa twouble. Chanjman ki fèt nan konsiy yo vin pi senp, pi klè, pi fasil pou elèv yo konprann ak aplike.

### **Kòman pou pwofesè a fè tès oubyen evalye elèv yo?**

Li enpòtan pou pwofesè yo konnen kijan pou yo evalye elèv yo. Nan fason sa, nou pwopoze yon modèl ki explike kijan pou evalyasyon an fèt. Pou teste oubyen evalye elèv yo, pwofesè a ap suiv modèl sa a : Chwazi kèk lèt, silab, mo ak fraz pou fè chak elèv repete; Bay elèv yo dikte lèt, silab, mo ak fraz nan kaye yo ; Chwazi youn oubyen plizyè istwa nan liv la pou elèv yo li pou kont yo epi poze yon kesyon sou istwa sa yo. Li yon istwa pou elèv yo koute, pou yo reponn kesyon sou li. Fè elèv yo ekri pwòp istwa yo, sou yon imaj yo dekri. Apre sa, pwofesè a ka fè ekri sa yo panse sou yon sijè.

## **Tan pou pwofesè a pran nan leson yo**

Pou nou fasilite elèv yo aprann pi byen, **nou bay posibilite pou pwofesè a fè leson yo an 2 pati pandan jounen an.** Pwofesè a ka fè yon premye pati anvan rekreyasyon, epi fè dezyèm pati a aprè rekreyasyon. Pou sa rive posib, nou ajoute yon aktivite revèy pou separe 2 pati yo.

- **Premye pati a ap soti nan mizantren an pou l rive nan aktivite ki anvan revèy la.**
- **Dezyèm pati a ap kòmanse nan aktivite revèy la pou l rive nan fen leson an.**



MIT

# Tablo leson

MEYDOKAFLIL

## Paj

6	Leson 38 k
16	Leson 39 K
24	Leson 40 en
32	Leson 41 EN
38	Leson 42 Revizyon k, K, en, EN.
43	Leson 43 r
51	Leson 44 R
59	Leson 45 y
67	Leson 46 Y
74	Leson 47 Revizyon r R, y Y
79	Leson 48 Konbinezon lèt kl, kr, pr, tr
82	Leson 49 Peryòd revizyon
86	Leson 50 Peryòd revizyon
89	Leson 51 Peryòd revizyon.
93	Leson 52 Peryòd revizyon
97	Leson 53 on
104	Leson 54 ON
109	Leson 55 w
117	Leson 56 W
124	Leson 57 on ON w W
130	Leson 58 ò ò
138	Leson 59 Ò
145	Leson 60 b B
153	Leson 61 b B
160	Leson 62 ò ò b B
165	Leson 63 v V
174	Leson 64 v V
181	Leson 65 br, pr, vr, bl, vl
187	Leson 66 br, pr, vr, bl, vl
192	Leson 67 bw, kw, lw, nw
198	Leson 68 pw, sw, tw, vw
204	Leson 69
208	Leson 70
212	Leson 71
216	Leson 72
220	Leson 73 g G Gr
231	Leson 74 g G

## Paj

239	Leson 75 f
248	Leson 76 F
255	Leson 77 Revizyon g, G, f, F
260	Leson 78 d
268	Leson 79 D
275	Leson 80 j
282	Leson 81 J
291	Leson 82 Revizyon d D, j J
296	Leson 83 ch
304	Leson 84 CH
311	Leson 85
320	Leson 86 Z
327	Leson 87 Revizyon ch CH z Z
333	ANÈKS

# Leson 38 k


## Objektif yo :

- Dekouvri son ak non lèt miniskil / k/.
- Idantifye lèt miniskil « k » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « k » byen.
- Fè prediksyon sou istwa dapre tit

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 38 paj 56-57
- Kaye egzèsis, leson 38 paj 156-159
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Konsiy pou pwofesè a respekte nan dewoulman leson yo



-  Men kèk konsiy pwofesè a dwe aplike nan dewoulman leson yo:
  - Mande elèv leve men yo pou pran pawòl.
  - Mande elèv yo fè silans, lè yon kamarad nan klas la ap pale.
  - Ankouraje elèv yo fè fraz konplèt lè yo ap reponn yon kesyon.
  - Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la.
  - Pase verifye travay elèv yo ap fè nan gwoup.
  - Ankouraje, felisite elèv yo lè yo fè yon bon aksyon.
  - Ankadre epi korije elèv yo lè li nesesè.
  - Toujou chwazi elèv ki fè egzèsis byen kòm modèl lè w ap fè koreksyon yo.
  - Itilize tablo lèt la pou ede elèv yo lè yo genyen difikilte pou fòme oubyen li yon silab ak yon mo.
  - Fè elèv yo idantifye imaj ki anba paj kaye egzèsis la pou yo ka jwenn paj la pi vit.
  - Toujou kopye lekti an etwal la: Anèks paj 333 a sou tablo a pou fè elèv yo li selon leson w ap wè a.

## Konsèy pou fè lekti an etwal

- Toujou kopye lekti an etwal yo ki nan Anèks Gid la paj 331 sou tablo lè wap fè elèv yo fè lekti an etwal ki nan leson 38 a 87 ki nan 2èm Tòm sa.

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)


### 1 Kontin (2 mn)

-  Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.
-  Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

O !! gade yon lakansyèl !  
Li bèl, li gen koulè :  
ble, jòn, vèt, wouj, vyolèt.


Li pa ni moun ni bèt.

Mwen renmen gade lakansyèl.

-  Felisite epi ankouraje elèv yo.




## 2 Rapèl (3 mn)

 Ekri plizyè lèt sou tablo a : m, M, an, AN, t, T, o, O, ou, OU. Touche chak lèt oubyen lèt ki sou tablo a pou elèv yo di son ak non lèt yo.


☞ **Kiyès ki ka di non lèt sa? ( Ki son lèt sa?)**

**Repons posib:**


Son an se.... Non lèt la se...

 Fè menm jan pou chak lèt yo.

☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt k miniskil.**

 Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan lesou ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.


## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (4 mn)

 Ouvri liv lekti a nan paj 56 la. Ekri # 56 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.


☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

 Pase verifye si tout elèv nan menm paj ak ou.


☞ **Èske tout moun jwenn paj 56 la ? Mete dwèt ou sou desen an. Nou pare ? An nou kòmanse !  
Mete lendèks nou sou desen kann nan.**

 Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.


☞ **Mete lemajè nou sou desen kawotchou a.**

 Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.


☞ **Mete lanilè nou sou desen kabrit la.**

 Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.

☞ **Mete orikilè nou sou desen kalalou a.**


 Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.

☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**

 Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.

☞ **anana; asyet; avyon; alimèt.**

**Ki son nou tande nan kòmansman chak mo nou sot di yo ?**

 Reprann mo yo pou elèv yo. Koute repons yo, aksepte kèk repons epi si elèv la gen difikilte ede yo jwenn ki son ki kòmanse chak mo yo. Fè yo repete chak mo yo plizyè fwa pou yo ka jwenn son ki nan chak mo yo. Epi di :

☞ **Son an se /a/.**

**Jodi a, se son /a/ nou pral aprann.**

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son /k/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /k/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /k/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?
  - ☞ *: Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son an se /k/. Mo a se: kou.
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ Lòt mo a se: plim.
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: wou, koulè, kaye, mache, kat, bèt, kare.
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

- ☞ *Ekri lèt "k" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la (/k/).*
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a.
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ Son lèt sa a se /k/.
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ Ki son lèt sa a? /k/.
  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*
- ☞ Kounye a, nou pral aprann di non lèt la ("k" miniskil).
  - ☞ *Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*
    - Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ Non lèt sa a se "k" miniskil.
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ Ki non lèt sa a? ("k" miniskil).
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, repete non lèt la se « k ».*
    - Touche lèt la yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la.

### Aktivite Revèy (2 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele: "Fè mouvman ak son". Mwen pral di yon mo, Si mo a kòmanse ak son /a/ n ap panche agoch, lè li pa kòmanse ak son /a/ n ap kanpe dwat.
  - ☞ *Li mo yo byen fò pou elèv ka tande tout son ki nan mo w ap li yo. Fè yon egzanp ak tout klas la avan w kòmanse jwèt la.*
  - Nou pare? An nou kòmanse.**
  - achte, elèv, atè, anana, chen, ble, asyèt, Anita, sitwon, kalalou, fig.**
- ☞ Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (4 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: k, i, r, k, n, k, e, k, s.

Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "k" miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt "k" miniskil, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "k". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "k" sou tablo a pou klas la.

☞ Èske se lèt "k" miniskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "k" miniskil yo.

Leson 38 k

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.


a	k	f	k	è	s
k	l	g	m	k	s
a	k	d	s	t	k
s	è	g	k	n	e

2- Antoure lèt K miniskil yo.


(k) b a k n y w k p i d k  
s k r i o k b v t p k z f  
k o u s k a s k e p k s k  
k s s k m v s k o u t k

156 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (4-5 mn)


 Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis ou pral fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen.


 : Ouvri kaye a nan paj 156 nan egzèsis # 1. Ekri paj 156 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib: Yon lèt « k » miniskil

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :


☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "k" miniskil ?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "k" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)


☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "k". Toujou nan paj 156 la, nan kaye egzèsis la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 156 la, nan egzèsis # 2 a.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "k" miniskil ki menm jan ak modèl la.

 Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Leson 38 k

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	k	f	k	è	s
k	l	g	m	k	s
a	k	d	s	t	k
s	è	g	k	n	e

2- Antoure lèt K miniskil yo.

(k) b a k n y w k p i d k  
s k r i o k b v t p k z f  
k o u s k a s k e p k s k  
k s s k m v s k o u t k

156 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "k" miniskil ?**
- ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "k". Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

3- Antoure imaj kote nou tande son /k/ yo.

4- Antoure lèt miniskil K nan chak mo.

kann    kaye    kabrit    pikwa

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 157

### Egzèsis # 3 (2 mn)

- ☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /k/. Nou prale nan paj 157 nan kaye egzèsis la, nan nimero 3 a.
- ☞ Ekri # 157 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /k/.
- ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?
- ☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /k/. Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3-4 mn)

3- Antoure imaj kote nou tande son /k/ yo.

4- Antoure lèt miniskil K nan chak mo.

kann    kaye    kabrit    pikwa

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 157

- ☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "k". Toujou nan paj 157 la.
- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 157 la nan egzèsis # 4 la.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « k » nan chak mo.
- ☞ Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan an.
- ☞ Antoure menm jan ak premye modèl la, tout kote nou wè lèt miniskil « k » nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo antoure lèt miniskil k ladan l. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo an dezòd.

## 1. Lekti sou tablo

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

## 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral reli liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *- Ouvri liv lekti a nan paj 56 la. Ekri paj 56 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l.*
  - Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la.*
  - Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a.*
  - Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**
  - ☞ *Verifeye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.*
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.*
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.*
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*

Leson 38 ak 39      k K






kann      kawotchou      kabrit      kalalou

t T o o o u O u s s è È

lè lèt mè mèl lan mant sèt  
pè plas pous tap pli sans

ke ak mak kan kat lak kèt kas sak  
kap pik kap kèk kit kout sèke

atè mete mele anlè papa pase  
plase manman pansman

kati kale kase kote kepi ekip  
paske kanèl koute kapèt akasan  
kalalou miniskil konekte

Ana mete kas la nan tèt li.  
Emil ak Ana ale kote mèl la.  
Ki kote Eli mete kepi papa li a?  
Plim Ana a pi kout pase pa Eli a.

56      Liv lekti 2<sup>e</sup> A.F.

## Aktivite 6 Ekri lèt (10 mn)

### 1. Trase lèt «k» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kinan kaye egzèsis la, nan paj 158 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt "k" miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « k » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « k » a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
  - ☞ *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*

- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la mwen trase yon liy oblik kout, panche adwat, ki soti nan mitan l pou monte. Apre sa mwen trase yon lòt liy oblik, ki desann sou bò dwat, sòti nan menm pwen premye liy oblik la te kòmanse a rive nan pwent anba liy vètikal la.

☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la mwen trase yon liy oblik kout, panche adwat, ki soti nan mitan l pou monte. Apre sa mwen trase yon lòt liy oblik, ki desann sou bò dwat, sòti nan menm pwen premye liy oblik la te kòmanse a rive nan pwent anba liy vètikal la.

☞ mande elèv yo trase lèt la sou ban an.

- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « k » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

## 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "k" miniskil sou tablo a sou liy sa yo?

☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "k" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :

- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la mwen trase yon liy oblik kout, panche adwat, ki soti nan mitan l pou monte. Apre sa mwen trase yon lòt liy oblik, ki desann sou bò dwat, sòti nan menm pwen premye liy oblik la te kòmanse a rive nan pwent anba liy vètikal la.

## Ekri lèt "k" miniskil nan kaye bouyon.

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt « k » miniskil.

- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "k" miniskil.


☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #158 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 158 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « k » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, kopye lèt yo ak mo yo sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou yo.



K 6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Ati kole pous li.

Tina ak Eli ap pale.

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 155

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 159 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 159 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « k » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.*
  - ☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 159 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye fraz yo sou liy kaye a.**
  - ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou yo.*
- Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 7 Vokabilè (7-8 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo kepi. Èske nou konn mo sa a? Èske ou konn kisa kepi vle di? Poukisa yon moun mete kepi?**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn:*  
(1)... (2)... (3)...
- Kepi se yon: objè ki fèt ak twal, latanye oubyen twal, pou moun mete sou tèt yo pou bare solèy. Se yon sòt de chapo yo konn rele kaskèt tou.*
- ☞ *Fè 1 fraz kòm egzanp ak mo kepi pou elèv yo.*
- Filip renmen mete kepi wouj li a chak fwa li pral nan mache.**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "kepi". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.*

## Aktivite 8 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)

### 1. Prediksyon dapre tit (3 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan yon istwa. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.**
- ☞ *Ekri tit istwa a sou tablo a epi fè klas la li l ansanm. Si yo gen difikilte, ede yo.*
- ☞ **Dapre sa nou sot li sou tablo a, de kisa nou panse istwa a pral pale?**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons li bay la.*

### 2. Koute epi li istwa (1-2 mn)

- ☞ *Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Ekri paj 57 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè. Pase verifye si elèv yo nan paj 57 la.*  
*Li istwa a pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a ansanm. Mande elèv yo pou yo suiv nan liv la epi touche mo yo ak dwèt yo pandan w ap li. Li istwa a ak bon ton, byen fò, nan bon rit pou elèv yo, epi respekte poz yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou klas la. Fè silans pou nou ka koute byen. Suiv byen nan liv la epi touche mo yo pandan m ap li. Nou pare? M ap kòmanse!**
- Kepi Ema a**

Ani te soti ak kepi ti sè li a.  
 Ema pale: Ki kote ou mete kepi a?  
 Ani pale: ki koulè kepi ou a Ema?  
 Papa Ema pale:  
 Ani, pa soti ak kepi Ema a.  
 Soti ak kepi pa ou a pito.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a ansanm.**

☁ Li istwa a ansanm ak tout klas la. Fè elèv yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan y ap li a.

**3. Verifye prediksyon (3 mn)**

☞ **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo. Epi poze kesyon sa :

☞ **Èske sa nou te imajine ki pral pase nan istwa a te rive ?**

**4. Reponn kesyon (3 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou istwa a. Koute byen pou nou ka reponn.**

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib:**

(1) Istwa a pale de Ema ak sè li.

**2. De kisa istwa a pale?**

(2) Istwa a pale de Ani ki pran kepi Ema a. (3) De kepi Ema a. (4) De yon moun ki pran yon bagay san li pa mande.

**3. Kòman sè Ema a rele ?**

**4. Kisa Ema mande Ani ?**

**Repons posib:**

(5) Ema mande Ani ki Kote li mete kepi li a. (6) Ema mande Ani "Ki kote ou mete kepi a?".

**5. Kisa Ani te reponn ?**

**6. Ki Koulè kepi Ema a ?**

**7. Ant Ema ak Ani Kiyès ki pi gran? Poukisa?**

**Repons posib:**

(7) Ana pi gran. (8) paske yo di li soti ak kepi ti sè li a.

**8. Poukisa Ema mande sè li a kote li mete kepi a?**

**Repons posib:**

(9) Paske li pral soti avèk li. (10) Paske li vle mete kepi a. (11) Paske li pa renmen lè moun pran za fè li. (12) Mwen pa konnen

**7. Èske Ani pa konnen koulè kepi sè li a ? Poukisa li mande li sa?**

**Repons posib:**

(13). Li konnen. (14) li pa konnen. (15) li konnen men li ap jwe ak Ema.

**8. Kisa papa Ema di Ani ? Poukisa?**

**Repons posib:**

(16) Papa Ema di Ani pou li pa soti avèk kepi Ema a ankò. (17) Papa Ema di Ani pou li soti avèk kepi pa l la pito. (18) paske li pa vle Ani ak Ema nan kont.



---

## Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

- (1) Nou te aprann son /k/. (2) Nou te aprann ekri lèt « k » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a.
- (4) Nou te koute epi li istwa : « Kepi Ema a ».

# Leson 39 K

## Objektif yo:


- Dekouvri son ak non lèt majiskil « K ».
- Idantifye lèt majiskil « K » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « K » byen.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 39 paj 56 -57
- Kaye egzèsis, leson 39 paj 160-163
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)




### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Denye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

O!! gade yon lakansyèl !  
Li bèl, li gen koulè :  
ble, jòn, vèt, wouj, vyolèt.  
Li pa ni moun ni bèt.  
Mwen renmen gade lakansyèl.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*





### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : kann, mant, kanèl, mango, kenèp, etikèt, plas.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure mo ki gen k miniskil sou tablo a ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure mo ki gen k miniskil nan yo sou tablo a.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt K majiskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*







## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt « K » majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt « K » majiskil, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt « K » majiskil mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**

-  Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ **Son an se son /k/. Mo a se : kana.**
  -  Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Lòt mo a se : boule.**
  -  Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: kann, sèke, kanèl, kap, akasan, koka, doulè, kepi.**
  -  Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  Ekri lèt "K" majiskil ak lèt « k » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : (« k » ak « K »). Fè yo repete son lèt /k/ miniskil la avan.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /k/, son lèt sa tou se /K/.**
  -  Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki son lèt sa a? « k ». Ki son lèt sa tou? « K ».**
  -  Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /k/ miniskil ak son /K/ majiskil se menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral di non lèt yo (« K », « k »).**
  -  - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
  - Repete non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "k" miniskil. Non lèt sa se « K » majiskil**
  -  Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki non lèt sa ("k") ? Ki non lèt sa (« K ») ?**
  -  Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, repete non lèt « k » ak lèt « K ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (15 mn)

**1- Antoure lèt ki menm ak sa ki ogoch la.**

K	È	E	K	È	S
E	L	K	F	K	S
A	È	D	K	T	K
S	K	È	T	K	E

K


**2- Antoure lèt K majiskil yo.**



Ⓚ B A K N Y W K P I D K

S K R I O K B V T P K Z F


K O U S K A S K E P K S K

K S S K M V S K O U T K

160 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

-  Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: **I, L, K, A, K, P, M, K, N, O, K, T, L, K.** Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt majiskil "K" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "K". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "K" sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "K" majiskil elèv la antoure ?**
  -  Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "K" majiskil yo.

### Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "K" majiskil. Toujou nan paj 160 la, nan kaye egzèsis la.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 160 la, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la byen. Antoure lèt ki menm ak sa ki ogoch la.**

Leson 39 K

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

K	È	E	K	È	S
E	L	K	F	K	S
A	È	D	K	T	K
S	K	È	T	K	E

2- Antoure lèt K majiskil yo.

Ⓚ B A K N Y W K P I D K

S K R I O K B V T P K Z F

K O U S K A S K E P K S K

K S S K M V S K O U T K

160 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

3- Antoure lèt majiskil K nan chak mo.

ⓀANN KAYE KABRIT PIKWA

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

s o è a l p k

È L O K A S P

Aktivite lib

161 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Touche non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "K" majiskil ?**
  - Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "K"majiskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

- Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 160.**
  - Ouvri kaye a nan paj 160 nan egzèsis # 2. Ekri # 160 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la byen. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt "K" majiskil yo nou wè agoch ?**

**Repons posib : yon lèt « K » majiskil**

  - Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt "K" majiskil yo. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "K" majiskil ?**
  - Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "K" majiskil lan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3-4 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /K/majiskil. Nan paj 161 an.**
  - Ekri # 161 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /K/.**
  - Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan an.
- ☞ **Antoure menm jan ak premye modèl la, tout kote nou wè lèt majiskil K nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo antoure lèt majiskil K ladan l. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

### Egzèsis # 4 (3-4 mn)

- ☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "K" majiskil. Toujou nan paj 161 an, nan kaye egzèsis la.

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 161 an nan egzèsis # 4 la.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil li a.

- ☞ Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

- ☞ Konekte lèt miniskil lak lèt majiskil li a, gade modèl la byen. Nou konprann? Kòmanse!

- ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte ansanm yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l

3- Antoure lèt majiskil K nan chak mo.

KANN KAYE KABRIT PIKWA

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

s o è a l p k

È L O K A Š P

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 161

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)

- ☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo.

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

- ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

- ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.

- ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.

- ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv.

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.

- ☞ Ouvri livlekti a nan paj 56 la. Ekri # 56 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

- ☞ Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?

Leson 38 ak 39 k K

kann kawotchou kabrit kalamou

t T o O u u O U s s è è  
lè lèt mè mèl lan mant sèt  
pè plas pous tap pli sans  
ke ak mak kan kat lak kèt kas sak  
kap pik kap kèk kit kout sèke

atè mete mele anilè papa pase  
plase manman pansman

kati kale kase kote kepi ekip  
paske kanèl koute kapèt akasan  
kalamou miniskil konekte

Ana mete kas la nan tèt li.  
Emil ak Ana ale kote mèl la.  
Ki kote Eli mete kenè nana li a?

- ☞ *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*

## Aktivite 5 Trase lèt K majiskil (10 mn)

### 1. Trase lèt «K» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 162 a. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt « K » majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « K » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « K » a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm**
- ☞ *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la mwen trase yon liy oblik, panche adwat, ki soti nan mitan l pou monte rive nan tèt li. Apre sa mwen trase yon lòt liy oblik, ki desann sou bò dwat, sòti nan menm pwen premye liy oblik la te kòmanse a rive nan pwen anba liy vètikal la.**
- ☞ *Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la mwen trase yon liy oblik, panche adwat, ki soti nan mitan l pou monte rive nan tèt li. Apre sa mwen trase yon lòt liy oblik, ki desann sou bò dwat, sòti nan menm pwen premye liy oblik la te kòmanse a rive nan pwen anba liy vètikal la.**
- ☞ *Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « K » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
- ☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "K" sou tablo a sou liy sa yo?**
- ☞ *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "K" majiskil sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la mwen trase yon liy oblik, panche adwat, ki soti nan mitan l pou monte rive nan tèt li. Apre sa mwen trase yon lòt liy oblik, ki desann sou bò dwat, sòti nan menm pwen premye liy oblik la te kòmanse a rive nan pwen anba liy vètikal la.**
- Ekri lèt "K" majiskil nan kaye bouyon.**
- ☞ *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « K » majiskil.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "K" majiskil.**

5- Kopye lèt yo ak mo yo sou liy kaye a.

Leson 39 K

K K K K K

Kepi

Kantite

162 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

Leson 39 K

Kati kite pil la.

Keti kale kalalou a.

Metè lanp lan sou tapi a.

Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F. 163

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

**Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la.**

*Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 162 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 162 a nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « K » majiskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt, silab ak mo yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen, kopye lèt yo ak mo yo su liy kaye a, nou konprann? Kòmanse.**

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

☞ **An n korije ansanm.**

**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la.**

*Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #163 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 163 a nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « K » majiskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 163 a. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye a. m ap li konsiy lan pou nou. Kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye a.**

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

☞ **An n korije ansanm.**

**Aktivite 6 Vokabilè (5 mn)**

**1. Revizyon vokabilè**

☞ **Nan leson anvan an, nou te travay sou mo kepi. Kiyès ki ka di m kisa mo kepi vle di?**

*Chwazi 3 elèv youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.*

☞ **Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo kepi?**

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.*

**Aktivite 7 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (13 mn)**

Kepi Ema a


Ani te soti ak kepi ti sè li a.  
Ema pale: Ki kote ou mete kepi a?  
Ani pale: ki koulè kepi ou a Ema?  
Papa Ema pale:  
Ani, pa soti ak kepi Ema a.  
Soti ak kepi pa ou a pito.

Leson 38 ak 39 K-K


**1. Lekti istwa 2 pa 2 (10 mn)**

*Ouvri liv lekti ou a nan paj 57 la. Ekri paj 57 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Metè liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 57 la.*

☞ **Kounye a, nou pral li istwa nan paj 57 la 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.**

 *Fè de premye elèv yo kanpe pou lekti a. Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.*

**☞ Nou pare? Kòmanse!**

 *Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.*

**Kepi Ema a**

Ani te soti ak kepi ti sè li a.

Ema pale: Ki kote ou mete kepi a?


Ani pale: ki koulè kepi ou a Ema?

Papa Ema pale:


Ani, pa soti ak kepi Ema a.

Soti ak kepi pa ou a pito.

**2. Reponn kesyon sou imaj ak Istwa (5 mn)**

 *Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.*

**☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.*

**☞ 1. Kisa nou wè nan imaj la?**

**2. Dapre sa nou te li a, kiyès nou panse tifi sa ye? Poukisa?**

**3. Ki koulè rad ki sou li?**

**Repons posib:**

-Li gen yon kepi wouj sou tèt li.

-Li gen yon mayo wouj.

-Li gen yon sentiwon nwa epi li gen yon pantalon ble sou li.

**☞ 4. Kisa ki nan pye li?**

**Repons posib:**

(2) Li gen yon sandal vèt nan pye li.

**☞ 5. Èske li kanpe anndan yon kay?**

**6. Kote manman Ema ak Ana?**

**Repons posib**


(3) Mwen pa konnen (4) Istwa a pa pale sou manman Ema ak Ana. (5) Manman Ema ak Ana soti, li al travay.

**☞ 7. Kisa ou panse Ema ap fè pwochenn fwa Ana pran kepi li a?**

**Repons posib**

(1) Pwochenn fwa a Ema ap di Ana non. (2) Ema ap prete Ana kepi a. (3) Ema ap prete

Ana kepi a men l ap mande Ana remèt li nan plas li apre sa.

 *Bay elèv yo tan pou yo reponn*



---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

(1) Nou te aprann son lèt majiskil « K ». (2) Nou te aprann ekri lèt « K » majiskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te reli istwa: « Kepi Ema a ». (5) Nou te reponn kesyon sou istwa a ak imaj ki akonpanye l la.

# Leson 40 en

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt miniskil / en/.
- Idantifye lèt miniskil « en » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « en» byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 40 paj 58 -59.
- Kaye egzèsis, leson 40 paj 164-167
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Kleng! Kleng! lekòl lage.  
Tout timoun yo deyò.  
Y ap sote ponpe,  
tankou myèl ak papiyon.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo ak lèt K majiskil sou tablo a tankou : Kalin, pous, Kilik, plis, Kirikou, Karèn, Kristòf, Keli, Katyana, kas, ekip. Epi poze kesyon sa:*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure mo ki gen K majiskil sou tablo a ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure kote yo wè lèt "K" majiskil nan mo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann identifye epi ekri lèt miniskil (en).**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*


## Aktivite 2 An nou jwe ak imaj (5 mn)

-  *Ouvri liv la nan paj 58 la. Ekri paj 58 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si tout elèv nan menm paj avèk ou.*
- ☞ **Nou pral jwe ak desen ki nan liv lekti a, nan paj 58 la. An n gade 4 desen yo.**


**Mete lendèks nou sou desen ensèk la.**

 *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*


☞ **Mete lemajè nou sou desen pen an.**

 *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*

☞ **Mete lanilè nou sou desen nen an.**

 *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*

☞ **Mete lorikilè nou sou desen men an.**

 *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*

☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**

 *Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye.*

☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di la yo ?**

 *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*

☞ **Son an se /en/. Jodi a, nou pral aprann son /en/.**


### Aktivite 3 **Konsyans fonemik (6 mn)**

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)


☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt « en » miniskil. M ap pwononse son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt / en/ miniskil, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /en/ miniskil mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**

 *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*

☞ **Son an se /en/. Mo a se : enfimye.**

 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*


☞ **Lòt mo a se : mango.**

 *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: penti, kout, bato, enfim, kana, kenbe.**

 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


#### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

 *Ekri lèt "en" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la : ("en").*

-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.


☞ **Son lèt sa a se /en/.**

 *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki son lèt sa a? (/en/).**

 *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt la ("en" miniskil).**

 *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*

- Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.

Leson 40 en

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	en	d	s	en	s
en	l	en	on	e	s
ch	an	en	s	en	è
s	en	ou	t	en	e

2- Antoure lèt en miniskil yo.

en b a en ch y w en p on  
s en an i o en ou v t en l  
k en s k e s k en p k en k  
en s s k m v s k ou t en

164 Kaye egzèsis 1-A.F.

☞ **Non lèt sa a se “en” miniskil.**

☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki non lèt sa? (“en”).**

☞ *Chwazi kèk elèv pou di “non lèt la”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « en ». Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la.*

**Aktivite 4 Rekonèt lèt miniskil « en » (10 mn)**

☞ *Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil tankou: an, en, ou, b, p, k, on, en, o, t, l, en. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt miniskil “en” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “en”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “en” sou tablo a pou klas la.*

☞ **Èske se konbinezonlèt “en” miniskil elèv la antoure ?**

☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt “en” miniskil yo. Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

**Egzèsis # 1 (3 mn)**

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis la sou lèt “en” miniskil. Toujou nan paj 164 la, nan kaye egzèsis la.**

☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 164 la, nan egzèsis # 1 .*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt “en” ki menm ak sa ki agoch la.**

☞ *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 1 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a se lèt “en” miniskil ?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “en” miniskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 2 (2 mn)**

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

☞ *Ouvri kaye a nan paj 164 nan egzèsis # 2. Ekri paj 164 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt “en” miniskil yo.**

**Repons posib : Yon lèt « en » miniskil.**

☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki**


menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 2 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo:


☞ **Èske lèt sa a se lèt “en” miniskil ?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “en” miniskil lan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

3- Antoure imaj kote nou tande son /eN/ yo.



4- Antoure Lèt miniskil **en** nan chak mo.




Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 185

### Egzèsis # 3 (3 mn)


☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /en/miniskil. Nan paj 165 lan.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 165 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 165 nan egzèsis # 3.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /en/.**

 Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.


☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè nan chak bwat?**

 Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /en/. Nou konprann? Kòmanse !**


 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (2 mn)


☞ **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt “en” miniskil. Toujou nan paj 165 lan, nan kaye egzèsis la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 165 la nan egzèsis # 4 la.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou pral antoure lèt miniskil « en » nan chak mo.**

 Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

☞ **Antoure lèt miniskil « en » nan chak mo, gade modèl la byen. Nou konprann? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou yo eksplike chak lèt yo antoure nan chak mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo.

Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv.

Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.

Ouvri livlekti a nan paj 58 la. Ekri paj 58 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?

Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy, palmis, bis, anana, ak chat. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz, fè l li chak mo na fraz la apa. Apre sa fè l li fraz la vit.

Leson 40 ak 41 en EN

  
pen

  
nen

  
ensèk

  
men

t T o o ou O U s s è È k K

kè pak kap kit kèk kan kou nat plak  
kout plat plim sans pous

en men sen pen ten len nen plen senk  
plent

make ekip makèt plaka kanèl pikan  
akasan kalalou

lapen pèlen ensèk penti maten limen  
sèten moulen mennnen

Mete anpil kanèl nan te a.  
Sak ki atè a plen patat ak lam.  
Lapen matant Lina a malen anpil.  
Maten an, Ali mennnen Ema nan lopital la.

58 Liv lekli 1<sup>er</sup> A.F.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Ekri lèt la sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)

Kiyès ki ka vin ekri lèt "en" miniskil sou tablo a sou liy sa yo?

Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "en" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo. Ekri lèt "en" miniskil nan kaye bouyon.

Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « en » miniskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “en” miniskil. Suiv modèl ki sous tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

☞ Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou elèv yo.

**en** 5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz la sou liy kaye a.

en en en en en

en

men

Maten an Ana ap li.

166 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 166 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 166 la nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « en » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt, silab ak mo yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou koute byen. kopye mo yo ak fraz la sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

- ☞ An n korije ansanm.

### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 167 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 167 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « en » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 167 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye mo ak fraz la sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

- ☞ An n korije ansanm.

☞ Felisite epi ankouraje elèv yo.

**en** 6- Kopye mo a ak fraz la sou liy kaye a.

senk

Men senk pen la a.

Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 167

## Aktivite 7 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo

### 1. Prediksyon dapre desen (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan yon istwa. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak desen ki nan istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

☞ Pran liv lekti a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 59 la pou tout klas la ka wè byen. Pase verifye si tout elèv nan ban paj la.

- ☞ Tout moun nan paj 59 la?


☞ Mande elèv yo pou you gade desen an byen.

- ☞ Gade desen an byen.

☞ Epi poze klas la kesyon sa yo:

- ☞ Kisa nou wè nan desen an? Ki koulè rad ki sou mesye a? Kisa ki nan men l? Kisa ki nan panye a? Kòman nou wè l ap mache? Avèk kisa nou renmen manje pen? Ki lòt bagay nou wè nan imaj la ankò?

Papa Alen pote pen



Papa Alen pote anpil pen.  
Li pote kat pen pou Tani.  
Li pote senk pen pou manman Alen.  
Li pote sèt pen pou Alen.  
Li pote pen pou tout moun.


Liv lekti 1<sup>er</sup> A.F. 59

 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou reponn kesyon yo.

**Repons posib**


(1) Mwen wè yon moun k ap pote pen. (2) Mwen wè yon gason ki ap pote pen. (3) Mwen wè yon gason ak yon pantalon ble epi yon mayo vèt. (4) Li gen yon panye pen nan men li. (5) Gen pen nan panye a (6) Li ap fè atansyon pou pen yo pa tonbe. (7) .....

**4. Kiyès ki ka di mwen kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou reponn kesyon sa a. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a bò kote non yo.

**2. Li istwa (15 mn)**

**4. Kounye a, nou pral li istwa a ansanm epi nou pral reponn kèk kesyon sou li.**


 Pandan elèv yo ap li, pwofesè a pase gade si y ap suiv ak dwèt yo.

**Papa Alen pote pen**


Papa Alen pote anpil pen.  
Li pote kat pen pou Tani.  
Li pote senk pen pou manman Alen.  
Li pote sèt pen pou Alen.  
Li pote pen pou tout moun.

**3. Verifye prediksyon (3 mn)**

**4. Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.

**4. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye chak repons.

**4. Reponn kesyon**

**4. Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

**1. De ki moun istwa a pale?**

**Repons posib :**

(1) Istwa a pale de papa Alen (2) Istwa a pale de Alen ak Papa li. (3) Papa Alen ki pote pen. (4)....

**2. Kisa papa Alen pote ?**

**Repons posib**

(1) Li pote pen. (2)....

**3. Pou kiyès li pote pen ?**

**Repons posib :**

(3) Li pote pen pou fanmi li manje (4) Pou manman li. (5) Papa Alen pote pen pou sè li. (6) Pou manman Alen. (4) Pou grann Alen. (5)....

**4. Konbyen pen papa Alen pote pou manman Alen ?**

**5. Ki kote moun konn achte pen ?**

**Repons**

(1) Mou konn achte pen kay boulanje. (2) Nan makèt. (3) Nan boutik (4) Mwen pa konnen.

**6. Dapre nou poukisa papa Alen achte pen pou fanmi li?**

(1) Paske li renmen fanmi li. (3) Paske li te gen kòb. (4) Paske yo te mande li achte pen pou yo.



---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

(1) Nou te aprann son ak non lèt miniskil /en/. (2) Nou te aprann ekri lèt « en » miniskil. (3) Nou te li istwa : « Papa Alen pote pen ». (5) Nou te reponn kesyon sou istwa a .

# Leson 41 EN

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt majiskil / EN/.
- Idantifye lèt majiskil « EN » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « EN » byen.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 41 paj 58 -59
- Kaye egzèsis, leson 41 paj 168-171
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)




### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Kleng! Kleng! lekòl lage.  
Tout timoun yo deyò.  
Y ap sote ponpe,  
tankou myèl ak papiyon.



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : men, maten, kanèl, mango, pen, etikèt, jaden.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure mo ki gen lèt "en" miniskil sou tablo a ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure mo ki gen k miniskil nan yo sou tablo a.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt "EN" majiskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /EN/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt majiskil /EN/, leve pous nou anlè, si yo pa kòmanse ak son lèt majiskil /EN/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /EN/. Mo a se: "ENDYEN".**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*

☞ **Lèt mo a se : LAPLI.**

☞ Verifye si elèv yo mete de men yo sou ban an.

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: NEN, KOLA, ENPE, PITIMI, ENBYEN, ENSÈK, KALALOU, MEN.**

☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm

**2. Di son ak non lèt la (2 mn)**

☞ Ekri lèt majiskil « EN » ak lèt miniskil « en » sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt « EN » ak son lèt « en »

- Touche lèt « EN » ak « en » sou tablo a

- Pwononse son lèt « EN » ak « en » byen fò pou tout klas la.

☞ **Son Lèt sa se /EN/. Son Lèt sa se tou se /en/**

☞ Touche lèt EN pou elèv yo, mande yo repete son lèt « EN » ansanm avèk ou. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki son lèt sa a « EN » ?**

☞ Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.

☞ **Ki son lèt sa a tou « en » ?**

☞ Bay elèv yo plis ekplikasyon si yo gen difikilte.

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt majiskil « EN » ak non lèt miniskil « en »**

☞ - Touche lèt « EN » ak lèt « en » sou tablo a

- Pwononse non lèt « EN » ak « en » byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se “EN” majiskil ; non lèt sa a se « en » miniskil.**

☞ Touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo, mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki non lèt sa (“EN”) ? Ki non lèt sa a (« en ») ?**

☞ Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt « EN » ak « en ». Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « EN » ak « en ». Touche lèt « EN » ak « en » yon denye fwa pou elèv yo.

Esklike elèv yo lèt « en » miniskil ak lèt “EN” majiskil gen menm son.

**Aktivite 3 Rekonèt lèt (15-17 mn)**

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: AN, EN, OU, EN, OU, AN, EN, A, N, K, EN, S, T, EN. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “EN” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon konbineson lèt, mande klas la si se lèt EN an elèv la antoure. Si se pa lèt EN, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye konbineson lèt majiskil “EN”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt majiskil “EN” sou tablo a pou klas la.

☞ **Èske se lèt majiskil “EN” elèv la antoure ?**

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout rès lèt EN ki rete yo. Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

**Egzèsis # 1 (4-5 mn)**

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 168 nan menm paj avèk mwen.**

☞ Ouvri kaye a nan paj 168 nan egzèsis # 1. Ekri paj 168 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj

Leson 41 EN

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki ogoch la.

A	EN	E	S	EN	S	
EN	L	EN	O	È	E	S
A	EN	D	S	EN		
S	EN	È	T	EN		

2- Antoure lèt EN majiskil yo.

EN	B	A	EN	Z	Y	W	EN	P	I	D	
S	EN	R	I	O	EN	B	V	T	EN	L	Z
K	EN	S	K	E	S	K	EN	P	K	EN	K
EN	S	S	K	M	V	S	K	O	U	T	EN

168 Kaye egzèsis 1° A.F.

egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis avèk ou.

- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

Yon lèt EN majiskil.

*Si kèk gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pour reponn. Apre sa di :*

- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

- ☞ **Èske lèt sa a se lèt « EN » majiskil ?**

*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "EN" an. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure yo ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

EN	A	EN	E	S	EN	S	
	EN	L	EN	O	È	E	S
	A	EN	D	S	EN		
	S	EN	È	T	EN		

2- Antoure lèt EN majiskil yo.

EN	B	A	EN	Z	Y	W	EN	P	I	D		
	S	EN	R	I	O	EN	B	V	T	EN	L	Z
	K	EN	S	K	E	S	K	EN	P	K	EN	K
	EN	S	S	K	M	V	S	K	O	U	T	EN

168 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

### Egzèsis # 2 (6 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt majiskil "EN". Toujou nan paj 168 la, nan nimewo 2 nan kaye egzèsis la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 168 la, nan egzèsis # 2.*

- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "EN" majiskil yo.**

*Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 3 mn pou yo fè egzèsis # 2. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Touche lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*

- ☞ **Èske lèt sa se lèt « EN » majiskil ?**

*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt yo pou ka verifye si yo antoure lèt EN epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "EN". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure yo ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

3- Antoure lèt majiskil EN nan chak mo.

PEN	NEN	ENSEK	MEN

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

s	o	è	en	l	p	k	
È	L	O	K	L	S	EN	P

Aktivite lib

169 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

### Egzèsis # 3 (3-4 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou lèt EN nan paj 169, nan kaye egzèsis la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 169 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 169 nan egzèsis # 3.*

- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt « EN » majiskil nan chak mo. Suiv egzanp premye mo a pou n fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 2 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike èske se lèt EN majiskil yo te antoure nan mo yo. Si elèv yo pa t byen antoure lèt majiskil « EN » nan mo yo, korije avèk yo.

3- Antoure lèt majiskil EN nan chak mo.

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

s o è en l p k

È L O K L S EN P

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1° A.F. 109

Leson 41 EN

**Egzèsis # 4 (3-4 mn)**

☞ **N ap fè yon lòt egzèsis. Toujou nan kaye egzèsis la, nan paj 169 la, nimewo 4.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 169 la, nan egzèsis # 4.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil yo ak majiskil ki mache avèk li a.**

☞ Fè elèv gade egzanp lèt « EN » ki fèt deja nan kaye egzèsis, mande yo suiv egzanp sa.

☞ **Gade egzanp lèt « EN » a byen epi fè menm jan an. Nou konprann? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike èske yo te konekte lèt oubyen lèt miniskil « en » ak lèt majiskil « EN ». Mande elèv ki te fè erè yo pou yo korije erè yo. Ede yo si nesesè.

**Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)**

☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab bak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo an dezòd.

**1. Lekti sou tablo.**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.


☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

Leson 40 ak 41 en EN



pen nen ensèk men

t T o o ou O U s s è è k k

kè pak kap kit kèk kan kou nat plak  
kout plat plim sans pous

en men sen pen ten len nen plen senk  
plent

make ekip makèt plaka kanèl pikan  
akasan kalalou

lapen pèlen ensèk penti maten limen  
sèten moulen mennen

Mete anpil kanèl nan te a.  
Sak ki atè a plen patat ak lam.  
Lapen matant Lina a malen anpil.  
Maten an, Ali mennen Ema nan lopital la.

## 2. Lekti nan liv.

☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a. Ouvri liv lekti a nan paj 58 la.

☞ Ouvri liv lekti ou a nan paj 58 la. Ekri #58 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 58 la. Mande elèv yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz y ap li yo.

☞ Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas ?

☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz, fè l li chak mo na fraz la apa. Apre sa fè l li fraz la vit.

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

EN 5- Kopye lèt "en" ak mo yo sou liy kaye a.

EN EN EN

EN

PEN

MATEN

170 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

## 3. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (2-3 mn)

☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan paj 170 la, nan kaye egzèsis lan.

☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt majiskil "EN" sou liy ki sou tablo a?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou ekri lèt majiskil "EN" sou liy sou tablo a. Si elèv yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo. Ekri lèt « EN » majiskil nan kaye bouyon.

Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt majiskil « EN ».

☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt majiskil "EN". Suiv modèl ki sou tablo a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt majiskil EN ak kreyon nan kaye bouyon an. Si gen elèv ki gen difikilte, ede yo.

## Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 171 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 171 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « EN » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt, silab ak mo yo. Mwen pral li konsiy lan pou nou koute byen. kopye mo yo ak frazla sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

☞ An n korije ansanm.

EN 6- Kopye lèt "en" ak fraz yo sou liy kaye a.

EN

Maten an Mina ap pale.

Plen ensèk nan lakou a.

171 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

**Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 171 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 171 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « EN » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 171 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye mo ak fraz la sou liy kaye a.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*
- ☞ **An n korije ansanm.**
- ☞ *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


**Aktivite 6 Li istwa a pou reponn kesyon (10 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa nan paj 59 la a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.**
- ☞ *envite de premye elèv yo kanpe pou lekti a. Mande klas la pou touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.*
- ☞ **Nou pare? Kòmanse!**
- ☞ *Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.*

**Papa Alen pote pen**

Papa Alen pote anpil pen.  
 Li pote kat pen pou Tani.  
 Li pote senk pen pou manman Alen.  
 Li pote sèt pen pou Alen.  
 Li pote pen pou tout moun.

**Aktivite 7 An n fè Egzèsis an plis (3-5 mn)**



4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

s o è en l p k

È L O K L S EN P

- ☞ *Si gen tan ki rete, fè « Aktivite lib » ki nan paj 169 nan kaye egzèsis la. Reekri #169 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo si ou te efase l. Mete dwèt ou nan paj la ak sou nimero egzèsis ou pral fè a pou elèv yo ka wè.*
- ☞ **Ale nan nimero 5 la, nan paj 169 nan kaye egzèsis la. Ekri sou liy kaye a byen lizib tout lèt ou sot aprann yo.**
- ☞ *Pase verifye si elèv yo ap byen ekri lèt yo, ankouraje yo ekri lizib epi byen fòme lèt yo.*

**Aktivite 8 Evalyasyon (3 mn)**

- ☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**
- Repons posib:**
  1. Nou te aprann son ak non lèt majiskil « EN ».
  2. Nou te li ak ekri mo ak fraz 4. Nou te li istwa « Papa Alen pote pen ».

## Leson 42 Revizyon k, K, en, EN.

### Objektif:


Idantifye son ak non lèt miniskil ak majiskil /k/, /K/, / en/, /EN/.  
 Idantifye lèt miniskil ak majiskil « k, K, en, EN » nan mo.  
 Range lèt nan lòd pou ekri mo epi range mo an lòd pou ekri fraz  
 Li epi konprann yon istwa

### Materyèl:


Liv lekti, leson 42 paj 60  
 Kaye egzèsis, leson 42 paj 172-173  
 Kreyon, gòm ak kaye bouyon

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




#### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Kleng! Kleng! lekòl lage.  
 Tout timoun yo deyò.  
 Y ap sote ponpe,  
 tankou myèl ak papiyon.

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a: ENDYEN, Pen, kaye, Kalin, FEN, Kirikou, kreyon, mens. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure lèt miniskil ak majiskil « k, K, en, EN »*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil ak majiskil « k, K, » nan konbinezon mo sou tablo a. kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil ak majiskil « en, EN » nan mo ki ekri sou tablo a?**
-  *Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo ap byen antoure lèt yo. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a nou, pral revize non ak son lèt miniskil ak majiskil « k, K » ak lèt miniskil ak majiskil « en, EN » nou te aprann yo.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a avan ou kòmanse.*


### Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

#### 1. Marye son pou fòmè mo (4 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral aprann devine mo. Mwen pral di tout son nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di: « Ki mo li ye? » N ap di mo a. M ap fè yon egzanzp: son nan mo a se: /k/, /a/, /t/. N ap kole tout son yo**




epi n ap di mo a . Mo a se « kat ». N ap kontinye ak kèk lòt mo : son nan mo sa se : /s/, /en/, /k/. Ki mo li ye ?

 Pran repons elèv yo, korije si yo pa rive di mo a. Fè menm jan an pou : pak, sak, sèk, kite, pike, kou, pouki, kenken, ensèk. Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.


## 2. Di non ak son lèt ki fòme mo ( 3 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a bò kote lekti lèt, silab ak mo ou prepare pou leson jodi a : Kalo, kanèl, ekip, makèt, menm, ENSÈK, pikan, kalalou. Fè elèv yo li mo ou sot ekri sou tablo a, touche chak mo yo pou elèv yo.


### ☞ Kiyès ki ka di son lèt yo ki fòme premye mo a pou klas la ?

 Touche mo a pou elèv yo, epi touche chak lèt ki nan mo a pou yo ka di son lèt yo. Fè menm jan an pou lòt mo ou ekri sou tablo a. Si elèv yo gen difikilte, ede yo. Chwazi elèv ou remake ki gen difikilte avèk elèv ki poko patisipe yo an premye. Chwazi fi ak gason.


### ☞ Kiyès ki ka di non lèt yo ki fòme premye mo a pou klas la ?

 Touche mo a pou elèv yo, epi touche chak lèt ki nan mo a pou yo ka di son lèt yo. Fè menm jan an pou lòt mo yo ou ekri sou tablo a. Si elèv yo gen difikilte, ede yo. Chwazi elèv ou remake ki gen difikilte avèk elèv ki poko patisipe yo an premye. Chwazi fi ak gason.


## Aktivite 3 Rekonèt lèt ( 1 mn)

 Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt miniskil ak majiskil « k, K, en, EN » nan mo (Kalo, kanèl, ekip, makèt, menm, ENSÈK, pikan, kalalou) ou te ekri sou tablo a.


### ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt k miniskil nan mo nou t ap travay yo sou tablo a pou klas la ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi, 2 gason) pou fè egzèsis sa. Fè menm jan an pou K majiskil ak lèt miniskil « en » ak lèt majiskil « EN » yo


## Aktivite 4 Lekti sou tablo ak nan liv lekti (3-5 mn)

 Chwazi kèk elèv pou li mo ou te ekri sou tablo a (Kalo, kanèl, ekip, makèt, menm, pikan, kalalou)


### ☞ Kiyès ki ka li mo yo ki sou tablo a pou klas la ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo. Touche mo yo pou elèv yo. Si kèk elèv pa ka li mo yo, chwazi lòt elèv pou li yo, apre sa mande elèv ki pa t ka li mo yo, li mo yo ankò. Ede yo si nesèsè.


### ☞ N ap kontinye li sou tablo a. Nou pral li lèt, silab, ak lòt mo sou tablo a.

 Fè elèv yo li liy lèt, sila bak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo an dezòd.

### ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo pou nou ka li yo byen.

 Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li. Apre sa touche lèt yo an dezòd pou elèv yo li you pa youn.

### ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo youn pa youn sou tablo a. M ap touche chak lèt, silab ak mo pou nou ka li youn byen.

 Mande elèv yo pou yo ouvri liv lekti a nan paj 60 pou yo ka li liy lèt, silab, mo ak fraz.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a. Ouvri liv lekti a nan paj 60.**

☞ *Ouvri liv lekti ou a nan paj 60 la. Ekri paj 60 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 60 la. Mande elèv yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz y ap li yo.*

- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**


☞ *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.*

- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.*

- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.*

- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*

- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz, fè l li chak mo na fraz la apa. Apre sa fè l li fraz la vit.*



### Egzèsis # 1 (4-5 mn)

- ☞ **Kounye n ap pran kaye egzèsis la epi n ap ouvri l nan paj 172. Nou pral fè egzèsis #1 an**

☞ *Ouvri kaye a nan paj 172, nan egzèsis # 1. Ekri paj 172 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis avèk ou.*

- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure mo ki reprezante imaj la. Gade imaj ki nan bwat yo byen.**

☞ *Mande elèv yo idantifye imaj ki nan chak bwat.*

- ☞ **Ki imaj nou wè nan premye bwat la ?**

☞ *Chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn kesyon an. Fè menm jan an pou tout lòt imaj yo.*

- ☞ **Kounye a, nou pral antoure mo ki reprezante imaj ki nan chak bwat. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje ban an yo pou verifye si tout elèv konprann epi si y ap fè egzèsis la. Si gen elèv ki gen difikilte ede yo avèk yon egzanp.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Mande kèk elèv pou yo vin ekri mo yo te antoure anba imaj yo sou tablo a.*

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri mo li te antoure anba premye imaj la sou tablo a pou klas la ?**

☞ *Fè menm jan an pou tout lot imaj yo. Chwazi 3 fi ak 3 gason pou fè egzèsis la. Pase verifye si elèv yo te antoure bon mo a. Si genyen kèk elèv ki te fè erè, mande yo konpare ak kamarad yo epi ede yo si nesèsè.*

### Egzèsis # 2 (4-5 mn)

- ☞ **Nou pral fè egzèsis # 2 a ; toujou nan paj 172 nan kaye egzèsis la.**






☞ *Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

- ☞ **Koute konsiy lan byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade mo yo ki nan bwat la byen. Ranje lèt yo nan lòd pou nou ekri mo ki sanble ak sa ki nan bwat la. Fè menm jan ak modèl la.**



## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)

### 1. Li istwa

-  *Ouvri liv lekti ou a nan paj 61 an. Ekri paj 61 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 61 an.*
-  **Kounye a, nou pral li istwa nan paj 61 an 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.**
-  *Fè 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a. Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.*
-  **Nou pare? Kòmanse !**
-  *Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.*


### Ana ak leman an

Papa Ana te mete leman an atè a.  
 Papa li te kite mamit la atè a tou.  
 Ana mete leman an akote mamit la.  
 Lemman an ale kole ak mamit la.  
 Pou ki sa leman an kole sou mamit la?

### 2. Reponn kesyon (3 mn)

#### 1. De kisa istwa a pale?

**Repons posib :**

- 1) De Ana ak leman an. 2) De Ana ki kole leman sou mamit la. 3) Lemman an kole sou mamit la.
-  **2. Ki kote Ana mete leman an?**
- 3. Kisa ki te gen atè a ?**
- 4. Kiyès ki te kite mamit la atè a ?**
- 5. Kisa leman te fè?**

## Aktivite 7 Evalyasyon (2-3 mn)

#### Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

- 1) Nou te revize lèt miniskil « k » ak lèt majiskil « K ».
- 2) Nou te revize lèt miniskil ak lèt majiskil (en, EN).
- 3) Nou te mete lèt nan lòd pou fòme mo.
- 4) Nou te mete mo an lòd pou fòme fraz.
- 5) Nou te li istwa « Ana ak leman an ».

# Leson 43 r

## Objektif yo :



- Dekouvri son ak non lèt miniskil /r/.
- Idantifye lèt miniskil « r » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil «r» byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl :




- Liv lekti, leson 43 paj 62 -63
- Kaye egzèsis, leson 43 paj 174-177
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1 Kontin


-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

O !! gade yon lakansyèl  
Li bèl, li gen koulè:  
ble, jòn, vèt, wouj, vyolèt.  
Li pa ni moun ni bèt.  
Mwen renmen gade lakansyèl.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*
-  **Jodi a, nou pral aprann idantifye son ak non lèt « r » miniskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a avan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An nou jwe ak imaj (4 mn)

Leson 43 ak 44 r R
















ri rato parapli kouri

o O ou OU s S è È k K en EN  
ak ka kas kal men pen sèk  
pens plen plas pous plant mant  
ra ri rat rèl rèt ren ran rans rans  
lapen ensèk pakèt mennen  
tenten moulen kalalou miniskil  
lari rete rele rate kouri renmen  
repare retire antoure ranmase

Timoun renmen kouri san rete.  
Emil, al ranmase rato ki nan lari a.  
Plim nan pa pou ou Rita, se pou Ali.  
Lina antoure tout lèt miniskil nan mo a.  
Anita mete kaskèt li a sou moulen an.





62 Liv lekti 1<sup>er</sup> A.F.

-  *Ouvri liv lekti a nan paj 62 a. Ekri paj 62 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.*
-  **Ouvri liv lekti nou nan paj 62 a. Èske tout moun jwenn paj 62 a?**
-  *Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
-  **Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.**
-  *Mete dwèt ou sou desen yo.*
-  **Mete lendèks nou sou desen moun k ap kouri a.**
-  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la*
-  **Mete lendèks nou sou desen rato a.**
-  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la*







- ☞ **Mete lendèks nou sou desen moun k ap ri a.**  
 *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen parapli a.**  
 *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**  
 *Vire liv la pou elèv yo ka wè desen w ap touche a. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande pi plis nan 4 mo nou sot di yo?**  
 *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /r/. Jodi a nou pral aprann son /r/.**

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)

#### 1. Rekonèt son (4 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /r/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /r/, leve pous nou anlè, si yo pa kòmanse ak son /r/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?**  
 *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /r/. Mo a se: radyo**  
 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se: parapli.**  
 *Verifye si elèv yo mete de men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: rapadou, kalalou, ramo, bebe, ensèk, renmen, men.**  
 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son lèt la ak non lèt la (2 mn)


-  *Ekri lèt "r" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la (/r/).  
 -Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
 -Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Son lèt sa a se /r/.**  
 *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt la epi repete son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son lèt sa a? (/r/)**  
 *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt la "r" miniskil.**  
 *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
 -Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "r" miniskil.**  
 *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki non lèt sa a? ("r" miniskil)**  
 *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « r ».*

Touche lèt la yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt (2 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: e,r,a,i,r,t,r,en,k,r,p,r,m,r,n. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "r" miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "r". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "r" sou tablo a pou klas la.

### ☞ Èske se lèt "r" miniskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "r" miniskil yo.

Leson 43 r

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	y	r	g	r	n
w	r	c	z	k	r
a	n	b	d	r	o
r	j	r	f	è	e


2- Antoure lèt l' miniskil yo.

(r) b a r p y w r p i d r  
s t r i o r b v r p l z f  
r r s k e s k e n r r e n r  
e n r s k r v s e o u t r

174 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.


### Egzèsis # 1 (6 mn)

#### ☞ Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 174 pou nou fè egzèsis # 1 an.


 Ekri # 174 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

#### ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib: yon lèt « r » miniskil

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:


#### ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

#### ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo:

#### ☞ Èske lèt sa a se lèt "r" miniskil?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "r" la. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 2 (6 mn)


#### ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "r" miniskil. Toujou nan paj 174 la, nan kaye egzèsis la. N ap fè #2 a.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 174 la, nan egzèsis # 2 a.


#### ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "r" miniskil yo.

 Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

#### ☞ Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

#### ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo:

#### ☞ Èske lèt sa a se lèt "r" miniskil ?

3- Antoure imaj kote nou tande son /r/ yo.

4- Antoure lèt miniskil 'r' nan chak mo.

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 175

Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "r". Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 3 (8 mn)

- ☞ **Nou pral antoure imaj gen son /r/ ladan li. Ale nan kaye egzèsis nan paj 175 nan nimewo 3.**
    - ☞ Ekri # 175 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
  - ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /r/. N ap gade imaj yo byen. Si non imaj la kòmanse ak son « r » n ap antoure l.**
    - ☞ Mande elèv yo gade egzanp premye imaj ki antoure a kòm modèl pou yo ka fè egzèsis la.
  - ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
    - ☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la ki imaj li te antoure?**
    - ☞ Chwazi 2 fi 2 gason pou reponn kesyon sa.
- Egzanp : premye imaj mwen antoure ki gen son /r/ ladan l se : rat.**
- ☞ Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije egzèsis la avèk yo.

### Egzèsis # 4 (8 mn)

- ☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « r » nan chak mo. Toujou nan paj 175 la. Nou pral nan nimewo 4.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 175 la, nan egzèsis # 4.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « r » nan chak mo.**
  - ☞ Mande elèv yo gade egzanp premye mo a byen, mande yo suivi egzanp sa a pou fèt lòt yo.
- ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka li mo yo pou klas la epi di ki kote lèt « r » miniskil la plase nan mo a?**
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou fè egzèsis sa.

## Aktivite 5 Leki lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo an dezòd.

### 1. Leki sou tablo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou**



fòm epi li silab.

Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòm epi li silab yo.

**Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

**Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

**Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

Leson 43 ak 44 r R

ri
 rato
 porapil
 kouri

o O ou OU s S è È k K en EN

ak ka kas kal men pen sèk  
pens plen plas pous plant mant

ra ri rat rèl rè s ren ran rans rans

lapen ensèk pakèt mennen  
tenten moulen kalalou miniskil

lari rete rele rale kouri renmen  
repare retire antoure ranmase

Timoun renmen kouri san rete.  
Emil, al ranmase rato ki nan lari a.  
Plim nan pa pou ou Rita, se pou Ali.  
Lina antoure tout lèt miniskil nan mo a.  
Anita mete kaskèt li a sou moulen an.

## 2. Lekti nan liv.

**Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

Ouvri liv lekti a nan paj 62 a. Ekri paj 62 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li..

**Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**

Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy **palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kopye a.

r \_\_\_\_\_

r \_\_\_\_\_

Ali ap ri anpil.

\_\_\_\_\_

Anita pa rete la.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

176 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### 1. Trase lèt «r» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kinan kaye egzèsis la, nan paj 176 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt "r" miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.



**Kounye a, nou pral trase lèt « r » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « r » la byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**

Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

**Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, pa lwen tèt li, mwen trase yon koub tèt anba tou kout.**

Mande elèv yo trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

**Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, pa lwen tèt li, mwen trase yon koub tèt anba tou kout.**



- ☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « r » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.
- ☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

**2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)**

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “r” miniskil sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “r” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:
- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, pa lwen tèt li, mwen trase yon koub tèt-anba tou kout. Ekri lèt “r” miniskil nan kaye bouyon.
  - ☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « r » miniskil.
- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “r” miniskil.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 176 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 176 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « r » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt ak fraz yo epi kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye a.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 177 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 177 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « r » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 177 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye mo yo ak fraz la sou liy kaye a.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Aktivite 7 Vokabilè (7-8 mn)**

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo moulen. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo moulen ? Èske ou konn kisa moulen vle di ?
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn :  
(1)... (2)... (3)...
- ☞ Moulen vle di : Machin ki sèvi pou kraze manje oubyen fè l tounen farin. Yo konn moulen diri, pitimi, mayi, ble, kafe, pistache. Gen gwo moulen,


gen ti moulen. Yo konn rele kote yo enstale gwo moulen yo, moulen tou.

**Egzanp :**

Moulen an fèmen jodi a, mwen pa p ka al moulen pitimi pou m vann nan mache a demen.

**Egzanp:**


Mwen pral nan moulen ki devan ari a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "moulen". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè. Chwazi lòt elèv ankò pou yo fè lòt fraz ak mo moulen.


## Aktivite 8 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (18-20 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan yon istwa. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen ki nan istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

 Pran liv lekti a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 63 a pou tout klas la ka wè byen. Ekri #63 a sou tablo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.


☞ Tout moun nan paj 63 a?

 Mande elèv yo gade desen an byen.

☞ Gade desen an byen.

 Epi poze klas la kesyon sa yo :

☞ Kisa nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou fi a ? Ki koulè kay la ? Kisa li ap fè ? Kisa ki atè a ?


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an . Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

**Repons posib:**


(1) Mwen wè yon jaden epi yon fi kanpe nan jaden an. (2) Mwen wè yon panye ki gen legim atè a. (3). Fi a genyen yon mayo vèt ak yon jip jòn sou li. (4) kay la gen koulè mov, gri ak mawon. (5) Fi a ap keyi legim (6)....

### 2. Li istwa (10 mn)

☞ Kounye a, nou pral li istwa ki nan paj 63 a ansanm.


 Mande klas la touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.

☞ Touche mo yo ak dwèt nou pandan n ap li. Nou pare ? Kòmanse !

 Pandan n ap li, pase verifye ke elèv yo ap li byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo. Si yo gen difikilte ede yo.

#### Rita renmen kalalou

Rita rete nan ri akote moulen an.  
Maten an, li ale ranmase kalalou.  
Anpil kalalou nan lakou moulen an.  
Li ranmase tout kalalou ki atè a.  
Rita pote tout kalalou a pou matant li.  
Poutèt sa, matant Rita kontan anpil.




Leson 43 ak 44 - r-R


Leson 43 r

### 3. Verifye prediksyon (3 mn)

☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

☞ 2. Èske sa nou te imajine a te rive nan istwa?

 *Chwazi 4 elèv, (2 fiak 2 gason) pou reponn kesyon an,*

### 4. Reponn kesyon (8 mn)

☞ 1. De kiyès istwa a pale?

**Repons posib**

(1) Istwa a pale de Rita. (2) Istwa a pale de Rita avèk matant li.

☞ 2. Ki kote Rita rete?

3. Kisa Rita te al fè?

(1) Li te al ramase kalalou (2).....(3).....

4. Ki kote li te al ramase kalalou yo?

5. Kisa li te fè avèk kalalou yo?

6. Poukisa matant Rita te kontan?

---

### Aktivite 9 Evalyasyon (2-3 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

(1) Nou te aprann son ak non lèt « r » miniskil (2) Nou aprann ekri lèt « r » miniskil.

(3) Nou te fè egzèsis nan kaye. (4) Nou te li istwa « Rita renmen kalalou ».

# Leson 44 R

## Objektif yo :



- Dekouvri son ak non lèt majiskil /R/.
- Idantifye lèt majiskil «R» pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil «R» byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj

## Materyèl :


- Liv lekti, leson 44 paj 62 -63
- Kaye egzèsis, leson 44 paj 178-181
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)








### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Zoranj se yon bèl fwi.  
Li gen koulè jòn.  
Li bon pou la sante.  
Tout timoun renmen manje l.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a : renmen, rekonèt, reyisi, rekonsilye.*
-  **Kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil “r” nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure lèt miniskil “r” sou tablo a. Si yo gen difikilte fè lòt elèv ede yo.*
-  **Kiyès ki ka vin ekri twa lòt mo ki kòmanse ak lèt « r » miniskil sou tablo a ?**
-  *Chwazi 1 fi ak 1 gason pou egzèsis sa. Si yo gen difikilte, chwazi kèk lòt elèv pou ede yo.*
-  **Jodi a, nou pral aprann idantifye ak ekri lèt « R » majiskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti “lèt, silab ak mo” ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a avan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt /R/ majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /R/ majiskil, leve pous nou anlè, si yo pa kòmanse ak son lèt /R/ majiskil, mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
  - ☞ Si gen elèv ki pa konprann bay plis eksplikasyon.
- ☞ Son an se /R/. Mo a se : Repete
  - ☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ Lòt mo a se : Fanatik.
  - ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: Ronaldo, Koulè, Lakay, Ren, Remi, Lakansyèl, Riche, makonn, Rive.
  - ☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

- ☞ Ekri lèt "R" majiskil ak lèt «r» miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : (« r » ak « R »). Fè yo repete son lèt /r/ miniskil la avan.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ Son lèt sa a se /r/, son lèt sa tou se /R/majiskil.
  - ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ Ki son lèt sa a? (/r/) - Ki son lèt sa tou? (/R/)
  - ☞ Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son lèt /r/ ak son lèt /R/ se menm.
- ☞ Kounye a, nou pral di non lèt yo (« r », « R »).
  - ☞ - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ Non lèt sa a se "r" miniskil. Non lèt sa se « R » majiskil
  - ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ Ki non lèt sa a ("r")? Ki non lèt sa (« R »)?
  - ☞ Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « k » ak lèt « K ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt (2 mn)

- ☞ Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo : K, L, P, M, R, S, R, T, R, I, R. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt majiskil « R » pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yo lòt elèv pase sou tablo a pou korije. Retounen mande menm elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt majiskil R.
- ☞ Èske se lèt « R » majiskil elèv la antoure ?

Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Chwazi kèk lòt elèv ankò pou vin idantifye lèt majiskil « R » sou tablo a.

Lesson 44 R

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

R	Y	E	R	È	S
E	L	R	È	R	S
A	V	R	Z	T	R
S	R	È	R	È	E

2- Antoure lèt R majiskil yo.

® B A R L Y W R P I D R  
S T R I O R B V R P L Z F  
R R S K E S K E N R R E N R  
E N R S K R V S E O U T R

178 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (6 mn)

☞ **Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 178 pou nou fè egzèsis # 1 an.**

☞ *Ekri paj 178 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib: yon lèt «R» majiskil**

☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:*

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo:*

☞ **Èske lèt sa a se lèt "R" majiskil?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "R" la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

### Egzèsis # 2 (6 mn)

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "R" majiskil. Toujou nan paj 178 la, nan kaye egzèsis la.**

☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 178 la, nan egzèsis # 2 a.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "R" majiskil yo.**

☞ *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo:*

☞ **Èske lèt sa a se lèt "R" majiskil?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "R". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

3- Antoure lèt majiskil R nan chak mo.






4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

s r è en l p k

È S K R L EN P

Aktivite lib

Leson 44 R

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 179

### Egzèsis # 3 (8 mn)

- ☞ **Nou pral antoure lèt majiskil R nan mo. Ale nan kaye egzèsis nan paj 179 la nan # 3.**
  - ☞ *Ekri paj 179 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil R nan chak mo.**
  - ☞ *Mande elèv yo gade premye egzanz lan epi fè menm jan an.*
- ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Ki kote lèt R majiskil la plase nan dezyèm mo a?**
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm si nesèsè. Fè menm jan an pou twazyèm ak katyèm mo a.*

### Egzèsis # 4 (5 mn)

- ☞ **Nou pral konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ak li a. Ale nan kaye egzèsis nan paj 179 nan nimewo 4.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 179 la, nan egzèsis # 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak majiskil ki mache ak li a.**
  - ☞ *Mande elèv yo gade premye egzanz la byen pou yo ka fè egzèsis la.*
- ☞ **Gade modèl la byen. Nou pral konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt oubyen lèt majiskil ki mache ak li a. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Site non lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil nou te konekte yo**
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn, apre sa ede elèv ki te fè erè yo.*

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt, silab, mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo an dezòd.*

### 1. Lekti sou tablo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*




☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

Leson 43 ak 44 r R



ri rato parapli kouri

o O ou OU s S è È k K en EN

ak ka kas kal men pen sèk pens plen plas pous plant mant

ra ri rat rèl rè s ren ran rans rens

lapen ensèk pakèt mennen tenten moulen kalalou miniskil

lari rete rele rale kouri renmen repare retire antoure ranmase

Timoun renmen kouri san rete. Emil, al ranmase rato ki nan lari a. Plim nan pa pou ou Rita, se pou Ali. Lina antoure tout lèt miniskil nan mo a. Anita mete kaskèt li a sou moulen an.

## 2. Lekti nan liv

☞ **Kounye a, nou pral li liy nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 62 a. Ekri paj 62 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifiye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li..

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**

☞ Verifiye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Trase lèt «R» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 176 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt "R" majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.

☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « R » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « R » la byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè menm jan avè m.**

☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, mwen trase yon koub ki fèmen adwat, k ap kòmanse nan tèt liy lan pou fini nan mitan l. Sou menm bò dwat sa, mwen trase yon liy oblik soti nan pwen kote koub la fini an pou rive nan pye liy vètikal la.**

☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifiye si elèv yo ap trase lèt la byen.

☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, mwen trase yon koub ki fèmen adwat, k ap kòmanse nan tèt liy lan pou fini nan mitan l. Sou menm bò dwat sa, mwen trase yon liy oblik soti nan pwen kote koub la fini an pou rive nan pye liy vètikal la.**

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

ri rato parapli kouri

Ali ap ri anpil.

Anita pa rete la.

176 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

 Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.


☞ Kounye a, nou pral trase lèt «R» majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

## 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)


 Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.

☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "R" majiskil sou tablo a sou liy sa yo?


 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "R" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:

☞ Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, mwen trase yon koub ki fèmen adwat, k ap kòmanse nan tèt liy lan pou fini nan mitan l. Sou menm bò dwat sa, mwen trase yon liy oblik soti nan pwen kote koub la fini an pou rive nan pye liy vètikal la.

### Ekri lèt "R" majiskil nan kaye bouyon.


 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt «R» majiskil.

☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "R" majiskil.


 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eksplikasyon pou elèv yo.

### Egzèsis # 5 (8 mn).

☞ Nou pral kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye a. Ale nan kaye egzèsis nan paj 180 nan nimewo 5.


 Ekri # 180 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye a.


 Pase verifye si elèv yo ap kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye. Si elèv yo gen difikilte, ede yo. Ankouraje elèv yo ekri byen lizib.

### Egzèsis # 6 (8 mn).

☞ Nou pral kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye a. Ale nan kaye egzèsis nan paj 181 nan nimewo 6.

 Ekri # 181 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Kopye lèt yo ak fraz sou liy kaye a.

 Pase verifye si elèv yo ap kopye lèt yo ak fraz yo byen. Ankouraje elèv yo ekri lèt yo ak fraz yo bien, mande yo ekri sou liy kaye a, mande yo ekri byen lizib.


**R** 5- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

R R R R R R

Rita ap rale.

Mimi ap kouri.

Rina ap ranmase piman.

180 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

**R** 6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

R

Tara pare pou li.

Emil renmen kouri ak papa li.

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 181 

## Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo kalalou. Èske nou konn mo sa a? Nan ki moman nou konn tande mo kalalou? Èske ou konn kisa kalalou vle di? Kisa nou fè ak kalalou?

Bay elèv yo tan pou reponn:

(1)... (2)... (3)...

☞ **Kalalou se: Yon legim yo manje.**

☞ Fè 1 fraz kòm egzanp ak mo kalalou pou elèv yo.

**Egzanp : Katia renmen manje diri ak kalalou.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "kalalou". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo kalalou.

## Aktivite 7 Prediksyon dapre imaj (3 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa.

Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

☞ Montre elèv yo desen an ki nan liv lekti a.

☞ Gade desen an byen. Kisa desen sa a fè nou panse ki pral pase nan istwa dapre nou?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn n kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo

**Repons posib**

(1) Se istwa yon machann kalalou. (2) Se istwa yon mounn ki pral achte kalalou. (3)...

## Aktivite 8 Li istwa a (10 mn)



☞ Ouvri liv lekti ou a nan paj 63 a. Ekri paj 63 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 63 a.

☞ Kounye a, nou pral li istwa ki nan paj 63 a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.

☞ Fè de premye elèv yo kanpe pou lekti a. Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.

☞ **Nou pare? Kòmanse !**

☞ Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.




### Rita renmen kalalou

Rita rete nan ri akote moulen an.  
Maten an, li ale ranmase kalalou.  
Anpil kalalou nan lakou moulen an.  
Li ranmase tout kalalou ki atè a.  
Rita pote tout kalalou a pou matant li.  
Poutèt sa, matant Rita kontan anpil.

## Aktivite 9 Verifye Prediksyon (2-3 mn)

☞ Avan nou te li istwa a, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa?

An nou retounen sou sa nou te di avan nou te li istwa a.

-  *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak sa ou te ekri yo.*
- ☛ **Ki diferans nou wè ant sa ki te pase nan istwa a ak sa nou te predi ki te pral pase nan istwa a?**
  -  *Bay elèv yo tan pou yo reponn.*
  - ☛ **Kiyès nan istwa yo nou renmen plis? Sa nou te imagine a oubyen sa nou li a? Poukisa?**
  -  *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou bay repons yo. Apre sa di yo mèsè dèske yopataje opinyon yo ak klas la.*


## Ativite 10 **Evalyasyon (2-3 mn)**

- ☛ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1). Nou te aprann son ak non lèt « R » majiskil. (2). Nou te aprann ekri lèt « R » majiskil. (3). Nou te fè egzèsis nan kaye. (4). Nou te li istwa « Rita renmen kalalou».

### **An n fè Egzèsis an plis (8 mn)**

-  *Si gen tan ki rete fè elèv yo fè « aktivite lib » ki nan kaye egzèsis la nan paj 175. Mande elèv yo ekri kèk mo ki kòmanse ak son /R/. Fè yo ekri 4 mo ki kòmanse ak « R » majiskil. Fè yo ekri 3 mo ki gen son /r/ nan mitan yo.*

# Leson 45 y

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt miniskil /y/.
- Idantifye lèt miniskil «y» pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil «y» byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj
- Li epi konprann yon istwa

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 45 paj 64-65
- Kaye egzèsis, leson 45 paj 182-185
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)




### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Oye ! Oye !  
Tout elèv prese prese !  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye !









-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sa yo sou tablo : Rekòt, Rekreyasyon, Rafrech, Rasanble. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure lèt majiskil "R" sou tablo a.*
- ☞ **Antoure lèt "R" majiskil nan mo ki ekri sou tablo a?**
-  *Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye ak ekri lèt « y » miniskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a avan ou kòmanse.*





## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

-  *Ouvri liv lekti a nan paj 64 la. Ekri paj 64 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ **Ouvri liv lekti nou nan paj 64 la. Èske tout moun jwenn paj 64 la ?**





-  *Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
- ☞ **Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.**
-  *Mete dwèt ou sou desen yo.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen ki reprezante yoyo a.**
-  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen ki reprezante kamyon an.**
-  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen ki reprezante fèy la.**
-  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen ki reprezante kay la.**
-  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
-  *Vire liv la pou elèv yo ka wè desen w ap touche a. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Ki son nou tande pi plis nan 4 mo nou sot di la yo ?**
-  *Bay elèv yo tan pou reponn, korije si yo pa bay bon repons lan.*
- ☞ **Son an se /y/. Jodi a nou pral aprann son /y/ men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt « y » miniskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /y/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /y/, mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /y/. Mo a se : yèreswa**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : paleman.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: kabrit, yanm, lam, yota, bourik, yanvalou, joupa.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt “y” miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la (/y/).*
- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /y/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (« y »)**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt la (“y” miniskil).**
-  *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*

- Repete non lèt la byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se “y” miniskil.**

☞ Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki non lèt sa ? (“y” miniskil).**

☞ Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt la”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « y » miniskil. Touche lèt la yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt (2 mn)

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo : l, y, t, y, t, y, k, r, m, o, y, p, y, r, en, an, y, i. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt miniskil « y » pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin prezante yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi vin idantifye lèt « y » miniskil. Retounen mande menm elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt miniskil « y ».

☞ **Èske lèt sa « y » se lèt miniskil « y » ?**

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Chwazi kèk lòt elèv ankò pou vin idantifye lèt miniskil « y » sou tablo a.

Lesson 45 y

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

r	y	e	r	y	s
y	l	r	y	r	s
a	v	y	z	t	y
s	y	è	y	è	e

Lesson 45 y

2- Antoure lèt y miniskil yo.

☞ b a t l y w b p i d y  
s y r i o y b v y p l z f  
y t a t k y w b t i d y  
s y r i o y b v y t l y t

182 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (6 mn)

☞ **Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 182 pou nou fè egzèsis nimewo 1 an.**

☞ Ekri paj 182 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifeye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

Repons posib : Yon lèt « y » miniskil

☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt “y” miniskil ?**

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifeye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “r” nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.


### Egzèsis # 2 (6 mn)

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt “k”. Toujou nan paj 182 a, nan kaye egzèsis la.**


☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifeye si elèv yo toujou nan paj 182 a, nan egzèsis # 2 a.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt “y” miniskil yo.**

3- Antoure imaj kote nou tande son /y/ yo.



4- Antoure lèt miniskil **y** nan chak mo.



òpyo      fèy      kay      kamyon

Aktivite lib

Kay egzèsis 1° A.F. 183

- ☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo:
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "y" miniskil?**
  - ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "y". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (8 mn)


- ☞ **Nou pral antoure imaj kote nou tande son lèt miniskil « y ». Ale nan kaye egzèsis nan paj 183 a nimewo 3.**
  - ☞ Ekri paj 183 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son lèt « y ».**
  - ☞ Mande elèv yo gade premye egzanzp ki antoure nan premye liy egzèsis la.
- ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki imaj nou te antoure ki gen son /y/ ladan l.**
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.

### Egzèsis # 4 (8 mn)





- ☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « y » nan mo. Toujou nan paj 183 a. Nou pral fè nimewo 4 la**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 183 la, nan egzèsis # 4.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « y » nan chak mo .**
  - ☞ Mande elèv yo gade egzanzp premye mo a byen, mande yo suivi egzanzp sa a pou fèt lòt yo.
- ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di ki kote lèt miniskil «y» la plase nan dezyèm mo a?**
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Fè menm jan an pou rès mo yo.



## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)

 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt, silab, mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo an dezòd.


### 1. Lekti sou tablo.


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

Leson 45 ak 46      y Y

  
yoyo

  
fèy



  
kay

  
kamyon

ou O U s S è È k K e n E n r R  
 pik rap tèt rèl ran plis panse  
 yo ye yè lay kay pay pye liy youn  
 lari rele kouri panse ranmase kalalou antoure konekte  
 keyi peye yoyo kiyè pliye mouye apiye Ayiti kokoye souliye  
 Mina renmen kokoye Ayiti yo anpil.  
 Kokoye sa a plen, pote li pou Ana.  
 Ana renmen kokoye anpil.  
 Ana pa mete po kokoye atè a.  
 Lapli a mouye moun ki te sou plas la.


64      Liv lekli 1<sup>e</sup> A.F.

### 2. Lekti nan liv.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekli a.**
  -  Ouvri liv lekli a nan paj 64 la. Ekri paj 64 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifiye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekli a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li..
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**
  -  Verifiye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 5 Trase lèt y miniskil (15 mn)

### 1. Trase lèt «y» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

 Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 184 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /y/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè

- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « y » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt**

miniskil « y » la byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm.

- ☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche adwat epi mwen fè yon koube tou piti nan pwent anba li. Apre sa, sou bò goch premye liy oblik la, mwen trase yon lòt liy oblik kout k ap soti sou menm liy ak tèt premye liy la ki pral fini nan mitan l.
- ☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.
- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche adwat epi mwen fè yon koube tou piti nan pwent anba li. Apre sa, sou bò goch premye liy oblik la, mwen trase yon lòt liy oblik kout k ap soti sou menm liy ak tèt premye liy la ki pral fini nan mitan l.
- ☞ mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « y » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.
- ☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

**2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)**

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “y” miniskil sou tablo a sou liy sa yo?
- ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “y” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :
- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche adwat epi mwen fè yon koube tou piti nan pwent anba li. Apre sa, sou bò goch premye liy oblik la, mwen trase yon lòt liy oblik kout k ap soti sou menm liy ak tèt premye liy la ki pral fini nan mitan l.

**Ekri lèt “y” miniskil nan kaye bouyon.**

- ☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt «y» miniskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.
- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “y” miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.
- ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Egzèsis # 5 (8 mn).**

- ☞ Nou pral kopye lèt, mo ak fraz yo sou liy kaye a. Ale nan kaye egzèsis nan paj 184 nan nimewo 5.
- ☞ Ekri # 184 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye a.
- ☞ Pase verifye si elèv yo ap kopye lèt ak fraz yo sou liy kaye. Si elèv yo gen difikilte, ede yo. Ankouraje elèv yo ekri byen lizib.

**Egzèsis # 6 (8 mn).**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #185 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 185 lan nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « y » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz la sou liy kaye a.

y y y y y

y

yon

Kati pote kaye li.

184 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

6- Kopye lèt yo ak fraz la sou liy kaye a.

y

y

Papa ap keyi kokoye.

185 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 185 lan. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye lèt ak fraz la sou liy kaye a.

☞ *Pase verifye si elèv yo ap kopye lèt yo ak fraz yo byen. Ankouraje elèv yo ekri lèt yo ak fraz yo bien, mande yo ekri sou liy kaye a, mande yo ekri byen lizib.*

## Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo keyi. Èske nou konn mo sa a? Nan ki moman nou konn tande mo keyi? Èske ou konn kisa keyi vle di? Kisa nou konn keyi?

☞ *Bay elèv yo tan pou reponn:*

(1)... (2)... (3)...


- ☞ **Keyi vle di:** Retire ak men oubyen ak yon gòl yon fui oswa legim nan branch pyebwa ki pwodui l la.

**Egzanp:** «Chak vakans mwen toujou al nan jaden papa Kalo a pou m keyi zaboka».

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "keyi". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou yo fè lòt fraz ak mo keyi.*

## Aktivite 7 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo

Keyi kokoye



Ana ale kay Eli pou li keyi kokoye.  
Yo keyi nan yon pye kokoye nan lakou a.  
Ana keyi senk pou moun lakay li.  
Eli keyi pou lakay li ak pou matant li.  
Timoun yo ap pote kokoye yo lakay yo.  
Tout moun lakay yo renmen kokoye.

Leson 45 ak 46 y-y

Liv lèzi 1<sup>er</sup> A.F. 65

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

☞ *Ouvri liv lekti ou a nan paj 65 la. Ekri paj 65 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 65 la.*

- ☞ Gade imaj la byen. Kisa nou wè nan imaj la? Kisa tifi a ak tigason an ap fè? Ki kote yo chita? Sou kisa yo chita? Kisa tifi a ak tigason an gen nan men yo? Ki kote istwa a ap pase?

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.*

### 2. Li istwa (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a nan paj 65 la ansanm.

☞ *Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.*

- ☞ Touche mo yo ak dwèt nou pandan n ap li. Nou pare? Kòmanse!


☞ *Pandan n ap li, pase verifye ke elèv yo ap li byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo. Si yo gen difikilte ede yo.*

### Keyi kokoye


Ana ale kay Eli pou li keyi kokoye.  
Yo keyi nan yon pye kokoye nan lakou a.  
Ana keyi senk pou moun lakay li.  
Eli keyi pou lakay li ak pou matant li.  
Timoun yo ap pote kokoye yo lakay yo.  
Tout moun lakay yo renmen kokoye.

### 3. Verifye prediksyon (3 mn)

- ☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

- ☞ 2. Èske sa nou te panse a se sa ki pase nan istwa a?

 *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mandeklas la korije si nesesè.*

### 4. Reponn kesyon (3 mn)

- ☞ 1. De kiyès istwa a pale?
- 2. De kisa istwa a pale?
- 3. Kay kiyès Ana te ale?
- 4. Kisa Ana te al fè kay Eli?
- 5. Nan konbyen pye kokoye yo te keyi?
- 6. Konbyen kokoye Ana te keyi?
- 7. Konbyen kokoye Eli te keyi?
- 8. Pou ki moun Eli te pote kokoye yo?
- 9. Kiyès ki renmen kokoye yo?


## Aktivite 8 Evalyasyon (2-3 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

(1) Nou te aprann non ak son lèt miniskil « y ». (2) Nou te aprann ekri lèt « y » miniskil. (3) Nou te fè egzèsis nan kaye a. (4) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (5) Nou te li istwa « Keyi kokoye »

### An n fè Egzèsis an plis (8 mn)

 *Pwofesè a ap fè aktivite sa si gen tan ki rete. Si gen tan ki rete fè elèv yo fè « aktivite lib » ki nan kaye egzèsis la nan paj 183.*

*Mande elèv yo ekri kèk mo ki kòmanse ak son /y/.*

# Leson 46 Y

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt majiskil /Y/.
- Idantifye lèt majiskil «Y» pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil «Y» byen.
- Li epi konprann yon istwa

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 46 paj 64 -65
- Kaye egzèsis, leson 46 paj 186-189
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1 Kontin (2 mn)


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*

- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Oye ! Oye !  
Tout elèv prese prese !  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye !

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


### 2. Rapèl (3 mn)

 *Ekri plizyè mo sou tablo a tankou : pye, rèl, kay, kouri, kokoye, anpil, mouye, ana, apiye. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure kote yo wè lèt « y » miniskil nan mo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt « y » miniskil nan mo ki sou tablo a ?**

 *Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*

- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye ekri lèt Y majiskil epi fè prediksyon sou istwa.**

 *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a avan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son /Y/majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /Y/majiskil, leve pou nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /Y/ majiskil mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
  - ☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ Son an se /Y/. Mo a se : Yè.
  - ☞ Verifye si elèv yo leve pou yo anlè.
- ☞ Lòt mo a se : fè.
  - ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: manman, yo, pay, kay, yanm, yè, ya.
  - ☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

- ☞ Ekri lèt "Y" majiskil ak lèt «y» miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : (« y » ak « Y »). Fè yo repete son lèt /y/ miniskil la avan.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ Son lèt sa a se /y/, son lèt sa tou se /Y/.
  - ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ Ki son lèt sa a? (/y/). Ki son lèt sa tou? (/Y/).
  - ☞ Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son lèt /y/ ak son lèt /Y/ se menm.
- ☞ Kounye a, nou pral di non lèt yo (« y », « Y »).
  - ☞ - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
  - Repete non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ Non lèt sa a se "y" miniskil. Non lèt sa se « Y » majiskil
  - ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ Ki non lèt sa? ("y"). Ki non lèt sa? (« Y »).
  - ☞ Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « y » ak lèt « Y ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.

## Aktivite 3 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)

- ☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo.

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

**Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

**Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

**Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

Leson 45 ak 46      y Y

ou O U s S è È k K e n E n r R  
 pik rap tèt rèl ran plis panse  
 yo ye yè lay kay pay pye liy youn  
 lari rele kouri panse ranmase kalalou antoure konekte  
 keyi peye yoyo kiyè pliye mouye apiye Ayiti kokoye souliye  
 Mina renmen kokoye Ayiti yo anpil.  
 Kokoye sa a plen, pote li pou Ana.  
 Ana renmen kokoye anpil.  
 Ana pa mete po kokoye atè a.  
 Lapli a mouye moun ki te sou plas la.

64      Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

## 2. Lekti nan liv.

**Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

Ouvri liv lekti a nan paj 64 la. Ekri # 64 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

**Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt (2 mn)

Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: K, Y, L, Y, T, Y, R, OU, Y, L, P, Y, M, N, Y. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "Y" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "Y". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "Y" sou tablo a pou klas la.

**Èske se lèt "Y" majiskil elèv la antoure ?**

Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "Y" majiskil yo. Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

Leson 46 Y

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

Y	R	Y	E	R	Y	S
	Y	L	R	Y	R	S
	A	Y	R	Z	Y	R
	S	Y	È	Y	È	E

2- Antoure lèt Y majiskil yo.

Y B A T K Y W B P I D Y  
S Y R I O Y B V Y P L Z F  
Y T A T S Y W B T I D Y  
S Y R I O Y B V Y T L Y T

186      Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

## Egzèsis # 1 (6 mn)

**Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 186 la nan menm paj avèk mwen.**

Ouvri kaye a nan paj 186 nan egzèsis # 1. Ekri paj 186 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

**Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

Repons posib: Yon lèt « Y » majiskil

Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:

Leson 46 Y

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

R	Y	E	R	Y	S
Y	L	R	Y	R	S
A	Y	R	Z	Y	R
S	Y	È	Y	È	E

2- Antoure lèt Y majiskil yo.

Y B A T K Y W B P I D Y  
S Y R I O Y B V Y P L Z F  
Y T A T S Y W B T I D Y  
S Y R I O Y B V Y T L Y T

186 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

3- Antoure lèt majiskil Y nan chak mo.

			
YOYO	FÈY	KAY	KAMYON

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

y r è en l p k

K È Y P R EN L

Aktivite lib

187 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a, se lèt "Y" majiskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "Y" majiskil la. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (6 mn)

☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis la sou lèt "Y" majiskil. Toujou nan paj 186 la, nan kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 186 la, nan egzèsis # 2 a.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "Y" majiskil yo.

☞ Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "Y" majiskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "Y" majiskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3-4 mn)

☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /Y/majiskil. Nan paj 187 la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 187 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 187 nan egzèsis # 3.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil Y nan chak mo ki anba imaj nou wè a.

☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout mo ki anba imaj yo.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?

☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou wè lèt majiskil /Y/anba yo. Nou konprann ? Kòmanse !





☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou eksplike chak lèt yo antoure anba imaj yo epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.








## Egzèsis # 4 (8 mn)


- ☞ N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "Y" majiskil. Toujou nan paj 187 la, nan denye egzèsis la.  
 *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 187 la nan egzèsis # 4 la.*
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil ki menm yo.  
 *Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.*
- ☞ Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil ki menm yo, gade modèl la byen. Nou konprann ? Kòmanse !  
 *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.  
 *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte ansanm yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.*

## Aktivite 5 Trase lèt Y majiskil (15 mn)

### 1. Trase lèt «Y» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)


-  *Prepare tablo a menm jan ak paj ekri ki nan kaye egzèsis la, nan paj 188 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /Y/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « Y » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « Y » la byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm  
 *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik tou kout panche agoch. Sou bò dwat premye liy oblik la, m ap trase yon lòt liy oblik menm longè avèk li k ap soti sou menm liy ak tèt li pou kontre nan pwent anba li. Apre sa m ap trase yon liy vètikal soti kote de liy oblik yo kontre a desann.  
 *Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik tou kout panche agoch. Sou bò dwat premye liy oblik la, m ap trase yon lòt liy oblik menm longè a k ap soti sou menm liy ak tèt li pou kontre nan pwent anba li. Apre sa m ap trase yon liy vètikal soti kote de liy oblik yo kontre a desann.  
 *Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « Y » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.  
 *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)


- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "Y" sou tablo a sou liy sa yo?  
 *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "K" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:*
- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik tou kout panche agoch. Sou bò dwat premye liy oblik la, m ap trase yon lòt liy oblik menm longè a k ap soti sou menm liy ak tèt li pou kontre nan pwent anba li. Apre sa m ap trase

yon liy vètikal soti kote de liy oblik yo kontre a desann.

**Ekri lèt "Y" majiskil nan kaye bouyon.**

 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « Y » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "Y" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz la sou liy kaye a.

Y Y Y Y Y


Y

Yoyo


Papa plante kokoye.

188 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 5 (8 mn).**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 188 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 188 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « Y » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, mo ak fraz yo. Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.


Y

Yola ap li ak kèk timoun.


Yo plante anpil mayi nan peyi a.

189 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 6 (8 mn).**


 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #189 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 189 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « Y » majiskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 189 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la. Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.


**Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)**

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo kokoye. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo kokoye ? Èske ou konn kisa kokoye vle di ? Kisa nou konn fè ak kokoye ?**


 Bay elèv yo tan pou reponn:  
(1)... (2)... (3)...

☞ **Kokoye vle di: kokoye a se fwi ki soti nan pye kokoye a oubyen fwi pye kokoye a donnent.**

**Egzanp: "Fanètal keyi kokoye nan pye kokoye ki nan jaden an. ».**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "kokoye". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo kokoye.

## Aktivite 7 Li istwa a (10 mn)



- ☞ Ouvri liv lekti ou a nan paj 65 lan. Ekri paj 65 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 65 lan
- ☞ Kounye a, nou pral li istwa nan paj 65 lan 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.
- ☞ Fè 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a. Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.
- ☞ **Nou pare ? Kòmanse !**
- ☞ Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo. Lè de premye yo fin li, chwazi de lòt jiskaske tout klas la fin li.

### Keyi kokoye

Ana ale kay Eli pou li keyi kokoye.  
 Yo keyi nan yon pye kokoye nan lakou a.  
 Ana keyi senk pou moun lakay li.  
 Eli keyi pou lakay li ak pou matant li.  
 Timoun yo ap pote kokoye yo lakay.  
 Tout moun nan kay yo renmen kokoye.

### 3. Verifye prediksyon (3 mn)

- ☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.
- ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.
- ☞ Èske sa nou te panse a se sa ki pase nan istwa a?
- ☞ Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesèsè.

### 4. Reponn kesyon (3 mn)

- ☞ 1. De kiyès istwa a pale ?
- 2. De kisa istwa a pale ?
- 3. Kay kiyès Ana te ale ?
- 4. Kisa Ana te al fè kay Eli ?
- 5. Nan konbyen pye kokoye yo te keyi ?
- 6. Konbyen kokoye Ana te keyi ?
- 7. Konbyen kokoye Eli te keyi ?
- 8. Pou ki moun Eli te pote kokoye yo ?
- 9. Kiyès ki renmen kokoye yo ?

## Aktivite 8 Evalyasyon (2-3 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?  
**Repons posib:**

(1) Nou te aprann non ak son lèt miniskil « y ». (2) Nou te aprann ekri lèt « y » miniskil. (3) Nou te fè egzèsis nan kaye a. (4) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (5) Nou te li istwa « Keyi kokoye »

# Leson 47 Revizyon r R, y Y

## Objektif yo :


Rekonèt korespondans ant lèt majiskil ak lèt miniskil.  
 Ekri mo kout ak mo long, lèt miniskil, majiskil.  
 Mete lèt nan lòd pou fòmè mo.  
 Mete mo nan lòd pou fòmè fraz.  
 Li yon istwa kout pou reponn kesyon.

## Materyèl :


liv lekti elèv, Liv lekti paj 66-67,  
 Kaye egzèsis paj 190-191,  
 Kreyon, gòm, kaye bouyon.

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1 Kontin (2 mn)


-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Oye ! Oye !  
 Tout elèv prese prese !  
 Y ap li san kè kase.  
 Son ak mo mete gete.  
 Tout elèv ap chante.  
 Lekti se limyè. Oye !

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ Jodi a, nou nou pral revize lèt « r » miniskil, « R » majiskil, « y » miniskil, « Y » majiskil.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (15 mn)

### 1. Devine mo

- ☞ Jodi a, nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » N ap di mo a. Son nan mo a se : /y/ /è/. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a : « yè. » Son nan yon lòt mo se : /y/ /o/ /y/ /o/. Ki mo li ye ? Yoyo.
-  *Fè menm jan an pou: keyi, sèk, kite, pliye, tiyo, tankou, rete, renmen, kouran.*

### 2. Konsyans silabik


- ☞ Nou sonje nou te travay sou son. Kounye a, nou pral travay sou lòt son. Son ki fòmè mo. Pa egzanp si mwen di Lekòl mwen tande2 pati nan mo sa: Le epi kòl. Chak nan pati sa yo se yon silab. Gen de mo ki gen yon


silab tankou “mwen” gen mo ki gen 2 silab tankou “mango” mwen tande 2 pati man- go ; gen de mo ki gen 3 silab tankou “zaboka” mwen tande za-bo-ka.

-An n fè yon ti egzèsis ansanm. Kiyès ki ka di mwen kèk mo ak 3 silab li konnen


 Chwazi 3 fi ak 3 gason epi mande klas la korije si nesesè.

### 3. Jwenn son nan mo


 Ouvè liv nou nan paj 66. Ale nan liy anana a. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se.


 Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt (2 mn)

 Ale sou tablo a, ekri plizyè lèt majiskil ak miniskil tankou K, L, m, an, y, R, r, Y, L, m, n, Y, a, an, r, y, O, ou. Apre chwazi kèk elèv pou di non chak lèt. Mande yo di non lèt la epi si se majiskil oswa miniskil.

### 1. Chèche son r ak y nan mo

 Kounye a, nou pral fè yon egzèsis. Nou pral chèche son r ak y. Apre sa, nou pral konekte mo ki sanble yo.

 Nan chak etap, verifye travay 3 fi ak 3 gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka konekte youn nan mo yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn mo sa yo.

Leson 47 Revizyon r, R, y, Y

1- Nwasi kare ki anba silab ki gen son /ye/ yo.

marje	kaye	kokoye	baye
-------	------	--------	------


2- Konekte mo ki sanble yo


plante	PYE
pye	PAPAY
kanaval	PLANTE
papay	PYANO
pyano	KANAVAL


190 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


### Egzèsis # 1 (6 mn)

 Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 190 pou nou fè egzèsis nimewo 1 an.

 Ekri paj 190 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


 Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Nwasi kare ki anba son /ye/. Suiv modèl la pou nou ka fè egzèsis la.


 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:

 Kounye a, nou pral korije ansanm. Fè elèv yo li mo ki nan bwat la epi pou yo di ki kote son /ye/ a plase nan mo a. Mande elèv ki fè erè yo pou konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.


### Egzèsis # 2 (6 mn)

 Nou pral kontinye ak lòt egzèsis nan menm paj la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 190 la, nan egzèsis # 2 a.

 Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte mo ki sanble yo.

 Mande elèv yo pou yo gade modèl la pou you ka fè egzèsis la byen.

 Gade modèl la byen. Gade mo ki nan de kolòn yo byen epi konekte sa ki sanble yo. Nou konprann? Kòmanse!

**3- Konekte mo ki sanble yo.**

pye	Latriye	Papay
PYANC	PAPAY	LATRIYE
papay	Pyè	pyano
latriye	Pyano	PYE

**4- Kopye fraz la.**

Eli pase sou kote pye papay la.

Leson 47 Revizyon rR, yY

- Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo li chak pè mo yo konekte. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (8 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis nan menm paj la.**
- ☞ Ekri paj 191 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte mo ki sanble yo.**
- ☞ Mande elèv yo pou yo gade modèl la pou you ka fè egzèsis la byen. lis lèt yo.
- ☞ **Gade modèl la byen. Gade mo ki nan twa kolòn yo byen epi konekte sa ki sanble yo. Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo li chak twa mo yo konekte. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis #4

- ☞ **Nou pral kopye fraz nan kaye egzèsis la.**
- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 191 la, nan egzèsis # 4 la. Rete nan paj nan paj 191 la toujou. Nou pral fè egzèsis nimewo 4 la. Sonje li konsiy nan ak elèv yo

## Aktivite 4 Lektè lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)

### 1. Li lèt nou konnen deja.

- ☞ Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 66. Li lèt ki nan liy zandolit la.

### 2. Li mo kout (yon silab)

- ☞ Ale nan liy palmis la, li mo yo.

### 3. Li mo long (2 oubyen 3 silab)

- ☞ Ale nan liy anana a, li mo yo.

### 4. Li fraz

- ☞ Ale nan liy pwason an, li fraz yo 2 pa 2.

- ☞ Bay elèv yo tan pou li fraz yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li ansanm. M ap chwazi yon ranje pou li yon fraz.**
- ☞ Chwazi fraz yo an dezòd
- ☞ **Premye ranje a li dezyèm fraz la:**
- ☞ Kite elèv yo reponn
- ☞ **Dezyèm ranje a li dènye fraz la:**
- ☞ Kontinye konsa pou tout ranje yo..

## Aktivite 5 Vokabilè (10 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.
  1. Premye mo a se : « lis »
- ☞ Leve men nou si nou konnen mo lis. Kiyès ki ka eksplike sa yon lis ye? Nan ki moman nou konn tande mo lis?
 

*Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, lis vle di : Yon papye kote yo ekri yon seri objè (liv, pwovizyon) pou achte oubyen aktivite ki gen pou fèt.
 

**Egzanp : Paran Eli yo vin chèche lis aktivite klas la nan direksyon lekòl li a.**
- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo lis.
 

*Bay elèv yo tan pou yo fòme fraz yo.*
- ☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad yo di yo?
 

*Chwazi twa pè elèv epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.*
- ☞ Dezyèm mo a se : rato. Leve men nou si nou konnen mo rato a. Kiyès ki ka di kisa yon rato ye? Kijan li fèt? Sa yo fè ak li? Nan ki moman nou konn tande mo rato a?
 


*Chwazi yon fi ak yon gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, rato se : yon zouti ki sèvi nan jaden.
 

*Chwazi yon fi ak yon gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo rato.
 

*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon fi ak yon gason pou di fraz yo te fè a.*

## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo

Lis papa Kati ak Toni



Papa Kati ak Toni ap pati. Li kite lis sa pou yo:

1. Retire tapi a atè a. Mete li sou kote poto a.
2. Ranmase kokoye yo, pote yo kay tant Lina.
3. Apiye rato a sou miray la.
4. Mouye patat yo, rense kiyè yo.
5. Antoure pye katalou yo ak sak la.
6. Repo pou Ana ak Emil.

Liv lekòl 1<sup>e</sup> A.F. 67

### 1. Lekti istwa 2 pa 2

- ☞ Ouvri liv lekòl ou a nan paj 67 la. Ekri paj 67 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 67 la.
- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.
 

*Envite 2 de premye elèv yo kanpe pou lekòl a. Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekòl istwa a.*
- ☞ Nou pare? Kòmanse !
 

*Pandan y ap li, pase verifye si lòt elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo. Kontinye konsa pou rès elèv yo.*
- ☞ Ouvè liv la nan paj 67 li istwa a.

### Lis papa Kati ak Toni

Papa Kati ak Toni ap pati. Li kite lis sa pou yo:

1. Retire tapi a atè a. Mete li soukote poto a.
2. Ranmase kokoye yo, pote yo kay tant Lina.

3. Apiye rato a sou miray la.
4. Mouye patat yo, rensè kiyè yo.
5. Antoure pye kalalou yo ak sak la.
6. Repo pou Ana ak Emil.

## 2. Reponn Kesyon

- ☞ 1. Ki tit istwa a ?
- 2. Ki premye aktivite papa Ana ak Emil mande pou yo fè ?
- 3. Lè Ana ak Emil fin ranmase kokoye yo, ki kote pou yo pote yo ?
- 4. Kisa pou Ana ak Emil fè ak rato a ?
- 5. Bay 3 dènye aktivite papa Ana ak Emil mande yo pou yo fè ?
- 6. Dapre ou, kijan Ana ak Emil ap deside sou Kiyès k ap fè aktivite yo ?
- 7. Ki lòt aktivite papa timoun yo te ka kite pou yo ?

## Aktivite 7 Evalyasyon (2-3 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

### Repons posib :

(1) Nou te revize lèt miniskil « k, l, n, an » ak lèt majiskil « R, Y, L, O ». (2) Nou te li kontin (3) Nou te li istwa « Lis papa Ana ak Emil ».



# Leson 48 Konbinezon lèt kl, kr, pr, tr

## Objektif yo :


Dekouvri son konbinezon lèt /kl/, /kr/, /pr/, /tr/.  
Ekri konbinezon lèt « kl, kr, pr, tr » byen.  
Ekri mo kout san fè fot

## Materyèl :

Materyèl :  
Liv lekti, leson 48 paj 69  
Kaye egzèsis, leson 48 paj 192-193  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1 Kontin (2 mn)

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Oye ! Oye !


Tout elèv prese prese !


Y ap li san kè kase.

Son ak mo mete gete.

Tout elèv ap chante.

Lekti se limyè. Oye !

 Felisite epi ankouraje elèv yo.




## Aktivite 2 Konsyans fonemik (10 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral aprann son konbinezon lèt /kl/, /kr/, /pr/, ak /tr/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son konbinezon lèt /kl/, /kr/, /pr/ oubyen /tr/ leve pous nou anlè, si yo pa kòmanse ak son mwen di a mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?

 Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.

- ☞ Son premye konbinezon lèt la se /kl/. Mo a se : « Klas. »

 Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.


- ☞ Lòt mo a se : plas.









 Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.

- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: Kle, kèt, plat, klète, krèm, klike.




 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.

- ☞ Son dezyèm konbinezon lèt la se /kr/. Mo a se : « krè »


 Verifye si elèv yo leve pous yo anlè

- ☞ **Lòt mo a se : « kay »**  
 *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: kare, kreyon, zèl, kriye, kaye, kreye**  
 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.*
- ☞ **Son twazyèm konbinezon lèt la se /pr/. Mo a se : « pratik »**  
 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè*
- ☞ **Lòt mo a se : « Patri »**  
 *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: pale, prete, priye, kole, pile, rale**  
 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm*
- ☞ **Son katryèm konbinezon lèt la se /tr/. Mo a se : « trèt »**  
 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : « teren »**  
 *Verifye si elèv yo mete men sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: tòl, travay, triye, trese, enterè, trase**  
 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.*




## 2. Pwononse son konbinezon lèt (2 mn)

-  *Ekri konbinezon lèt «kr, kl, pr, tr » sou tablo a. Fè elèv yo repete son konbinezon lèt yo (/kr/, /kl/, /pr/, /tr).*  
 -Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
 - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son konbinezon lèt sa a se /kr/.**  
 *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son konbinezon lèt sa ?/kr/**  
 *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè menm jan an pou tout lòt konbinezon lèt yo (kl, pr, tr)*

## Aktivite 3 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (10 mn)

-  *Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**  
 *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**  
 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**  
 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

Leson 48 Konbinezon lèt kl kr pr tr

pr j ⇒ pri  
 la-kr è ⇒ lakrè  
 tr e-to ⇒ treto  
 Kl e ⇒ Kle

pr pri pre prè kri kle tra tre  
 tri trè très kras pran

prale klete trese traka lakrè  
 krake krepi pratik kremas pratik

► Katrina ak ti sè li renmen ale nan lanmè.  
 Alina pral pale ak pratik li a.  
 Mèt la pran lakrè a pou ekri mo.  
 Eli mande pratik la mete soup nan asyèt la.

Leson 48 Konbinezon lèt kl kr pr tr

s S è È k K en EN r R y Y

► kle kout koup sous plen plan lanp plat  
 sèk krèm kay plak kras

► ekri koupe koute eple lapen pile penti  
 kase plase plati krapo klete lakrè prete  
 rantrè plenyen manyen

► Plat Kati a plen krèm lèt.  
 Timoun yo ap ekri lèt yo nan kaye yo.  
 Manman Anita ak Ana ap trese tèt yo.  
 Mete plim ak lakrè nan klas la.  
 Ana pa souri paske li kase plat la.  
 Pratik la pran senk treto yo epi li ale.  
 Pratik la pa tris menm, li ap souri anpil.

Leson 48 Konbinezon lèt kl kr pr tr

Liv lekli 1 A.F. 69

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

## 2. Lekti nan liv.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekli a.**

☞ Ouvri liv lekli a nan paj 68 la. Ekri # 68 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekli a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la.**

☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

☞ **Kounye a, nou pral li liy pwason ki nan paj 69 la nan liv lekli a.**

☞ Ouvri liv lekli a nan paj 69 la. Ekri paj 69 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Fè tout klas la li liy pwason an. Ankouraje elèv yo li pou kont yo; si yo gen difikilte, ede yo.

## Egzèsis # 1-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 192 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 192 la ak nan egzèsis # 1. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 192 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye fraz yo sou liy kaye a.**

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Aktivite 4 Dikte (20 mn)

2- Dikte (souv ekplikasyon pwofèsè a.)

Leson 48 Konbinezon lèt- kl kr pr tr

Kaye egzèsis 1° A.F. 198

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #193 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 193 la ak nan egzèsis #2 a.

☞ **Fèmen liv lekli a. Nou pral pran yon dikte. Ale nan paj 193 kaye egzèsis la. Chak mo mwen di nou pral ekri yo sou liy yo nan kaye egzèsis la nan nimewo 2 a.**

☞ Pwofèsè a prale nan liv lekli a nan paj 68. Li ap li mo ki nan liy bis la. Li ap li yo byen dousman. Epi li ap verifye si tout elèv yo ekri mo yo nan paj 193 la.

pra, pri, pre, prè, pran, kras, kri, kle, kri-tras, tre, tris, très.

# Leson 49 Peryòd revizyon

## Objektif yo :



- Mete silab nan lòd pou fòmè mo
- Ekri mo kout ak mo long
- Li yon istwa kout

## Materyèl :


- Liv lekti, leson 49 paj 70
- Kaye egzèsis, leson 49 paj 194
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1 Kontin (2 mn)




-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

O !! gade yon lakansyèl!  
Li bèl, li gen koulè:  
Ble, jòn, vèt, wouj, vyolèt.  
Li pa ni moun ni bèt.  
Mwen renmen gade lakansyèl.




-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (10 mn)

### 1. Pwononse son lèt

-  *Ekri lèt ak konbinezon lèt sa yo sou tablo : k, K, en, tr, EN, r, R, kl, y, Y, kr, pr epi envite elèv yo di son chak. Touche chak lèt, lèt ak konbinezon lèt pou elèv yo epi mande yo :*
-  **Ki son /lèt/ konbinezon lèt sa ?**
  -  *Fè egzèsis la avèk tout klas la apre sa chwazi kèk elèv pou poze menm kesyon an.*


### 2. Di non lèt

-  *Mande klas la pou di non lèt, lèt ak konbinezon lèt ou te ekri sou tablo a.*
-  **Kounye a, nou pral repete non lèt yo ki sou tablo a.**
  -  *Fè egzèsis la avèk tout klas la apre sa chwazi kèk elèv pou poze menm kesyon a*

1- Ekri silab yo nan lòd pou ou fè yon mo ou konnen.



Jakrè.....



## Egzèsis # 1- Konsyans silabik

- ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 194 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 194 la ak nan egzèsis #1 an.*
- ☞ **Jodi a, nou pral fè egzèsis avèk silab. Ale nan paj 194 nan kaye egzèsis la, nan nimewo 1 an.**
- ☞ *Poze elèv yo kesyon pou fè yo idantifye chak desen yo pou yo ka ranje silab pou yo fòme mo yo. Pase nan klas la, verifye si elèv yo nan bon paj kaye a*
- ☞ **Nou pral mete silab yo nan lòd pou fòme mo. Gade egzanp lan byen pou nou ka fè egzèsis la byen. Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap fè egzèsis la. Ba yo tan pou yo fè egzèsis la. Lè yo fini, korije ansanm avèk yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Ki mo nou fòme ak dezyèm gwoup silab yo? Kiyès ki ka di klas la kisa dezyèm mo a ye?**
- ☞ *Fè menm jan an pou tout rès egzèsis la.*

## Aktivite 3 Vokabilè (15mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.**

### 1. Premye mo a se: souri

Leve men nou si nou konnen mo souri. Kiyès ki ka eksplike sa yon souri ye? Nan ki moman nou konn tande mo souri?

- ☞ *Chwazi 1 fi ak 1 gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, souri vle di: ri an silans san fè bri. Mouvman nan figi ki montre lè yon moun kontan.**
- Egzanp: Eli souri lè li wè manman li rive.**
- ☞ *Mande kèk elèv fè fraz ak mo souri.*
- ☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fòme yon lòt fraz ak mo souri.**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo.*
- ☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad yo di yo?**
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.*

### 2. Dezyèm mo a se: « remèsye ».

Leve men nou si nou konnen mo remèsye a. Kiyès ki ka di kisa mo remèsye a ye? Nan ki moman nou konn tande mo remèsye a?

- ☞ *Chwazi 1 fi ak 1 gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, remèsye vle di: di mèsi pou yon kado, yon sèvis oswa yon konpliman yo fè nou.**
- ☞ *Mande chak elèv fè yon fraz ak mo remèsye.*
- Kiyès ki ka di m kilè yon moun di mèsi?**
- ☞ *Chwazi yon fi ak yon gason fè yo pase devan fè yonn bay lòt yon objè epi mande mounn ki resevwa objè a kisa l ap di.*
- ☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo remèsye.**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou yo fòme fraz yo epi chwazi 1 fi ak 1 gason pou di fraz yo te fè a.*

## Aktivite 4 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (20 mn)

Peryòd Revizyon Leson 49

Kokoye kay Eli yo



Papa Eli plante kokoye nan lakou a.  
Eli keyi kat kokoye. Li mete yo nan yon panye.  
Li ap pote yo pou Ana.  
Eli konnen Ana renmen kokoye anpil.  
Ana pral souri san rete. Li pral remèsye Eli pou tout kokoye yo.

### 1. Li istwa (20 mn)

- ☞ Ouvri liv lekti ou a nan paj 70 la. Ekri paj 70 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 70 la.
- ☞ Nan lesan anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a, nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil. Nou pral li istwa an de pati. Ouvri liv la nan paj 70.
- ☞ Fè yo li premye pati istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè.

#### Kokoye kay Eli yo

Papa Eli plante kokoye nan lakou a.  
Eli keyi kat kokoye. Li mete yo nan yon panye.  
Li ap pote yo pou Ana.

- ☞ Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm pati istwa a 2 pa 2 pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute 2 elèv yo byen. Si yo li 8 mo sou 10 byen, ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm pati istwa a pou kont yo. Si yo pa ka li 8 mo sou 10, li istwa ansanm avèk klas la 2 fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Eli konnen Ana renmen kokoye anpil.  
Ana pral souri san rete. Li pral remèsye Eli pou tout kokoye yo.

### 2. Reponn Kesyon

- ☞ 1. Ki tit istwa a?
- 2. Ki kote papa Eli plante kokoye ya?
- 3. Kisa Eli te fè?
- 4. Kisa Ana te fè lè Eli te bay Ana kokoye yo?

## Aktivite 5 An n fè teyat (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral jwe yon ti teyat sou istwa nou fèk li a. Lakou kay Eli. Imajine konvèsasyon Eli ak Ana. Kisa yo di? Ki konvèsasyon yo fè? Pran yon ti tan pou repete epi apre sa m ap chwazi kèk gwoup pou vin prezante devan klas la.
- Apre sa nou pral chwazi Kiyès ki fè li pi byen. N ap gade kijan nou pale, kisa nou di epi si nou utilize tout enfòmasyon istwa a.
- ☞ Bay elèv yo 5 mn pou yo prepare ti dyalog sa a. Apre sa chwazi 4 gwoup pou prezante devan klas la. Lè yo fin prezante mande klas la chwazi ki prezantasyon yo renmen plis epi bat bravo pou yo.

---

## Aktivite 6 Evalyasyon (5 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann non ak son lèt miniskil « y ». (2) Nou te aprann ekri lèt « y » miniskil. (3) Nou te fè egzèsis nan kaye a. (4) Nou te aprann sa mo souri ak remèsye vle di. (5) Nou te li istwa « Lakou kay Eli »

# Leson 50 Peryòd revizyon

Peryòd Revizyon Leson 50

Niko renmen matant Lina



Peryòd Revizyon Leson 49 ak 50

## Objektif yo :

- Ekri mo kout epi ekri mo long
- Li yon istwa kout
- Konprann istwa pou reponn kesyon

## Materyèl :

- Liv lekti paj 71.
- Kaye egzèsis paj 195.
- Kreyon, gòm, kaye bouyon.

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1 Kontin (2 mn)

- Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.
- Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?  
Kleng! Kleng! lekòl lage!  
Tout timoun yo deyò.  
Y ap sote ponpe,  
tankou myèl ak papiyon.
- Felisite epi ankouraje elèv yo.
- Jodi a, nou nou pral revize lèt È, k miniskil, K majiskil.

## Aktivite 2 Konsyans Fonemik (15 mn)

### 1. Di non lèt ki nan yon mo


- Ekri mo ki nan leson sa a sou tablo a ki gen son w ap revize yo sou tablo a epi mande elèv yo di son ki nan chak mo yo: anpil, tan, Lina, Ali, pase.

### 2. Kase mo son pa son

- Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple mo yo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo.  
pale = /p/ /a/ /l/ /e/  
Men kèk lòt mo : pik, Kalin, estène, kalalou, kanè, koute, prese-kase, plim.
- Di mo yo youn apre lòt epi bay elèv yo tan pou yo reponn. Ekri repons elèv yo sou tablo a.



### Aktivite 3 Dikte (20 mn)



- ☞ *Ekri paj 195 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Jodi a, nou pral pran dikte. Mwen ap di nou mo a epi nou ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan kaye egzèsis la nan paj 195, epi nou ap ekri chak mo mwen di.**
- ☞ *Bay elèv yo yon ti tan pou yo jwenn paj la. Mache nan klas la pou verifye.*
- ☞ **Ekri: lèt, sèt, pous, sans.**
- ☞ *Pase verifye si elèv yo ap pran dikte a. Apre sa kontinye ak mo sa yo.*
- ☞ **Ekri: ke, sak, kap, mele, plase, kase, akasan.**
- ☞ *Bay timoun yo tan pou ekri chak mo yo, epi pase nan ranje yo pou ou verifye si elèv ap pran dikte a.*
- ☞ **Nou te ekri mo, kounye a, nou pral ekri yon fraz. Mwen ap li fraz la 3 fwa pou nou. M ap li fraz la dousman. Nou pare ? Ana ak Emil pral keyi kokoye. Koute ankò. Ana ak Emil /( fè yon poz) pral keyi / kokoye.**
- ☞ *Bay elèv yo yon ti tan pou yo ekri fraz la. Li fraz dousman pou ti mounn yo ka byen ekri fraz la.*
- ☞ **Byen. Kounye a, nou pral korije ansanm. Mwen pral chwazi 3 elèv ki pou vin ekri fraz la sou tablo a.**
- ☞ *Chwazi 3 elèv, apre sa korije ak klas la. Verifye si fraz la byen ekri.*

### Aktivite 3 Vokabilè (10 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.**

#### 1. Premye mo a se: « matant ».

Leve men nou si nou konnen mo matant. Kiyès ki ka eksplike sa yon matant ye? Nan ki moman nou konn tande mo matant ?

- ☞ *Chwazi 1 fi ak 1 gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, matant vle di: « fi ki se sè manman osinon sè papa yon moun ».**
- Egzanp : Alina se matant Katya paske li se sè papa Katya.**
- ☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou mande l non matant li a.**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou yo pale.*
- ☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la non matant kamarad li a?**
- ☞ *Apre sa chwazi 6 elèv ( 3fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.*

#### 2. Dezyèm mo a se: « renmen ».

Leve men nou si nou konnen mo renmen an. Kiyès ki ka di kisa mo renmen an vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo renmen an?

- ☞ *Chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, renmen vle di: « bon santiman ou genyen pou yon lot moun. Atachman yon moun genyen pou yon objè oubyen yon aktivite.**
- ☞ *Katia renmen manman li.*

☞ Kiyès ki ka dim kèk moun li renmen?

☞ Chwazi 1 fi ak 1 gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou konpoze yon lòt fraz ak mo renmen.

☞ Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi 1 fi ak 1 gason pou di fraz yo te fè a.

☞ Nou konprann? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kiyès ki ka fè yon fraz ak mo renmen?

☞ Bay elèv yo tan pou yo fè fraz ak mo renmen.

**Aktivite 4 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo.**

**1. Li istwa (5 mn)**

**Niko renmen matant Lina**

Niko renmen pale ak Matant Lina.  
Niko ale pase anpil tan ak Matant Lina.

☞ Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm pati istwa a 2 pa 2 pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen. Si yo li 8 mo byen nan 10 mo, ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm pati istwa a pou kont yo. Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo, li istwa ansanm avèk klas la 2 fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Matant Lina ak Niko pase tan yo ap pale.  
Matant Lina renmen pale ak tout timoun.  
Niko renmen Matant Lina anpil.

**2. Reponn Kesyon (8 mn)**

- ☞ 1. Ki tit istwa a?
- 2. Ak kiyès Niko renmen pale?
- 3. A kiyès matant Lina renmen pale?
- 4. Kisa matant Lina ak Niko renmen fè?
- 5. Èske matant Lina se sè manman ou byen papa Niko?

Repons posib:

(1) Mwen pa konnen. (2) Istwa a pa di sa. (3) Se sè manman li. (4). Se sè papa li.

- ☞ 6. Dapre ou sou kisa Niko ak matant Lina pale?

Repons posib

(1) Niko pale sou lekòl li. (2) Matant Lina rakonte Niko anpil istwa.

(3) Matant Lina pale sou lekòl. (4) Yo pale sou anpil sijè diferan. (5) ....

**Aktivite 5 Evalyasyon (2-3 mn)**

- ☞ 1. Kisa nou te aprann nan leson jodia?

Repons posib

1) Nou te wè istwa "Niko renmen matant Lina"

2) Nou te li kontin. (3) Nou te aprann mo: matant ak renmen.

# Leson 51 Peryòd revizyon.

## Objektif yo :


Revize konbinezon lèt /kr/,/tr/  
Ekri mo ki gen son konbinezon lèt sa yo ladan yo.  
Fè prediksyon.  
Dekri yon imaj ak mo paw.  
Repon kesyon.  
Konprann istwa pou poze kesyon.

## Materyèl :

Liv lekti paj 72.  
Kaye egzèsis paj 196.  
Kreyon.


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1 Kontin (2 mn)


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*



- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Oye! Oye!  
Tout elèv prese prese!  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye!

 *Felсите epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin ekri mo ki kòmanse epi ki fini ak lèt "y" sou tablo a. Elèv yo (4 elèv yo) ap ekri youn pa youn mo sa yo : Yanm – Yanvalou – Mayi – Keyi. Site non elèv yo lè w ap mande yo vin fè aktivite a.*

- ☞ **Premye ak dezyèm elèv la ekri mo yanm, mo yanvalou sou tablo a pou klas la.**  
 *Ankouraje 2 elèv yo. Si elèv yo gen difikilte fè yon lòt elèv ekri mo a byen, apre sa mande elèv ki te fè erè a korije mo a.*
- ☞ **Twazyèm ak katryèm elèv la ekri mo mayi, mo keyi sou tablo a pou klas la.**  
 *Ankouraje 2 elèv yo. Si elèv yo gen difikilte fè yon lòt elèv ekri mo a byen, apre sa mande elèv ki te fè erè a korije mo a. Mande chak elèv lè li fin ekri mo a, fè yon fraz ki gen mo li sot ekri a ladan l.*

## Aktivite 2 Konsyans silabik (5 mn)

Peryòd Revizyon Leson 51

1- Nwasi kare ki anba silab ki gen **KR** yo.

kremas	ekri	akra	lakrè
--------	------	------	-------

2- Nwasi kare ki anba silab ki gen **TR** yo.

trase	trase	ratresi	trèp.
-------	-------	---------	-------

3- Souliye mo ki gen **KR** yo.

klete trennen trant katrè  
tritri kreyon priye trase  
klase triye lapriye kri

196 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis #1

- Fè egzèsis la sou tablo a ak tout klas la apre fè li nan kaye.*
- Nou pral fè egzèsis sou silab ki gen « kr ». Ale nan kaye egzèsis la nan paj 196, no 1. Pase verifye si tout elèv yo nan paj 196, egzèsis no 1.
    - Ekri # 196 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
  - M ap li konsiy la pou nou. Koute byen. Nwasi kare ki anba silab ki gen **kr**.
    - Verifye si elèv yo ap nwasi bon silab la. Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la ki kote silab ki gen « kr » la te plase nan dezyèm mo a ?*
- Chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn. Fè menm jan an pou tout rès mo a ?*

### Egzèsis #2


- Fè elèv yo fè li sou tablo a, apre nan kaye.*
- N ap kontinye ak egzèsis sou silab, nan paj 196 la, nimewo 2.
    - Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 196 la, nan egzèsis # 2 a.*
  - Koute byen m ap li konsiy lan pou nou. Nwasi kare ki anba silab ki gen « tr » yo, suiv premye egzanp ki nan kaye egzèsis la pou n fè sa.
    - Bay elèv 2 mn pou fè egzèsis la apre sa, menm jan ak nimewo 1 an. Epi korije ansanm.*

### Egzèsis #3

- N ap kontinye fè egzèsis nan menm paj la, nan paj 196 la, nimewo 2.
  - Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 196 la, nan egzèsis # 3 a.*
- M ap li konsiy lan pou nou. Koute byen. Souliye mo ki gen konbinezon lèt "kr" yo ladan yo.
  - Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la.*
- Nou pral korije ansanm.
  - Chwazi 4 elèv ( 2 fi ak 2 gason) pou yo li mo ou te souliye yo pou klas la.*
- Kiyès ki ka vin li mo li te souliye yo pou klas la ?
  - Bay elèv yo tan pou yo li apre sa korije avèk klas la sou tablo a.*

## Aktivite 3 Dikte mo ki gen tr, kr nan kaye nan paj 197 kaye egzèsis la (20 mn)

- Tout elèv vire kaye egzèsis la nan paj 197, #1. Ekri paj 197 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
  - Kounye a, mwen pral li kèk mo ki kòmpanse ak konbinezon lèt "tr" an premye. Koute byen pou nou ka ekri mo sa yo nan kaye egzèsis nou. Èske nou konprann ? M ap kòmpanse !*



Reprann konsiy lan si gen elèv ki pa konprann. Li mo yo lantman pou elèv yo.

- ☞ **Treto – Travay – Trip – Triye.** M ap li mo yo yon dezyèm fwa pou nou, koute byen pou n ka ekri yo: Treto – Travay – Trip – Triye.
  - ☞ *Pase gade si tout elèv ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, m ap li mo ki kòmanse ak konbinezon lèt « kr » pou nou, koute byen pou n ka ekri yo ?**
  - ☞ *Ankouraje elèv yo ekri byen lizib.*
- ☞ **Krab – krapo – krikèt – krik-krak.** M ap li mo yo yon dezyèm fwa pou nou, koute byen pou n ka ekri yo: Krab – krapo – krikèt – krik-krak
  - ☞ *Pase gade si tout elèv ap fè egzèsis la. Apre sa, ekri mo dikte yo sou tablo a pou elèv yo ka korije ansanm: Treto – Travay – Trip – Triye ; Krab – krapo – krikèt- krik-krak*
- ☞ **Kiyès elèv ki ka eple byen fò premye mo nan dikte a?**
  - ☞ *Si elèv la pa ka eple mo a, chwazi yon lòt elèv, apre sa mande elèv ki pa t ka eple mo a byen, pou li eple mo a ankò. Chwazi kèk lòt elèv pou eple mo nan dikte a. Chwazi fi ak gason. Chwazi elèv ki gen difikilte pou li mo yo byen epi vit. Ankouraje yo li byen epi vit.*

#### Aktivite 4 **Vokabilè (10 mn)**

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo ansanm. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo ansanm ? Èske ou konn kisa ansanm vle di ? Kisa ou konn fè ansanm ?**
    - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(1) ... (2)... (3)...
  - ☞ **Ansanm vle di: an gwoup, oubyen avèk yon lòt ou plizyè moun.**
    - ☞ *Ekri sou tablo yon egzanp fraz ak mo ansanm pou elèv yo.*
- Egzanp: « Elèv premyè ane yo mete ansanm pou fè yon bèl desen pou pwofesè a ».**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "ansanm". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo ansanm.*

#### Aktivite 5 **Prediksyon dapre desen (5 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. Gade imaj la byen. Kisa nou wè nan imaj la? Kisa moun yo ap fè ? Nan kisa y ap manje ? Ki koulè rad ki sou yo ? Ki koulè nap ki sou tab la ? Ki koulè bòl yo ? Kisa nou panse ki pral pase nan istwa a?**
  - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.*

## Aktivite 6 Li istwa a (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.
  - 💬 *Envite 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a. Mande klas la pou touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.*
- ☞ **Nou pare? Kòmanse!**
  - 💬 *Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.*

### Nola ak matant li

Matant Nola ak Nola renmen rete ansanm.  
 Lematen, se toutan yo ap pale ansanm.  
 Yo prepare soup pen ansanm.  
 Matant Nola mete tomat, aran ak pèsi.  
 Yo pa kite kras soup nan asyèt la.  
 Tank Matant Nola renmen soup pen.

### 3. Verifye prediksyon (3 mn)

- ☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?
  1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.
    - 💬 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*
  2. Èske sa nou te panse a se lit ki rive nan istwa a?
    - 💬 *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.*

### 4. Reponn kesyon (3 mn)

- ☞ 1. De kisa istwa a pale  
**Repons posib:**
  - (1) De Nola ak matant li ki rete ansanm. 2) De Nola ak matant li ki prepare yon soup.
- 3. Kisa Nola ak matant li renmen fè?
- 4. Ki moman nan jounen yo konn ansanm?
- 5. Kisa yo te fè ansanm ?
- 6. Kisa yo te prepare ansanm ?
- 7. Ki engredyan yo te mete nan soup la?
- 8. Kiyès ki renmen soup pen anpil?
- 9. Èske yo te kite soup nan asyèt la? Poukisa?

## Aktivite 7 Evalyasyon (5 mn)

- ☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**  
**Repons posib:**
  1. Nou te pran dikte 2. Nou te li istwa « Matant Nola ak Nola renmen rete ansanm ».
  3. Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. 4. Nou te fè egzèsis nan kaye a.

# Leson 52 Peryòd revizyon

## Objektif yo :


- Ekri lèt, mo ak fraz senp nou te etidye
- Rakonte yon fè pandan y ap itilize pase senp
- Ekri mo nan dikte sans fot
- Dekri yon imaj
- Fè prediksyon dapre desen
- Konprann istwa pou reponn kesyon

## Materyèl :

- Liv lekti leson 52, paj 73 .
- Kaye egzèsis paj 197.
- Kreyon, kaye, gòm


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1 Kontin (2 mn)


 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Oye! Oye!  
Tout elèv prese prese!  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye!

 Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)

 Ekri plizyè mo sa yo sou tablo : Krab, krapo, kabrit, kalalou. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure konbinezon lèt « kr » nan mo ki sou tablo a.


- ☞ Antoure konbinezon lèt « kr » nan mo ki sou tablo a ?

 Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.




- ☞ Mande elèv yo jwenn 2 mo ki kòmanse ak konbinezon lèt « kr » ak 2 lòt mo ki kòmanse ak konbinezon lèt « tr ». Si yo gen difikilte, chwazi kèk lòt elèv pou reponn, korije ansanm.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (10 mn)


### 1-Konesans sou konbinezon lèt ak non konbinezon lèt (3mn)






-  Ekri mo sa yo davans sou tablo a : kri – akra – krikèt – trape – latrye.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son konbinezon lèt nou te aprann yo. N ap li mo yo ki soutablo a epi n ap di m ki son konbinezon lèt nou tande ladan nan chak mo nou li. Apre sa, n ap ekri son yo nan kaye bouyon nou.  
M ap fè yon egzanzp sou tablo a : nan mo krab mwen tande son konbinezon lèt « kr ». Nan mo krab nou jwenn son /kr/a/b/

### 2. Li mo (3 mn)

-  Ekri lis mo sa sou tablo a :  
Kri – akra – krikèt – krapo – ekri.  
Kle – klè – klas- klate – sekle.  
Pre – prete – apre – pran – priye.  
Trè – tren – trant – traka – tranpe.  
Chwazi 4 elèv ( 2 fi ak 2 gason) pou vin eple mo ki sou tablo a.
- ☞ Kiyès ki ka vin eple mo yo ki sou tablo a ?  
 Chwazi 2 fi ak 2 gason nan sa ki leve men yo pou vin eple mo yo. Mande lòt elèv yo eple mo ansanm ak elèv ki sou tablo a.
- ☞ Kounye a, nou pral fè yon konkou. N ap chwazi 5 fi ak 5 gason k ap rete nan plas yo. Chak elèv ap eple mo nan de premye ranje mo ki sou tablo a. Elèv ki eple plis mo a, ekip li a genyen.  
 Kontinye koukou ak 5 lòt fi ak 5 lòt gason k ap rete nan plas yo pou eple mo ki nan twazyèm ak nan katryèm ranje a. Apre konkou a, ede elèv ki te gen difikilte yo.


## Aktivite 3 Dikte ( 15 mn )




- ☞ Pran kaye egzèsis nou nan paj 197,#1  
 Ekri paj 197 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ Kounye a, mwen pral li kèk mo pou nou, koute byen pou nou ka ekri mo sa yo nan kaye egzèsis la. Èske nou konprann ? M ap kòmanse !  
 Reprann konsiy lan si gen elèv ki pa konprann.
- ☞ Nou pral pran dikte ! Ale nan kaye egzèsis la nan paj 197, no 1.  
 Si elèv yo te deja ekri nan kaye egzèsis la, fè yo pran dikte a nan kaye bouyon yo. Pase verifye si elèv yo gen kaye bouyon yo ouvè epi gen yon kreyon pou ekri.
- ☞ kle – prete – klè – krapo- triye. M ap li mo yo yon dezyèm fwa pou nou, koute byen pou n ka ekri yo :: kle – prete – klè – krapo- triye.  
 Li mo yo dousman pou elèv yo ka ekri yo. Pase gade si tout elèv ekri mo yo byen, korije ansanm.
- ☞ M ap li kounye a, kèk fraz pou nou, koute byen pou n ka ekri yo ?  
 Ankouraje elèv yo ekri byen lizib.
- ☞ « Emil ak Ana ap ekri nan kaye yo ». M ap li fraz sa a yon lòt fwa pou nou ankò yon dezyèm fwa pou nou, koute byen pou n ka ekri yo : “Emil ak




Ana ap ekri nan kaye yo ».

 Pase gade si tout elèv ekri mo yo byen, korije ansanm. Apre sa, ekri mo dikte yo sou tablo a pou elèv yo: 1) kle – prete – klè – krapo- triye ; 2) Emil ak Ana ap ekri nan kaye yo.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm, ale nan yon lòt paj nan kaye egzèsis la nan paj 197 no.2. Korije mo nou pa t byen ekri yo.

 Verifye si elèv yo ap ekri mo yo byen. Apre sa, chwazi kèk elèv pou eple mo yo sot ekri yo. Bay elèv 2 mn pou ekri mo yo.

☞ Kiyès elèv ki ka eple byen fò premye mo li sot korije a ?

 Si elèv la pa ka eple mo a, chwazi yon lòt elèv, apre sa mande elèv ki pa t ka eple mo a byen, pou li eple mo a ankò.


Chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo sot korije yo. Chwazi fi ak gason. Chwazi elèv ki gen difikilte pou li mo a byen epi vit. Ankouraje yo li byen epi vit.

## Aktivite 4 Vokabilè (10 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo panye.


### 1. Premye mo a se <panye>

☞ Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo panye ? Èske ou konn kisa panye vle di ? Kisa nou konn fè ak panye ?

 Bay elèv yo tan pou reponn :


(2) ... (2)... (3)...

☞ Panye: Materyèl an plastik oswa an latanye yo itilize pou mete rad, fwi oswa legim.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fòme yon fraz ak mo "panye". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fòme lòt fraz ak mo panye.

### 2. Dezyèm mo a se separe.

☞ Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo separe ? Èske ou konn kisa separe vle di ? Kisa nou konn separe ?


 Bay elèv yo tan pou reponn :

(1) ... (2) ... (3)...

☞ Separe: Divize yon bagay an 2 oswa an plizye pati oubyen moso.

 Ekri yon egzanp fraz sou tablo a pou elèv yo.


**Egzanp : Mwen gen yon mayi mwen separe li ak ti frè m nan an de bout.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo "separe". Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo separe.

## Aktivite 5 Prediksyon dapre desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak desen istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

Gade imaj la byen, kisa nou wè nan imaj sa a ? Kisa nou panse ? Kisa mesye a ap fè ? Kisa tigason ap fè ?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

**Repons posib:**

- (1) Mwen wè yon jaden ak yon mesye epi yon tigason. 2) Tigason an gen yon panye nan men li. 3) Mesye a lonje men li pou l pran panye a.

## Aktivite 6 Li istwa a (10 mn)

Peryòd Revizyon Leson 52


Tomat Mesye Patrik yo




Mesye Patrik renmen tomat anpil. Li plante trant pye tomat nan lakou lakay li. Eli keyi tomat yo pou Mesye Patrik. Eli ap pote anpil tomat nan panye a. Mesye Patrik pral separe tout tomat yo. Tout moun remèsye Mesye Patrik pou tomat yo.

Liv Lekti 1 AF

Peryòd Revizyon Leson 51 ak 52

 **Kounye a, nou pral li istwa 2 pa 2. Nou pral nan liv lekti a nan paj 73. Lè nou fin li 2 pa 2, chak elèv ap li pou kont li, sa vle di n ap li pou konprann, n ap li byen. Apre sa, nou pral reponn kesyon sou istwa a.**

 *Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di lè youn ap li pou lòt, ankouraje elèv la li byen epi vit.*


### Tomat Mesye Patrik yo

Mesye Patrik renmen tomat anpil.  
Li plante trant pye tomat nan lakou lakay li.  
Eli keyi tomat yo pou Mesye Patrik.  
Eli ap pote anpil tomat nan panye a.  
Mesye Patrik pral separe tout tomat yo.  
Tout moun remèsye Mesye Patrik pou tomat yo.


### 1. Verifye prediksyon (3 mn)

 **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ?**

**1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

**2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?**

 *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesèsè.*

### 2. Reponn kesyon (3 mn)

 **1. De kisa istwa a pale ?**

**Repons posib:**

(1) Sou mesye Patrik. 2) Sou mesye Patrik ak tomat. 3) Sou mesye Patrik ki separe tout tomat yo.

**2. Kisa mesye Patrik renmen anpil ?**

**3. Kisa li plante nan jaden li ?**

**4. Kiyès ki keyi tomat yo pou mesye Patrik ?**

**5. Nan kisa Eli pote tomat yo ?**

**6. Èske mesye Patrik te separe tomat yo ? Bay konbyen moun ?**

**7. Kisa moun yo te di mesye Patrik ?**

## Aktivite 7 Evalyasyon (5 mn)

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib:**

1. Nou te fè egzèsis nan kaye. 2. Nou te li istwa « mesye Patrik renmen tomat anpil ».
4. Nou te aprann sa mo panye ak mo separe vle di.

# Leson 53 on

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt miniskil / on/.
- Idantifye lèt miniskil « on » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « on» byen.
- Fè prediksyon sou istwa dapre tit
- Li epi konprann yon istwa

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 53 paj 74-75
- Kaye egzèsis, leson 53 paj 198-201
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)



### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**




Vire won! Vire won!  
Tankou vèmisèl nan soup.  
Pengwen pa donner zannanna.  
Pengwen pa donner zoranj.






-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri konbinezon lèt sa yo sou tablo a : kr, kl, pr, tr, k, y, r. Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou vin ekri yon mo ki kòmpanse ak konson doub epi avèk lèt sa yo.*
- ☞ **Ekri kèk mo ki kòmpanse ak konbinezon lèt / lèt sa yo : kr,kl,pr,tr**
-  *Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo ekri mo a byen. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*





## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

- ☞ **Jodi a, nou pral jwe ak imaj ki nan liv lekti a. Ale nan liv lekti a, nan paj 74.**
-  *Ouvri liv lekti ou a nan paj 74 la. Ekri paj 74 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 74 la.*
- ☞ **An n gade 4 desen ki nan kòmansman liv la byen.**
-  *Verifye si elèv yo ap pase paj liv la byen.*
- ☞ **Nou pare ? Èske tout elèv jwenn paj 74 ki nan liv la ?**
-  *Vire liv la epi montre elèv yo paj 74 . An n gade 4 desen yo byen.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen ki reprezante chif onz lan.**







-  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
  - ☞ **Mete lemajè nou sou desen ki reprezante mont lan.**
  -  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
  - ☞ **Mete lanilè nou sou desen ki reprezante bonbon an.**
  -  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
  - ☞ **Mete lorikilè nou sou desen ki reprezante pantalon an.**
  -  *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la.*
  - ☞ **Ki son nou tande pi plis nan 4 mo sa yo?**
  -  *Bay elèv yo tan pou reponn, korije si yo pa bay bon repons lan.*
- Kontinye ak rèss mo yo, chwazi elèv ki poko patisipe pou reponn.*

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (10 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt miniskil /on/.**  
M ap pwononse son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di si mo sa yo gen son /on/ ladan yo.  
Leve pous nou anlè si li gen son lèt miniskil /on/, mete de men nou sou ban an si li pa gen son lèt miniskil /on/. Èske nou konprann?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Mo a se: « kalmason »**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se: « Papay ».**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: pen, kolon, mayi, talon, kenbe, salon, malad, pantalon.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt miniskil /on/ sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt « on » miniskil.*  
- Touche lèt « on » sou tablo a  
- Li son lèt « on » byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa se « on ».**
-  *Touche konbinezon son lèt « on » pou elèv yo, mande yo pwononse son lèt « on » miniskil ansanm avèk ou. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son lèt sa a « on »?**
-  *Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt sa a « on ».**
-  *- Touche lèt « on » sou tablo a*  
*Pwononse non lèt « on » byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se «on» miniskil.**
-  *Touche lèt « on » la sou tablo a pou elèv yo, mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki non lèt sa? («on»).**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete non lèt « on ». Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « on ».*
- ☞ **Touche lèt « on » yon dènye fwa pou elèv yo epi fè yo repete non ak son lèt la.**

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (5 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo.

### Lekti sou tablo

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

Leson 53 ak 54 on ON

11



onz

mont

bonbon

pantalon

s S è È k K en EN r R y Y

☞ sis sèt pye prè kèk trèz plak senk

☞ on son yon pon kon non kont plon

☞ trak teyat katye lakrè prete kreye mennen manman kalite pratike

☞ monte pilon kanson sonnen lontan kontan kreyon pantalon kontantman

☞ Emil ap pile anpil piman nan pilon an.

Tout katye a renmen teyat Samson.

Teyat Samson ak Katrina a komik anpil.

Pantalon Tonton Mina a sal ak lakrè.

Salomon rakonte anpil kont sou katye a.

### 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 74 la. Ekri paj 74 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 5 5 Rekonèt lèt /on/ (20 mn)

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo : on, an, en, on, l, on, en, kr, on. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt miniskil « on » pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yo lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi vin idantifye lèt lèt « on ». Retounen mande menm elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt miniskil « on ».

☞ **Èske se lèt « on » miniskil elèv la antoure ?**

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Chwazi kèk lòt elèv ankò pou vin antoure lèt miniskil « on » sou tablo a.

Leson 53 on

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

r	y	on	r	on	s
on	l	v	on	p	s
a	on	r	z	on	r
s	on	on	r	è	e

2- Antoure lèt ON miniskil yo.

b a n t o n y w o n p i d t  
s t r i o u o n b v o n p l z f  
n o u s o n a n o n e n t s o n  
è s o n n m v o n è o u t a n

198 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (5 mn).

☞ **Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 198 pou nou fè egzèsis nimewo 1 an.**

☞ Ekri paj 198 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt /on/ ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

Repons posib: Yon lèt « on » miniskil

☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa, di :

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt "on" miniskil?**

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt « on » an. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè

### Egzèsis # 2 (5 mn).

☞ **Nou pral antoure lèt « on » miniskil. Pou sa nou pral ranje sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 198, nimewo 2.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 198 la, nan egzèsis # 2.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt « on » miniskil yo.**

☞ Mande elèv yo gade lèt yo byen epi antoure lèt miniskil « on » yo. Mande yo suiv premye egzanp lèt ki antoure agoch bwat la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt "on" miniskil ?**

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt « on » miniskil. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè

**Egzèsis # 3 (5 mn).**

- ☞ **Nou pral antoure imaj kote nou tande son lèt miniskil « on ». Ale nan kaye egzèsis nan paj 199 nan nimewo 3.**
  - ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 199 la, nan egzèsis # 3.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son lèt « on ».**
  - ☞ *Mande elèv yo gade premye egzanp ki antoure nan premye liy egzèsis la.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki imaj nou te antoure ki gen son lèt « on » ladan l ?**
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.*

**Egzèsis # 4 (5 mn).**

- ☞ **Nou pral antoure lèt majiskil « on » nan mo. Ale nan kaye egzèsis nan paj 199 nan nimewo 4.**
  - ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 199 la, nan egzèsis # 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « on » nan chak mo.**
  - ☞ *Mande elèv yo gade egzanp premye mo a byen, mande yo suivi egzanp sa a pou fèt lèt yo.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la ki kote lèt « on » plase nan dezyèm mo a ?**
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Fè menm jan an pou rès mo yo.*

**Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

- ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 200 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 200 an ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « on » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, mo ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a.**
  - ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt, mo ak fraz la nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

on

5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz la sou liy kaye a.

on on on on on

on

Sonnen

Emil ap rakonte yon kont.

200 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

1 2  
**on** 6- Kopye mo yo ak fraz la sou liy kaye a.

ton

Tonton

Emila ale rankontre Toutou.

Leson 53 on

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 201

### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

- ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 201 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 201 an ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « on » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 201 an. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap kopye lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

### Aktivite 6 Vokabilè (10 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo kas. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo kas ? Èske ou konn kisa kas vle di ? Kisa nou konn fè ak kas ?**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(3) ... (2)... (3)...
- ☞ **Kas : Materyèl an plastic solid moun itilize pou pwoteje tèt yo kont aksidan moto.**
- ☞ *Exzanp : Chak jou papa mete kas li anvan li demare moto a. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "kas". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè. Chwazi lòt elèv ankò pou yo fè lòt fraz ak mo kas.*

### Prediksyon dapre tit (3 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou pral sèvi ak tit oswa istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. Tit istwa se « Monte Moto ». Kisa tit sa a fè nou panse ? Kisa nou imajine ki pral pase nan istwa dapre tit sa a ?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fiak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.*

### 2. Li istwa (10 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.**
- ☞ *Envite 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a. Mande klas la pou touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.*
- ☞ **Nou pare ? Kòmanse !**
- ☞ *Pandan y ap li, pase verifye si lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.*

### Emil ap monte moto (1)


Emil ta renmen konnen monte moto. Li pale ak tonton Salomon pou montre li. Tonton Salomon monte moto anpil.  
Tonton Salomon ap montre Emil monte moto.  
Li prete Emil yon kas. Apre sa, li mete Emil sou




moto a. Emil pa ka monte moto a san kas. Yo pase sèt semèn ap monte moto. Kounye a, Emil ka monte moto pou kont li.

### 3. Verifye prediksyon (3 mn)

- ☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

- ☞ 2. Èske sa nou te panse ki pral pase nan istwa a te rive?

 *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesèsè.*

### 4. Reponn kesyon (3 mn)

- ☞ 1. De kisa istwa a pale?

**Repons posib:**

(1) Sou Emil k ap aprann monte moto. 2) Sou Emil k ap monte moto ak tonton li Salomon. 3) Sou Emil ki konn monte moto apre sèt semèn.

2. Kisa Emil ta renmen fè?

3. Kiyès li mande ede li monte moto?

4. Kijan tonton Emil la rele?

5. Èske Salomon konn monte moto?

6. Kisa Salomon te bay Emil anvan li monte moto a?

7. Èske yon moun dwe monte moto ak kas? Poukisa?

8. Konbyen semen Salomon ak Emil pase ap monte moto?

9. Èske apre sèt semèn sa a, Emil rive monte moto pou kont li?

---

## Aktivite 8 Evalyasyon (5 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

1. Nou te fè egzèsis nan kaye. 2. Nou te li istwa « Emil ak tonton Salomon ap monte moto ». 3. Nou te aprann sa mo kas vle di.

# Leson 54 ON

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt majiskil /ON/.  
Idantifye lèt majiskil « ON » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt majiskil « ON » byen.  
Li epi konprann yon istwa

## Materyèl:


Liv lekti, leson 54 paj 74-75  
Kaye egzèsis, leson 54 paj 202-205  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)



### 1.- Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Vire won! Vire won!  
Tankou vèmisèl nan soup.  
Pengwen pa donner zannanna.  
Pengwen pa donner zoranj.



 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2.- Rapèl (3 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo: Ekri mo sa yo sou tablo a: avyon, maraton, pantalon, melon, galon, bidon, sentiron. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure lèt miniskil « on » nan mo sa yo.*
- ☞ Antoure lèt miniskil « on » nan mo ki sou tablo a?
-  *Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo ekri mo a byen. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo. Chwazi lòt elèv pou vin antoure lòt mo yo, chwazi fi ak gason.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5 mn)

### 1. Rekonèt son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann konbinezon son lèt majiskil /ON/.  
M ap di kèk mo youn apre lòt, n ap di si mo sa a kòmanse ak konbinezon son lèt /ON/ majiskil.  
Leve pous nou anlè si li kòmanse ak son /ON/, mete de men nou sou ban an si li pa kòmanse ak konbinezon son lèt /ON/. Èske nou konprann?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Mo a se: KALMASON.
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*


☞ **Lèt mo a se : PAPAY.**

 Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: PEN, KOLON, MAYI, TALON, KENBE, SALON, MALAD, PANTALON.**

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.


**2.Pwononse son lèt ak non lèt (2 mn)**

 Ekri lèt majiskil « ON » ak lèt miniskil « on » sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt / ON/ ak son lèt /on/

-Touche lèt « ON » ak « on » sou tablo a

- Pwononse son lèt /ON/ ak /on/ byen fò pou tout klas la.

☞ **Son Lèt sa se /ON/. Son Lèt sa se tou se /on/**

 Touche lèt ON pou elèv yo, mande yo repete son lèt /ON/ ansanm avèk ou. Poze elèv yo kesyon sa a :


☞ **Ki son lèt sa a? (/ON/).**

 Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.

☞ **Ki son lèt sa a tou? (/on/).**


 Bay elèv yo plis ekplikasyon si yo gen difikilte.

☞ **Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt majiskil « ON » ak non lèt miniskil « on »**


 - Touche lèt « ON » ak lèt « on » sou tablo a

- Pwononse non lèt « ON » ak « on » byen fò pou tout klas la.


☞ **Non lèt sa a se "ON" majiskil ; non lèt sa a se « on » miniskil.**

 Touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo, Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :


☞ **Ki non lèt sa a ("ON") ? Ki non lèt sa a (« on ») ?**

 Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt « ON » ak « on ». Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « ON » ak « on ». Touche lèt « ON » ak « on » yon dènye fwa pou elèv yo. Eskplike elèv yo lèt « on » miniskil ak lèt "ON" majiskil gen menm son.

**Aktivite 3 Rekonèt lèt ON (20 mn)**


 Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo : EN, ON, AN, OU, an, A, L, on, en, K, P, i, ON. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt majiskil lèt « ON » majiskil pami lèt ki sou tablo a .Aprè chak elèv fin antoure lèt « ON », mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yo lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi vin idantifye lèt majiskil « ON ». Retounen mande menm elèv ki te gen difikilte a pou li idantifye lèt majiskil « ON ».

☞ **Èske se lèt majiskil « ON » elèv la antoure?**

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Chwazi kèk lòt elèv ankò pou vin idantifye lèt majiskil « ON » sou tablo a.

**Egzèsis # 1 (5 mn).**

☞ **Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 202 pou nou fè egzèsis nimerò 1 an.**

 Ekri # 202 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch bwat la. Ki**

Leson 54 ON

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

A	S	U	S	T	U
U	L	ON	AN	ON	S
A	U	D	U	T	I
S	U	ON	T	S	U

2- Antoure lèt ON majiskil yo.

(ON) B A T P Y W O N P I D

S T R I O O N B V O N P L Z





N O U S O N A N O N E N T O N

È S O N N M V O N È O U T






202 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### **lèt nou wè agoch bwat la?**





**Repons posib: Yon lèt «ON» majiskil.**

-  *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lèt elèv pou reponn. Apre sa, di :*
- ☛ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**
-  *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☛ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*
- ☛ **Èske lèt sa a se lèt « ON » majiskil?**
-  *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "ON" an. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*




### **Egzèsis # 2 (5 mn).**

- ☛ **Nou pral antoure lèt majiskil yo. Pou sa nou pral sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 202, nimewo 2.**
-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 202, egzèsis # 2.*
- ☛ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis lèt majiskil « ON » yo.**
-  *Mande elèv yo gade lèt yo byen epi antoure lèt majiskil « ON » yo. Mande yo suiv premye egzanp lèt ki antoure agoch la.*
- ☛ **Nou konprann ? Kòmanse !**
-  *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☛ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Touche chak lèt pou elèv yo epi mande yo :*
- ☛ **Èske lèt sa a se lèt « ON » majiskil?**
-  *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "ON" nan. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

### **Egzèsis # 3 (5 mn).**

- ☛ **Nou pral antoure lèt « ON » nan chak mo. Ale nan kaye egzèsis nan paj 203 nan nimewo 3.**
-  *Ekri # 203 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☛ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « ON » nan chak mo.**
-  *Mande elèv yo gade premye egzanp ki antoure nan agoch egzèsis la.*
- ☛ **Nou konprann ? Kòmanse !**
-  *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☛ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka di klas la ki kote lèt « ON » majiskil plase nan dezyèm mo a ? ?**
-  *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Fè menm jan an pou res mo yo.*

3-Antoure lèt majiskil **ON** nan chak mo.


11     
 ONZ KANSON MONT BONBON

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.





y r on en l p k

ON L K Y L R EN

Aktivite lib

 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 203

### Egzèsis # 4 (5 mn).

- ☞ **Nou pral konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ansanm. Toujou nan paj 203 nan nimewo 4.**
  -  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 203, egzèsis # 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ak li a.**
  -  *Mande elèv yo gade premye egzanzp la byen, mande yo suivi egzanzp sa a pou fè lòt yo.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  -  *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt oubyen lèt miniskil ak majiskil nou te konekte ?**
  -  *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.*

ON 5- Kopye lèt la, mo a ak fraz yo sou liy kaye a.

ON ON ON



ONZ

Tonton Sanon kontan anpil.

Manman Lina prete mont li a.

204  Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.


- ☞ **Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #204 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 204 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « ON » majiskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.**
  -  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #204 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 204 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « ON » majiskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, silab ak mo yo epi kopye yo sou liy kaye a.**
  -  *Pase verifye si tout elèv ap kopye yo ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

ON 6- Kopye lèt "ON", mo a ak fraz la sou liy kaye a.



ON

TONTON


Papa klaksonnen san rete.

205  Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.


- ☞ **Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #205 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 205 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt «ON» majiskil la. Apre sa, mande elèv yo kopye modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.**
  -  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #205 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 205 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt «ON» majiskil la. Apre sa, mande elèv yo kopye modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 205 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
  -  *Pase verifye si tout elèv ap kopye yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo.*

## Aktivite 6 Revizyon Vokabilè (10 mn)

- ☞ **Kounye nou pral retounen nan istwa nou te li anvan an. Nan istwa pase a, nou te aprann sans yon mo vokabilè. Èske nou sonje ki mo nou te aprann nan ? Kiyès ki ka di pou klas mo li te aprann nan ?**
  -  *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(4)... (2)... (3)...
- ☞ **Mo a se « Kas », li vle di : Materyèl an plastik solid moun itilize pou pwoteje tèt yo kont aksidan moto. Ki elèv ki ka fòme yon fraz ak mo kas epi eksplike fraz li a ?**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "kas". Mande elèv yo eksplike sa fraz la vle di ak pwòp mo pa yo. Ankouraje yo fè fraz long epi ki gen sans. Felisite tout elèv yo paske yo te byen patisipe.

## Aktivite 7 Li istwa a (10 mn)



☞ Kounye a, nou pral li istwa ki rele « Monte moto » a ankò 2 pa 2. Nou pral nan liv lekti a nan paj 75. Lè nou fin li 2 pa 2, chak elèv ap li pou kont li, sa vle di n ap li pou konprann, n ap li byen. Apre sa, nou pral reponn kesyon sou istwa a.

☁ Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di youn ap li pou lòt, ankouraje elèv la byen epi vit.

### Emil ap monte moto (1)

Emil ta renmen konnen monte moto. Li pale ak tonton Salomon pou montre li. Tonton Salomon monte moto anpil.

Tonton Salomon ap montre Emil monte moto. Li prete Emil yon kas. Apre sa, li mete Emil sou moto a. Emil pa ka monte moto a san kas. Yo pase sèt semèn ap monte moto. Kounye a, Emil ka monte moto pou kont li.

☁ Poze elèv yo kèk nan kesyon w te poze deja nan leson 53 a.

### 1. Aktivite Evalyasyon (5 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

Repons posib : 1. Nou te aprann son ak non kobinezon lèt ON majiskil. 2. Nou te fè egzèsis ekriti nan kaye. 3. Nou te li istwa « Emil ak tonton Salomon ap monte moto ». 4. Nou te revize mo vokabilè nou te aprann.

### 2. An n fè Egzèsis an plis (6 mn)

☁ Si gen tan ki rete fè elèv yo fè « aktivite lib » ki nan kaye egzèsis la nan paj 203. Mande elèv yo ekri kèk mo yo konnen ki gen lèt "on" ladan yo.

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt miniskil /w/.  
Idantifye lèt miniskil « w » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt miniskil « w » byen.  
Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.  
Fè prediksyon sou istwa dapre imaj.  
Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 55 paj 76 -77  
Kaye egzèsis, leson 55 paj 206-209  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin (2 mn)


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*

- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Denye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Ti Wowo ale anwo.  
Kout tanbou monte pi wo.  
Bidim-bidim-bap!  
Bap! Bap!  
Ti Wowo frape bow!

 *Felсите epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (2 mn)

 *Ekri plizyè lèt sou tablo a: An, ON, EN, OU, KR, TR, PR. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin repete non lèt yo ak son yo.*


- ☞ **Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo? (Non lèt sa se?) (Son lèt sa se?).**

 *Touche chak lèt ki sou tablo a pou elèv yo di non ak son yo.*

*Ki son lèt sa: "An"*

*Ki non lèt sa: "An"*

- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt w.**

 *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

- ☞ Ouvre liv lekti nou nan paj 76 la.
  - ☞ Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.
  - ☞ Ouvri liv lekti ou a nan paj 76 la. Ekri #76 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 76 la.
- ☞ Èske tout moun jwenn paj 76 la? An n gade 4 desen yo.
  - ☞ Mete dwèt ou sou desen yo pou elèv yo ka wè.
- ☞ Mete lendèks nou sou desen wòch la.
  - ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Mete lemajè nou sou desen kwa a.
  - ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Mete lanilè nou sou desen pwa a.
  - ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Mete lorikilè nou sou desen wout la.
  - ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.
  - ☞ Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa, mande yo repete mo yo.
- ☞ Kounye a, ki son nou tande pi plis nan 3 mo nou sot di yo?
  - ☞ Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.
- ☞ Son an se /w/. Jodi a nou pral aprann son /w/.

## Aktivite 3 Konsyans fonemik (4 mn)

### 1. Rekonèt premye son (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son /w/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /w/ , leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /w/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?
  - ☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ Son an se /w/. Mo a se: "wa".
  - ☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ Men yon lòt mo a: "Prezidan".
  - ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: wout, yanm, wi, wowoli, bèt, trè, kwòt.
  - ☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

### 2. Pwononse son lèt ak non lèt la (2 mn)

- ☞ Ekri lèt "w" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la: (/w/ ).
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a.
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.



- ☞ **Son lèt sa a se /w/.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son lèt sa? (/w/).**
  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt la ("w" miniskil).**
  - ☞ *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*
  - ☞ *- Di non lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "w" miniskil.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki non lèt sa ("w" miniskil)?**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « w ». Touche lèt la yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la /w/.*

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (14 mn)

- ☞ *Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: m, i, w, k, n, w, r, n, w. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "w" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "w". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "w" sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se lèt "w" miniskil elèv la antoure?**
  - ☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "w" miniskil yo.*

### Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a la nan menm paj avèk mwen.**
  - ☞ *Ouvri kaye a nan paj 206 nan egzèsis # 1. Ekri # 206 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch bwat la. Ki lèt nou wè agoch bwat la?**

**Repons posib: Yon lèt « w » miniskil**

  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa, di:*
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo:*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "w" miniskil?**
  - ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "w" nan. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

Leson 55 W

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

w	y	e	w	è	s
e	w	R	è	w	s
a	w	r	w	t	r
s	r	w	r	è	w

2- Antoure lèt W miniskil yo.

W b a ou Z y w ou p i d w

ou w r i ou w b v ou p l z

w ou s w a n ou w n ou w

ou s w n m v w è ou w

206 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt “w” miniskil. Toujou nan paj 206 la, nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 206 la, nan egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt “w” miniskil ki menm jan ak modèl la.**
  - ☞ *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*
- ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Di non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo:*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt “w” miniskil?**
  - ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “w”. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

3- Antoure imaj kote nou tande son /w/ yo.



4- Antoure lèt miniskil W nan chak mo.



Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 207

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /w/. Nan paj 207 nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 207 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 207 nan egzèsis # 3.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /w/.**
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di:*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /w/. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt “w” miniskil. Toujou nan paj 207 la, nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 207 la nan egzèsis # 4 la.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure kote nou wè lèt miniskil « w » nan chak mo.**
  - ☞ *Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan an.*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout kote nou wè lèt « w » nan mo yo. Nou konprann? Kòmanse!**

Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo antoure lèt « w » ladan l. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab ak mo (15-16 mn)

☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri livlekti a nan paj 76 la. Ekri # 76 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

Leson 55 ak 56      w W

wou  
 wòch  
 kwa  
 pwa

☞ k K en EN r R o O y Y on On

☞ yè non trè yon myèl kras pral

☞ wi wo wa wè we wou woy wont


☞ taye pralè krapo kontan kalite trakase antoure prekosyon konpliman

☞ wout wotè wete kawo mawon woule mawon awoze wowoli

☞ Lè nou sou moto se wololoy!  
Elsa renmen wowoli anpil.  
Manman Anita pote yon tay pou li.  
Apre lekòl, Wali antre lakay ak sè li yo.  
Timoun yo ap ekri lèt miniskil nan kaye yo.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)


### 1. Trase lèt «w» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

 Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 208 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /w/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.


☞ Kounye a, nou pral trase lèt « w » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « w » an byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm

 Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche agoch tou kout soti anwo pou ale anba. Nan pwen liy oblik sa fini an, mwen trase yon lòt liy oblik panche adwat tou kout ki ale anwo. Nan pwen dezyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon liy oblik panche agoch tou kout ki ale anba. Pou m fini, nan pwen twazyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon dènye liy oblik panche adwat ki ale anwo.

 Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche agoch tou kout soti anwo pou ale anba. Nan pwen liy oblik sa fini an, mwen trase yon lòt liy oblik panche adwat tou kout ki ale anwo. Nan pwen dezyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon liy oblik panche agoch tou kout ki ale anba. Pou m fini, nan pwen twazyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon dènye liy oblik panche adwat ki ale anwo.


 Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.

☞ Kounye a, nou pral trase lèt « w » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.


### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 minit)

☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “w” sou tablo a sou liy sa yo?


 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “w” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:


☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche agoch tou kout soti anwo pou ale anba. Nan pwen liy oblik sa fini an, an mwen trase yon lòt liy oblik panche adwat tou kout ki ale anwo. Nan pwen dezyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon liy oblik panche agoch tou kout ki ale anba, Pou m fini, nan pwen twazyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon dènye liy oblik panche adwat ki ale anwo.

### Ekri lèt “w” miniskil nan kaye bouyon.

 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « w » miniskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “w” miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

 Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou elèv yo.



### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

*☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #208 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 208 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « w » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt, mo ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a.**

*☞ Pase verifye si tout elèv ap kopye lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo.*

### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

*☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #209 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 209 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt «w» miniskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 209 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*☞ Pase verifye si tout elèv ap kopye lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

W 6- Kopye mo yo ak fraz yo sou liy kaye a.

wi

wowoli

Ali ranmase wowoli sou wout la.

Mari, an nou al rankontre timoun yo.

Leson 55 W

## Aktivite 7 Vokabilè (6 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.**

### 1. Mo a se: moto

☞ **Leve men nou si nou konnen mo moto. Kiyès ki ka eksplike sa yon moto ye? Nan ki moman nou konn tande mo moto?**

*☞ Chwazi 1 fi ak 1 gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*

☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, yon moto se yon : veyikil ki mache ak motè ki genyen 2, 3 oubyen 4 wou ak yon gidon.**

**Egzanp : Lizèt gen yon bèl moto.**

**Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la mandel si li konnen yon moun bò lakay li ki gen moto.**

*☞ Bay elèv yo tan pou yo pale.*

☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la ki moun bò lakay yo ki gen moto?**

*☞ Apre sa chwazi 6 elèv ( 3fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.*

### 2. Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.**

*☞ Ouvri liv lekti ou a nan paj 77 la. Ekri #77 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 77 la.*

☞ **Gade imaj ki nan paj la byen epi reponn kesyon sa yo: Kisa nou wè nan desen an? Kisa moun yo ap fè? Sou kisa yo chita? Kisa nou wè nan tèt yo? Ki koulè rad ki sou moun yo? Ki koulè moto a?**

Emil ap monte moto (2)




Emil te kontan monte moto. Li prale wè ti sè li Mona sou moto. Emil konn woule moto kounye a. Li pote yon kas pou ti sè li a. Yo pran tout prekosyon. Yo ale pou yon ti tou sou moto. Emil woule ti pa ti pa. Emil ak sè li renmen moman yo pase ansanm.

Leson 55 ak 56 W-W

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn kesyon yo.

☞ **Kisa nou panse ki pral pase nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn kesyon an. Ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

### 3. Li istwa (6 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. Pran liv iekti nou nan ale nan paj 77 pou nou ka li istwa.**

 Pandan elèv yo ap li pwofesè a ap pase gade si yo ap swiv ak dwèt yo.

### Emil ap monte moto (2)


Emil te kontan monte moto. Li prale wè ti sè li Mona sou moto. Emil konn woule moto kounye a. Li pote yon kas pou ti sè li a. Yo pran tout prekosyon. Yo ale pou yon ti tou sou moto. Emil woule ti pa ti pa. Emil ak sè li renmen moman yo pase ansanm.

### 4. Verifye prediksyon (2 mn)


☞ **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.

☞ **2. Èske sa nou te panse ki pral pase nan istwa a rive?**

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesèsè.

☞ **3. Kiyès nan istwa yo nou pi renmen ? Sa nou te imagine a oubyen sa nou li a ? Poukisa ?**

 Chwazi 6 elèv, (3 fi ak 3 gason) pou bay repons yo apre sa di yo mèsè dèske yo pataje opinyon yo ak klas la.

### 5. Reponn kesyon (3 mn)

☞ **Koute pou nou ka reponn kesyon yo.**

1. Dapre istwa nou sot li a, kiyès ki kontan monte moto ?
2. Kòman ti sè Emil la rele ?
3. Pou kisa moun mete kas lè y ap monte moto?
4. Ki moun ki te pase yon bon moman?
5. Kijan Emil ak ti sè li a abiye?

## Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li istwa «Emil ap monte moto». (3) Nou te li kontin «Ti Wowo ale anwo».

# Leson 56 W

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt majiskil /W/.  
Idantifye lèt majiskil « W » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt majiskil «W» byen.  
Li epi konprann yon istwa

## Materyèl:

Liv lekti, leson 56 paj 76  
Kaye egzèsis, leson 56 paj 210-213  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin (2 mn)


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*

- ☛ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Ti Wowo ale anwo.  
Kout tanbou monte pi wo.  
Bidim-bidim-bap!  
Bap! Bap!  
Ti Wowo frape bow!

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


### 2. Rapèl (2 mn)

 *Ekri plizyè lèt sou tablo a: w, an, en, w, kr, tr, w. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin di non lèt yo ak son yo.*

- ☛ **Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo? (Non lèt sa se?), (Son lèt sa se?).**

 *Touche chak lèt ki sou tablo a pou elèv yo di non ak son yo. Epi mande elèv yo:*  
*Ki son lèt sa: "w"*  
*Ki non lèt sa: "w"*  
*Fè menm jan pou lòt lèt yo.*

- ☛ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt W majiskil, dekri imaj ak fè prediksyon.**

 *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (14 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son /W/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /W/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /W/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?
  - ☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ Son an se /W/. Mo a se: wòch.
  - ☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ Men yon lòt mo: zanmann.
  - ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: yenyen, fredri, wou, wa.
  - ☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

### 2. Pwononse son ak non lèt

- ☞ Ekri lèt "W" majiskil ak lèt « w » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo: («w» ak «W»). Fè yo repete son lèt /w/ miniskil la avan.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ Son lèt sa a se /w/, son lèt sa tou se /W/.
  - ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:
- ☞ Ki son lèt sa a (/w/). Ki son lèt sa tou? (W/).
  - ☞ Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan. Fè elèv yo wè son /w/ ak son /W/ se menm.
- ☞ Kounye a, nou pral di non lèt yo (« w », « W »).
  - ☞ - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ Non lèt sa a se "w" miniskil. Non lèt sa se « W » majiskil
  - ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:
- ☞ Ki non lèt sa? ("w"). Ki non lèt sa? (« W »).
  - ☞ Chwazi kèk elèv pou di "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « w » ak lèt « W ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.

### 2. Idantifye premye son

- ☞ Kounye a, nou pral jwenn epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di yon mo n ap koute byen pou nou ka di m ki premye son nou tande ki kòmanse mo a. Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande: kous, wo, youn, wòch, non, oslè.

### 3. Konpare premye son nan mo

- ☞ Kounye a, nou pral konpare son. Mwen pral di 2 mo. Si tou 2 mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo pa kòmanse ak menm son, mete de men nou plat sou ban an. 2 premye mo yo se wi ak wo.
  - ☞ Elèv yo reponn ak pous yo.



- ☞ An n kontinye ak kèk lòt egzàn : wowoli-woulèt, mawon-wotè, wout-woulo, twotwa-wa.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (10 mn)

- ☞ Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: M, I, W, K, N, W, R, N, W.
- ☞ Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "W" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "W". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "w" sou tablo a pou klas la.
- ☞ Èske se lèt "W" majiskil elèv la antoure ?
  - ☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "W" majiskil yo.

Leson 56 W

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

A	N	Y	W	R	E	S
E	W	O	U	È	W	A
W	J	W	Z	T	R	
S	W	È	R	È	W	

2- Antoure lèt W majiskil yo.

W B A W Z Y W T P I D W

S W R I O W B V T P L Z F

W O U S W A N O U W N O U W

O U S W N M V W È O U W

210 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.
  - ☞ Ouvri kaye a nan paj 210 nan egzèsis # 1. Ekri # 210 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch bwat la. Ki lèt nou wè agoch bwat la ?
 

Repons posib: Yon lèt « W » majiskil

  - ☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :
- ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ Èske lèt sa a se lèt "w" majiskil ?
  - ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "w" a. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "W" majiskil. Toujou nan paj 210 la, nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 210 la, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "W" majiskil ki menm jan ak modèl la.
  - ☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Di non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

3- Antoure lèt majiskil **W** nan chak mo.

KWA WOU WOUT WÒCH

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

on en l w k r y

ON L W Y K R EN

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F. 211

☞ Èske lèt sa a se lèt “W” majiskil.

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “W”. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /W/. Ale nan paj 211 nan kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 211 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 211 nan egzèsis # 3.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure kote nou wè lèt majiskil /W/ nan chak mo.

☞ Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

☞ Antoure menm jan ak premye imaj la, tout kote nou wè lèt /W/nan mo yo. Nou konprann? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou eksplike chak mo yo antoure lèt /w/. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt “W” majiskil. Toujou nan paj 211 la, nan avan denye egzèsis paj la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 211 la nan egzèsis # 4 la.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak majiskil ki menm yo.

☞ Li mo yo liy pa liy epi montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

☞ Gade modèl la byen epi konekte lèt oubyen lèt miniskil yo ak majiskil ki mache ak li a. Nou konprann? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

**Aktivite 4 Lekti lèt, silab ak mo (15-... mn)**

☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1. Lekti sou tablo**

☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

Leson 55 ak 56 w W



won wòch kwa pwa

k k en EN r R o O y Y on On

yè non trè yon myèl kras pral

wi wo wa wè we wou woy wont

taye prale krapo kontan kalite trakase antoure prekosyon konpliman

wout wotè wete kawo mawon woule mawon awoze wowoli

Lè nou sou moto se wololoy!  
Elsa renmen wowoli anpil.  
Manman Anita pote yon tay pou li.  
Apre lekòl, Wali antre lakay ak sè li yo.  
Timoun yo ap ekri lèt miniskil nan kaye yo.

## 2. Lekti nan liv

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 76 la. Ekri # 76 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Trase lèt «W»majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3 mn)

☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 212 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /W/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.

Kounye a, nou pral trase lèt « W » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « W » a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m

Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

☞ **Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche agoch soti anwo pou ale anba. Nan pwen liy oblik sa fini an, an mwen trase yon lòt liy oblik panche adwat ki ale anwo. Nan pwen dezyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon liy oblik panche agoch ki ale anba. Pou m fini, nan pwen twazyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon dènnye liy oblik panche adwat ki ale anwo.**

☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

☞ **Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche agoch soti anwo pou ale anba. Nan pwen liy oblik sa fini an, mwen trase yon lòt liy oblik panche adwat ki ale anwo. Nan pwen dezyèm liy oblik la fini an, mwen trase**

Lesson 56 - W

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

W W W W W


W

Wilna pito kokoye pase melon.

Ana mete pantalon mawon li an.

212 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

yon liy oblik panche agoch ki ale anba. Pou m fini, nan pwen twazyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon dènve liy oblik panche adwat ki ale anwo.


 Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.

- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « W » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.


## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “W” majiskil sou tablo a sou liy sa yo?


 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “W” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:

- ☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik panche agoch soti anwo pou ale anba. Nan pwen liy oblik sa fini an, mwen trase yon lòt liy oblik panche adwat ki ale anwo. Nan pwen dezyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon liy oblik panche agoch ki ale anba. Pou m fini, nan pwen twazyèm liy oblik la fini an, mwen trase yon dènve liy oblik panche adwat ki ale anwo.


## Ekri lèt “W” majiskil nan kaye bouyon. (2 mn)

 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « W » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.


- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “W” majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

 Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo.


## Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la. (2 mn)

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #212 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 212 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « W » majiskil la. Apre sa, mande elèv yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.


- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a.

 Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la. (2 mn)

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #213 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 213 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « W » majiskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 213 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.



---

## Aktivite 7 Li istwa (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou. Pran liv iekti nou nan ale nan paj 77 pou nou ka li istwa.
  - 💬 Mande 2 premye elèv yo kanpe pou fè lekti a. Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.
- ☞ **Nou pare ? Kòmanse !**
  - 💬 Pandan y ap li, pase verifye si lòt elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.

### Emil ap monte moto (2)

Emil te kontan monte moto. Li prale wè ti sè li Mona sou moto. Emil konn woule moto kounye a. Li pote yon kas pou ti sè li a. Yo pran tout prekosyon. Yo ale pou yon ti tou sou moto. Emil woule ti pa ti pa. Emil ak sè li renmen moman yo pase ansanm.

---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan istwa jodi a?
  - 💬 Chwazi 8 elèv: 4 fi ak 4 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.

# Leson 57 on ON w W

## Objektif:


- Ekri mo ak fraz
- Lekti lèt, mo ak fraz
- Li, koute istwa a, reponn kesyon.

## Materyèl:

- Liv lekti leson 57 paj 78
- Kaye egzèsis leson 57 paj 214 ak 215

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin





-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann ?

Lonbraj Salomon  
Salomon genyen yon zanmi.  
Lè l ap mache kontre ak solèy,  
li pye pou pye dèyè l.  
Zanmi sa a se lonbraj.

- ☞ Jodi a, nou pral revize lèt on ak lèt w.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik.

### Revize son lèt (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral revize son lèt « /on/, /ON/, /w/, /W/ » nan mo. M ap di son lèt yo epi m ap di 2 mo youn apre lòt. Si nou tande son lèt yo nan 2 mo mwen pral di yo, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son lèt yo nan 2 mo yo, mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ?
  -  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son lèt la se /w/, Mo a se : (wa, wotè) ;  
Lòt mo yo se : (chich, malèt).
  -  *Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Epi korije si nesesè. Kontinye ak pè mo sa yo.*
- ☞ (wout, woule), (dwe, dous), (wi, piwouli), (gate, bwate), (dwat, dwèt).
  -  *Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Epi korije si nesesè.*
- ☞ Son lèt la se /on/, Mo yo se : « (onz, savon) ».  
Lòt mo yo se : « (fwèt, pafwa) ».
  -  *Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Epi korije si nesesè. Kontinye ak lòt pè mo sa yo.*

- ☞ (kreyon, pon) , (gazon, zòn), (aksyon, prekozyon), (mawon, won), (kan, maten).

## Aktivite 3 Konsyans fonetik (22mn)

### 1. Li mo ki genyen konbinezon lèt sou tablo (4 mn)

☞ Ekri lèt sa yo « on, ON, w, W » ak 2 mo bò kote chak sou tablo a davans. Youn dwe genyen lèt la epi lòt la pap genyen l.

**Egzanp :**

**w : (wout, rat) / on : (wont, pann)**

☞ Apre sa a, chwazi kèk elèv pou vin touche epi li mo ki genyen lèt “w” epi lèt “on” nan 2 mo yo ki sou tablo a.

- ☞ **Kiyès ka ka vin touche epi li mo ki genyen lèt “w” ak lèt “on” ladann pou klas la?**

☞ Lè elèv fin touche mo a, mande l pou l li mo li sot touche a.

- ☞ **Mo w touche a, ki mo li ye?**

☞ Bay elèv la 1 mn pou yo li epi fè egzèsis la. Si li gen difikilte pou li mo a, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan ak lòt pè mo sa yo.

- ☞ **w : (fwomaj, figi) - (jwenn, jiyè) - (miragwàn ; galope)**

**on : (konnen, matròn, ) - (kapon, kap) - (pon, sal)**

### Lekti lèt ak mo nan liv lekti a (8 mn).

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 78 la. Ekri # 78 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo li lèt, silab ak mo yo nan liy zandolit, palmis ak liy anana a ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Kounye a, nou pral li lèt nan liv lekti a.**

☞ Fè elèv yo li lèt ak silab ki nan liy zandolit la, ak liy palmis la ranje pa ranje.

- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo nan liy anana youn pa youn.**

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li mo yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, swiv ak dwèt yo an silans pandan lòt elèv la ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li mo yo byen fò ansanm ?**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Lekti fraz nan liv ( 6 mn).

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 78 la. Ekri # 78 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo li fraz yo nan liy pwason an ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**

☞ Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, swiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

Leson 57 Revizyon on On w W

en EN r R y Y on On w W


☞ yon pon pye trèz tras wout myèl plak pran moun youn kras kous wont

☞ voye marye mesye kreyon miniskil trakase konpliman prekosyon


☞ Ema renmen li ak ekri anpil.  
Ali pa renmen wè ensèk nan lakou a.  
Maten an, papa Ali prepare mayi pou kay la.  
Emil ak Ana ap prepare pou tès la.  
Ana plis renmen kouri pase monte moto.  
Tina ale nan lari a ak anpil prekosyon.  
Soup la pare pou timoun yo soupe.  
Mèt la ap ekri ak lakrè a nan klas la.  
Lina mete kaye li nan sak li a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm ?**


 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Aktivite 4 Ekri mo ak fraz (15 mn)**


 Ekri lèt sa yo sou tablo a davans. Epi fè elèv yo li chak lèt pou yo ka fòme yon mo ki gen sans

a k w e z  
o n t a l  
k t a o n  
o n w t

**☞ Kiyès ki ka vin li lèt epi fòme yon mo ki gen sans ak lèt yo pou klas la?**

 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou yo li epi fòme yon mo ki gen sans pou chak ranje lèt ki an dezòd yo sou tablo a. Si yo gen difikilte pou yo fè mo yo, ede yo.

**☞ Kounya nou pral mete mo nan lòd pou nou fòme fraz.**


 Ekri mo sa yo sou tablo a davans. Epi fè elèv yo li chak mo pou yo ka fòme yon fraz ki gen sans

**Egzanp:**

sou wonn a. lakou ap Elèv yo fè (Elèv yo ap fè wonn sou lakou a.)


nan dlo tonbe an Savon a. (Savon an tonbe nan dlo a.)

**☞ Kiyès ki ka vin li mo epi fòme yon fraz ki gen sans ak mo yo pou klas la?**


 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou yo li epi fòme yon fraz ki gen sans pou chak ranje mo ki an dezòd yo sou tablo a. Si yo gen difikilte pou yo fè fraz yo, ede yo. Raple elèv yo:

**☞ Yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.**


**Egzèsis # 1 (6 mn)**

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye a an fas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.


**☞ Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 214 pou nou fè egzèsis nimerò 1 an.**

 Ekri # 214 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi ranje lèt yo nan lòd pou nou fòme youn nan mo ki nan bwat la. Gade modèl la byen pou nou ka fè lòt mo yo.**


 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi kèk elèv pou li mo yo fòme ak lèt yo.



**☞ Kiyès ki ka li pou klas la premye mo li fòme a?**

 Si elèv yo gen difikilte pou yo jwenn mo yo, ede yo.










## Egzèsis # 2 (6 mn)

-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 214 la, nan egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou, ale nan paj 214 nan egzèsis # 2 pou n ka kopye fraz la sou liy ki anba yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la.**
-  *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la*

## Egzèsis # 3 (8 mn)

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye a an fas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 215 pou nou fè egzèsis nimerò 3.**
-  *Ekri # 215 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi ranje mo yo nan lòd pou nou fòme yon fraz. Gade modèl la byen pou nou ka fè lòt fraz yo.**
-  *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Chwazi kèk elèv pou li fraz yo fòme ak mo yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka li pou klas la premye fraz li fòme a?**
-  *Si elèv yo gen difikilte pou yo jwenn fraz yo, ede yo.*

3- Mete mo yo nan lòd pou ou fòme fraz.

pile - Lila - ap - piman.





anpil. - wowoli - Tina-renmen

Leson 57 Revizyon an ON, w w


## Aktivite 5 Vokabilè (8 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.**




### 1. Premye mo a se: «pati».

- ☞ **Leve men nou si nou konnen mo “pati”. Nan ki moman nou konn tande mo “pati”?**
-  *Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, pati vle di: “vwayaje, ale yon kote”.**
- Egzanp : Emil ap pati.**
- ☞ **Kiyès ki ka di m non kèk moun li konnen ki konn pati?**
-  *Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fòme yon lòt fraz ak mo pati.**
-  *Bay elèv yo tan pou yo fòme fraz yo.*
- ☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad yo di yo?**
-  *Chwazi twa pè elèv epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo :*

### 2. Dezyèm mo a se: «taptap»


- ☞ **Leve men nou si nou konnen mo “taptap” la. Nan ki moman nou konn tande mo “taptap” la?**
-  *Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, taptap vle di: “kamyonèt ki transpòte pasaje**

andedan yon vil". Kiyès ki ka di m non kèk taptap li konnen ?

-  *Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fòme yon lòt fraz ak mo taptap.**
-  *Bay elèv yo tan pou yo fòme fraz yo.*
- ☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad yo di yo?**
-  *Chwazi twa pè elèv epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.*

## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (15 mn)

### 1. Li istwa

-  *Mete elèv yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li.*
- Pa egzanp, chak ranje, fi/gason, moun adwat/moun agoch. Yon elèv ap li yon fraz epi lè li rive sou pwèn an li kanpe. Yon lòt elèv kontinye konsa jiskaske istwa a fini. Rekòmanse ankò jistan tout elèv gen tan pou yo li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 79. Nou pral li istwa a.**

### 2. Lekti an gwoup

#### Yola ap pati

Yè, Yola pare malèt li ak kè kontan. Li pral pati ak manman li. Yo prale wè matant Anita. Ane pase, li te ale nan taptap. Men, wout la te anpil. Ane sa a, yo pap pran taptap. Apre trant minit, yo ap Okap. Manman li rakonte li kouman yo pral pale. Yo pral plante, tire kont, ri tout tan. Yola prese pou li wè matant Anita.

### 3. Reponn Kesyon

- ☞ 1. Kòman Yola ye lè l ap pare malèt li ?
- 2. Ak kiyès Yola ap pati ?
- 3. Kisa manman Yola te di li sou wout la ?
- 4. Kijan Yola ak manman li abiye ?
- 5. Kisa yo pral fè lè yo rive Okap ?
- 6. Poukisa Yola prese pou li wè matant li.

**Repons posib:**

(1) Paske li pa wè li depi ane pase. (2). Paske li renmen matant li. (3)...

**7. Dapre ou, ki kote yo rete ?**


**Repons posib:**

(1) Mwen pa konnen. (2) Istwa a pa di ki kote. (3) Yo rete yo kote ki lwen vil Okap paske wout sou moto oubyen nan taptap la long.

---

**Aktivite 8 Evalyasyon (3 mn)**


☞ **Ki mo vokabilè nou te aprann jodi a?**

 *Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.*

☞ **Kilès ki ka di kisa mo sa yo vle di?**

 *Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.*

☞ **Kilès ki ka fè yon fraz ak chak mo sa yo?**

 *Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.*

# Leson 58 ò Ò

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt miniskil / ò/.  
Idantifye lèt miniskil « ò » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt miniskil «ò» byen.  
Rakonte yon istwa ki pase  
Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.  
Fè prediksyon sou istwa dapre imaj  
Li epi konprann yon istwa

## Materyèl:

Liv lekti, leson 58 paj 80 -81  
Kaye egzèsis, leson 58 paj 216-219  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Anita pa gen gwo kò.

Li pa gen gwo bibit.


Men li kouri ak fòs.

Lè l ap jwe foutbòl.


Li toujou fè gòl.

 Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)

 Ekri plizyè lèt sou tablo a : an, ò, on, en, ou, ò, kr, tr, pr, ò, e, è. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin di non lèt yo ak son yo.

- ☞ Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo? ( Non lèt sa se ?), (Son lèt sa se ?).


 Touche chak lèt ki sou tablo a pou elèv yo di non yo ak son yo.

Ki son lèt sa: "an"

Ki non lèt sa: "an"

Fè menm jan pou lòt lèt yo.

- ☞ Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt ò.

 Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.

## Aktivite2 An n jwe ak imaj (4 mn)

Leson 58 ak 59      ò ò






k K en EN r R y Y on w W  
 won wont sous youn tras pre kle  
 wòl mòn tòl pòt kòs kòl  
 solèy woule mawon kreyòl moustikè  
 lekòl lakòl aransò kowosòl kòmanse

Ema renmen krèm kowosòl anpil.  
 Lèna pa renmen wè ensèk nan lakou a.  
 Mona ap ekri mo kreyòl nan kaye li.  
 Maten an, papa Eli prepare mayi ak aransò.  
 Yè, Melina te rete lekòl la pou li li.

- Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
    - Ouvri liv lekti a nan paj 80 an. Ekri # 80 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.*
  - ☞ **Ouvri liv lekti nou nan paj 80 an. Èske tout moun jwenn paj 80 an?**
    - Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
  - ☞ **Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.**
    - Mete dwèt ou sou desen yo.*
  - ☞ **Mete lendèks nou sou desen wòb la.**
    - Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
  - ☞ **Mete lemajè nou sou desen zòrèy la.**
    - Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
  - ☞ **Mete lanilè nou sou desen bòl la.**
    - Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
  - ☞ **Mete orikilè nou sou desen kawòt la.**
    - Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
  - ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
    - Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa, mande yo repete mo yo.*
  - ☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di yo?**
    - Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
  - ☞ **Son an se /ò/. Jodi a, nou pral aprann son /ò/.**

## Aktivite 3 Konsyans fonemik (4 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /ò/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo gen son /ò/ ladan yo, leve pous nou anlè, si yo pa gen son /ò/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?**
  - Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /ò/. Mo a se: "tòl".**
  - Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Men yon lòt mo: "pòt".**
  - Verifye si elèv yo mete pous yo anlè.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: solèy, lekòl, kowosòl, kawòt, tant, moul, mòn, aransò.**
  - Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

- Ekri lèt "ò" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la: ("ò").*
- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.

- ☞ **Son lèt sa a se /ò/.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a? /ò/.**
  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /ò/.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt la ("ò" miniskil).**
  - ☞ *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*
  - Repete non lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "ò" miniskil.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa a? ("ò" miniskil).**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « ò ».*
  - Touche lèt la yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la se /ò/.*

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab ak mo (15 mn)

☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 80 an. Ekri # 80 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

Leson 58 ak 59      ò ò

  
wòb

  
zèrèy

  
bòl

  
kawòt

k K en EN r R y Y on On w W

won wont sous youn tras pre kle

wòl mòn tòl pòt kàs kòl


solèy woule mawon kreyòl moustikè

lekòl lakòl aransò kowosòl kòmanse


☞ Ema renmen krèm kowosòl anpil.  
Lèna pa renmen wè ensèk nan lakou a.  
Mona ap ekri mo kreyòl nan kaye li.  
Maten an, papa Eli prepare mayi ak aransò.  
Yè, Melina te rete lekòl la pou li li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 5 Rekonèt lèt yo (2 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: o, ò, e, è, ou, è, AN, k, W, K, r, s, T. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "ò" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "ò". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "ò" sou tablo a pou klas la.

### Èske se lèt "ò" miniskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "ò" miniskil yo.

Lesson 58 ò

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

r	ò	e	r	ò	s
è	l	ò	è	l	ò
a	ò	r	ò	t	r
s	ò	è	r	è	ò

2- Antoure lèt ò miniskil yo.

ò b a ò l y w ò p i d ò

s ò r i o t b v ò p l z f


w ò s w ò n o u w n ò w


o u ò w n ò v w è o u ò

216 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


## Egzèsis # 1 (3 mn)


 Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.


 Ouvri kaye a nan paj 216, egzèsis # 1. Ekri # 216 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


 Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch bwat la. Ki lèt nou wè agoch bwat la?

Repons posib: yon lèt « ò » miniskil

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:


 Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann? Kòmanse !

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

 Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo:


 Èske lèt sa a se lèt "ò" miniskil?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "ò" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

## Egzèsis # 2 (3 mn)

 Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "ò" miniskil. Toujou nan paj 216 la, nan kaye egzèsis la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 216 la, nan egzèsis # 2 a.

 Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "ò" miniskil ki menm jan ak modèl la.

 Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

 Nou konprann? Kòmanse !

Lesson 58 ò

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

r	ò	e	r	ò	s
è	l	ò	è	l	ò
a	ò	r	ò	t	r
s	ò	è	r	è	ò

2- Antoure lèt ò miniskil yo.

ò b a ò l y w ò p i d ò

s ò r i o t b v ò p l z f

w ò s w ò n o u w n ò w

o u ò w n ò v w è o u ò

216 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

3- Antoure imaj kote nou tande son /ò/ yo.

4- Antoure lèt miniskil ò nan chak mo.

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 217

Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt “ò” miniskil ?**

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “ò”. Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /ò/. Toujou nan menm paj la.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 217 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 217 nan egzèsis # 3.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /ò/.**

☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**

☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /ò/. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3 mn)

☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt “ò”. Toujou nan paj 217 la, nan avan denye egzèsis paj la.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 217 la nan egzèsis # 4 la.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure kote nou wè lèt miniskil /ò/ nan chak mo.**

☞ Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout kote nou wè lèt /ò/ nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo antoure lèt /ò/. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.



## Aktivite 6 Ekri lèt (12 mn)



### 1. Trase lèt «ò» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 218 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /ò/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «ò» miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil «ò» nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm**
    - Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
  - ☞ **Toudabò, mwen trase yon won. Pou m fini, mwen trase yon ti liy oblik panche agoch sou tèt wonn nan.**
    - Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
  - ☞ **Toudabò, mwen trase yon won. Pou m fini, mwen trase yon ti liy oblik panche agoch sou tèt wonn nan.**
    - Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «ò» miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
    - Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "ò" sou tablo a sou liy sa yo?**
  - Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "ò" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:*
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon won. Pou m fini, mwen trase yon ti liy oblik panche agoch sou tèt wonn nan.**

### Ekri lèt "ò" miniskil nan kaye bouyon.

- Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt «ò» miniskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "ò" miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**
  - Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #218 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 218 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt «ò» miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a.**
  - Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

6- Kopye mo a ak fraz yo sou liy kaye a.

mòn

Ana pito kawòt pase kowosòl.

Emil pale epi li li kreyòl anpil.

Leson 58 ò

**Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #219 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 219 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt «ò» miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 219 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
- ☞ Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Aktivite 7 Vokabilè (6 mn)**

- ☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**1. Premye mo a se: "plante"**

- ☞ Leve men nou si nou konnen mo plante. Kiyès ki ka eksplike sa mo plante a ye? Nan ki moman nou konn tande mo plante ?
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.
- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, plante vle di : simen semans (grenn) nan tè pou plant pouse e pwodui manje osinon danre.
  - Egzanp : Papa Eli plante kowosòl. Eli ap plante diri.
- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la mande l si l konnen yon moun bò lakay li ki konn plante.
  - ☞ Bay elèv yo tan pou yo pale.
- ☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la ki moun bò lakay li ki konn plante?
  - ☞ Apre sa chwazi 6 elèv ( 3fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

**2. Dezyèm mo a se: Lakou**

- ☞ Leve men nou si nou konnen mo lako . Kiyès ki ka di kisa mo lakou vle di? Nan ki moman nou konn tande mo lakou?
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.
- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, lakou vle di : espas pre kay pou moun jwe osinon pou plante.
  - Egzanp : Jan plante yon pye mango ak yon pye seriz nan lakou a.
- ☞ Kiyès ki ka dim sa li konn fè nan lakou lakay li?
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.
- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la, mande li, si li gen lakou lakay li epi kisa yo plante nan lakou li a.
  - ☞ Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi 2 elèv(1 fi ak 1 gason) pou di fraz yo te fè a.

**Aktivite 8 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo**

**1. Prediksyon dapre tit (3 mn)**

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.
  - ☞ Ekri tit istwa a (Emil ap plante) sou tablo a epi mande elèv yo pou yo li l.

☞ Èske klas la ka li tit istwa jodi a pou mwen sou tablo a ?

☞ *Si yo gen difikilte, chwazi kèk elèv pou li tit istwa a, apre sa li tit istwa a ansanm ak klas la.*

☞ Tit istwa jodi a se: Emil ap plante. A kisa tit sa a fè nou panse ?  
Kisa nou panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fiak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.*

## 2. Li istwa (10 mn)

☞ Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

☞ *Pandan elèv yo ap li pwofesè a ap pase gade si yo ap swiv ak dwèt yo.*

### Lakou Papa Emil la

Papa Emil ap plante nan lakou li a. Li plante kawòt, mayi ak yon pye kowosòl. Mayi a ap pare an premye. Apre sa, se ap tou pa kawòt yo. Y ap pare apre kèk semèn. Pye kowosòl la ap pran kèk lane li menm.

Emil renmen wè kòman li ap plante. Poutèt sa, li rete pre li.

## 3. Verifye prediksyon (2 mn)

☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.

☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

☞ 2. Èske sa nou te panse ki pral pase nan istwa a rive ?

☞ *Chwazi 4 elèv, (2 fiak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.*

## 4. Reponn kesyon (3 mn)

☞ Koute pou nou ka reponn kesyon yo.

1. De Kiyès istwa a pale ?
2. Kisa Emil ap fè ?
3. Ki pyebwa ki pral pran plis tan ?
4. Ki kote papa Emil te plante ?
5. Ki danre ki ap pare avan ?

## Aktivite 9 Evalyasyon (3 mn)

☞ Ki mo vokabilè nou te aprann jodi a ?

☞ *Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.*

☞ Kiyès ki ka di kisa mo sa yo vle di ?

☞ *Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.*

☞ Kilès ki ka fè yon fraz ak chak mo sa yo ?

☞ *Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.*

# Leson 59 Ò

## Objektif:

Rekonèt epi ekri lèt majiskil Ò.


Li istwa epi reponn kesyon sou imaj ak istwa a.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 59 paj 80. Kaye egzèsis, leson 59 soti nan paj 220 rive nan paj 223, crayon, gòm, kaye bouyon, adwaz.

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.


- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Denye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Anita pa gen gwo kò.


Li pa gen gwo bibit.

Men li kouri ak fòs.


Epi li pale fò.

 Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)

 Ekri plizyè lèt sou tablo a: w, an, ò, en, w, ò, kr, tr, w, ò. Chwazi elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin di non lèt yo ak son yo.

- ☞ Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo? (non lèt sa se?), (son lèt sa se?).


 Touche chak lèt ki sou tablo a pou elèv yo di non yo ak son yo.

Ki son lèt sa: "an"

Ki non lèt sa: "an"

Fè menm jan pou lòt lèt yo.

- ☞ Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt Ò majiskil.

 Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.




## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5 mn)

### 1. Rekonèt son lèt (4 mn)







- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /Ò/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo gen son lèt majiskil /Ò/, leve pous nou anlè, si li pa gen son lèt majiskil /Ò/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?

 Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.


- ☞ Son an se /Ò/. Mo a se: kreyòl.

-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lèt mo a se: machin.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: ògàn, kabwèt, òdinè, kawòt, lekòl, bòl, woule, mawon, aransò.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


## 2. Di son lèt la ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt "Ò" majiskil ak lèt « ò » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo: (« ò » ak « Ò »). Fè yo repete son lèt /ò/ miniskil la avan.*
- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Di son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Bon lèt sa a se /ò/, son lèt sa tou se /Ò/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo di son lèt yo epi di son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son lèt sa a? (/ò/). Ki son lèt sa tou? (/Ò/).**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /ò/ ak son /Ò/ se menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral di non lèt yo (« Ò », « ò »).**
-  - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
- Di non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "ò" miniskil. Non lèt sa se «Ò» majiskil**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo di non lèt yo epi di non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki non lèt sa? ("ò" miniskil). Ki non lèt sa? (« Ò » majiskil).**
-  *Chwazi kèk elèv pou di "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « ò » ak lèt « Ò ».* Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.


## 3. Konpare premye son nan mo


- ☞ **Kounye a, nou pral konpare son. Mwen pral di 2 mo. Si nou tande son "ò" nan tou 2 mo yo, leve pous nou anlè. Si 2 mo yo pa genyen son "ò", mete de men nou plat sou ban an. 2 premye mo yo se kawòt-minòt.**
-  *Elèv yo reponn ak pous yo.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt egzanp: renmen-marenn, dezòd-kawòt, pòt-tòl, woulèt-sirèt.**

## Aktivite 3 Lekti lèt, silab ak mo (15-... mn)


-  *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
-  *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

## 2. Lekti nan liv

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri livlekti a nan paj 80 an. Ekri # 80 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

## Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la.

 Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz, fè l li chak mo na fraz la apa. Apre sa fè l li fraz la vit.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (2 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: Ò, OU, Ò, O, È, Ò, n, Ò, K, an, w, OU, R, Ò.


Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "Ò" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "Ò". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "Ò" sou tablo a pou klas la.

☞ **Èske se lèt "Ò" majiskil elèv la antoure ?**

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "Ò" majiskil yo.

## Egzèsis # 1 (3 mn)

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la paj 220. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

 Ouvri kaye a nan paj 220 nan egzèsis # 1. Ekri # 220 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch bwat la. Ki lèt nou wè agoch bwat la?**

**Repons posib : yon lèt «Ò» majiskil**

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki**

Leson 59 Ò

220 Kaye egzèsis 1° A.F. 

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

Ò	R	Ò	E	R	Ò	S
È	L	Ò	È	R	Ò	
A	Ò	R	Ò	T	R	
S	Ò	È	R	È	Ò	

2- Antoure lèt Ò majiskil yo.

⓪ B A Ò L Y W Ò P I D Ò  
 S Ò R I O T B V Ò P L Z F  
 W Ò S W Ò N O U W N Ò W  
 O U Ò W N Ò V W È O U Ò

menm ak sa ki nan wonn agoch bwat la. Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt "Ò" majiskil ?**

Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "Ò" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "Ò". Toujou nan paj 220 an, nan kaye egzèsis la.**

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 220 an, nan egzèsis # 2 a.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "Ò" majiskil ki menm jan ak modèl la.**

Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt "Ò" majiskil ?**

Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "Ò". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /Ò/. Nan paj 221 an.**

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 221 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 221 nan egzèsis # 3.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure kote nou wè lèt majiskil /Ò/ nan chak mo.**

Idantifye ansanm ak tout klas la tout mo ki anba imaj yo.

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**

Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ **Antoure menm jan ak premye modèl la, tout lòt kote nou wè lèt /Ò/ nan yon mo. Nou konprann ? Kòmanse !**

Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo antoure anba yon imaj e sa yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

Leson 59 Ò

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

R	Ò	E	R	Ò	S
È	L	Ò	È	R	Ò
A	Ò	R	Ò	T	R
S	Ò	È	R	È	Ò

2- Antoure lèt Ò majiskil yo.

Ò B A Ò L Y W Ò P I D Ò

S Ò R I O T B V Ò P L Z F

W Ò S W Ò N O U W N Ò W

O U Ò W N Ò V W È O U Ò

220 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

3- Lèt majiskil Ò nan chak mo.

WÒB ZÒRÈY KAWÒT BÒL

4-Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

ò on l w k r y

ON L Ò W Y K R

Aktivite lib

221 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

3- Lèt majiskil Ò nan chak mo.



WÒB ZÒRÈY KAWÒT BÒL

4-Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

ò on l w k r y

ON L Ò W Y K R

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 221

### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ N ap fè yon lòt egzèsis toujou nan paj 221 an.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifeye si elèv yo nan paj 221 an nan egzèsis # 4 la.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ak li a.
  - ☞ Li lèt yo liy pa liy ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la. Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Fè koreksyon an sou tablo a ansanm ak tout klas la epi mande elèv yo fè koreksyon an nan kaye yo.

### Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

Ò

Ònè ak respè se pawòl Ayisyen.

Nana renmen kowosòl anpil.

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 222

6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

Ò

Alina, tanpri pa rale pòt la.

Ayiti se yon peyi mòn ak sous.

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 223

#### 1. Trase lèt «Ò» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 222 ak 223 a. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /ò/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « Ò » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « Ò » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm
  - ☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ Toudabò, mwen trase yon gwo won. Pou m fini, mwen trase yon ti liy oblik panche agoch sou tèt won an.
  - ☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifeye si elèv yo ap trase lèt la byen.
- ☞ Toudabò, mwen trase yon gwo won. Pou m fini, mwen trase yon ti liy oblik panche agoch sou tèt won an.
  - ☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « Ò » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.
  - ☞ Verifeye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

#### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "Ò" sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "Ò" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :
- ☞ Toudabò, mwen trase yon gwo won. Pou m fini, mwen trase yon ti liy oblik panche agoch sou tèt won an.



## Ekri lèt "Ò" majiskil nan kaye bouyon.

Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « Ò » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "Ò" majiskil. Suiv modèl ki sous tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

Pase verifye si tout elèv ap ekri ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #222 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 222 a ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « Ò » majiskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ak fraz yo ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a.

Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #223 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 223 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « Ò » majiskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 223 a. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

Ò

Ò

Ònè ak respè se pawòl Ayisyen.

Nana renmen kowosòl anpil.

222 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

Ò

Alina tanpri pa rale pòt la.

Ayiti se yon peyi mòn ak sous.

Leson 59

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 223

## Aktivite 6 Li istwa(15 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.

Fè 2 premye elèv yo kanpe pou fè lekti a. Mande klas la pou yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.

- ☞ Nou pare? Kòmanse!

Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo.

### Lakou Papa Emil la

Papa Emil ap plante nan lakou li a. Li plante kawòt, mayi ak yon pye kowosòl. Mayi a ap pare an premye. Apre sa, se ap tou pa kawòt yo. Y ap pare apre kek semèn. Pye kowosòl la ap pran kek lane li menm.

Emil renmen wè kòman li ap plante. Poutèt sa, li rete pre li.

### Reponn kesyon (5 mn)

- ☞ Koute pou nou ka reponn kesyon yo.
  1. Ki bò papa Emil ap plante ?
  2. Kisa papa Emil ap plante ?
  3. Kisa papa Emil plante an premye ?
  4. Ki plant ki te pran plis tan pou li pouse ?
  5. Kisa Emil t ap fè ?

---

### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan istwa jodi a?



*Chwazi 8 elèv: 4 fi ak 4 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.*

# Leson 60 b B

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt miniskil / b/.  
Idantifye lèt miniskil « b » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt miniskil « b » byen.  
Li epi konprann istwa.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 60 paj 82-83  
Kaye egzèsis, leson 60 paj 224-227


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*

- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Ti Wowo konn bat tanbou.  
Kout tanbou monte byen wo.  
Bidim-bidim-bap!  
Bap! Bap!  
Ti Wowo ap bat tanbou, bow!

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

 *Ekri plizyè lèt sou tablo a : an, ò, ON, en, Ò, OU, ò, kr, tr, pr, ò, e, è. Chwazi elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin di non lèt yo ak son yo.*

- ☞ **Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo ? ( non lèt sa se ? ), ( son lèt sa se ? ).**

 *Touche chak lèt ki sou tablo a pou elèv yo di non yo ak son yo.*


*Ki son lèt sa: "an"*

*Ki non lèt sa: "an"*

*Fè menm jan pou lòt lèt yo.*



*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure mo ki gen k miniskil nan yo sou tablo a.*


- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt b miniskil, dekri imaj ak fè prediksyon.**

 *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj( 5 mn)

Leson 60 ak 61      b B



en EN r R y Y on On w W è ò  
 won pye kle nyès tras yanm twou youn  
 bo bèf bòt bòl bon ban bal bay bèl  
 bab ban bous bous boul krab  
 wowoli esplike ranmase kòmansman  
 bese balon tonbe benyen balanse  
 labouyi baskètbòl boulonnen boukannen

Ana renmen baskètbòl plis pase tout espò.  
 Betina ale nan lari a ak anpil prekosyon.  
 Labouyi a pare pou timoun yo soupe.  
 Nou tout kontan wè bèl solèy nan syèl la.  
 Betina mete bous li a nan sak mawon an.

82      Liv lekli 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekli a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekli la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
- ☞ Ouvri liv la nan paj 82 a. Ekri # 82 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ **Ouvè liv lekli nou nan menm paj ak mwen, paj 82 a. Pa bliye jan pou nou louvri liv la, ak jan pou nou vire paj yo. Èske gen yon moun ki ka montre mwen ki jan pou nou fè sa?**
- ☞ Pwofesè a ap chwazi yon elèv pou fè sa. Si li fè li byen di li sa epi fè jès la ankò pou klas la. Si li pa fè li byen di mèsli epi raple klas la mouvman yo.
- ☞ **Nou pare? Èske tout moun jwenn paj 82 a?**
- ☞ Vire liv la anfas elèv yo epi montre elèv yo paj la.
- ☞ **Nou pral jwe ak 4 desen yo.**
- ☞ Montre klas la desen yo, epi di :
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen bale a.**
- ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen banann nan.**
- ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen bourik la.**
- ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen bouton an.**
- ☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
- ☞ Vire liv la pou elèv yo ka wè desen w ap touche a. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman 4 mo nou sot di yo?**
- ☞ Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.
- ☞ **Son an se /b/.**
- ☞ Jodi a, nou pral aprann son /b/.


## Aktivite 3 Konsyans fonemik (5 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /b/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmans ak son /b/, leve pous nou anlè, si li pa kòmans ak son /b/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?**
- ☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ **Son an se /b/. Mo a se : « Bourèt ».**
- ☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Lòt mo : "ltil".**
- ☞ Verifye si elèv yo mete tou 2 men yo sou ban.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: bòl, solèy, lekòl, baton, kawòt, moul, bwa.**

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.


## 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

 Ekri lèt "b" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la (/b/).


- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.


### ☞ Son lèt sa a se /b/.

 Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:

### ☞ Ki son lèt sa? /b/.


 Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /b/.

### ☞ Kounye a, nou pral aprann di non lèt ("b" miniskil).


 - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.

### ☞ Non lèt sa a se "b" miniskil.


 Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:

### ☞ Ki non lèt sa? ("b" miniskil).


 Chwazi kèk elèv pou di "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « b ».

Touche lèt la yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la /b/.


## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (2 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: b, P, w, b, an, OU, ON, b, K, A, b, p, b. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "b" miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "b". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "b" sou tablo a pou klas la.


### ☞ Èske se lèt "b" miniskil elèv la antoure?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "b" miniskil yo.

## Egzèsis # 1 (4-5 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis ou pral fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

### ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen.


 Ouvri kaye a nan paj 224, egzèsis # 1 ak 2. Ekri # 224 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

### ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch bwat la. Ki lèt nou wè agoch bwat la?

Repons posib: Yon lèt « b » miniskil

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:

### ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch bwat la. Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

b	r	e	b	u	e
e	l	b	a	b	p
b	r	d	u	a	b
p	b	n	b	n	e


2- Antoure lèt b miniskil yo.

t (b) a d b y w b p i d t

s b r i o b k v h p l z f

b ò s w b n b w n ò b

b ò w b ò v b è ou b

224 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F. 

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Di non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a, se lèt "b"?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "b" nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 2 (6 mn)**

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "b". Toujou nan paj 224 la, nan kaye egzèsis la.**

☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 224 la, nan egzèsis # 2 a.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "b" miniskil ki menm jan ak modèl la.**

☞ *Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a, se lèt "b" miniskil ?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "b". Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 3 (3-4 mn)**

☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /b/. Nou prale nan paj 225 kaye egzèsis la, nan nimewo 3.**

☞ *Ekri # 225 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 225 lan egzèsis # 3.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /b/.**

☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.*

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**

☞ *Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /b/. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

**Egzèsis # 4 (3-4 mn)**

☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "b". Toujou nan paj 225 lan.**


3- Antoure imaj kote nou tande son /b/ yo.

4- Antoure lèt miniskil b nan chak mo.

Gale    bannann    bourik    bouton

Aktivite lib


Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.    225

 *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 225 la nan egzèsis # 4 la.*


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure kote nou wè lèt miniskil /b/ nan chak mo.**

 *Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.*


☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout kote nou wè lèt /b/nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**

 *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo antoure lèt /b/. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.*

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)


 *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 *Ouvri liv lekti a nan paj 82 a. Ekri # 82 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.*





☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

 *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

Leson 60 ak 61      b B

 bale
  bannann
  bourik
  bouton

en EN r R y Y on On w W ò Ò

won pye kle nyès tras yanm twou youn

bo bèf bòt bòl bon ban bal bay bèl bab ban bous bous boul krab

wowoli esplike ranmase kòmansman

☞ bese balon tonbe benyen balanse labouyi baskètbòl boulonnen boukannen

☞ Ana remen baskètbòl plis pase tout espò. Betina ale nan lari a ak anpil prekosyon. Labouyi a pare pou timoun yo soupe. Nou tout kontan wè bèl solèy nan syèl la. Betina mete bous li a nan sak mawon an.

02      Liv lekli 1<sup>e</sup> A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

**b** 5- Kopye lèt la, mo a ak fraz yo sou liy kaye a.

**b**

**b**òl

Simon plen **b**òl soup li a.

Eli ale Okap nan batiman.

226 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### 1. Trase lèt « b » miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 226 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /b/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « b » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « b » a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm**
    - Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
  - ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy kanpe. Pou m fini, mwen trase yon koub sou bò dwat li, sòti nan mitan liy lan, pou rive nan pwent anba li.**
    - Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
  - ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy kanpe. Pou m fini, mwen trase yon koub sou bò dwat li, sòti nan mitan liy lan, pou rive nan pwent anba li.**
    - Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « b » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
    - Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

- Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “b” miniskil sou tablo a sou liy sa yo?**
    - Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “b” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo*
  - ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy kanpe. Pou m fini, mwen trase yon koub sou bò dwat li, sòti nan mitan liy lan, pou rive nan pwent anba li.**

### 3. Ekri lèt “b” miniskil nan kaye bouyon.

- Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « b » miniskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “b” miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**
    - Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eksplikasyon pou elèv yo.*

### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye a.

- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #226 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 226 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « b » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri lèt “b” miniskil. Suiv modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la. Kopye yo sou liy kaye a.**
    - Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt, mo, fraz la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eksplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*



b 6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Tamara ap bale kay li.

Ketina mete yon bèl wòb.

Lina ap prepare boulet mori.

Leson 60 b

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 227

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 227 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 227 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « b » miniskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 227 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap ekri fraz yo ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## Aktivite 7 Vokabilè (6 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a. Premye mo a se: « eksplike ». Leve men nou si nou konnen mo eksplike. Kiyès ki ka eksplike sa mo eksplike a ye? Nan ki moman nou konn tande mo eksplike ?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, eksplike vle di : “bay detay sou ki jan pou fè yon aktivite nan lekòl oubyen nan yon lòt domèn.”**
- Egzanp : Papa Eli ap eksplike kòman yo plante.**
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la mande l pou li fè yon lòt fraz ak mo “eksplike”.**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou yo pale.*
- ☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la ki lòt fraz yo ka fè ak “eksplike”?**
- ☞ *Apre sa chwazi 6 elèv ( 3fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.*
- ☞ **Dezyèm mo a se : « boukannen ». Leve men nou si nou konnen mo boukannen. Kiyès ki ka di kisa mo boukannen an vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo boukannen?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, boukannen vle di : « kuit yon manje dirèkteman sou chabon dife ».**
- Egzanp : Papa Eli ap boukannen patat nan dife a.**
- Kiyès ki ka di m sa li konn boukannen lakay li?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la, mande li, si li konn boukannen mayi lakay li.**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di fraz yo te fòme a.*


## Aktivite 8 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)

### 1. Koute epi li istwa (1-2 mn)

- ☞ *Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 83 la.*

*Li istwa a pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a ansanm. Li istwa a ak bon ton, byen fò, nan bon rit pou elèv yo, epi respekte poz yo.*

- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.**

 *Li istwa a ansanm ak tout klas la. Fè elèv yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan y ap li a.*

### **Bòs Benito**

Bòs Benito se yon bon bòs mason. Li bati anpil bèl kay. Bòs ki nan ekip li yo renmen li anpil. Yo rele li Bòs Bebe.


Maten an, li ap bati yon kloti pou Borèl. Pita, li ap tou krepè li. Li pa pran tan ak kloti a.

Borèl kontan anpil pou bèl kloti a.

Bòs Benito souri, epi li ba li lamèn.

## **2. Reponn kesyon (3 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou istwa a. Koute byen pou nou ka reponn.**

 *Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la*

1. Ki tit istwa a?
2. Ki sa bòs Benito ye?
3. Konbyen kay li bati?
4. Èske bòs ki nan ekip li yo renmen li?
5. Èske bòs Benito bati anpil bèl kay?
6. Èske bòs Benito fè bèl kloti?

## **Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)**

- ☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**

Repons posib :

(1) Nou te aprann son /b/. (2) Nou te aprann ekri lèt « b » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute epi li istwa : « Bòs Benito ».

# Leson 61 b B

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt majiskil / B/.  
Idantifye lèt majiskil « B » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt majiskil « B » byen.  
Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 61 paj 82 -83  
Kaye egzèsis, leson 61 paj 228-231  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*

- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Ti Wowo konn bat tanbou.  
Kout tanbou monte byen wo.  
Bidim-bidim-bap!  
Bap! Bap!  
Ti Wowo ap bat tanbou, bow!

 *Felсите epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

 *Ekri plizyè lèt sou tablo a : w,b,ò, an,b, en, w,b,ò, kr, tr, b,w,. Chwazi elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin di non lèt yo ak son yo.*

- ☞ **Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo ? ( Non lèt sa se ?), (Son lèt sa se ?).**

 *Touche chak lèt ki sou tablo a pou elèv yo di non yo ak son yo.*


*Ki son lèt sa: "w"*

*Ki non lèt sa: "w"*

*Fè menm jan pou lòt lèt yo.*

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure mo ki gen k miniskil nan yo sou tablo a.*

- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt B majiskil, dekri imaj ak fè prediksyon.**

 *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son /B/ majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /B/ majiskil, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /B/ majiskil mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
  - ☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ Son an se /B/. Mo a se : « Bòt ».
- ☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ Men yon lòt mo : « Pon ».
- ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo : bèt, volan, ponpon, barèt mimi, balèn, kawòt, bwat.
- ☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm

### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

- ☞ Ekri lèt "B" majiskil ak lèt « b » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : (« b » ak « B »). Fè yo repete son lèt /b/ miniskil la avan.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ Son lèt sa a se /b/, son lèt sa tou se /B/.
- ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ Ki son lèt sa a ? (/b/). Ki son lèt sa tou ? (/B/).
- ☞ Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /b/ ak son /B/ se menm.
- ☞ Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt yo (« B », « b »).
- ☞ - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
- pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ Non lèt sa a se "b" miniskil. Non lèt sa se « B » majiskil
- ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ Ki non lèt sa ? ("b"). Ki non lèt sa ? (« B »).
- ☞ Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « b » ak lèt « B ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (2 mn)

- ☞ Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo : B, B, P, B, K, an, B, O, OU, B, l, M, B, r, B. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "B" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "B". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "B" sou tablo a pou klas la.
- ☞ Èske se lèt "B" majiskil elèv la antoure ?
  - ☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "B" majiskil yo.

Leson 61 B

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

P	B	E	D	B	A
E	B	A	L	B	L
B	R	L	O	N	B
P	B	N	L	B	E

2- Antoure lèt B majiskil yo.

T B A D B Y W B P I D T  
S B R I O B K V H P L Z  
B Ò S W B N B W N Ò B  
B Ò W B Ò V B È O U B

228 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

- Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
  - ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
  - Ouvri kaye a nan paj 228 nan egzèsis # 1. Ekri # 228 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
  - ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch bwat la. Ki lèt nou wè agoch bwat la?**
- Repons posib: Yon lèt «B» majiskil.**
- Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:
  - ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch bwat la. Nou konprann? Kòmanse!**
  - Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Repete non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo:
  - ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "B"?**
  - Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "B" nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "B" majiskil. Toujou nan paj 228 lan, nan kaye egzèsis la.**
- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 228 la, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "B" majiskil yo ki menm jan ak modèl la.**
- Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo:
- ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "B"?**
- Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "B". Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

3- Antoure lèt majiskil B nan chak mo.

BALE	BANNAN	BOURIK	BOUTON
------	--------	--------	--------

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

on | w | k | ò | b | y

L | ON | Ò | W | Y | K | B

Aktivite lib

229 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /B/ nan paj 229 la.**
- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 229 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 229 la nan egzèsis # 3 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la.**

3- Antoure lèt majiskil B nan chak mo.



4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

on | w | k | ò | b | y

L | ON | Ò | W | Y | K | B

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F. 229

**Antoure lèt majiskil /B/ nan chak mo.**

- ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout mo ki anba imaj yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di:*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye modèl la, tout lòt kote nou wè lèt /B/ majiskil nan yon mo. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo antoure anba yon imaj e sa yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

**Egzèsis # 4 (3-4 mn)**

- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis toujou nan paj 229 la.**
  - ☞ *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 229 la nan egzèsis # 4 la.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil ki menm yo.**
  - ☞ *Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.*
- ☞ **Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil ki menm yo, gade modèl la byen. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte ansanm yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.*

**Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz 15-... mn)**


☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

**1. Lekti sou tablo**

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

- ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☁ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

Leson 60 ak 61      b B



bale      bannann      bourik      bouton

en EN r R y Y on On w W ò Ò

won pye kle nyès tras yanm twou youn

ba bèf bêt bòl bon ban bal bay bèl bab ban bous bous boul krab

wowoli esplikè ranmase kòmansman

bese balon tonbe benyen balanse labouyi baskètbòl boulonnen boukannen

☞ Ana renmen baskètbòl plis pase tout espò. Betina ale nan lari a ak anpil prekosyon. Labouyi a pare pou timoun yo soupe. Nou tout kontan wè bèl solèy nan syèl la. Betina mete bous li a nan sak mawon an.

## 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☁ Ouvri liv lekti a nan paj 82 a. Ekri # 82 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
  - ☁ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Trase lèt « B » majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

**B**      5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

B      B      B      B      B

Balon Betina a ap woule.

Betina manke tonbe nan lakou a.

230 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☁ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kinan kaye egzèsis la, nan paj 230 ak 231a. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /B/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «B» majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil «B» nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm**
  - ☁ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Toudabò, Trase yon liy kanpe. Trase 2 koub adwat, youn anwo, youn anba. Ki kole ak liy ki kanpe a.**
  - ☁ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

**B**      6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Ban Betina a ble e blan.

Labouyi a pare pou timoun yo.

Ana abite tou pre lekòl li.

230 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ **Toudabò, Trase yon liy kanpe. Trase 2 koub adwat, youn anwo, youn anba. Ki kole ak liy ki kanpe a.**
  - ☁ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « B » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
  - ☁ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “B” sou tablo a sou liy sa yo?**
  - ☁ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “B” majiskil sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:
- ☞ **Toudabò, Trase yon liy kanpe. Trase 2 koub adwat, youn anwo, youn anba. Ki kole ak liy ki kanpe a.**

**B** 5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

B B B B B

Balon Betina a ap woule.

Lesson 61 B

Betina manke tonbe nan lakou a.

230 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**B** 6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Ban Betina a ble e blan.

Lesson 61 B

Labouyi a pare pou timoun yo.

Ana abite tou pre lekòl li.

**3. Ekri lèt "B" majiskil nan kaye bouyon.**

- Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « B » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.
- Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "B" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.
- Pase verifye si tout elèv ap ekri yo ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

- Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 230 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou
- Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt, silab ak mo yo epi kopye yo sou liy kaye a.
- Pase verifye si tout elèv ap ekri yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Egzèsis # 6-Ekri lèt, mo ak fraz yo sou liy kaye a.**

- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #231 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 231 an ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « B » majiskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.
- N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 231 an. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
- Pase verifye si tout elèv ap ekri fraz ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**Aktivite 6 Vokabilè revizyon (7-8 mn)**

**1.Revizyon vokabilè**

- Nan lesan anvan an, nou te travay sou mo eksplike. Kiyès ki ka di m kisa mo eksplike vle di?
  - Chwazi 6 elèv youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè. Mo eksplike vle di: "bay detay sou ki jan pou fè yon aktivite nan lekòl oubyen nan yon lòt domèn."
- Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo eksplike?
  - Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.

**Aktivite 7 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo**

**1. Lekti istwa 2 pa 2 (10 mn)**

- Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.
  - Fè de premye elèv yo kanpe pou lekti a.
- Nou pare? Kòmanse !
  - Pandan y ap li, pase verifye si lot elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo.



## Bòs Benito


Bòs Benito se yon bon bòs mason. Li bati anpil bèl kay. Bòs ki nan ekip li yo renmen li anpil. Yo rele li Bòs Bebe.

Maten an, li ap bati yon kloti pou Borèl. Pita, li ap tou krepri li. Li pa pran tan ak kloti a.


Borèl kontan anpil pou bèl kloti a.

Bòs Benito souri, epi li ba li lamèn.


## Lekti youn pa youn

 Mande 6 elèv, chak ap li yon pati nan istwa a, chwazi 3 gason epi 3 fi. Ede yo si yo gen difikilte. Mande elèv yo lè yo fin li istwa a pou yo gade imaj la byen pou nou ka reponn kesyon sou imaj la ak istwa a.

## 2. Reponn kesyon (3 mn)

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

- ☞ **1. Sou ki sa istwa a pale?**
- 2. Èske bòs Benito bati anpil bèl Kay?**
- 3. Èske li fè bèl kloti?**
- 4. Ki lòt non yo bay bòs Benito?**
- 5. Poukisa Borèl kontan anpil?**

---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**

Repons posib : (1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa bòs Benito. (4) Nou te reponn kesyon sou istwa. (4) Nou te aprann son ak non lèt majiskil /B/. (5) Nou te revize mo vokabilè. (6) Nou te li istwa : « bòs Benito ». (7) Nou te reponn kesyon sou istwa a ak imaj ki akonpanye l la.

# Leson 62 ò Ò b B

## Objektif:


Revize lèt "ò, Ò, b, B  
Konekte mo ki idantik  
Ekri dikte kout  
Li yon istwa kout  
Koute istwa a, reponn kesyon

## Materyèl:

Liv lekti paj leson 62 paj 84-85.  
Kaye egzèsis leson 62 paj 232-233.  
Kreyon, gòm, tay kreyon, kaye bouyon, adwaz

## Activité 1 Mizantren (5 mn)

### 1. Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen ! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Anita se moun nan Nò.  
Li renmen mete bag lò  
ak zanno lò.  
Lè l ap jwe foutbòl,  
li toujou ap fè kò l bèl.

- ☞ Jodi a, nou pral revize lèt ò miniskil, Ò majiskil, lèt b miniskil, B majiskil.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik.

### Revize son lèt (6 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral revize son lèt yo « ò, Ò, b, B » nan mo. M ap di son lèt yo epi m ap di 2 mo youn apre lòt. Si nou tande son lèt yo nan 2 mo mwen pral di yo, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son lèt yo nan 2 mo yo, mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ?

 Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.

- ☞ Son lèt la se /ò/, Mo a se : (zòtey, mòl) ;  
Lòt mo yo se : (chat, sirèt).

 Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Epi korije si nesesè. Kontinye ak pè mo sa yo.

- ☞ (bòl, mòl), (dat, jaden), (wòb, kòd), (Anòl, dwèt), (lekòl, kowosòl).

 Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Epi korije si nesesè.

- ☞ Son lòt lèt la se /b/, Mo yo se : « (bato, bèl) ».

Lèt mo yo se: « (bidon, dal) ».

☞ Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Epi korije si nesesè. Kontinye ak lòt pè mo sa yo.

☞ (boul, baskèt), (gazon, zòn), (bib, bous), (nich, bèt), (boukan, bonè).

## Aktivite 3 Konsyans fonetik (22 mn)

### 1. Li mo ki genyen lèt sa yo «ò, Ò, b, B» (4 mn)

☞ Ekri lèt sa yo «ò, Ò, b, B» ak 2 mo bò kote chak sou tablo a davans. Youn dwe genyen lèt la epi lòt la pap genyen l.

**Egzanp :**

**ò : (mòl, moulen) / b : (bwat, asyèt)**

☞ Apre sa a, chwazi kèk elèv pou vin touche epi li mo ki genyen lèt "ò" epi lèt "b" nan 2 mo yo ki sou tablo a.

☞ Kiyès ka ka vin touche epi li mo ki genyen lèt "ò" ak lèt "b" ladann pou klas la?

☞ Lè elèv fin touche mo a, mande l pou l li mo li sot touche a.

☞ Mo w touche a, ki mo li ye?

☞ Bay elèv la 1 mn pou yo li epi fè egzèsis la. Si li gen difikilte pou li mo a, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan ak lòt pè mo sa yo.

☞ **ò : (kowsòl, fig) - (kòl, chemiz) - (wòch ; lanmè)**

**b : (baton, patron, ) - (bag, madam) - (bon, myèl)**

### Lekti lèt ak mo nan liv lekti a (8 mn).

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 84 la. Ekri # 84 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo li lè, silab ak mo yo nan liy zandolit, palmis ak anana a ranje pa ranje epi youn pa youn.

☞ Kounye a, nou pral li lèt ak silab nan liv lekti a.

☞ Fè elèv yo li lèt ak silab ki nan liy zandolit la, ak liy palmis la ranje pa ranje.

☞ Kounye a, nou pral li mo yo nan liy anana youn pa youn.

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li mo yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, swiv ak dwèt yo an silans pandan lòt elèv la ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

☞ Kounye a, tout klas la pral li mo yo byen fò ansanm ?

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Lekti fraz nan liv ( 6 mn).

☞ Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 84 la. Ekri # 84 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo li fraz yo nan liy pwason an ranje pa ranje epi youn pa youn.

☞ Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.

☞ Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.

☞ Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.

Lesson 62 Revizyon      ò ò b B

r R y Y on On w W ò ò b B

☞ wo bàl mèn wòb bal bab kòb pran plak krab plim plat tras plent

☞ vaye marye mesye kreyon balanse kiltivatè wobinèt miniskil konpliman boukannen

☞ Emil ak Ana rete lekòl la pou yo li.  
Ema bay Anita yon bèl konpliman.  
Labouyi a pare pou timoun yo soupe.  
Eva pa renmen wè ensèk nan lakou a.  
Mona plante kawòt epi li plante kowsòl.  
Maten an papa prepare mayi ak aransò.  
Ana plis renmen baskètbòl pase tout espò.  
Pita, Bòs Benito ap krepri kay la.

84      Liv lekti 2<sup>e</sup> A.F.

Leson 62 Revizyon ò ò, b B

1- Nwasi kare ki anba silab ki gen son /b/ yo.

boukannen	bourik	abite	balon
-----------	--------	-------	-------

2- Konekte mo ki menm yo

bèt	Boul
bòt	Bèt
boul	Bous
bous	Bòt

3- Konekte mo ki menm yo.

balon	Balanse	Bonè
bonè	Balon	Boukan
boukan	Bonè	Balanse
balanse	Boukan	Balon

232 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, swiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm ?**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Egzèsis # 1 (6 mn)**

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye a an fas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Nou pral ouvri kaye egzèsis la nan paj 232 pou nou fè egzèsis nimerò 1 an.**

☞ Ekri # 232 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi nwasi kare ki anba silab ki gen son /b/ a. Gade modèl la byen pou nou ka fè lòt yo.**

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi kèk elèv pou di ki silab ki gen son /b/ yo nwasi.

☞ **Kiyès ki ka di pou klas la silab ki gen son /b/ yo nwasi a nan chak mo yo?**

☞ Si elèv yo gen difikilte pou yo jwenn mo yo, ede yo.

**Egzèsis # 2 (6 mn)**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 232 a, nan egzèsis # 2 a.

☞ **Tout elèv ale nan egzèsis # 2 pou n ka konekte mo ki menm yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la.**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi kèk elèv pou di ki mo yo konekte ansanm yo.

☞ **Kiyès ki ka di pou klas la 2 mo yo konekte ansanm yo?**

☞ Si elèv yo gen difikilte pou yo jwenn mo yo, ede yo.

**Egzèsis # 3 (8 mn)**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 232 a, nan egzèsis # 3 a.

☞ **Tout elèv ale nan egzèsis # 3 pou n ka konekte mo ki menm yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la.**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

- ☞ Chwazi kèk elèv pou di ki mo yo konekte ansanm yo.
- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la 2 mo yo konekte ansanm yo?
- ☞ Si elèv yo gen difikilte pou yo jwenn mo yo, ede yo.

## Aktivite 4 Dikte(20 mn)

4- Dikte (suiv ekaplikasyon pwofesè a)

Leson 62. Revizyon ò, ò, b B

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 233

- ☞ Jodi a, nou pral pran dikte. Mwen ap dikte nou mo a epi nou ap ekri li nan kaye nou. Toujou nan kaye egzèsis la nan paj 233 nan egzèsis # 4 la.
  - ☞ Ouvri kaye a nan paj 233 a. Ekri # 233 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase nan klas la pou verifye si elèv yo pran kaye yo.
- ☞ Epi nou ap ekri chak mo mwen di.
  - ☞ Bay elèv yo yon ti tan pou yo jwenn paj la. Mache nan klas la pou verifye.
- ☞ Ekri: wòb, bal, bab, twòp..
  - ☞ Pase nan klas la pou verifye si elèv yo ap pran dikte a. Apre sa kontinye ak mo sa yo.
- ☞ Ekri: bare, kawòt, konpliman.
  - ☞ Bay timoun yo tan pou ekri chak mo yo, epi pase nan ranje yo pou ou verifye si elèv ap pran dikte a.
- ☞ Nou te ekri mo, kounye a nou pral ekri yon fraz. Mwen ap li fraz la 3 fwa pou nou. M ap li fraz la dousman. Nou pare ?
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo ekri fraz la. Li fraz la dousman pou yo ka byen ekri fraz la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Mwen pral chwazi 3 elèv ki pou vin ekri fraz la sou tablo a.
  - ☞ Chwazi 3 elèv, apre sa korije ak klas la. Verifye si fraz la byen ekri

## Aktivite 5 Vokabilè(10 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa
- a. Premye mo a se: « rekòlte ».**
- ☞ Leve men nou si nou konnen mo rekòlte. Kiyès ki ka eksplike sa mo rekòlte a ye? Nan ki moman nou konn tande mo rekòlte?
    - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.
  - ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, rekòlte vle di : keyi osinon ranmase pwodwi ki fèt nan jaden.
    - ☞ Egzanp : Papa Eli ap eksplike kòman yo rekòlte.
  - ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la mande l pou li fè yon lòt fraz ak mo "rekòlte" a.
    - ☞ Bay elèv yo tan pou yo pale.
  - ☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la ki lòt mo yo ka fè ak rekòlte?
    - ☞ Apre sa chwazi 6 elèv (3fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

**Ativite 6**

**Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo**

**1. Lekti istwa 2 pa 2 (10 mn)**

☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.

💬 *Fè de premye elèv yo kanpe pou lekti a.*

☞ **Nou pare? Kòmanse !**

💬 *Pandan y ap li, pase verifeye si lot elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo.*

**Rekòlte mayi (3)**

Emil ak papa li ale rekòlte mayi. Papa li pral pran mayi pou li bouyi. Li ka prepare akasan oswa mayi boukannen tou.

Emil renmen akasan anpil. Men li pito mayi boukannen. Tout moun kontan lè yo prepare labouyi mayi.

Papa Emil kontan anpil paske rekòt la bon.

**2. Lekti youn pa youn**

💬 *Mande 6 elèv, chak ap li yon pati nan istwa a, chwazi 3 gason epi 3 fi. Ede yo si yo gen difikilte. Mande elèv yo lè yo fin li istwa a pou yo gade imaj la byen pou nou ka reponn kesyon sou imaj la ak istwa a.*

**3. Reponn kesyon**

💬 *Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.*

☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

💬 *Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.*

- ☞ **1. Kisa rekòlte vle di?**
- 2. Kisa Emil ak papa li te rekòlte?**
- 3. Kisa yo te fè ak mayi a?**
- 4. Kisa Emil pito? Kisa li pa renmen ?**
- 5. Ki jan moun konnen si gen yon bon rekòt?**

**Aktivite 7**

**Evalyasyon (2 mn)**

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib :

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa rekòt mayi, (4) Nou te reponn kesyon sou istwa.

## Objektif:



- Dekouvri son ak non lèt miniskil / v/.
- Idantifye lèt miniskil « v » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « v » byen.
- Fè prediksyon sou istwa dapre tit
- Li epi koute istwa pou nou reponn kesyon yo

## Materyèl:

- Liv lekti, leson 63 paj 86-87
- Kaye egzèsis, leson 63 paj 234-237
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)






### 1. Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Nan peyi m gen bèl vil.  
Nan peyi m gen bèl rivyè.  
Nan peyi m gen bèl mòn.  
Ala yon bèl peyi!


-  *Felсите epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè lèt sou tablo a : B, ò, ON, b, Ò, OU, ò, kr, tr, pr, b, e, è. Chwazi elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin di non lèt yo ak son yo.*
-  **Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo? (Non lèt sa se?), (Son lèt sa se?).**
-  *Touche chak lèt ki sou tablo a pou elèv yo di non yo ak son yo.*
  - Ki son lèt sa: "B"*
  - Ki non lèt sa: "B"*
  - Fè menm jan pou lòt lèt yo.*
  - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure mo ki gen k miniskil nan yo sou tablo a.*
-  **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt v miniskil, dekri imaj ak fè prediksyon.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (4 mn)

Leson 63 ak 64 v V



vis volan vantilatè vè

r R y Y on On w W à ò b B

bo bòl bat bal bon pre krab byen



vè vo viv vit ven vèl van vin vèt

bato kaba balon prete bonbon kalite trakase sibitman prekosyon

veye vole valè avyon nouvo vaksen vakans travay verite volonte veterinè




Mina lave men li avan li soupe.  
Yo plante anpil lam veritab nan bouk la.  
Vakans la rive, tout elèv yo kontan.  
Ana pran prekosyon lè li ap travèse lari a.  
Avyon yo vole nan ayewopò lematen.  
Yo ap bay nouvel peyi a nan televizyon an.

66 Liv lekli 1<sup>er</sup> A.F.

-  Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekli a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekli la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  Ouvri liv la nan paj 86. Ekri # 86 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ **Ouvè liv nou nan menm paj ak mwen, paj 86. Pa bliye jan pou nou louvri liv la, ak jan pou nou vire paj yo. Èske gen yon moun ki ka montre mwen ki jan pou nou fè sa?**
-  Pwofesè a ap chwazi yon elèv pou fè sa. Si li fè li byen di li sa epi fè jès la ankò pou klas la. Si li pa fè li byen di mèsli epi raple klas la mouvman yo.
- ☞ **Nou pare? Èske tout moun jwenn paj 86 la?**
-  Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.
- ☞ **Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.**
-  Montre klas la desen yo epi di :
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen vis an.**
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen volan an.**
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen vantilatè a.**
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen vè a.**
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
-  Vire liv la pou elèv yo ka wè desen w ap touche a. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman 4 mo nou sot di yo?**
-  Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.
- ☞ **Son an se /v/.**
- Jodi a, nou pral aprann son /v/.**

## Aktivite 3 Konsyans fonemik (5 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /v/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmans ak son /v/, leve pous nou anlè, si li pa kòmans ak son /v/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?**
-  Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ **Son an se /v/. Mo a se : « Van ».**
-  Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Men yon lòt mo : “Lapen”.**
-  Verifye si elèv yo mete tou 2 men yo sou ban.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: vo, bo, vit, vaksen, tablo, vèt, vid, vide,**



vannen, vakans.

Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

Ekri lèt "v" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la: (/v/).

-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ Son lèt sa a se /v/.

Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:

☞ Ki son lèt sa? /v/.

Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /v/.

☞ Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt la ("v" miniskil).

- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.

☞ Non lèt sa a se "v" miniskil.

Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo di non lèt la epi di non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:

☞ Ki non lèt sa? "v" miniskil.

Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « v ».

Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt la ak non lèt la /v/.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (2 mn)

Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: b, v, p, w, b, an, v, OU, ON, v, b, K, A, v, b, p, b, v. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "v" miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "b". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "v" sou tablo a pou klas la.

☞ Èske se lèt "v" miniskil elèv la antoure ?

Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "v" miniskil yo.

## Egzèsis # 1 (6 mn)

Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis ou pral fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye nan menm paj avèk mwen.

Ouvri kaye a nan paj 234, egzèsis # 1 ak 2. Ekri # 234 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "v" miniskil ki menm jan ak modèl la.

Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Leson 63 V

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	v	e	d	v	e
e	l	v	a	e	v
a	v	d	w	v	i
v	e	n	v	n	e

2- Antoure lèt V miniskil yo.

(v) b a v l y w v p i d v


s v r i o v b c h b p l z

v ò s v b n b v n ò v

b v w b v v è ou v d


234 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

 Di non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :  
 ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "v"?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "v". Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.


### Egzèsis # 2 (4-5 mn)

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "v". Toujou nan paj 234 la, nan kaye egzèsis la.**


 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 234 la, nan egzèsis # 2 a.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib : Yon lèt « v » miniskil**

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :


☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Di non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a, se lèt "v"?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "v" nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3-4 mn)


☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /v/. Nou prale nan paj 235 kaye egzèsis la, nan nimewo 3 a.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 235 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 235 lan egzèsis # 3.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /v/.**

 Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.


☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**

 Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /v/. Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.


### Egzèsis # 4 (3-4 mn)

☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "v". Toujou nan paj 235 lan.**

3- Antoure imaj kote nou tande son /V/ yo.




4- Antoure lèt miniskil V nan chak mo.



Aktivite lib


Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 235

 *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 235 la nan egzèsis # 4 la.*


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure kote nou wè lèt miniskil /v/ nan chak mo.**

 *Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.*


☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout kote nou wè lèt /v/nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**

 *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo antoure lèt /v/. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.*

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (10-11 mn)


 *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 *Ouvri liv lekti a nan paj 86 la. Ekri # 86 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.*





☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**

 *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

Leson 63 ak 64 v V

 vis
  volan
  vantilator
  vè

r R y Y on On w W ò ò b B

☞ bo bòl bat bal bon pre krab byen

☞ vè vo viv vit ven vòl van vin vèt

☞ bato kaba balon prete bonbon kalite trakase sibitman prekosyon

☞ veye vole valè avyon nouvo vaksen vakans travay verite volonte veterine


☞ Mina lave men li avan li soupe.  
Yo plante anpil lam veritab nan bouk la.  
Vakans la rive, tout elèv yo kontan.  
Ana pran prekosyon lè li ap travèse lari a.  
Avyon yo vole nan ayewopò lematen.  
Yo ap bay nouvel peyi a nan televizyon an.

86 Liv lekli 1<sup>er</sup> A.F.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)


### 1. Trase lèt «v» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

 Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 236 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /v/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.


☞ Kounye a, nou pral trase lèt « v » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « v » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avèm

 Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik tou kout panche agoch, epi mwen monte mwen fè yon liy oblik tou kout panche adwat ki menm longè ak premye liy lan.

 Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.


☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik tou kout panche agoch, epi mwen monte mwen fè yon liy oblik tou kout panche adwat ki menm longè ak premye liy lan.

 Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.


☞ Kounye a, nou pral trase lèt « v » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon. (4-5 mn)


 Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.

☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt «v» miniskil sou tablo a sou liy sa yo?


 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt «v» sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :

☞ Toudabò, mwen trase yon liy oblik tou kout panche agoch, epi mwen monte mwen fè yon liy oblik tou kout panche adwat ki menm longè ak premye liy lan.


### 3. Ekri lèt «v» miniskil nan kaye bouyon.

 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt « v » miniskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt «v» miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

 Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eksplikasyon pou elèv yo.

### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye a.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #236 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 236 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « v » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

V: 5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz yo sou liy kaye a.

Lesson 63 v

ven

Simon kontan vakans lan rive.

Mèt la vin pale ak paran yo.

236 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

V: 5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz yo sou liy kaye a.

Lesson 63 v

ven

Simon kontan vakans lan rive.

170

Mèt la vin pale ak paran yo.

Fè elèv yo pran kaye egzèsis yo pou yo ekri lèt « v » miniskil. Mande yo pou suiv modèl yo.

- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri lèt “v” miniskil. Suiv modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la. Kopye yo sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt, mo, fraz ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

V. 6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Avyon an ap vole byen vit.

Mèt Emil ap travay ak elèv.

Karina ap li yon liv enteresan.

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 237

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #237 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 237 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « v » miniskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 237 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap ekri fraz ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 7 Vokabilè (7-8 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### 1. Premye mo a se: « ayewopò ».

- ☞ Leve men nou si nou konnen mo ayewopò. Kiyès ki ka eksplike sa mo ayewopò a ye? Nan ki moman nou konn tande mo ayewopò?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, ayewopò vle di: “kote avyon pran vol epi ateri”.

Egzanp : Gen anpil avyon nan “ayewopò” a.

- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la mande l pou li fè yon lòt fraz ak mo “ayewopò”.

☞ Bay elèv yo tan pou yo pale.

- ☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la ki lòt fraz yo ka fè ak “ayewopò”?

☞ Apre sa chwazi 6 elèv (3fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

### 2. Dezyèm mo a se: « pilòt ».

- ☞ Leve men nou si nou konnen mo pilòt. Kiyès ki ka di kisa mo pilòt la vle di? Nan ki moman nou konn tande mo pilòt?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.


- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, pilòt vle di: « Fi oswa gason ki konn kondwi avyon ».

Egzanp : Mika se yon pilòt.

- ☞ Kiyès ki ka dim kijan yo rele moun ki kondwi machin?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo pilòt.

 Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di fraz yo te fè a.

## Aktivite 8 Prediksyon dapre tit (3 mn)

Tina ak Solon al ayewopò



Vakans rive, Tina ak Solon kontan anpil. Tonton Moris ap vini Pòtoprens. Li ap pase kat semèn avèk yo.


Tonton Moris abite Okap. Li ap travay kòm pilòt avyon. Vakans sa a, Tonton Moris ap vini wè yo. Yo renmen avyon. Li pral pran avyon soti Okap. Li pral ateri nan ayewopò bò lakay yo. Tonton Moris pral mennen yo wè ayewopò Potoprens lan. Tina ak Solon kontan anpil.

Liv lekòl 1<sup>e</sup> A.F. 87

Leson 63 ak 64 v-v

### 1. Prediksyon dapre tit (3 mn)


☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. Tit istwa jodi a se : « Tina ak Solon al ayewopò »

 Mande elèv yo repete tit istwa a.

☞ Dapre sa nou sot li sou tablo a, sou kisa nou panse istwa a pral pale?

 Chwazi 3 fi ak 3 gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.

### 2. Koute epi li istwa (1-2 mn)


 Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 87 la. Li istwa a pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa, fè yo li istwa a ansanm. Li istwa a ak bon ton, byen fò, nan bon rit pou elèv yo, epi respekte poz yo.

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a pou klas la. Fè silans pou nou ka koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!

#### Tina ak Solon al ayewopò

Vakans rive, Tina ak Solon kontan anpil. Tonton Moris ap vini Pòtoprens. Li ap pase kat semèn avèk yo.

Tonton Moris abite Okap. Li ap travay kòm pilòt avyon. Vakans sa a, Tonton Moris ap vini wè yo. Yo renmen avyon. Li pral pran avyon soti Okap. Li pral ateri nan ayewopò bò lakay yo. Tonton Moris pral mennen yo wè ayewopò Potoprens lan. Tina ak Solon kontan anpil.


 Li istwa a ansanm ak tout klas la. Fè elèv yo touche mo yo avèk dwèt yo pandan y ap li a.

### 3. Verifye prediksyon (3 mn)


☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.


☞ Ki elèv ki ka di m kiyès nan fraz sa yo (fraz prediksyon) ki pi sanble ak istwa a?

 Bay elèv yo tan pou yo reponn. Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.


☞ Kiyès nan istwa yo nou renmen plis? Youn nan sa nou te imajine a oubyen sa nou li a? Poukisa?

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou bay repons yo.

#### 4. Reponn kesyon (5 mn)

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☺ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

- ☺
1. Ki tit istwa a ?
  2. De kisa istwa a pale
  3. Kilè istwa sa a te pase ?
  4. Ki kote Tina ak Solon ale ?
  5. Ki kote tonton Moris ap vini epi ki bò li rete ?
  6. Ki travay tonton moris tap fè ?
  7. Konbyen jou Tonton Moris vin pase ak timoun yo ?
  8. Èske Tina ak Solon konn wè avyon ?
  9. Ki bò yo konn wè avyon ?
  10. Kòman yo wè avyon an ye ?

---

#### Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)

☺ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /v/. (2) Nou te aprann ekri lèt « v » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute epi li istwa : « Tina, Solon al ayewopò ».

# Leson 64 v V

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt majiskil / V/.
- Idantifye lèt majiskil « V » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « V » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 64 paj 86 -87
- Kaye egzèsis, leson 64 paj 238-241
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)




### 1. Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen ! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Nan peyi m gen bon van.  
Nan peyi m gen bèl solèy.  
Nan peyi m gen bèl pyebwa.  
Ala yon bèl peyi!

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè lèt sou tablo a: v, b, ò, an, b, en, v, b, ò, kr, tr, b, v.. Chwazi elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin di non lèt yo ak son yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin di non lèt sa yo ak son yo? (Non lèt sa se?), (Son lèt sa se?).**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure mo ki gen « v » miniskil nan yo sou tablo a.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt V majiskil, dekri imaj ak fè prediksyon.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*




## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)







- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt /V/ majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /V / majiskil, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /V / mete de men nou sou**





**ban an. Èske nou konprann ?**

-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /V/. Mo a se : « Van ».**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Men yon lòt mo : “Pyebwa”.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: valiz, balon, vann, flè, veye.**



**2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)**

-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*  
*Ekri lèt “V” majiskil ak lèt « k » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : (« v » ak « V »). Fè yo repete son lèt /v/ miniskil la avan.*  
*-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*  
*- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Son lèt sa a se /v/, son lèt sa tou se /V/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pou pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a (/v/) ? - Ki son lèt sa tou (/V/) ?**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /V/.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt yo (« V », « v »).**
-  *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*  
*- Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se “v” miniskil. Non lèt sa se « V » majiskil**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa? (“v”). Ki non lèt sa? (« V »).**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt yo”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « v » ak lèt « V ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.*

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (2 mn)**

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo.: Y, V, W, V, N, V, B.*  
*Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “V” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil “V”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “V” sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se lèt “V” majiskil elèv la antoure ?**
-  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt “V” majiskil yo.*

**Egzèsis # 1 (6 mn)**

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri kaye a nan paj 238 nan egzèsis # 1. Ekri # 238 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

Leson 64 V

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

V	A	V	E	D	V	E
E	L	V	A	E	V	
A	V	D	W	V	I	
V	E	N	V	N	E	

2- Antoure lèt V majiskil yo.

V B A V Z Y W V P I D

S V R I O V B C H M P L

B Ò S W B N B W N Ò B

B Ò W B Ò V B È O U B

238 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "V" majiskil yo ki menm jan ak modèl la.**

☞ *Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a, se lèt "V" ?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "V". Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

### Egzèsis # 2 (4-5 mn)

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "v". Toujou nan paj 238 la, nan kaye egzèsis la.**

☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 238 la, nan egzèsis # 2 a.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

Repons posib : Yon lèt «V» majiskil

☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Di non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a se lèt "V" ?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "V" nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

### Egzèsis # 3 (3-4 mn)

☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /V/. nan paj 239 la.**

☞ *Ekri # 239 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 239 la egzèsis # 3.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil /V/ nan chak mo.**

☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout mo ki anba imaj yo.*

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**

☞ *Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*

☞ **Antoure menm jan ak premye modèl la, tout lòt kote nou wè lèt /V/ majiskil nan yon mo. Nou konprann ? Kòmanse !**

Leson 64 V

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

A	V	E	D	V	E
E	L	V	A	E	V
A	V	D	W	V	I
V	E	N	V	N	E

2- Antoure lèt V majiskil yo.

V B A V Z Y W V P I D  
S V R I O V B C H M P L  
B Ò S W B N B W N Ò B  
B Ò W B Ò V B È O U B

238 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

3- Antoure lèt majiskil V nan chak mo.

MAKSEN VOLAN VONNON ELEV

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

k w l o n ò b v  
L O N Ò W V K B

Aktivite lib

239 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo antoure anba yon imaj e sa yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Egzèsis # 4 (3-4 mn)**

☞ **N ap fè yon dènye egzèsis toujou nan paj 239 la.**

Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 239 la ak nan egzèsis # 4 la.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki menm yo.**

Li lèt yo liy pa liy ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la. Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè koreksyon an sou tablo a ansanm ak tout klas la epi mande elèv yo fè koreksyon an nan kaye yo.

**Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15-... mn)**

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1. Lekti sou tablo**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

Ouvri liv lekti a nan paj 86 an. Ekri # 86 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Metè liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.



vis volan vantilatè vè

r R y Y on On w W ò ò b B

bo bòl bat bal bon pre krab byen

vè vo viv vit ven vòl van vin vèt

bato kaba balon prete bonbon kalite trakase sibitman prekosyon

veye vole valè avyon nouvo vaksen vakans travay verite volonte veterinè

Mina lave men li avan li soupe.

Yo plante anpil lam veritab nan bouk la. Vakans la rive, tout elèv yo kontan.

Ana pran prekosyon lè li ap travèse lari a. Avyon yo vole nan ayewopò lematen.

Yo ap bay nouvel pevi a nan televizyon an.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

V V V V V V

Jan ap leve bonè maten an.

V

Vanya pè vaksen li pral pran an.

240 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Elèv yo prèske rive lekòl la.

Makso ap travèse wout la.

Ana renmen vil Mibalè anpil.

241 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

### 1. Trase lèt «V» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5min)


- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 240 ak 241 a. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /V/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «V» majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil «V» nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
  - ☞ *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
- ☞ **Toudabò, trase yon liy panche agoch monte trase yon lòt liy panche adwat nan menm wotè a.**
  - ☞ *Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
- ☞ **Toudabò, trase yon liy panche agoch monte trase yon lòt liy panche adwat nan menm wotè a.**
  - ☞ *Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «V» majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
  - ☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)


- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “V” sou tablo a sou liy sa yo?**
  - ☞ *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “V” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo:*
- ☞ **Toudabò, Trase yon liy panche agoch monte trase yon lòt liy panche adwat nan menm wotè a.**

### 3. Ekri lèt “V” majiskil nan kaye bouyon.


- ☞ *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « V » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “V” majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**
  - ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*
- ☞ **Egzèsis # 5-Ekri lèt, mo ak fraz yo sou liy kaye a.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 240 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri lèt “V” majiskil. Suiv modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la. Kopye yo sou liy kaye a.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

☞ **Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #241 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 241 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « V » majiskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 241 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

---


## Aktivite 6 **Vokabilè revizyon (7-8 mn)**

### 1. Revizyon vokabilè

☞ **Nan leson anvan an, nou te travay sou mo ayewopò. Kiyès ki ka di m kisa mo ayewopò vle di?**

 Chwazi 6 elèv youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.


☞ **Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo ayewopò?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.

☞ **Nan leson anvan an, nou te travay sou mo pilòt. Kiyès ki ka di m kisa mo pilòt vle di?**

 Chwazi 6 elèv youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.

☞ **Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo pilòt?**


 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.

---

## Aktivite 7 **Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)**

### 1. Lekti istwa 2 pa 2 (10 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.**

 Envite 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a.

☞ **Nou pare? Kòmanse !**

 Pandan y ap li, pase verifye si 2 lòt elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo.

### **Tina ak Solon al ayewopò**

Vakans rive, Tina ak Solon kontan anpil. Tonton Moris ap vini Pòtoprens. Li ap pase kat semèn avèk yo. Tonton Moris abite Okap kote li ap travay kòm pilòt avyon. Ane sa a, Tonton Moris ap vini pase vakans ak yo. Yo renmen avyon. Li pwal pran

avyon soti Okap epi li ap ateri ayewopò bò lakay yo. Tina ak Solon kontan paske Tonton Moris pral mennen yo wè ayewopò Pòtoprens la.

☞ **Lekti youn pa youn**

☁ *Mande 6 elèv, chak ap li yon pati nan istwa a, chwazi 3 gason epi 3 fi. Ede yo si yo gen difikilte. Mande elèv yo lè yo fin li istwa a pou yo gade imaj la byen pou nou ka reponn kesyon sou imaj la ak istwa a.*

**2. Reponn kesyon (3 mn)**

☁ *Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.*

☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

☁ *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon*

- ☞ **1. Kiyès ki tap vin pase vakans ak timoun yo ?**
- 2. Ki kote avyon an te ateri ?**
- 3. Poukisa Tina ak Solon renmen avyon ?**
- 4. Kiyès ki pral mennen Tina ak Solon wè ayewopò a ?**
- 5. Konbyen semèn tonton Moris ap pase avèk yo ?**
- 6. Ki bò Tina ak Solon rete ?**
- 7. Èske Tina ak Solon kontan ?**

**3. An n mime**

☞ **Timoun, moman pou nou mime a rive. Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute: Yo fè kòm si yo se pilòt. Tout moun mime fraz la.**

☁ *Mande yon fi ak yon gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.*

**Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)**

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib :

(1) Nou te aprann son lèt majiskil /K/. (2) Nou te aprann ekri lèt « V » majiskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te li istwa : « Tina ak Solon al ayewopò ». (5) Nou te reponn kesyon sou istwa. (6) Nou te fè egzèsis nan kaye. (7). Nou te li. (8) Nou te reponn kesyon sou istwa a.

# Leson 65 br, pr, vr, bl, vl

## Objektif:


Dekouvri son konbinezon lèt /br/, /pr/, /vr/, /bl/, /vl/  
Ekri konbinezon lèt «br, pr, vr, bl, vl» byen.  
Ekri mo kout san fè fot

## Materyèl:

Liv lekti, leson 65 paj 88  
Kaye egzèsis, leson 65 paj 242  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Papiyon vole.

Se vole nou ka vole.

Papiyon vole.


Se vole nou ka vole.

An nou vole!


 Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)

- ☞ N ap kòmanse leson jodi a ak yon jwèt. Koute byen. Chak fwa mwen di yon mo ki kòmanse ak lèt « v » n ap fè yon ti vole, lè mo a pa gen lèt « v » ladan l, n ap bat men nou 2 fwa. Nou konprann? An n kòmanse. Premye mo se valiz.

 Verifye ti tout elèv yo ti fè yon ti vole.

- ☞ Dezyèm mo se Makawoni.

 Verifye si elèv yo te bat men yo 2 fwa. Kontinye a rès mo sa yo: parapli, kadna, vakans, maleng, vaksen, mayi, vapè, tanbou, vaksin, klòch, vire, koridò, vit.  
Felisite tout elèv yo.

Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan kaye egzèsis la nan paj 1 no. 1, no. 2

## Aktivite 2: Konsyans fonemik (5-6 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son konbinezon lèt /br/, /pr/, /vr/, /bl/, /vl/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo gen son konbinezon lèt /br/, /pr/, /vr/, /bl/, oubyen /vl/ leve pous nou anlè, si yo pa kòmanse ak son mwen di a mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann?

- ☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son premye konbinezon lèt la se /br/, Mo a se : brik**
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : « li ».**
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: bri, kouri, krewe, brital, pouri, breton, .**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.*
- ☞ **Son dezyèm konbinezon lèt la se /pr/, Mo a se : « priye ».**
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè*
- ☞ **Lòt mo a se : “kaye”.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: prije, pale, kriye, pri, prè, sanble.**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.*
- ☞ **Son twazyèm konbinezon lèt la se /vr/, Mo a se : vrè**
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè*
- ☞ **Lòt mo a se : papye.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: ouvri, tape, livre, jou, lalin, kouvri .**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.*
- ☞ **Fè menm jan pou tout rès konbinezon lèt yo (/bl/, /vl/)**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm*

## 2. Di son ak non lèt nan mo (2 mn)

- ☞ *Ekri konbinezon lèt « /br/, /pr/, /vr/, /bl/, /vl/ » sou tablo a.*  
-Touche mo yo ki sou tablo a  
- Li mo yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son konbinezon lèt sa a se /br/.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo di son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son konbinezon lèt sa? /br/.**
  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*  
*Fè menm jan an pou tout lòt konbinezon lèt yo (/pr/, /vr/, /bl/, /vl/)*  
*Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan liv lekti a nan paj 65*


## Aktivite 3 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (8mn)

- ☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*


### 1. Lekti sou tablo

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**




 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

## 2. Lekti nan liv

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri liv lekti a nan paj 88 la. Ekri # 88 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**


 Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Lekti mo nan liv ( 8 mn).


 Ouvri liv lekti a nan paj 88 la. Ekri # 88 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo li mo yo nan liy bis ak liy chat la ranje pa ranje epi youn pa youn.

☞ **Kounye a, nou pral li mo nan liv lekti a.**

 Avan ou fè elèv yo li mo ki nan liy bis, ak liy chat la, fè yo idantifye imaj ki nan premye pati ki nan paj la, epi fè yo li mo yo, son pa son epi fè yo marye son yo pou yo li mo a byen vit.

☞ **Kounye a, nou pral idantifye imaj. Apre sa, n ap li mo a son pa son, epi n ap marye son pou nou ka li mo ki mache ak imaj la byen vit.**


**Kiyès ki ka di klas la, ki premye imaj li wè ?**

 Fè elèv mete dwèt sou imaj la pou li di kisa li ye.

☞ **Lè nou di « bra » ki son nou tande.**


Repons

- Nou tande son : /br/ ak son /a/.


 Ekri chak son elèv yo di a, sou tablo ak 2 koulè lakrè diferan (Si posib). Apre sa a, fè yo li chak son yo, epi fè yo marye son yo li mo a byen vit.

Fè premye mo ak tout klas la. Apre sa, chwazi 2 elèv pou li 2 lòt mo yo. Si elèv sa yo gen difikilte, ede yo.


☞ **B: Nou pral li mo nan liy bis la ranje pa ranje.**


 Pase verifye si elèv yo ap li mo yo. Si genyen elèv ki gen difikilte, ede yo.


☞ **B: Kounye a, nou pral li mo yo youn pa youn.**

 Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li mo yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas,

Leson 65 Konbinezon lèt br vr bl vl


br a ⇒ bra


an-vl òp ⇒ anvlop


ta-bl o ⇒ tablo

**bra vre ble vle blan vlou**

**tablo blayi biblo bliye brase bloke vlope anvlop tabliye bibliyotèk**

→ Katrina ekri nouvo mo yo nan kaye li.  
Eli leve bra li yo anè.  
Matant Lina ba li yon bèl biblo.  
Nou pral li nan bibliyotèk la apre klas la.  
Alina mouye nan lapli. Li te bliye parapli li.

88 Liv lekti 1 AF

swiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

**☞ B: Kounye a, tout klas la pral li ansanm ?**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Aktivite 4 (6 mn)**

Leson 65 Konbinezon lèt br, pr, vr, bl, vl  
1- Ekri silab yo nan lòd pou ou fè yon mo ou konnen.

se	bra	ke	blo
ti	pra	ke	blo bi
vlòp	an	ye	bli
ye	pri	yi	bla
man	vrè	se	pla

brase plase blayi biblo vrèman  
pratikè bloke anvlop bliye priye

242 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

**☞ B: Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

☞ Ouvri kaye a nan paj 242 a egzèsis # 1 an. Ekri # 242 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

**☞ B: Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Ekri silab yo nan lòd pou ou fè yon mo ou konnen.**

☞ Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye silab mo a dwe kòmanse a. verifye si elèv yo fè sa w mande a.

**☞ B: Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**☞ B: Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Repete premye mo ke elèv yo ta dwe fòme a epi mande yo :

**☞ B: Èske mo mwen repete la se bon mo a ?**

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak mo yo pou ka verifye si elèv yo jwenn bon mo a epi di yo efase mo yo te ekri a si li pa t bon mo a. Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo verifye vrè mo yo, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

**Aktivite 5 Vokabilè (7-8 mn)**

**☞ Nou pral li yon istwa. Me anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo biblo. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo biblo ? Èske ou konn kisa biblo vle di ? Kisa yon fè ak biblo ?**

☞ Bay elèv yo tan pou reponn :  
(1) ... (2)... (3)...

**☞ Biblo: "Yon objè yo fè an pòslèn oswa an ajil. Yo fè tout kalite biblo ki gen fòm moun oswa bèt pou fè bèl dekorasyon nan kay.**

☞ Egzanp : Mwen fè yon biblo nan atelye potri papa m nan.  
Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo " biblo ". Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo biblo.

**☞ Dezyèm mo a se ajil. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo ajil ? Èske ou konn kisa ajil vle di ? Kisa nou kon fè ak ajil ?**

☞ Bay elèv yo tan pou reponn :  
(1) ... (2) ... (3) ...

- ☞ **Ajil:** Tè ki sèvi kòm materyo nan travay atizan pou fè krich, kanari, potri oswa biblo pou fè bèl dekorasyon nan kay.. Lè yo melanje ajil ak dlo, li fè yon pat.

☞ *Egzanp:* Mwen achte yon ajil, anvan mwen fè potri avèk li mwen melanje ak dlo.

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou konpoze fraz ak mo "ajil". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo ajil.*

## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)

### 1. Koute epi li istwa (10 mn)

☞ *Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Ekri 242 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l Pase verifye si elèv yo nan paj 57 la. Li istwa a pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a ansanm. Li istwa a ak bon ton, byen fò, nan bon rit pou elèv yo, epi respekte poz yo.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a pou klas la. Fè silans pou nou ka koute byen. Nou pare? M ap kòmanse li istwa a!**

#### **Biblo Lina a.**

Lina vle yon biblo. Li pran ajil la li vide dlo sou li. Apre sa, li melanje dlo ak ajil la ansanm. Li brase ajil la jiskake li fè yon pat avèk li. Lè pat fin byen fèt, li bay pat ajil la yon fòm chen, epi li vlope chen an nan yon papye. Pou biblo chen an ka byen fèm, li mete li seche nan solèy. Lè biblo a fin byen seche, li retire papye ki te kouvri biblo a. Lè li fini, li pran tout biblo li fè yo, li mete yo sou yon tab pou tout moun ka vin admire yo. Lina se yon vrè atis.

### 2. Reponn kesyon (3 mn)

☞ *Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.*

- ☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

☞ *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon*

- ☞ **1. De kisa istwa a pale?**

Repons posib:

(1) De Lina, yon tifi ki renmen fè biblo. 2) Li fè yon biblo ki gen fòm chen. L

- ☞ **2. Kisa Lina vle fè?**

**3. Kijan li fè pat ajil la?**

**Ak kisa li melanje ajil la pou l bay pat la?**

**4. Kisa li fè ak pat ajil?**

**5. Ki fòm biblo Lina fè a genyen?**

**6. Kisa li fè ak biblo a lè Lina fini fè li?**

**7. Ki kote li mete biblo a?**

**8. Poukisa yo di Lina se yon atis?**

---

**Aktivite 7 Evalyasyon (2-3 mn)****☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib : . (1) Nou te fè egzèsis nan kaye. . (2) Nou te li. . (3) Nou te koute istwa « Biblo Lina a ». (4) Nou te aprann sa mo biblo vle di ak sa mo ajil vle di. (5) Li mo ki gen br, pr, vr, bl, vl. (6) Nou te aprann ekri lèt br, pr, vr, bl, vl yo. (7) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a.

# Leson 66 br, pr, vr, bl, vl

## Objektif:

Dekouvri son konbinezon lèt /br/, /pr/, /vr/, /bl/, /vl/

Ekri konbinezon lèt «br, pr, vr, bl, vl» byen.

Ekri mo kout san fè fot

Koute istwa, reponn kesyon.

## Materyèl:


Liv lekti, lesan 66 paj 89

Kaye egzèsis, lesan 66 paj 243

Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen ! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Papiyon vole.

Se vole nou ka vole.

Papiyon vole.

Se vole nou ka vole.

An nou vole!


 Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)


- ☞ N ap kòmanse lesan jodi a ak yon jwèt. Koute byen. Chak fwa mwen di yon mo ki kòmanse ak mo ki kòmanse ak konsòn « br » n ap leve men nou anlè, lè mo a pa gen konbinezon lèt « br » ladan l, n ap bat men nou 2 fwa. Nou konprann? Ann kòmanse. Premye mo se braslè.

 Verifye ti tout elèv yo ti fè yon ti vole.

- ☞ Dezyèm mo se kolibri.

 Verifye si elèv yo te bat men yo 2 fwa. Kontinye a rès mo sa yo : Parapli, bra, vakans, bri, vaksen, brak, vapè, brase, vaksin, brize, vire, briganday, vit. Remèsye tout elèv yo ki te patisipe nan aktivite a.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)


 Ekri mo sa yo sou tablo : brital, pri, anvlòp, prè, vrè, livre, vle, ble, bliye. Epi mande elèv yo pou yo vin idantifye son konson doub « /br/, /pr/, /vr/, /bl/, /vl/ » sou tablo a. W ap di son an epi elèv la ap antoure son li tande a.

- ☞ Nou pral fè yon egzèsis. Chak son konson doub mwen di m ap chwazi yon elèv pou vin antoure l sou tablo a. Egzanp: si m di son an se /br/,

elèv mwen chwazi a ap antoure tout mo ki gen son /br/ ladan yo.

 Chwazi 4 elèv pou fè egzèsis sa. Site non elèv yo lè w a rele yo pou yo vin sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka vin antoure mo ki gen son /br/?**

 Fè menm jan an pou tout lòt konbinezon lèt yo.


## 2. Pwononse son ak nou lèt nan mo (2 mn)

 Ekri konbinezon lèt « /br/, /pr/, /vr/, /bl/, /vl/ » sou tablo a.

- Touche mo yo ki sou tablo a

- Li mo yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Son konbinezon lèt sa a se /br/.**

 Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki son konbinezon lèt sa ?/br/.**


 Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.

Fè menm jan an pou tout lòt konbinezon lèt yo (/pr/, /vr/, /bl/, /vl/)


Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan liv lekti a nan paj 89.

## Aktivite 3 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)

### Lekti mo nan liv (8 mn).

 Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou ka li yo byen.**


 Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo youn pa youn. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo ki sou tablo a pou chak elèv ka li.**


 Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li. Pa bliye fè yo li lèt, silab ak mo yo an dezòd.

☞ **Kounye a, nou pral li son nan mo ki nan liv lekti a. Ale nan liv lekti a nan paj 89. Mwen pral chwazi yon mo an dezòd, nou pral di tout son ki nan mo sa.**


 Ouvri liv lekti a nan paj 89 ekri nimewo 89 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Ekri 89 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen.

 Pase verifye si elèv yo nan liv lekti a nan paj 89.

☞ **Mo a se ble.**

 Bay elèv yo tan pou reponn, korije si nesèsè. Kontinye ak lòt mo sa yo : krèm, kras, vlou ; lakrè, trese, devlope.

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

 Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.



- ☞ Ajil vle di : « Tè ki sèvi kòm materyo nan travay atizan pou fè krich, kanari, potri oswa biblo pou fè bèl dekorasyon nan kay. Lè yo melanje ajil ak dlo, li fè yon pat ».  
Kiyès elèv ki ka fè yon fraz ak mo ajil epi eksplike fraz la ?  
  - ☞ *Pran tout repons elèv, korije elèv ki fè fraz san vèb, fraz ki twò kout. Ankouraje yo fè fraz long epi ki gen sans. Felisite tout elèv yo paske yo te byen patisipe.*
- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo “sanble”. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo sanble ? Èske ou konn kisa “sanble” vle di ? Kisa nou ki konn “sanble” ?  
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(1) ... (2)... (3)...
- ☞ Sanble : “Yon moun ki gen menm aparans fizik ak yon lòt oubyen menm tanperaman nan fason yo panse ak aji ».  
Egzanp : Tout moun toujou di mwen sanble ak papa m. Yo di mwen gen menm koulè je ak li. / Kouzin mwen an sanble ak grann li nan jan li pale.  
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo “ sanble ”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo sanble.*
- ☞ Dezyèm mo a se ajil. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo ajil ? Èske ou konn kisa ajil vle di ? Kisa nou kon fè ak ajil ?  
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(2) ... (2) ... (3) ...
- ☞ Melanje : Pran engredyan oswa objè mete yo ansanm.  
Egzanp : Mwen achte yon ajil, anvan mwen fè potri avèk li mwen melanje ak dlo. / Lè manman ap fè lesiv li melanje fab la ak dlo a.  
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo “melanje”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo melanje.*

## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)

### 1. Koute istwa

- ☞ Kounye a, nou pral koute istwa mwen pral li pou nou. Apre sa nou pral reponn kesyon sou istwa a. Koute byen.


#### Lina gen yon biblo.

Alina ak Katya renmen biblo Lina fè a. Yo vle genyen yon biblo ki sanble menm jan ak pa Lina a. Yo ale kote Lina epi yo mande Lina pou li montre yo kijan pou aprann fè biblo. Lina dakò epi li mande yo suiv avèk atansyon kijan l ap fè biblo a. Lina pran yon kantite ajil, li melanje ak dlo. Lè pat la pare, li kòmanse fè kèk fòm ak ajil la. Lina fè yon fòm chen ki pi bèl ankò pase premye a.


- ☞ Kounye a, se tou pa Alina ak Katya pou fè biblo a. Yo reyisi, menm jan ak Lina yo tou de fè yon bèl biblo chen. Yo pran penti ble, penti wouj ak penti nwa, yo mete bèl koulè sou biblo chen an. Ou pa ta di se yon chen tout bon !



## 2. Reponn kesyon (3 mn)

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

☞ **1. De kisa istwa a pale?**

Repons posib:

(1) De Alina ak Katya ki pral kote Alina. 2) De Alina ak Katya ki vle gen menm biblo ak Lina.

**2. Kisa Alina ak Katya te vle fè ?**

**3. Èske Lina te dakò aprann yo fè biblo a ?**

**4. Kisa Lina te di Katya ak Alina ?**

**5. Kisa Lina te fè anvan li rive fè yon chen ki pi bèl pase premye chen an ?**

**6. Èske Katya ak Alina te rive fè biblo chen an ?**

**7. Ki koulè penti to te pentire biblo chen an ?**

**8. Poukisa yo di ou pa ta di chen an se yon chen tout bon ?**

---

## Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib: (1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa suit istwa a « Biblo Lina a » (4) Nou te aprann sa mo sanble vle di ak sa mo melanje vle di.

# Leson 67 bw, kw, lw, nw

## Objektif:


Dekouvri son konbinezon lèt /bw/, /kw/, /lw/, /nw/.  
Ekri konbinezon lèt «bw, kw, lw, nw» byen.  
Ekri mo kout san fè fot  
Koute istwa, reponn kesyon.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 67 paj 90-91  
Kaye egzèsis, leson 67 paj 244-245  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1. Kontin


-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Nan peyi m gen bèl pyebwa.




Nan peyi m gen bèl sous dlo.

Nan peyi m gen bèl solèy

Ala yon bèl peyi !

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*





### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè lèt ak konbinezon lèt sou tablo a : v, b, Ò, br, v,b,ò, kr,br, bl, b,v,vl.  
Chwazi elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin li konòn doub yo.*
- ☞ Kiyès ki ka vin li konbinezon lèt yo sou tablo a ?
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure mo ki gen k miniskil nan yo sou tablo a.*
- ☞ Jodi a nou pral aprann rekonèt epi ekri konbinezon lèt, Chèche sans mo epi koute istwa pouw reponn kesyon, dekri imaj ak fè prediksyon.
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*




## Aktivite 2 Konsyans fonemik (10 mn)

### 1. Rekonèt /bw/, /kw/, /lw/, /mw/ nan mo


- ☞ Kounye a, nou pral aprann prononse 2 konsòn ki mache youn dèyè lòt . M ap di konsòn nan an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo gen 2 konsòn yo. Si mo a gen 2 konsòn yo, leve pous nou anlè, si li pa gen 2 konsòn yo, mete de men nou sou plat ban an. Èske nou konprann ?

-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **2 konsòn yo se: bw, kw, lw, mw, koune a mwen pral di yon mo, si mo a gen 2 konsòn yo, leve pous nou anlè, si li pa gen 2 konsòn yo, mete de men nou sou ban an.**
- ☞ **Mo a se: Kwa.**
  -  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se: bwa.**
  -  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: pyebwa, nwayo, tounwa, lwès, bwason, lakwa.**
  -  *Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.*





## 2. Di son ak nou lèt nan mo (2 mn)

-  *Ekri konbinezon lèt «/bw/, /kw/, /lw/, /mw/» sou tablo a.*
  - Touche mo yo ki sou tablo a
  - Li mo yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son konbinezon lèt sa a se /bw/.**
  -  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo di son lèt yo epi di son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son konbinezon lèt sa ?/bw/**
  -  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*
  - Fè menm jan an pou tout lòt konbinezon lèt yo (/kw/, /lw/, /mw/)*


## Aktivite 3 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (8mn)

-  *Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a nan paj 90.**
  -  *Ouvri liv lekti a nan paj 90 la. Ekri # 90 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout*

elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.







**☞ Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la.**

☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la

**Leson 67 ak 68 Konsòn plis W bw**

	bw at ⇒ bwat
	kw a ⇒ kwa
	pw a-son ⇒ pwason
	vw al ⇒ vwal
	vw a-yèl ⇒ vwayèl
	pa-sw a ⇒ paswa

90 Liv lekti 1 AF

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 90 la. Ekri # 90 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

**☞ Kounye a, nou pral li mo nan liv lekti a.**

☞ Avan ou fè elèv yo li mo ki nan liy bis, ak liy chat la, fè yo idantifye imaj ki nan premye pati ki nan paj la, epi fè yo li mo yo, son pa son epi fè yo marye son yo pou yo li mo a byen vit.

**☞ Kounye a, nou pral idantifye imaj. Apre sa, n ap li lèt, silab ak mo yo son pa son, epi n ap marye son pou nou ka li mo ki mache ak imaj la byen vit.**

**Kiyès ki ka di klas la, ki premye imaj li wè ?**

☞ Fè elèv mete dwèt sou imaj la pou li di kisa li ye.

**☞ Lè nou di « bwat » ki son nou tande.**

Repons

- Nou tande son : /bw/, son /a/ ak son /t/.

☞ Ekri chak son elèv yo di a, sou tablo ak 2 koulè lakrè diferan (Si posib). Apre sa a, fè yo li chak son yo, epi fè yo marye son yo li mo a byen vit.

Fè premye mo ak tout klas la. Apre sa, chwazi 5 elèv pou li 5 lòt mo yo. Si elèv sa yo gen difikilte, ede yo.

**☞ Nou pral li mo nan liy bis la ranje pa ranje.**

☞ Pase verifye si elèv yo ap li mo yo. Si genyen elèv ki gen difikilte, ede yo.

**☞ Kounye a, nou pral li mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li mo yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, swiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

**☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm ?**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Egzèsis # 1 (4-5 mn)**

**☞ Kounye a, nou pral ekri mo ki genyen bw, kw, lw ak nw. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

☞ Ouvri kaye a nan paj 244 nan egzèsis # 1. Ekri # 244 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Li mo yo epi ekri tout mo ki gen : lw, mw, nw nan liy ki anba yo.**

**☞ Nou konprann ? Kòmanse !**

Leson 67 Konsòn plis W: bw, kw, lw, nw, pw, sw, tw, vw


1- Li mo yo epi ekri tout mo ki gen : lw, mw, nw nan liy ki anba yo.

vwale	twal	pliyè	nwaye	swen
pwen	pwason	lwen	mwen	nwa
nwaye	mwaye			

2- Li mo yo epi ekri tout mo ki gen : pw, sw, tw, vw nan liy ki anba yo.

pwason	vwale	twal	pliyè	nwaye
twà	swen	vwal	kwen	
pwen	swen	mwen	vwalye	

244 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Mwen pral mande nou ki mo nou ekri pou chak nimewo. Nou pare? Ki mo nou ekri pou l-w**

Repons posib : Mo an se : lwen.

**Byen. Ki mo nou ekri pou mw?**


Repons posib : Mo yo se : Mwen, mwayen.

**Byen. Ki mo nou ekri pou nw?**

Repons posib : Mo yo se : nwaye, nwa, nwayo.

**Bravo timoun. Kounye Kiyès ki ka li mo nou pa ekri yo?**

Repons posib : Mo yo se : (1) vwale, twal, pliye. (2) swen pwason, pwen.


 Fè menm jan pou korije aktivite 2 a.

## Aktivite 4 **Vokabilè (7-8 mn)**

☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.


### 1. Premye mo a se: «semans»

☞ Leve men nou si nou konnen mo “semans”. Kiyès ki ka eksplike sa mo “semans” la ye? Nan ki moman nou konn tande mo “semans”?


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

☞ Nan istwa nou pral li jodi a, semans vle di : grenn ki ka repwodui plant.  
Egzanp : Lina gen anpil semans.

☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la mandel pou li fè yon lòt fraz ak mo “semans”.


 Bay elèv yo tan pou yo pale.

☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la ki lòt fraz yo ka fè ak semans?

 Apre sa chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

### 2. Dezyèm mo a se: «teren»


☞ Leve men nou si nou konnen mo “teren”. Kiyès ki ka di kisa mo “teren” an vle di? Nan ki moman nou konn tande mo “teren”?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.


☞ Nan istwa nou pral li jodi a, teren vle di : espas tè kote yo ka fè nenpòt kalite aktivite.

Egzanp: Alis ak Jojo ap jwe boul sou teren an.

☞ Kiyès ki ka dim yon teren li konnen, kisa yo fè ladan l?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou mande ki teren li konnen.

 Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di fraz yo te fè a.

## Aktivite 5 Li istwa a pou reponn kesyon (16 mn)

### 1. Li istwa

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.
  - ☞ Fè de premye elèv yo kanpe pou lekti a.
- ☞ **Nou pare? Kòmanse!**
  - ☞ Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo.
 

*Dekoupe istwa a an plizyè moso epi mete elèv yo 2 pa 2 pou yo li yon moso istwa. Asire w ke yo suiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.*

    - Premye moso ap soti nan premye liy nan pou rive nan sizyèm nan: Emil.. nwa a .
    - Dezyèm moso a ap soti nan sizyèm liy nan pou l rive nan dizyèm liy nan, l ap soti nan: Emil.. pòm nan
    - Twazyèm moso istwa a ap soti nan dizyèm liy nan pou l rive nan kenzyèm liy nan: Emil renmen.. tablèt yo.

### Tablèt nwa (1)

-Emil ale vizite matant Lina. Lè li rive, matant Lina fè li kado yon tablèt ki fèt ak nwa. Emil mande matant Lina ki kote li jwenn bon tablèt sa a. Matant Lina reponn se li ki prepare li avèk nwa. Emil mande ki kote li jwenn nwa a.

-Matant Lina reponn se nan pòm peyi ke li jwenn nwa a. Emil pa konnen pòm peyi. Matant Lina ale nan lakou a epi li montre Emil 7 pye pòm peyi. Pandan yo anba pye pòm yo, yon pòm tonbe. Matant Lina lave pòm nan epi li retire nwa a, apre sa li bay Emil manje pòm nan.

-Emil renmen gou pòm nan anpil. Apre sa, li di matant Lina li bezwen yon pye pòm peyi nan teren lakay li a. Matant Lina fè Emil kado kat pake semans pou li ka plante pòm nan teren lakay li a ak twa lòt tablèt nwa. Emil kontan anpil. Li pote semans yo bay papa l, epi li bay manman li tablèt yo.

### 2. Reponn kesyon (5 mn)

- ☞ Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**
  - ☞ Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon

### Seri kesyon 1 (2 mn)

- ☞ 1. Ki kote istwa a pase ?
- 2. Sou kisa istwa a pale ?
- 3. Kisa matant Emil ba li ?

4. Kiyès ki te bay Emil kado a?
5. Kisa Emil di matant li? Kisa matant li reponn li?

### Seri kesyon 2 (2 mn)

6. Konbyen pye pom peyi ki genyen nan lakou a?
7. Èske Emil konnen kisa yon pom peyi ye?
8. Kisa matant Emil fè?
9. Kisa ki te pase pandan yo chita anba pye pom peyi a?
10. Kisa matant Emil fè lè pom nan tombe a?

### Seri kesyon 3 (2 mn)

11. Èske Emil renmen pom nan? Poukisa?
12. Ki bò Emil vle plante pye pom peyi a?
13. Poukisa Emil vle plante pye pom peyi a?
14. Konbyen semans pye pom peyi matant Emil fè li kado?
15. Kisa Emil fè avèk semans yo?

---

## Aktivite 6 Evalyasyon ( 2-3 mn)

### ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

Repons posib: (1) Nou te mete aprann li mo ak son bw, kw, lw, nw. (2) Nou te aprann ekri mo ki gen lèt bw, kw, lw, nw (3) Nou te aprann mo semans ak teren. (4) Nou te li istwa « Tablèt nwa (1) »

# Leson 68 pw, sw, tw, vw

## Objektif:


Dekouvri son konbinezon lèt /pw/, /sw/, /tw/, /vw/  
Ekri konbinezon lèt « pw, sw, tw, vw » byen.  
Ekri mo kout san fè fot  
Koute istwa, reponn kesyon.

## Materyèl:


Liv lekti, leson 68 paj  
Kaye egzèsis, leson 68 paj 245  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Oye! Oye!  
Tout elèv prese prese!  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè lèt ak konbinezon lèt sou tablo a : v, bw, ò, lw, v,mw,ò, kw,nw, bl, b,v,vl. Chwazi elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin li konòn doub yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin li konbinezon lèt yo sou tablo a ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure kote yo wè lèt "K" majiskil nan mo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri konbinezon lèt(pw, sw, tw, vw), Chèche sans mo epi koute istwa pouw reonn kesyon.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*



## Aktivite 2 Konsyans fonemik (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son konbinezon lèt /pw/, /sw/, /tw/, /vw/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo gen son konsòb doub /pw/, /sw/, /tw/, oubyen /vw/ leve pous nou anlè, si yo pa kòmanse ak son mwen di a mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
  - ☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son premye konbinezon lèt la se /pw/. Mo a se : pwa
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ Lòt mo a se : sanble
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: pwason, leve, kreye, pwofesè, manje, pwòch .
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.*
- ☞ Son dezyèm konbinezon lèt la se /vw /, Mo a se : vwa
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè*
- ☞ Lòt mo a se : bò.
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: vwazen, ekri, vwan, ale, vwayaj, lòt.
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm.*
- ☞ Fè menm jan pou tout rès konbinezon lèt yo (/sw/, /tw/).
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt ede l oubyen ede l ou menm*

### 2. Di son ak nou lèt nan mo (2 mn)

- ☞ *Ekri konbinezon lèt « /pw/, /sw/, /tw/, /vw/ » sou tablo a.*
  - Touche mo yo ki sou tablo a
  - Li mo yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ Non konbinezon lèt sa a se /pw/.
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo di son lèt yo epi di son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ Ki son konbinezon lèt sa ?/pw/.
  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la.*
    - Fè menm jan an pou tout lòt konbinezon lèt yo (/pw/, /sw/, /tw/, /vw/)*
    - Elèv yo di : vwa.*

### 2. Separe mo, kase mo silab pa silab

- ☞ Kounye a, nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a. Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di silab yo youn apre lòt :  
netwaye, vwazin, pwason, vwalye, zaboka, kap, televizyon, pwofesè, edikasyon, otobis, bibliyotèk.
  - ☞ *Felisite epi ankouraje elèv yo. Korije si nesesè.*

## Aktivite 3 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (10 mn)

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo. Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.

☞ **Men mo yo : pwen, swivan, twop, vwazen.**

pou chak mo ou di, fè elèv yo di tout lèt ki nan mo sa.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou ka li yo byen.**

Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li. (lekti sou tablo)

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo youn pa youn. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo ki sou tablo a pou chak elèv ka li.**

Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li. (Lekti sou tablo)

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

Ouvri livlekti a nan paj 91 la. Ekri # 91 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

### Lekti mo nan liv ( 8 mn).

Ouvri liv lekti a nan paj 90 la. Ekri # 90 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

☞ **Kounye a, nou pral li mo nan liv lekti a.**

Avan ou fè elèv yo li mo ki nan liy bis, ak liy chat la, fè yo idantifye imaj ki nan premye pati ki nan paj la, epi fè yo li mo yo, son pa son epi fè yo marye son yo pou yo li mo a byen vit.

☞ **Kounye a, nou pral idantifye imaj. Apre sa, n ap li lèt, silab ak mo yo son pa son, epi n ap marye son pou nou ka li mo ki mache ak imaj la byen vit.**

**Kiyès ki ka di klas la, ki premye imaj li wè ?**

Fè elèv mete dwèt sou imaj la pou li di kisa li ye.

☞ **Lè nou di « bwat » ki son nou tande.**

Repons

- Nou tande son : /bw/, son /a/ ak son /t/.

kw lw mw nw pw sw tw vw

s S è È k K en EN r R y Y on  
ON w W ò Ò b B v V

✈ bra vre bri voum sous pri plen  
pre plan plat krèm blan vlou

🐷 bwa kwa pwa vwa swa nwa twa  
vwal twòp bwat pwòp pwal

🌿 brase bloke bliye traka priye  
lakrè plase blayi trese pliye lakrè

👤 aswè lalwa bwote vwale kwoke nwasi  
batwèl vwayèl pwason bwason vwalye

👉 Mwa pase, Eli te plante pwa nan teren an.  
Twòp lapli tonbe: li ale ak semans pwa yo. Poutèt sa, pwa pa pouse.  
Ema ak Lina vin plante pwa ak Eli nan teren an.

Liv lekti 1 AF 91

Ekri chak son elèv yo di a, sou tablo ak 2 koulè lakrè diferan (Si posib). Apre sa a, fè yo li chak son yo, epi fè yo marye son yo li mo a byen vit.

Fè premye mo ak tout klas la. Apre sa, chwazi 5 elèv pou li 5 lòt mo yo. Si elèv sa yo gen difikilte, ede yo.

☞ **Nou pral li mo nan liy bis la ranje pa ranje.**

☞ Pase verifye si elèv yo ap li mo yo. Si genyen elèv ki gen difikilte, ede yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li mo yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas, swiv ak dwèt ansilans pandan lòt elèv la ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm ?**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 4 Dikte (18 mn)

Leson 68 Konsòn plis W bw, kw, lw, nw, pw, sw, tw, ww

3- Dikte (siv ekaplikasyon pwofesè a.)

Leson 68 Kombinezon lèt bw kw lw nw pw sw tw ww

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 246

☞ **Jodi a, nou pral pran dikte. Mwen ap di nou mo a epi nou ap ekri li nan kaye nou. Pran kaye egzèsis la nan paj 245.**

☞ Ouvri liv la nan paj 245 la. Ekri # 245 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase nan klas la pou verifye ke elèv yo pran kaye yo. Pase nan klas la pou verifye ke elèv yo pran kaye yo.

☞ **Epi nou ap ekri chak mo mwen di.**

☞ Bay elèv yo yon ti tan pou yo jwenn paj la. Mache nan klas la pou verifye.

☞ **bwat - pwòp - vwal - vwa - twa twòp- swa - nwa - lalwa - batwèl - bwote - vwalye - bwose kwoke - vwayèl - pwason - bwason**

☞ Pase nan klas la pou verifye si elèv yo ap pran dikte a. Apre sa kontinye ak mo sa yo.

☞ **M ap li mo yo yon dezyèm fwa pou nou, koute byen pou n ka ekri yo: bwat - pwòp - vwal - vwa - twa twòp- swa - nwa - lalwa - batwèl - bwote - vwalye - bwose kwoke - vwayèl - pwason - bwason**

☞ Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo yo, epi pase nan ranje yo pou ou verifye si elèv app ran dikte a. fè yo pran liv lekti a fè yo ale nan liy palmis la ak liy anana a pou yo ka korije mo yo mal ekri yo. Di elèv yo pase yon trè sou mo ki mal ekri a epi ekri mo a byen bò kote l.

☞ **Nou te ekri mo, kounye a nou pral ekri yon fraz. Mwen ap li fraz la 3 fwa pou nou. M ap li fraz la dousman. Nou pare ?**

**Vwazin matant Eli a renmen pwason anpil. (li ankò)**

**Vwazin / matant/ Eli a /renmen pwason /anpil. (li ankò)**

**Vwazin/ matant Eli a /renmen pwason /anpil. Pran yon ti tan pou nou ekri li. Mwen pral li fraz la ankò. Vwazin matant Eli a / renmen pwason anpil.**


☞ Bay elèv yo yon ti tan pou yo ekri fraz la. Li fraz dousman pou ti mounn yo ka byen ekri fraz la.

☞ **Byen. Kounye a, nou pral korije ansanm. Mwen pral chwazi 3Elèv ki pou vin ekri fraz la sou tablo a.**

☞ Chwazi 3 elèv, apre sa korije ak klas la. Verifye si fraz la byen ekri


## Aktivite 5 Vokabilè (7 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral revize vokabilè nou te aprann nan leson anvan an yo. Nan leson anvan an, nou te travay sou mo semans. Kiyès ki ka di m kisa mo semans a vle di ?

 Chwazi 3 fi ak 3 gason . N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay vrè sans mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon. Bay elèv yo tan pou yo reponn kesyon an.

### 2. Dezyèm mo a se: teren

- ☞ Nan leson anvan an, nou te travay sou mo teren. Kiyès ki ka di m kisa mo teren vle di ?

 Chwazi 3 fi ak 3 gason . N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay vrè sans mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

## Ativite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)

### 1. Koute istwa

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.

 Fè de premye elèv yo kanpe pou lekti a.

- ☞ Nou pare? Kòmanse !

 Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo.

*Dekoupe istwa a an plizyè moso epi mete elèv yo 2 pa 2 pou yo li yon moso istwa. Asire w ke yo suiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekòde mo si yo gen difikilte.*

*- Premye moso ap soti nan premye liy nan pou rive nan sizyèm nan : Emil.. nwa a .*



*- Dezyèm moso a ap soti nan sizyèm liy nan pou l rive nan dizyèm liy nan, l ap soti nan : Emil.. pòm nan*

*- Twazyèm moso istwa a ap soti nan dizyèm liy nan pou l rive nan kenzyèm liy nan : Emil renmen.. tablèt yo.*

### Tablèt nwa (1)


Emil di papa li konsa se matant Lina ki ba li semans yo pou li ka plante pòm. Papa Emil pran semans yo li mete yo nan yon depo. Nan demen Emil ak papa li leve bonè epi yo plante semans yo nan teren an. Semans yo pouse. Apre kèk tan, yo fè bèl pye pòm. Toutan Emil al chita anba pye pòm yo pou l pran van. Pye pòm yo donnen. Manman Emil fè tablèt avèk nwa yo, epi li sèvi tablèt nwa kòm desè souvan. Manman Emil apresye esperyans lan. Li di matant Lina mèsi.

## 1. Reponn kesyon

-  *Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.*
- ☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**
  -  *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon*
- ☞ **1. Kisa Emil di papa li?  
2. Kisa papa Emil te fè ak semans yo?  
3. Kiyès ki te fè tablèt ak nwa yo?  
4. Ki lè Emil manje tablèt yo?  
5. Kisa Emil konn al fè anban pye pòm yo?**

---

### Aktivite 7 An n fè yon ti teyat (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral mete nan gwoup 3 elèv eseye imajine sa istwa a rakonte. Yon moun ap jwe Emil, youn ap jwe papa Emil epi lòt la ap jwe manman li. Pran yon ti tan pou repete epi apre sa m ap chwazi kèk gwoup pou vin prezante devan klas la. Apre sa nou pral chwazi kiyès ki fè li pi byen. N ap gade kijan nou pale, kisa nou di epi si nou itilize tout enfòmasyon istwa a.**
  -  *Bay elèv yo 5 mn pou yo prepare ti dyalog sa. Apre sa chwazi 4 gwoup pou vin prezante devan klas la. Lè yo fin prezante, mande klas la chwazi ki prezantasyon yo renmen plis epi bat bravo pou yo.*

---

### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib :

Repons posib : (1) Nou te mete aprann li mo ak son pw, sw, tw, vw. (2) Nou te aprann ekri mo ki gen lèt pw, sw, tw, vw (3) Nou te aprann mo semans ak teren. (4) Nou te li istwa « Tablèt nwa (1) »

# Leson 69

## Objektif:


Rekonèt mo ki ale ak imaj  
Ranje lèt nan lòd pou ekri mo ki fè sans  
Koute istwa pou reponn kesyon

## Materyèl:

Liv lekti paj 92.  
Kaye egzèsis paj 246,  
crayon, gòm, kaye bouyon, adwaz.

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

#### 1. Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Nan peyi m gen anpil bèl Mèvèy,  
Gen fò Sitadèl,  
Gen Palè Sansousi,  
Peyi mwen bèl anpil !

- ☞ Jodi a, nou nou pral revize sa nou te wè deja, rekonèt mo ki ale ak imaj, ranje lèt nan lòd pou ekri mo ki gen sans , koute istwa pou reponn kesyon.

### Activite 2 Konsyans Fonemik (15 mn)


#### 1. Devine mo

- ☞ Nan kaye nou, fè desen yon imaj ki kòmanse ak konbinezon son /b/ avèk /w/.

 Chwazi 12 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Pase nan mitan elèv yo. Mande yon fi ak yon gason pou di epi montre klas la imaj yo fè. Fè menm jan an tou pou lèt kw, lw.

### Aktivite 3 An n jwe ak imaj (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral jwe ak imaj. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

 Ouvri kaye a nan paj 246 nan egzèsis # 1. Ekri # 246 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

- ☞ Kounye a, nou pral korije egzèsis la. Mwen pral chwazi kèk nan nou pou fè koreksyon an. Nou pral li 3 mo ki anba imaj la epi di mwen kiyès nou chwazi. Premye a, dezyèm nan oubyen twazyèm nan. Nou pare ? Kiyès ki vle kòmanse

☞ Chwazi twa fi ak twa gason pou fè koreksyon egzèsis sa a. Verifye si yo li mo yo byen. Si yo fè erè mande klas la dabò pou korije avan ou korije ou menm.

### Egzèsis # 2 (5 mn)

- ☞ Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple epi ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo. Men kèk lòt mo : lalwa, bwote, vwale, kwoke.

☞ Di mo yo youn apre lòt epi bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo. Pase gade travay elèv yo epi korije si nesèsè. Kounye, nou pral itilize lèt pou nou ekri mo. Ale nan kaye egzèsis la toujou nan paj 246. Fè egzèsis nimewo 2 a. Ouvri kaye a nan paj 246 nan egzèsis # 2. Ekri # 246 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.







☞ Toujou li konsiy nan ak elèv yo. Apre elèv yo fin ak egzèsis la, di yo

- ☞ Kounye a, nou pral korije egzèsis la. Kiyès ki vle pataje mo li jwenn yo? Di mo nou an epi apre sa eple mo a epi fè yon fraz ak li.

☞ Denyè mo a gen 2 posibilite: vale (ki nan liv la) oubyen lave (ki pa nan liv la). Chwazi yon elèv pou chak mo.

Peryòd Revizyon Leson 69

1- Antoure mo ki mache ak chak imaj.

		
vète aktivite	ravin vonnon elèv	vakans vakans avyon
		
bètrav liv wòb	sèvyèt vis lavabo	ravèt lariyè fevriye

2- Ranje lèt yo nan lòd pou ekri yon mo ou konnen.

evye, vole, valè, vale

e e y v                    evye \_\_\_\_\_  
l e v o                    \_\_\_\_\_  
l v a è                    \_\_\_\_\_  
v e l a                    \_\_\_\_\_

246 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Aktivite 4 Vokabilè (10 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### 1. Premye mo a se: « maten »

- ☞ Leve men nou si nou konnen mo “maten”. Kiyès ki ka eksplike sa “maten” an ye? Nan ki moman nou konn tande mo “maten”?

☞ Chwazi yon fi ak yon gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesèsè.

- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, maten vle di: “premye pati nan kòmansman yon jounen, anvan midi”.

Egzanp : Eli prale lavil demen maten.

Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la, mande li kisa li konn fè lè maten.

☞ Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo.

- ☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad yo di yo?

☞ Chwazi twa pè elèv epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

#### 2. Dezyèm mo a se: « ravin ».

- ☞ Leve men nou si nou konnen mo “ravin”. Kiyès ki ka di kisa yon “ravin” ye? Kijan li fèt? Nan ki moman nou konn tande mo “ravin”?

☞ Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesèsè.

- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a, ravin vle di: « espas natirèl kote dlo koule sitou lè gen lapli ».

☞ Chwazi yon fi ak yon gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesèsè.

- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo ravin.

☞ Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon fi ak yon gason pou di fraz yo te fè a.

## Aktivite 5 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (18 mn)

### 1. Prediksyon dapre tit

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

☞ *Ekri tit istwa a sou tablo a, epi di :*

- ☞ Tit istwa jodi a se: Ivon sove Erik. Kisa tit sa a fè nou panse? Kisa ki pral pase nan istwa a dapre nou?

☞ *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.*

Repons posib

(1) Erik ap gen yon pwoblèm, li ap tonbe epi Ivon zanmi li ap sove li. (2) Erik ap pè, gen yon chen mekan ki pral mode li epi gran frè li Ivon ap sove li. (3) ...

### 2. Li istwa

- ☞ Nan lesan anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a, nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil. Nou pral li istwa. Ouvè liv la nan paj 92 peryòd revizyon lesan 69.

☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 92 nan lesan 69 la. Ekri # 92 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj lekti a ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj lekti ak ou. Pandan elèv yo ap li, pwofesè a pase gade si y ap suiv ak dwèt yo. Lè elèv yo fin li istwa, pwofesè a ap chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.*

#### Ivon sove Erik

Yon maten, Erik te ap kouri nan lakou a. Pye Erik pran nan labou. Li tonbe nan yon ravin. Ivon te ap pase tou pre a. Lè li wè sa, Ivon prese bay Erik men. Li rale Erik monte byen vit. Erik kontan Ivon sove li. Li remèsye Ivon. Ivon reponn: «Erik, mwen kontan sove ou. Petèt yon lè, se ou ki va sove mwen».


### 3. Reponn Kesyon

☞ *Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.*

- ☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.

☞ *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon*

- ☞ 1. Ki tit istwa a?
- 2. Kilè istwa a pase?
- 3. Ki kote Ivon ak Erik te ap kouri?
- 4. Kisa ki te pase Erik?
- 5. Kisa Ivon fè pou l sove Erik?
- 6. Kòman Erik te santi li epi kisa li te di Yvon?
- 7. Kisa Ivon te reponn?
- 8. Èske Ivon ak Erik te 2 bon zanmi? Poukisa?
- 9. Èske Ivon te fè yon bon aksyon?





#### 4. Verifye prediksyon

- ☺ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?
  1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou li istwa a.
    - ☺ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*
  2. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?
    - ☺ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason epi verifye, ankouraje, osinon korije chak repons. Bay elèv yo tan pou reponn.*
- ☺ Kiyès nan istwa yo nou renmen plis? Sa nou te imajine a oubyen sa nou li a? Poukisa?
  - ☺ *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou bay repons yo. Apre sa di yo mèsè dèske yo pataje opinyon yo ak klas la.*

---

#### Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- ☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

Repons posib :

  - (1) Nou te rekonèt mo ki ale ak imaj. (2) Nou te ranje lèt nan lòd pou ekri mo ki fè sans
  - (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute epi li istwa : « Ivon sove Erik ».

# Leson 70


## Objektif:

- Ranje mo nan lòd pou ekri fraz
- Fè prediksyon dapre tit oubyen dapre imaj.
- Koute istwa pou reponn kesyon

## Materyèl:

- Liv lekti paj 93.
- Kaye egzèsis paj 247,
- crayon, gòm, kaye bouyon, adwaz

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo repete apre ou.*


- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Denye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Nan peyi m gen anpil bèl Mèvèy,  
Gen fòtrès Sitadèl,  
Gen Palè Sansousi,  
Peyi mwen bèl anpil !


- ☞ Jodi a, nou nou pral revize sa nou te wè deja, ranje mo nan lòd, fè prediksyon dapre tit oubyen imaj, koute istwa pou reponn kesyon.

### Aktivite 2 Konsyans fonemik (15 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a: kanpe, kite, anpè, veterinè, lekti, santiman, kase. Mwen pral di yon lèt. Nou pral chwazi yon mo sou tablo a ki gen lèt sa a. Lèt la se (è).

 *Chwazi yon elèv pou bay repons lan. Ede li si nesèsè. Kontinye avèk lèt k, s, an, p. Chwazi yon elèv pou reponn chak mo yo. Pa kite elèv yo chwazi mo ki chwazi deja.*

### Aktivite 3 Pwononse non lèt ki nan yon mo (5 mn)


 *Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo. Pou chak mo, touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.*

- ☞ Men mo yo: kontan, renmen, aswè, solèy, kap, klas.

### Aktivite 4 Ekri mo ak fraz.

- ☞ Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple epi ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo nan kaye bouyon nou.

An n ekri mo: orevwa = /o/ /r/ /e/ /v/ /w/ /a/. Men kèk lòt mo : fwi, bri, pwent, travay, istwa, souliye, ekri, lalwa.

 Di mo yo youn apre lòt epi bay timoun yo tan pou ekri chak mo. Pase gade travay elèv yo epi korije si nesesè.

## Egzèsis # 1 (10 mn)

Peryòd Revizyon Leson 70

1- Mete mo yo nan lòd pou ou fòme fraz.

pile - Lila - ap - piman.

Lila ap pile piman.

veterinè. - Erik - yon - se

travay - anpil. - yo - ap - Timoun

Peryòd Revizyon Leson 70


Kay egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 247

 **Kounye a, nou pral fè yon egzèsis. Nou pral mete mo nan lòd pou fòme fraz .**

**Yon fraz se yon gwoup mo ki ranje nan lòd epi ki fè sans.**

 *Pwofesè a ap fè egzèsis la ansanm ak elèv yo.*

**Pran kaye egzèsis la. Ouvri li nan paj 247. Nou pral fè egzèsis nimewo 1 an.**

 *Ouvri kaye a nan paj 247 nan egzèsis # 1. Ekri # 247 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifiye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou. Ekri egzansp la sou tablo a epi fè li ak elèv yo. pile-Lila- ap- piman.*

**Kiyès ki ka di mwen kisa pou mande tèt ou lè wap mete yon fraz nan lòd? Kijan pou nou Chèche premye mo a?**

Repons posib

(1) Chèche mo ki gen lèt majiskil la.

**Byen, nou konnen yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil. Ki mo ki gen lèt majiskil la?**

Repons posib :

Lila

**Byen apre sa kijan pou nou kontinye?**

Repons posib

(1) Cheche kisa k ap fèt. (2) Cheche mo aktivite k ap fèt la.

**Byen, ki elèv k ap di mwen sa Lila ap fè?**

Repons posib:

(1) Pile. (2) Ap pile.

**Byen. Nou gen de mo : « ap » epi « pile ». Kiyès ki vin avan lòt? Èske nou di pile ap oubyen ap pile?**

ap pile.

**Byen. Kounye a, nou konnen Lila ap pile. E apre sa? Kijan pou nou fini fraz la?**

(1) Chèche mo ki gen pwen an sou kote li. (2) Chèche kisa Lila ap pile. (3) Chèche mo di vle di yon bagay moun pile.

**Byen, kisa Lila ap pile? Ki mo ki rete ? ki mo ki gen pwen an sou kote li?**


**Ki mo k ap fini fraz la?**


Piman


**Trè byen. Piman se sa Lila ap pile, se mo ki gen pwen an sou kote li. Nou konnen se li k ap fini fraz la. Kounye a, kiyès ki ka li fraz la pou mwen.**

(1) Lila ap pile piman.

**Nou fè sa trè byen. Kounye an n fè koreksyon**

 *Pandan elèv yo ap travay ekri mo yo an dezòd sou tablo a. Lè elèv yo fini, mande yon elèv vin korije devan klas la pandan l ap bay eksplikasyon sou kijan li fòme fraz li a.*

 **Kounye a, an n korije ansanm. Mwen pral chwazi yon elèv pou vin sou tablo a pou mete fraz la nan lòd pandan li ap bay eksplikasyon. Kiyès ki vle vin sou tablo?**

 Chwazi elèv ki poko patisipe pou fè egzèsis sa a.

## Aktivite 5 Vokabilè (10 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### 1. Premye mo a se: « kap ».


☞ Leve men nou si nou konnen mo kap. Kiyès ki ka eksplike sa yon kap ye? Nan ki moman nou konn tande mo kap?

 Chwazi yon fi ak yon gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.


☞ Nan istwa nou pral li jodi a, kap vle di: “jwèt timoun ki fèt ak bwa kòk ki kouvri ak plastik oubyen papyè fen, li gen ke ki fèt ak twal epi yo monte anlè ak fil lè gen van”.

Egzanp: Alina ap monte kap.

☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo kap.

 Bay elèv yo tan pou fè fraz yo.

☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad yo di yo?

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

### 2. Dezyèm mo a se: « plas ».

☞ Leve men nou si nou konnen mo « plas » la. Kiyès ki ka di kisa yon plas ye? Kijan li fèt? Nan ki moman nou konn tande mo plas la?

 Chwazi 1fi ak 1gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

☞ Nan istwa nou pral li jodi a, plas vle di: « gran espas kote gen bèl pyebwa, bèl plant taye, ban, chemen trase avèk kare lakou kote granmoun kapab pwomennen epi kote timoun kapab jwe ».

 Chwazi 1 fi ak 1gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.


☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo “plas”.

 Bay elèv yo tan pou fè fraz yo epi chwazi 1fi ak 1 gason pou di fraz yo te fè a.


## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (18 mn)

### 1. Prediksyon dapre tit

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak tit istwa a pou devine sa ki pral pase nan istwa a.

 Ekri tit istwa a sou tablo a, epi di :

☞ Tit istwa jodi a se « Lola ap monte kap ».

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn kesyon an . Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

### 2. Li istwa

☞ Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a, nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil. Nou pral li istwa. Ouvè liv la nan paj 93 peryòd revizyon leson 70.


Peryòd Revizyon Leson 69 ak 70


Lola ap monte kap



Lola se yon timoun nevan. Li renmen kap anpil. Li montre anpil timoun nan katye a monte kap. Ivan nouvo nan katye a. Lola ba li yon bèl kap. Ivan pa konnen kòman pou li monte kap. Lola pral montre li monte kap pi ta. Ivan kontan paske li pral monte kap. Solèy la resi bese. Lola ak Ivan pral monte kap sou teren an.

Peryòd Revizyon Leson 69 ak 70


 Ouvri liv lekti a nan paj 93 nan leson 70 la. Ekri # 93 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj lekti a ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj lekti ak ou. Pandan elèv yo ap li, pwofesè a pase gade si y ap suiv ak dwèt yo.

 -Lè elèv yo fin li istwa, pwofesè a ap chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.


### Lola ap monte kap


Lola se yon timoun nevan. Li renmen kap anpil. Li montre anpil timoun nan katye a monte kap. Ivan nouvo nan katye a. Lola ba li yon bèl kap. Ivan pa konnen kòman pou li monte kap. Lola pral montre li monte kap pita. Ivan kontan paske li pral monte kap. Solèy la resi bese. Lola ak Ivan pral monte kap sou teren an.

### 3. Reponn kesyon

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

 **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon*

-  **1. Ki tit istwa a?**
- 2. Ki laj Lola genyen?**
- 3. Kisa Lola renmen fè?**
- 4. Kisa Lola fè pou timoun ki sou katye kote li rete a?**
- 5. Ki timoun ki nouvo sou katye a?**
- 6. Kisa Lola montre Ivan fè?**
- 7. Ki lè Ivan monte kap li a?**
- 8. Ki kote Lola ak Ivan pral monte kap?**


### 4. Verifye prediksyon

 **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?**


**1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

 **2. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?**

 *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason epi verifye, ankouraje, osinon korije chak repons. Bay elèv yo tan pou reponn.*

 **Kiyès nan istwa yo nou renmen plis? Sa nou te imajine a oubyen sa nou li a? Poukisa?**

 *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou bay repons yo. Apre sa di yo mèsè dèske yo pataje opinyon yo ak klas la.*

## Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**

Repons posib :

(1) Nou te ranje mo nan lòd pou ekri fraz (2) Nou te aprann fè prediksyon dapre tit oubyen dapre imaj (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute epi li istwa : « Lola ap monte kap ». (5) Nou te aprann ekri mo ak fraz.

# Leson 71

## Objektif:


Ranje silab nan lòd pou fòmè mo.  
Dekouvri nouvo mo nan istwa.  
Fè prediksyon dapre tit

## Materyèl:


Kaye egzèsis paj 248, kreyon nwa, gòm, wòch, mamit, gode, pòt, tab, biwo, tanbou.

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)





### 1. Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo repete apre ou.*
- ☛ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Denye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Oye! Oye!  
Tout elèv prese prese!  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye!

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sa yo sou tablo : pwa, pwav, toutswit, swen, twati, twalet, vwazen, vwalye.*
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure konbinezon lèt « pw », « sw », « tw » nan mo ki sou tablo a.*
- ☛ **Antoure konbinezon lèt « pw », « sw », « tw » nan mo ki sou tablo a?**
  -  *Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☛ **Mande elèv yo jwenn 2 mo ki kòmanse ak konbinezon lèt « sw » ak 2 lòt mo ki kòmanse ak konbinezon lèt « tw ». Si yo gen difikilte, chwazi kèk lòt elèv pou reponn, korije ansanm.**
  -  *Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan kaye egzèsis la nan paj 196 no. 1, no. 2*

## Aktivite 2 Ekri silab ki mo ak fraz (10 mn)

☞ Ekri mo sa yo davans sou tablo a : karate – Makawoni– kola – kalmason – krikèt – zandolit.

- ☞ Kounye a, nou pral ekri silab ki nan mo ak nan fraz. Suiv egzanp sa a : Pwason, nan mo pwason nou jwenn de silab : pwa – son. Kiyès ki ka bay yon egzanp yon lòt mo tankou m sot fè a .

☞ Bay elèv yo tan pou reponn si yo pa konprann konsiy lan, eskplike yo ankò.

- ☞ N ap fè menm jan ak mo sa yo : karate – Makawoni– kola – kalmason – krikèt – zandolit.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin dekoupe premye mo an silab epi di konbyen silab ki nan mo a. Chwazi kèk lòt elèv yo pou vin dekoupe epi di konbyen silab ki nan mo ki sou tablo a.

Peryòd Revizyon Leson 71

1- Ekri silab yo nan lòd pou ou fè yon mo ou konnen.

bòl	fout	vlòp	an
rad	kan	ma	yèl vwa
swa	pa	pò	ye wo a
kans	va	bli	tèk bi yo

248 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis #1 (6 mn)

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

☞ Ouvri kaye a nan paj 248 a egzèsis # 1 an. Ekri # 248 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Ekri silab yo nan lòd pou ou fè yon mo ou konnen.

☞ Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye silab mo a dwe kòmanse a. verifye si elèv yo fè sa w mande a.

- ☞ Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Repete premye mo ke elèv yo ta dwe fòme a epi mande yo :

- ☞ Èske mo mwen repete la se bon mo a ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak mo yo pou ka verifye si elèv yo jwenn bon mo a epi di yo efase mo yo te ekri a si li pa t bon mo a. Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo verifye vrè mo yo, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

## Aktivite 3 Vokabilè (7-8 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo “pasyans”. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo “pasyans”? Èske ou konn kisa “pasyans” vle di ? Kijan nou wè yon moun ki gen “pasyans”?

☞ Bay elèv yo tan pou reponn :  
... (2)... (3)...

- ☞ Pasyans : « Kalite yon moun genyen pou li tann avèk kalm san li pa enève, san li pa move ».

Egzanp : Mwen pa renmen chita tann moun ki anreta, mwen pa gen

pasyans. / Gran frè mwen an li menm li toujou gen pasyans pou li tann yon moun san li pa move.

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "pasyans". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo pasyans.*

☞ **Dezyèm mo a se "mis". Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo "mis"? Èske ou konn kisa "mis" vle di ?**

*Bay elèv yo tan pou reponn :  
... (2) ... (3)...*

☞ **Mis: "Fi ki diplome nan lekòl enfimye ki la pou bay malad swen ak respekte tout sa medsen an di li fè pou malad la. Genyen gason tou yo rele enfimye ki fè menm travay sa a."**

**Egzanp: Tout tifi yo vle ranpòte konkou mis bote ki pral fèt nan lekòl la.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "mis". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo mis.*

## Aktivite 5 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (18 mn)

### 1. Prediksyon dapre tit (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak tit oswa istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. Tit istwa jodi a se « Yon bon pasyan ». Ak kisa tit istwa a sa fè nou panse ? Kisa nou panse ki pral pase nan istwa a ?**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.*

Repons posib :

(1) Mwen panse istwa a pral pale de lopital. (2). De moun ki malad nan lopital. (3). De yon malad ki fè tout sa mis lopital la mande li fè.


### 2. Li istwa (10 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li istwa 2 pa 2. Nou pral nan liv lekti a nan paj 94. Lè nou fin li 2 pa 2, chak elèv ap li pou kont li, sa vle di n ap li pou konprann, n ap li byen. Apre sa, nou pral reponn kesyon sou istwa a.**

*Ouvri liv lekti a nan paj 94 nan leson 71 la. Ekri # 94 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj lekti a ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj lekti ak ou. Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di lè youn ap li pou lòt, ankouraje elèv la byen epi vit.*

Peryòd Revizyon Leson 71 ak 72

Yon bon pasyan



Yè maten, Eli pa te santi li twò byen. Li pat ka respire. Li ale nan lopital ki bò lakay li a. Nan lopital la, se Mis Ketina ki pran swen li. Eli se yon bon pasyan. Li obeyi mis la. Li bwè siwo epi li pran piki san plenyen. Kèk moman apre, Eli kòmanse respire pi byen. Li retounen lakay. Eli pa bliye kòman Mis Ketina te okipe li.



94 Liv lekti 1 AF

### Yon bon pasyan



Yè maten, Eli pa te santi li twò byen. Li pat ka respire. Li ale nan lopital ki bò lakay li a. Nan lopital la, se Mis Ketina ki pran swen li. Eli se yon bon pasyan. Li obeyi mis la. Li bwè siwo epi li pran piki san plenyen. Kèk moman apre, Eli kòmanse respire pi byen. Li retounen lakay. Eli pa bliye kòman Mis Ketina te okipe li..



### 3. Reponn kesyon (3 mn)

-  *Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.*
- ☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**
  -  *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon*
- ☞ **1. De kisa istwa a pale?**  
Repons posib:  
(1) Sou Eli ak mis Ketina. (2). Eli ki al lopital. (3) Sou jan mis Ketina pran swen Eli.
- 2. Poukisa Eli te al lopital?**
- 3. Kisa doktè a te mande mis Ketina?**
- 4. Èske Eli te santi li byen?**
- 5. Kisa mis Ketina te bay Eli?**
- 6. Èske l te bay pwoblèm pou bwè siwo a?**
- 7. Poukisa Eli kontan?**
- 8. Poukisa li pral retounen lakay li?**
- 9. Poukisa Eli pa bliye mis Ketina?**

### 4. Verifye prediksyon (3 mn)

- ☞ **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?**
  - 1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
    -  *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*
- ☞ **2. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?**
  -  *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.*
- ☞ **Èske sa nou te imajine ki pral pase nan istwa a te rive?**

### Aktivite 6 Evalyasyon (2-3 mn)

- ☞ **Kisa nou te aprann nan lesan jodi a?**  
Repons posib:  
(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa « Yon bon pasyan ». (4) Nou te aprann sa mo panye vle di.

# Leson 72

## Objektif:


Ekri mo dikte san fot.  
Li ak reponn kesyon istwa.  
Fè prediksyon dapre tit.

## Materyèl:


Liv lekti leson 72, paj 94, 95.  
Kaye egzèsis paj 249.

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)



### 1. Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Oye! Oye!  
Tout elèv prese prese!  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye!


 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)


-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin fè konkou jwenn silab nan mo. Ekri mo sa yo sou tablo a: tablo – kaye – palè – kolibri – kowosòl – palmis – koton – kafe – almanak – pitimi.*
- ☞ **Di silab ki nan mo sou tablo a?**
-  *Chwazi fi ak gason pou fòm ekip (2), ekip ki jwenn plis silab nan mo yo, genyen koukou a. Chwazi kèk lòt elèv ki vle vin di ki kantite silab ki nan mo sa yo: Marabou – soulye – radyo – kolye – kapital – Ayiti – balon – maraton – chokola. Felisite tout elèv yo ki te patisipe nan konkou a. Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan kaye egzèsis la nan paj 196 no. 1, no. 2*








## Aktivite 2 Ekri son nan mo (10 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a: kamarad, retounen, santiman, aktivite, kòmpanse, sware, blayi, travay. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn. Chwazi elèv ki gen difikilte pou repete son nan mo.*
- ☞ **Mwen pral di kèk mo epi nou pral di son ki nan mo a. Premye mo a se kamarad. ki son nou jwenn nan mo kamarad?**


 *Pran repons elèv yo si yon elèv fè erè, mande yon lòt elèv di son nan mo, apre sa di elèv ki t ka di son, pou li di son ki nan mo a. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo patisipe.*

### Aktivite 3 Dikte ( 15 mn )



- ☞ **Jodi a, nou pral pran dikte. Mwen ap di nou mo a epi nou ap ekri li nan kaye nou. Pran kaye egzèsis la nan paj 249.**
  -  *Ouvri liv la nan paj 249 la. Ekri # 249 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase nan klas la pou verifye ke elèv yo pran kaye yo. Pase nan klas la pou verifye ke elèv yo pran kaye yo.*
- ☞ **Epi nou ap ekri chak mo mwen di.**
  -  *Bay elèv yo yon ti tan pou jwenn paj la. Mache nan klas la pou verifye.*
- ☞ **travay – repwoudi – swe – brav – bliye – tranble – plim- lapli - anvelòp**
  -  *Pase nan klas la pou verifye si elèv yo ap pran dikte a. Apre sa kontinye ak mo sa yo.*
- ☞ **M ap li mo yo yon dezyèm fwa pou nou, koute byen pou n ka ekri yo : travay – repwoudi – swe – brav – bliye – tranble – plim- lapli - anvelòp**
  -  *Bay timoun yo tan pou ekri chak mo yo, epi pase nan ranje yo pou verifye si elèv yo ap pran dikte a. fè yo pran liv lekti a fè yo ale nan liy palmis la ak liy anana a pou yo ka korije mo yo mal ekri yo. Di elèv yo pase yon trè sou mo ki mal ekri a epi ekri mo a byen bò kote l.*
- ☞ **Nou te ekri mo, kounye a nou pral ekri yon fraz. Mwen ap li fraz la 3 fwa pou nou. M ap li fraz la dousman. Nou pare ?**  
**Demen, Ana ak Eli pral etidye nan bibliyotèk la. (li ankò)**  
**Demen/ Ana ak Eli/ pral etidye / nan bibliyotèk la. (li ankò)**  
**Demen/ Ana ak Eli/ pral etidye / nan bibliyotèk la. Pran yon ti tan pou nou ekri li. Mwen pral li fraz la ankò. Demen/ Ana ak Eli/ pral etidye / nan bibliyotèk la.**
  -  *Bay elèv yo yon ti tan pou ekri fraz la. Li fraz dousman pou ti mounn yo ka byen ekri fraz la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm, ale nan yon lòt paj nan kaye egzèsis la nan paj 249 no.2. Korije mo nou pa t byen ekri yo.**
  -  *Verifye si elèv yo ap ekri mo yo byen. Apre sa, chwazi kèk elèv pou eple mo yo sot ekri yo. Bay elèv 2 mn pou ekri mo yo.*
- ☞ **Kiyès elèv ki ka eple byen fò premye mo li sot korije a ?**
  -  *Si elèv la pa ka eple mo a, chwazi yon lòt elèv, apre sa mande elèv ki pa t ka eple mo a byen, pou li eple mo a ankò. Chwazi kèk lòt elèv pou eple mo yo sot korije yo. Chwazi fi ak gason. Chwazi elèv ki gen difikilte pou li mo a byen epi vit. Ankouraje yo li byen epi vit.*

### Aktivite 4 Vokabilè (7-8 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo “malen”. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo “malen”? Èske ou konn kisa “malen” vle di ? Kijan yon moun ki “malen” ye ?**
  -  *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(1) ... (2)... (3)...

- ☞ Malen : “Ki gen fent, ki ka soti tèt li nan yon sityasyon ki difisil san ou pa ka kenbe l. Ki rive franchi tout obstak.”

**Egzanp : Emil malen anpil.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo “malen”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo malen.

- ☞ Dezyèm mo a se “krik ! krak”. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo « krik ! krak ! » ? Èske ou konn kisa « krik ! krak ! » vle di ?

☞ Bay elèv yo tan pou reponn :  
(1)... (2) ... (3)...

- ☞ « Krik ! Krak ! » vle di “mo yon moun k ap rakont istwa di. Se toujou lè istwa a pral kòmanse moun k ap rakonte istwa a di krik ! epi moun k ap koute istwa repete krak ! Moun k ap rakonte istwa konn di krik ! krak ! tou pou li fè moun k ap koute istwa plis sou sa.”

☞ Egzanp : Grann mwen toujou kòmanse istwa kont yo ak krik ! krak / Tout moun renmen di krak ! lè yo tande krik !  
Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo “krik krak”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo krik ! krak !.

## Aktivite 5 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo

### 1. Prediksyon dapre tit (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak tit oswa istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. Tit istwa jodi a se « Liv istwa tonton Loran an ». Ak kisa tit istwa a sa fè nou panse ? Kisa nou panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

Repons posib :

(1) Mwen panse Tonton Loran genyen yon bèl liv istwa tan lontan. 2). Tonton Loran renmen rakonte timoun istwa. 3. Tonton Loran konn li istwa chak swa pou neve li yo.

### 2. Li istwa (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.

☞ Envite 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a.

- ☞ Nou pare ? Kòmanse !


☞ Pandan y ap li, pase verifeye si lòt elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo. Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di lè youn ap li pou lòt, ankouraje elèv la byen epi vit.

### Liv istwa Tonton Loran an


Krik! Krak! Se konsa Tonton Loran kòmanse.  
Li pral li yon istwa. Liv li a plen bèl istwa. Yè,  
li te li istwa Bouki. Kounye a, li ap li istwa  
Malis. Tonton Loran rakonte kòman Malis

malen. Betina vle konnen istwa ti poul la.  
Li pa konnen si li nan liv la. O o ! Tonton Loran  
wè istwa tout bèt nan liv la.

### 3. Reponn kesyon (3 mn)

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon

☞ **1. Kijan istwa a kòmanse ?**

**2. Nan ki moman nou konn tande Krik ! Krak ?**

**3. Ki sa tonton Loran fè anvan li kòmanse li istwa a ?**

**4. Kijan liv tonton Loran ap li a ye ?**

**5. Ki istwa tonton Loran te li yè ?**

**6. Ki istwa tonton Loran ap li jodi a ?**

**7. Dekri kijan Malis ye ?**

**8. Kisa Betina ta renmen konnen ?**

**9. Èske liv tonton Loran an gen anpil istwa ? Ki istwa yo ye ?**


### 4. Verifye prediksyon (3 mn)

☞ **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ?**

**1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.

☞ **2. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.

---

## Aktivite 6 Evalyasyon (2-3 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib:**

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa « Liv istwa tonton Loran an ». 4. Nou te aprann sans mo malen ak krik ! krak ! vle di.

# Leson 73 g G Gr

## Objektif:

Dekouvri son ak non lèt miniskil /g/ ak konbinezon lèt miniskil /gr/.

Idantifye lèt miniskil « g » ak konbinezon lèt miniskil « gr » pami plizyè senbòl.

Ekri lèt miniskil « g » ak konbinezon lèt miniskil « gr » byen.

Dekri yon imaj an detay

Fè prediksyon sou istwa dapre tit

Li ak reponn kesyon sou istwa.

## Materyèl:


Liv lekti, leson 73 paj 96- 97

Kaye egzèsis, leson 73 paj 250-253

Kreyon, gòm ak kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo repete apre ou.*

- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Fanmi m se pa m.  
Frè m ak sè m,  
Manman m, papa m,  
Granmè m, granpè m,  
Se fanmi m.


 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

 *Ekri silab mo sa yo an dezòd sou tablo a. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin jwenn mo apati silab ki nan mo. Ekri mo sa yo sou tablo a:*

*blo – ta ; ye – ka ; lè-pa ; bri- li-ko ; sòl – wo – ko ; mis-pal ; ton-ko ; fe-ka ; nak-ma-  
al ; mi-ti-pi.*

- ☞ **Di ki mo nou fòme ak silab ki sou tablo a?**

 *Chwazi fi, chwazi gason, ekip ki jwenn plis silab nan mo yo, genyen konkou a. Felisite tout elèv yo ki te patisipe nan konkou a.*

*Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan kaye egzèsis la nan paj 196 no. 1, no. 2*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

Leson 73 ak 74 g G gr



gato grenad gita mango

on On w W ò Ò b B v V

vwa plis nwa mwa lwen boul vwal sans twòp mwen bwat plen plan

ge gòl gen gèp gan gou gon gri gra gre grè grès

maten lekòl brase prese istwa twalèt vwayèl polisye polisyon respekte

gato lago lage grenad gason goute gratis galeri galata gripe genyen

Betina genyen anpil travay aswè a. Gen twa wanganègès sou pye flanbwayan an. Emil ak paran li yo pral Gonayiv. Mina pote twa mango pou ti sè li yo.


- ☞ Ouvri liv la nan paj 96 la. Ekri # 96 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ Jodi a, nou pral jwe ak imaj ki nan liv lekti a. Ale nan liv lekti a, nan paj 96 . An n gade 4 desen ki nan kòmansman liv la byen.
- ☞ Verifye si elèv yo ap pase paj liv la byen.
- ☞ Èske tout elèv jwenn paj 96 ki nan liv la ?
- ☞ Vire liv la epi montre elèv yo paj 96 . Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.
- ☞ Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.
- ☞ Montre klas la desen yo, epi di :
- ☞ Mete lendèks nou sou desen ki reprezante gato a ?
- ☞ Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.
- ☞ Mete lemajè nou sou desen ki reprezante grenad la ?
- ☞ Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.
- ☞ Mete lanilè nou sou desen ki reprezante gita a ?
- ☞ Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.
- ☞ Mete lorikilè nou sou desen ki reprezante mango a ?
- ☞ Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.
- ☞ Fè egzanp sa a pou elèv yo : Di ki son nou tande nan premye mo ki nan imaj la ?
- ☞ Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.
- ☞ Vire liv la pou elèv yo ka wè desen w ap touche a. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.
- ☞ Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman 4 mo nou sot di yo ?
- ☞ Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.
- ☞ Son yo se /g/ ak /gr/.  
Jodi a, nou pral aprann son /g/ ak son /gr/.

## Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)


### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son miniskil /g/ ak son miniskil /gr/. M ap pwononse son yo epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /g/. Leve pous nou anlè si li kòmanse ak son /g/, mete de men nou sou ban an si li pa kòmanse ak son lèt /g/. Èske nou konprann ?
- ☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ Son an se /g/. Mo a se : Galon
- ☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ Lòt mo a se : Kapon.
- ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.

- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: gòl, lang, gan, pantan, goute, flè, gason, manje, gèp, chapo, gato.

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

- ☞ Lòt son an se /gr/. Mo a se: Gripe


 Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.

- ☞ Lòt mo a se: Kagou.

 Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.

- ☞ An n kontinye ak kèk lòt mo: gratis, lat, koulè, grenad, grenpe, kolòn, fiyèl, gri.

## 2. Pwononse son lèt ak non lèt (2 mn)


 Ekri son lèt miniskil /g/ ak son konbinezon lèt miniskil /gr/ sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt /g/ ak son konbinezon lèt /gr/.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Li son lèt /g/ byen fò pou tout klas la.

- Li son konbinezon lèt /gr/ byen fò pou tout klas la.

- ☞ Son lèt sa se /g/.

 Touche son lèt /g/ pou elèv yo, mande yo repete son lèt /g/ ansanm avèk ou. Poze elèv yo kesyon sa a:

- ☞ Ki son sa a? /g/.


 Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.

- ☞ Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt miniskil « g ».


 - Touche lèt « g » sou tablo a

- Pwononse non lèt « g » byen fò pou tout klas la.


- ☞ Non lèt sa a se “g” miniskil.

 Touche lèt la sou tablo a pou elèv yo, mande elèv yo repete non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:

- ☞ Ki non lèt sa “g” miniskil. ?

 Chwazi kèk elèv pou di “non lèt « g »”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « g » miniskil. Touche lèt « g » yon denye fwa pou elèv yo.


- ☞ Son konbinezon lèt sa se /gr/.

 Touche son konbinezon lèt /gr/ pou elèv yo, mande yo repete son konbinezon lèt /gr/ ansanm avèk ou. Poze elèv yo kesyon sa a:

- ☞ Ki son sa a /gr/ ?


 Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.

- ☞ Kounye a, nou pral aprann pwononse non konbinezon lèt miniskil «gr».


 - Touche konbinezon lèt « gr » sou tablo a

- Pwononse non konbinezon lèt « gr » byen fò pou tout klas la.

- ☞ Non konbinezon lèt sa a se “gr” miniskil.

 Touche lèt la sou tablo a pou elèv yo, mande elèv yo repete non konbinezon lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:

- ☞ Ki non konbinezon lèt sa “gr” miniskil. ?

 Chwazi kèk elèv pou di “non konbinezon lèt « gr »”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non konbinezon lèt sa a se « gr » miniskil. Touche konbinezon lèt « gr » yon denye fwa pou elèv yo.



## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (2 mn)

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: *g, i, r, g, n, g, e, g, S.*

Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "g" miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "g". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "g" sou tablo a pou klas la.

☞ Èske se lèt "g" miniskil elèv la antoure ?

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "g" miniskil yo.

Leson 73 g

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

g	t	g	d	m	e
e	g	t	g	ou	t
an	t	g	d	g	i
t	g	n	g	ch	e

Leson 73 g

2- Antoure lèt g miniskil yo.

g b a g l y w g p i d t

s g r i o g b v g p l z f

v ò g v b n g v n g v f

g v w b g v è g v g n

250 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (4-5 mn)

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis ou pral fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan pan 250 menm paj avèk mwen.

☞ Ouvri kaye a nan paj 250 nan egzèsis # 1. Ekri # 250 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib : Yon lèt « g » miniskil

☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :

☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "g" miniskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "g" nan. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (6 mn)

☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "g" ak konbinezon lèt "gr". Toujou nan paj 250 la, nan kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 250 la, nan egzèsis # 2 a.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "g" miniskil ak konbinezon lèt "gr" ki menm jan ak modèl la.

☞ Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.


☞ Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

3- Antoure imaj kote nou tande son /g/ yo.



4- Antoure lèt miniskil **g** nan chak mo.



gato    gèp    gita    mango

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 251

☞ Èske lèt sa a se lèt “g” miniskil ? Èske lèt sa a se konbinezon lèt “gr” miniskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt « g » oubyen konbinezon lèt « gr ». Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 3 (3-4 mn)

☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /g/ ak /gr/. Nou prale nan paj 251 kaye egzèsis la, nan nimewo 3 a.

☞ Ekri # 251 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /g/ ak /gr/.

☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?

☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /g/ ak /gr/. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3-4 mn)

☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt “g” ak konbinezon lèt “gr”. Toujou nan paj 251 la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 251 la ak nan egzèsis # 4 la.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure kote nou wè lèt miniskil “g” ak konbinezon lèt “gr” miniskil nan chak mo.

☞ Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan an.

☞ Antoure menm jan ak premye modèl la, tout kote nou wè lèt miniskil “g” ak konbinezon lèt “gr” miniskil nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo antoure lèt miniskil g ladan l. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (10 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.


### 1. Lekti sou tablo


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*


### 2. Lekti nan liv


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 96 la. Ekri # 96 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

Leson 73 ak 74      g G gr

  
gato

  
grenad

  
gita

  
mango

on On w W ò ò b B v V

vwa plis nwa mwa lwen boul vwal  
sans twòp mwen bwat plen plan

ge gòl gen gèp gan gou gon gri gra  
gre grè grès

maten lekòl brase prese istwa twalèt  
vwayèl polisye polisyon respekte










gato lago lage grenad gason goute  
gratis galeri galata gripe genyen

► Betina genyen anpil travay aswè a.  
Gen twa wanganègès sou pye flanbwayan an.  
Emil ak paran li yo pral Gonayiv  
Mina pote twa mango pou ti sè li yo.





96      Liv Mèt la A.F.

## Aktivite 6 Ekri lèt miniskil (5 mn)







### 1. Ekri lèt « g » miniskil ak dwèt nou nan lè, sou ban (3-5min)

-  *Ekri lèt yo sou tablo menm jan ak egzèsis kaye a nan paj 252, nimewo 5. Ekri sou liy, fonse epi dwat. Avan ou mande elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo ekri lèt "g: minikilt ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo ekri nan lè, lèt miniskil "g".*
-  **Kounye a, nou pral ekri lèt « g » miniskil nan lè ak dwèt nou. Gade jès mwen ap fè pou m ekri lèt "g" anlè, apre sa n ap fè menm jan avèk mwen.**
-  *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
-  **Toudabò, mwen fè yon wonn tou piti tankou yon « a » miniskil, apre sa mwen fè yon liy vètikal kole ak pwen « a » anlè desann anba vire agoch.. Kounye a, fè menm jan avèk mwen pandan m ap ekri lèt miniskil « g » nan lè.**
-  *Mande elèv yo ekri lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe yon jan pou elèv yo ka wè jès w ap fè pou trase lèt la nan lè, verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
-  **Toudabò, mwen fè wonn tou piti tankou yon « a » miniskil, apre sa mwen fè yon liy vètikal kole ak pwen « a » anlè desann anba vire agoch.**
-  *Mande elèv yo ekri lèt « g » a sou ban an.*
-  **Kounye a, nou pral ekri lèt miniskil «g» ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
-  *Verifye si tout elèv ap ekri lèt miniskil « g » ak dwèt yo sou ban an.*


### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)

-  *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egèsisi la. Ekri lèt miniskil « g » menm jan ak egzèsis paj 252, no 5 ki nan kaye a.*
-  **Kiyès ki ka vin ekri lèt "g" sou liy ki sou tablo a.**
-  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt miniskil "g" sou liy sou tablo a. Si elèv yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*
-  **Toudabò, Mwen fè wonn tou piti tankou yon « a » miniskil, apre sa mwen fè yon liy vètikal kole ak pwen « a » anlè desann anba vire agoch.**

### 3. Ekri lèt "g" miniskil nan kaye bouyon.

-  *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt miniskil « g ». Fè yon ezanp sou tablo pou elèv yo.*
-  **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt miniskil « g » Suiv modèl ki sou tablo a, ekri byen epi lizib.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt miniskil « g » ak kreyon nan kaye bouyon an. Si gen elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou yo.*
-  *Fè elèv yo ekri konbinezon lèt "gr" nan kaye bouyon yo. Montre yo li sou tablo a.*
-  **N ap kontinye ekri konbinezon lèt "gr" nan kaye bouyon yo. Suiv modèl ki sou tablo a, ekri byen epi lizib.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap ekri konbinezon lèt miniskil « gr » ak kreyon nan kaye bouyon an. Si gen elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou yo.*

### Egzèsis # 5 Ekri lèt, mo ak fraz (10 mn)

-  *Ouvri kaye egzèsis la nan paj 252, no 5. Ekri paj 252, no 5 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 252 no 5. Chwazi kèk elèv pou li lèt yo. Lè yo fini,*

5- Kopye lèt yo, mo yo ak fraz la sou liy kaye a.

Leson 73 g

gen

genyen

Mwen genyen sèt lane.

252 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li.

Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo.

☞ **Ekri lèt ki pa fonse a ak kreyon an, suiv modèl lèt ki fonse a.**

☞ *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #253 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 253 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « g » miniskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye konbinezon lèt “gr” nan liy anba a menm jan ak lèt “g” miniskil la.*

*Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 253 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

☞ **Kounye a, an n korije ansanm.**

☞ *Pase verifye si tout elèv yo te byen ekri fraz yo, si gen elèv ki gen difikilte, mande l pou ekri fraz yo nan ti kaye bouyon li anvan li ekri yo nan kaye egzèsis la.*

*Verifye si elèv yo ap li mo yo byen.*



## Aktivite 7 Vokabilè (7-8 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo “prekosyon”. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo “prekosyon”? Èske ou konn kisa “prekosyon” vle di ?**

☞ *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(1) ... (2)... (3)...

☞ **Prekosyon vle di: “Atansyon ou pran pou evite fè yon bagay oubyen di yo bagay ou pa t dwe fè osinon ou pa t dwe di.”**

☞ *Egzanp : Mwen pa renmen joure moun, mwen pran prekosyon pou m di sa ki bon.*

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo “prekosyon”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo prekosyon.*

☞ **Dezyèm mo a se twotwa. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo twotwa ? Èske ou konn kisa twotwa vle di ?**

☞ *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(1) ... (2) ... (3)...

☞ **Twotwa vle di : « Espas ki rezève nan yon wout pou moun mache ».**


☞ *Egzanp : Machin nan pèdi wout li, li ateri sou twotwa kote moun yo t ap mache.*

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo “twotwa”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo twotwa.*

## Aktivite 8 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn )

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou devine sa ki pral pase nan istwa a. Gade imaj la byen. Ak kisa imaj sa fè nou panse ? Kisa nou wè nan imaj la ? Kisa nou wè dèyè tifi ki nan imaj la ? Ki lòt moun nou wè nan imaj la ? Kisa yo ap fè ?


 Chwazi 2 elèv (1 fiak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

#### Repons posib :


- (1) Mwen wè ti fi ak inifòm lekòl sou li. (2) Ti fi a ap mache, dèyè do li gen yon legliz.
- (3) Mwen wè machin wouj ki bò legliz la. (4) Mwen wè tou yon machann ki chita ak yon treto bò legliz la. (5) Mwen wè yon mesye k ap pase bò legliz la. (6) Mwen wè plizyè lòt timoun ki pral lekòl.

### 2. Li istwa (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.

 Envite 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a.


- ☞ **Nou pare ? Kòmanse !**

 Pandan y ap li, pase verifeye si lot elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo. Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di lè youn ap li pou lòt, ankouraje elèv la byen epi vit.


#### Gabi pral lekòl (1)

Gabi se yon timoun setan. Chak maten, Gabi ale lekòl a pye. Manman li leve li byen bonè. Gabi prepare li. Lè li pare, li pran wout lekòl la. Sou wout la, li pran anpil prekosyon. Li gade byen avan li travesè lari a. Li rete sou bò lari ki gen plis twotwa. Se sa manman li konseye li tou.

### 3. Reponn kesyon

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

- ☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.


 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

- ☞ 1. Kisa Gabi fè chak maten anvan li ale lekòl ?
- 2. Kilè Gabi pran wout lekòl la ?
- 3. Èske Gabi pran anpil prekosyon lè li ap travèse lari a ? Poukisa ?
- 4. Poukisa se bò goch lari a Gabi rete ?
- 5. Kisa ou fè chak maten anvan ou ale lekòl ?
- 6. Ak kiyès ou ale lekòl ?

#### 4. Verifye prediksyon (3 mn)

☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?

1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

☞ 2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?

 *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mandeklas la korije si nesesè.*

## Aktivite 9 Evalyasyon (2-3 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa « Gabi pral lekòl ». (4) Nou te aprann sans mo prekasyon vle di ak sa mo twotwa vle di. (5) Nou te aprann son /g/. (6) Nou te aprann ekri lèt « g » miniskil. (7) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a.



# Leson 74 g G

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt majiskil / G/.  
Idantifye lèt majiskil « G » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt majiskil « G » byen.  
Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.  
Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 74 paj 96-97  
Kaye egzèsis, leson 74 paj 254-257  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)



### 1. Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Fanmi m se pa m.  
Frè m ak sè m,  
Manman m, papa m,  
Granmè m, granpè m,  
Se fanmi m.


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*




### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a: Gato – pawòl – galon – melon- Grimas – fanal – griji – kago – Gaz – malen – gaspiye. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure lèt miniskil « g » nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Antoure lèt « g » miniskil nan mo ki sou tablo a?**
-  *Chwazi fi, chwazi gason pou fè egzèsis la. Felisite tout elèv yo ki te patisipe nan konkou a.*







## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)



- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son majiskil /G/. M ap repete son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /G/. Leve pous nou anlè si li kòmanse ak son /G/, mete de men nou sou ban an si li pa kòmanse ak son lèt /G/. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /G/. Mo a se: Gaspard**

-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lèt mo a se : Polin.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: Gòl, Lang, Gan, Pantan, Goute, Flè, Gason, Manje, Gèp, Chapo, Gato.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*



## 2. Pwononse son lèt ak non lèt 2 mn)

-  *Ekri lèt "G" majiskil ak lèt « k » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : (« k » ak « G »). Fè yo repete son lèt /k/ miniskil la avan.*  
-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa se /g/, son lèt sa tou se /G/.**
-  *Touche son lèt /G/ pou elèv yo, mande yo repete son lèt /G/ ansanm avèk ou. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son sa a? (/g/). - Ki son lèt sa tou? (/G/).**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /g/ ak son /G/ se menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete non lèt yo (« G », « g »).**
-  *- Touche lèt « G » ak lèt « en » sou tablo a*  
- Pwononse non lèt « G » byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa se "g" miniskil. Non lèt sa se « G » majiskil**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa? ("g"). Ki non lèt sa? (« G »).**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « g » ak lèt « G ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.*

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (2 mn) ejo

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo : A, EN, K, G R, g, T, G, t, v, ò, g, k, G.*  
*Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt « G » sou tablo a. Lè yo fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la elèv yo antoure. Si se pa bon lèt, chwazi lòt elèv pou vin antoure lèt majiskil « G ». Elèv ki te gen difikilte pou antoure lèt la, lè lòt elèv yo fin antoure lèt la, mande li al antoure bon lèt la ankò. Apre sa di :*
- ☞ **Èske se lèt majiskil « G » elèv la te antoure ?**
-  *Sonje site non elèv la lè w ap poze li yon kesyon. Chwazi kèt lòt elèv pou vin antoure lèt majiskil « G » sou tablo a.*

## Egzèsis # 1 (6 mn).

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Nou pral antoure lèt « G » majiskil pami lèt ki nan kaye egzèsis la. Nou pral sévi ak egzansp ki agoch egzèsis la pou fè sa. Ale nan kaye egzèsis nan paj 254 nan nimewo 1.**
-  *Ouvri kaye a nan paj 254 nan egzèsis # 1. Ekri # 254 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « G » ki menm ak sa ki agoch la ?**

Leson 74 G

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

G	T	G	D	M	E	
E	G	T	G	O	T	
A	N	T	G	D	G	I
T	G	N	G	C	E	

2- Antoure lèt G majiskil yo.






ⓐ B A G H Y W G P I D T

S G R I O G B V G P L Z F







V Ò G V B N G V N G V F

G V W B G V È G V G N




254 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

-  Mande elèv yo pou gade egzanz lan byen pou ka fè egzèsis la.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Repete non lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Ki lèt nou te antoure nan bwat la ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn si yo fè erè bay yo repons la.
- ☞ **Chwazi lòt elèv pou di ki lèt yo te antoure yo ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn, si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv reponn, apre sa di elèv ki te fè erè a korije lèt ki mache ansanm ak san ki antoure agoch la.

**Egzèsis # 2 (6 mn).**

- ☞ **Nou pral antoure lèt « G » majiskil yo. Nou pral sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 254, nimewo 2.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 254 la, nan egzèsis # 2.
  - ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt « G » majiskil yo ?**
  -  Mande elèv yo gade lèt yo byen epi antoure lèt ki majiskil « G » yo. Mande yo suiv premye egzanz lèt ki antoure nan premye liy lèt yo.
  - ☞ **Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt nou te antoure nan premye liy lèt yo ?**
  -  Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.
  - ☞ **Di ki lèt nou te antoure nan dezyèm liy lèt yo ?**
  -  Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.
  - ☞ **Di ki lèt nou te antoure nan twazyèm liy lèt yo ?**
  -  Bay elèv yo tan pou reponn epi korije ansanm.
- Kontinye menm jan ak lèt ki nan katryèm liy lèt yo. Poze menm kesyon pou lèt nou te antoure nan katryèm liy lan.

**Egzèsis # 3 (8 mn).**

- ☞ **Nou pral antoure lèt majiskil « G » nan mo. Ale nan kaye egzèsis nan paj 255 nan nimewo 3.**
-  Ouvri kaye a nan paj 255 nan egzèsis # 1. Ekri # 255 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 255 la, nan egzèsis # 5.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « G » nan chak mo .**
-  Mande elèv yo gade egzanz premye mo a byen, mande yo suivi egzanz sa a pou fèt lòt yo.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 4 mn pou fè egzèsis # 3 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki mo nou te antoure ki gen lèt majiskil « G »?**

3- Antoure lèt majiskil **G** nan chak mo.






4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

k w g on ò b v

G ON Ò W V K B

Aktivite lib

---



---



---



---

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 255

3- Antoure lèt majiskil **G** nan chak mo.

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

k w g on ò b v

G ON Ò W V K B

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 255

*Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.*

**Egzanp :** Dezyèm mo mwen antoure ki gen lèt majiskil « **G** » ladan l se: Gèp.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

**Di ki mo nou te antoure ki gen lèt majiskil « G » ladan l ?**

*Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Pase verifye si elèv yo ap antoure mo ki gen lèt majiskil « G » ladan l. Korije ansanm, ekri tout mo ki gen lèt majiskil « G » ladan, mande elèv korije si yo pa t antoure mo sa yo.*

### Egzèsis # 4 (8 mn).

☞ **Nou pral konekte lèt oubyen lèt. Ale nan kaye egzèsis nan paj 255 nan nimewo 4.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 255 la, nan egzèsis # 4.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki menm yo.**

*Mande elèv yo gade epi suiv premye egzanp lèt ki konekte a.*

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 4 mn pou fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt oubyen ki lèt miniskil ak lèt majiskil nou te konekte ?**

*Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.*

**Egzanp :** premye mwen te konekte se g\_\_\_G.

☞ **Di ki lèt oubyen lèt miniskil ak majiskil nou te konekte ankò ?**

*Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Pase verifye si elèv yo ap konekte bon lèt yo ansanm, lèt miniskil ak majiskil yo ansanm. Konekte tout lèt ak tout lèt ki menm sou tablo a pou elèv yo,*

### Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (5 mn)

#### 1. Li mo kout vit epi byen.

*Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.*

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo yo sou tablo a ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou ka li yo byen.**

*Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.*

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo sou tablo a youn pa youn. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo pou chak elèv ka li.**

*Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.*

#### 2. Lekti nan liv

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a. Nou pral li mo kout vit epi byen. Ouvri liv lekti a nan paj 96.**

*Ekri # 96 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Ouvri liv lekti a nan paj 96 la. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.*

**☞ Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

*☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

*- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.*

*- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.*

*- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*

**Aktivite 5 Ekri lèt G majiskil (15 mn)**

**1. Trase lèt «G» majiskil ak dwèt nou nan lè, sou ban (3-5 min)**

*☞ Trase kèk liy sou tablo, kite yon liy vid apre chak lèt ou fin ekri sou premye liy la. Ekri sou liy, fonde epi dwat. Avan w mande elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo ekri lèt « G » majiskil ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo ekri nan lè, lèt majiskil "G".*

**☞ Kounye a, nou pral ekri lèt majiskil « G » nan lè ak dwèt nou. Gade jès mwen ap fè pou m ekri lèt "G" majiskil nan lè, apre sa n ap fè menm jan avèk mwen.**

*☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*

**☞ Toudabò, Mwen fè yon demi sèk vire sou bò dwat, apre sa nan pwent anba mwen fè yon liy vètikal kout ki prèske fèmèn demi sèk la. Kounye a, fè menm jan avèk mwen pandan m ap ekri lèt majiskil « G » an lè.**

*☞ Mande elèv ekri lèt la nan lè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe yon jan pou elèv yo ka wè jès w ap fè pou trase lèt la nan lè, verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*

**☞ Toudabò, Mwen fè yon demi sèk vire sou bò dwat, apre sa nan pwent anba a, mwen fè yon liy vètikal kout ki prèske fèmèn demi sèk la.**

*☞ Mande elèv yo ekri lèt majiskil « G » a sou ban an.*

**☞ Kounye a, nou pral ekri lèt majiskil « G » ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**

*☞ Verifye si tout elèv ap ekri lèt majiskil « G » ak dwèt yo sou ban an.*

**2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)**

**☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "G" sou tablo a sou liy sa yo?**

*☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "G" majiskil sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*

**☞ Toudabò, Mwen fè yon demi sèk vire sou bò dwat, apre sa nan pwent anba mwen fè yon liy vètikal kout ki prèske fèmèn demi sèk la.**

**3. Ekri lèt "G" majiskil nan kaye bouyon.**

*☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « G » majiskil.*

**☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "G" majiskil.**

*☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

**G** 5- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

G

G

Leson 74 G

Gabi ak Lina prale nan bibliyotèk.

Gen twa wanganègès sou pyebwa a.

256 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 5 Ekri lèt G majiskil (8 mn).

- ☞ Nou pral kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a. Ale nan kaye egzèsis nan paj 256 nan nimewo 5.

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 256 la. Ekri # 256 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si elèv yo ap kopye lèt yo ak fraz yo byen. Ankouraje elèv yo ekri lèt yo ak fraz yo bien, mande yo ekri sou liy kaye a, mande yo ekri byen lizib. Koutinye ak agzèsis nimewo 6 ki nan paj 256 la. Mande elèv yo kopye fraz yo sou liy kaye a.



### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #257 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 257a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « k » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 257 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

### Aktivite 6 Revizyon Vokabilè (7-8 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral retounen sou istwa nou te li anvan an. Nan istwa pase a, nou te aprann kèk sans mo vokabilè. Èske nou sonje ki mo nou te aprann yo? Kiyès ki ka di pou klas mo nou te aprann yo? Kisa mo prekosyon vle di?

☞ Bay elèv yo tan pou reponn:  
(1)... (2)... (3)...

- ☞ Trè byen, Prekosyon vle di: « Atansyon pou pa fè yon bagay oubyen di yon bagay apre ou ka regret. Kiyès elèv ki ka fè yon fraz ak mo prekosyon epi eksplike fraz li a?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "prekosyon". Mande elèv yo eksplike sa fraz la vle di ak pwòp mo pa yo.

- ☞ Nou te aprann yon dezyèm mo nan istwa anvan, kiyès ki sonje dezyèm mo a?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn pami sa ki leve men yo.

- ☞ Byen nan istwa anvan nou te aprann mo twotwa. Kiyès ki ka di kisa twotwa vle di?

☞ Pran repons elèv yo, epi di:

- ☞ Kiyès elèv ki ka fè yon fraz ak mo twotwa epi eksplike fraz li a?

☞ Pran tout repons elèv, korije elèv ki fè fraz san vèb, fraz ki twò kout. Ankouraje yo fè fraz long epi ki gen sans. Felisite tout elèv yo paske yo te byen patisipe.

## Aktivite 7 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou devine sa ki pral pase nan istwa a. Gade imaj la byen. Ak kisa imaj sa fè nou panse? Kisa nou wè nan imaj la? Kisa nou wè deyè tifi ki nan imaj la? Kisa nou wè lòt moun nou wè nan imaj la? Kisa yo ap fè? Ki kote istwa pral pase?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fiak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

Repons posib :

- (1) Mwen wè ti fi ak inifòm lekòl sou li.
- (2) Ti fi a ap mache, deryè do li gen yon legliz.
- (3) Mwen wè machin wouj ki bò legliz la.
- (4) Mwen wè tou yon machann ki chita ak yon treto bò legliz la.
- (5) Mwen wè yon mesye k ap pase bò legliz la.
- (6) Mwen wè plizyè lòt timoun ki pral lekòl.
- (7) Istwa ap pase nan lari a, sou wout lekòl la.

### 2. Li istwa (10 mn)

- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 97. Ekri # 97 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2 nan paj 97, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, dezyèm elèv la ap li pou li tou.

☞ Invite 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a.

- ☞ **Nou pare? Kòmanse!**

☞ Pandan y ap li, pase verifeye si lot elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo. Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di lè youn ap li pou lòt, ankouraje elèv la byen epi vit.

#### Gabi pral lekòl (1)

Gabi se yon timoun setan. Chak maten, Gabi ale lekòl a pye. Manman li leve li byen bonè. Gabi prepare li. Lè li pare, li pran wout lekòl la. Sou wout la, li pran anpil prekosyon. Li gade byen avan li travesè lari a. Li rete sou bò lari ki gen plis twotwa. Se sa manman li konseye li tou.

### 4. Reponn kesyon


## Aktivite 8 Reponn kesyon (3 mn)

☞ Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

- ☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.



Gabi se yon timoun setan. Chak maten, Gabi ale lekòl a pye. Manman li leve li byen bonè. Gabi prepare li. Lè li pare, li pran wout lekòl la. Sou wout la, li pran anpil prekosyon. Li gade byen avan li travesè lari a. Li rete sou bò lari ki gen plis twotwa. Se sa manman li konseye li tou.

 *Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la. Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon*

- ☞ 1. De Kiyès istwa a pale ?
- 2. Ki rad Gabi te mete ? Pou kisa se rad sa Gabi te mete ?
- 3. Imajine kisa Gabi te fè pou li prepare tèt li avan li ale lekòl ?

**Repons posib :**

(1) Li te leve bonè. 2) Li pran sèvyèt li, bwòs ak pat epi savon. 3) Li ale benyen. 4) Li siye kò li. 5) Li bwose cheve li. 6) Li mete dewodoran ak poud. 7) Li mete inifòm sou li. 8) Li mete ba oswa chosèt ak soulye li. 9) Gabi verifye si liv li, kaye ak kreyon li nan sak li.

4. Èske Gabi konn travèse lari byen ? Poukisa ?

5. Ki sa manman li konseye li ?


### 5. Verifye prediksyon (3 mn)

- ☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

- ☞ 2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ?

 *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesèsè.*

## Aktivite 9 Evalyasyon (2-3 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te li istwa « Gabi pral lekòl ». (4) Nou te aprann sans mo prekosyon vle di ak sa mo twotwa vle di. (5) Nou te aprann son /g/. (6) Nou te aprann ekri lèt « G » majiskil. (7) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a.



# Leson 75 f

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt miniskil / f/.  
Idantifye lèt miniskil « f » pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt miniskil « f » byen.  
Fè prediksyon sou istwa dapre tit  
Li ak konprann istwa

## Materyèl:

Liv lekti, leson 75 paj 98-99  
Kaye egzèsis, leson 75 paj 258-261  
Kreyon, gòm ak kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin


 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Fanmi m se pa m.  
Frè m ak sè m,  
Manman m, papa m,  
Granmè m, granpè m,  
Se fanmi m.


 Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) youn apre lòt. Retounen nan liv lekti a nan paj 97. Mande premye elèv la li premye fraz istwa l ap kòmanse li apati « Lematen... Pou rive nan tèt li ». Dezyèm elèv la ap li dezyèm fraz istwa a, li ap kòmanse li apati « Lè li pare pou rive nan lekòl la ». Twazyèm elèv la ap kòmanse li apati « Sou wout la... pou rive nan lari a... Katryèm elèv la ap kòmanse li apati « Li rete... pou rive nan li konseye li ».

Pase verifye si rès elèv yo ap li epi touche chak mo yo ak dwèt yo.

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)





 Ouvri liv la nan paj 98 la. Ekri # 98 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.

- ☞ Jodi a, nou pral jwe ak imaj ki nan liv lekti a. Ale nan liv lekti a, nan paj 98. An n gade 4 desen ki nan kòmansman liv la byen.

 Verifye si elèv yo ap pase paj liv la byen.

- ☞ Èske tout elèv jwenn paj 98 ki nan liv la ?

Leson 75 ak 76 f F

w w ò ò b b v v g g

gen gou vin bay bon vwa bab bri boul mwen  
vlou bwat twòp

fi fèt fòt fab fòl fil fou fèm fen

vwayèl kabrit kantite veritab prekosyon  
bibliyotèk wanganèges

fete farin fatra fanmi fèmen famasi farinen  
farinay

► Premye janbye sè fèt peyi mwen.  
Pwofèsè a vle nou li fò nan klas la.  
Fanye ap kouri sou twotwa a. Li vle rive lekòl la  
a lè.  
Fanmi elèv yo kòmanse rive pou fèt la.  
Nan klas Anita a gen ven elèv.

58 Liv lekòl 1<sup>er</sup> A.F.

- ☞ *Vire liv la epi montre elèv yo paj 98. Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
  - ☞ **Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.**
    - ☞ *Montre klas la desen yo, epi di :*
  - ☞ **Mete lendèks nou sou desen ki reprezante fèy yo?**
    - ☞ *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*
  - ☞ **Mete lemajè nou sou desen ki reprezante fig la ?**
    - ☞ *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*
  - ☞ **Mete lanilè nou sou desen ki reprezante foumi yo ?**
    - ☞ *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*
  - ☞ **Mete lorikilè nou sou desen ki reprezante fil la ?**
    - ☞ *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*
- Fè egzanz sa a pou elèv yo : Di ki son nou tande nan premye mo ki nan imaj la ?*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
    - ☞ *Vire liv la pou elèv yo ka wè desen w ap touche a. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
  - ☞ **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman 4 mo nou sot di yo?**
    - ☞ *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
  - ☞ **Son an se /f/.**
    - ☞ *Jodi a, nou pral aprann son /f/.*

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt miniskil /f/. M ap repete son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di si mo sa yo kòmanse ak son lèt miniskil /f/. Leve pous nou anlè si li kòmanse ak son lèt /f/, mete de men nou sou ban an si li pa kòmanse ak son lèt miniskil /f/. Èske nou konprann ?**
  - ☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Mo a se : Fanal**
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : Kanal.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: Pawòl, fanatik, Leyogàn, Fò Jak, Kanaval, fanmi, koulè, fritay, dantèl, final, kapitèn, fiyèl, jèn, falèz.**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Pwononse son lèt ak non lèt 2 mn)

- ☞ *Ekri son lèt miniskil /f/ sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt miniskil /f/.  
- Li son lèt /f/ byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Son lèt sa se /f/.**
  - ☞ *Touche son lèt /f/ pou elèv yo, mande yo repete son lèt /f/ ansanm avèk ou.*

Poze elèv yo kesyon sa a :

- ☞ **Ki son sa? /f/.**
  - ☞ Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt majiskil « f » .**
  - ☞ - Touche lèt « f » ak lèt « en » sou tablo a
  - Repete non lèt « f » byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se “f” miniskil.**
  - ☞ Touche lèt la sou tablo a pou elèv yo, Mande elèv yo di non lèt yo epi di non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki non lèt sa? « f » miniskil.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt « f »”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « f » majiskil. Touche lèt « f » yon denye fwa pou elèv yo.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (2 mn)

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: f, i, r, f, n, f, e, f, S.

Chwazi kèk elèv vin antoure lèt “f” miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “f”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “f” sou tablo a pou klas la.

- ☞ **Èske se lèt “f” miniskil elèv la antoure ?**

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt “k” miniskil yo.

### Egzèsis # 1 (6 mn).

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis ou pral fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

- ☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « f » pami lèt ki nan kaye egzèsis la. Nou pral sèvi ak egzanp ki agoch egzèsis la pou fè sa. Ale nan kaye egzèsis nan paj 258 nan nimewo 1.**

☞ Ouvri kaye a nan paj 258 nan egzèsis # 1. Ekri # 258 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 258 la, nan egzèsis # 1.

- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « f » ki menm ak sa ki agoch la ?**

☞ Mande elèv yo gade egzanp lan byen pou ka fè egzèsis la.

- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Repete non lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

- ☞ **Ki lèt nou te antoure nan bwat la ?**

Leson 75 f

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

f	y	e	f	è	s
e	l	f	è	f	s
a	v	f	z	t	f
s	f	è	f	è	e

Leson 75 f


2- Antoure lèt f miniskil yo.

Ⓣ b a f l y w f p i d f

s f r i o f b v t p l z f

f ò g f b n g f n g v f

f v w f g v è g v f n

258 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

- ☞ Bay elèv yo tan pou reponn si yo fè erè bay yo repons lan.
- ☞ **Chwazi lòt elèv pou repete ki lòt yo te antoure yo ?**
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn, si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv reponn, apre sa di elèv ki te fè erè korije lòt ki mache ansanm ak san ki antoure agoch la.

### Egzèsis # 2 (6 mn).


- ☞ **Nou pral antoure lòt miniskil « f » yo. Nou pral sèvi ak lòt yo pou nou fè sa . Toujou nan kaye egzèsis nan paj 258, nimewo 2.**
    - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 258 la, nan egzèsis # 2.
  - ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lòt miniskil « f » yo ?**
    - ☞ Mande elèv yo gade lòt yo byen epi antoure lòt ki miniskil « f » yo. Mande yo suiv premye egzanp lòt ki antoure nan premye liy lòt yo.
  - ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
    - ☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lòt nou te antoure nan premye liy lòt yo ?**
    - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.
  - ☞ **Di ki lòt nou te antoure nan dezyèm liy lòt yo ?**
    - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.
  - ☞ **Di ki lòt nou te antoure nan twazyèm liy lòt yo ?**
    - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi korije ansanm.
- Kontinye menm jan ak lòt ki nan katryèm liy lòt yo. Poze menm kesyon pou lòt nou te antoure nan katryèm liy lan.

### Egzèsis # 3 (8 mn).


- ☞ **Nou pral antoure imaj ki gen son « f » ladan li. Ale nan kaye egzèsis nan paj 259 nan nimewo 3.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 259 la, nan egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /f/.**
  - ☞ Mande elèv yo gade egzanp premye mo a byen, mande yo suivi egzanp sa a pou fèt lòt yo.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 4 mn pou fè egzèsis # 3 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki imaj nou te antoure ki gen son « f » ladan l ?**
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.

**Egzanp : Dezyèm mo mwen antoure ki gen lòt miniskil « f » ladan l se : fèy.**
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki mo nou te antoure ki gen lòt miniskil « f » ladan l ?**
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Pase verifye si elèv yo ap antoure mo ki gen lòt miniskil « f » ladan l. Korije ansanm, ekri tout mo ki gen lòt miniskil « f » ladan, mande elèv korije si yo pa t antoure mo sa yo.

3- Antoure imaj kote nou tande son /f/yo.



4- Antoure lòt miniskil f nan chak mo.




Aktivite lib


Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 259

## Egzèsis # 4 (8 mn).


- ☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « f » nan mo . Ale nan kaye egzèsis nan paj 259 nan nimewo 4.**

 *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 259 la, nan egzèsis # 4.*

- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « f » nan chak mo.**

 *Mande elèv yo gade epi suiv premye egzanp lèt ki konekte a.*

- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**


 *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt nou te antoure nan chak mo yo ?**


 *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.*

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (10 mn)


### 1. Li mo kout vit epi byen.

 *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo ki sou tablo a ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen.**


 *Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.*

- ☞ **Kounye a, nou pral li lèt, silab, ak mo ki sou tablo a youn pa youn. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo pou chak elèv ka li.**


 *Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.*

### 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 *Ouvri liv lekti a nan paj 98 la. Ekri paj 98 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 98. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li.*

- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**





 *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

Lesson 75 ak 76 f F

fey fig foumi fil

w W ò ò b B v V g G

gen gou vin bay bon vwa bab bri boul mwen  
vloou bwat twòp

fi fèt fòt fòb fòl fil fou fèm fen

vwayèl kabrit kantite veritab prekosyon  
bibliyotèk wanganègès

fete farin fatra fanmi fàmen famasi farinen  
farinay

► Premye janvyè sè fèt peyi mwen.  
Pwofèsè a vle nou li fò nan klas la.  
Fanyè ap kouri sou twotwa a. Li vle rive lekòl la  
a lè.  
Fanmi elèv yo kòmanse rive pou fèt la.  
Nan klas Anita a gen ven elèv.

98 Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

**f** 5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz yo sou liy kaye a.






Leson 75 f

Mwen gen pou mwen fè anpil travay.



Simon, tanpri fèmen pòt la pou mwen.

260 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.



### 1. Trase lèt «f» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

-  Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kinan kaye egzèsis la, nan paj 260 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /f/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « f » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « f » la byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
-  Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Epi mwen fè on ti koube tou kout nan tèt li. Apre sa mwen trase youn liy orizontal tou kout nan mitan liy vètikal.**
-  Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Epi mwen fè on ti koube tou kout nan tèt li. Apre sa, mwen trase youn liy orizontal tou kout nan mitan liy vètikal.**
-  mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « f » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
-  Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.



### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

-  Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "f" miniskil sou tablo a sou liy sa yo?**
-  Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "f" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Epi mwen fè on ti koube tou kout nan tèt li. Apre sa mwen trase youn liy orizontal tou kout nan mitan liy vètikal.**

### 2. Ekri lèt "f" miniskil nan kaye bouyon.

-  Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt « f » miniskil.
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "f" miniskil.**
-  Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo.

### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.(4 mn)

-  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #260 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 260 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « f » miniskil la. Apre sa, mande elèv yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, silab ak mo yo epi kopye yo sou liy kaye a.**
-  Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

**f** 5- Kopye lèt yo, mo a ak fraz yo sou liy kaye a.

Leson 75 f

Mwen gen pou mwen fè anpil travay.

Simon, tanpri fèmen pòt la pou mwen.

260 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.(4 mn)

**f** 6- Kopye mo a ak fraz yo sou liy kaye a.


figi \_\_\_\_\_

Papa Emil ap lave rad li yo ak fab. \_\_\_\_\_


Timoun yo ap pale paske mèl la absan. \_\_\_\_\_

Nan senk jou, se pral fèt mwen. \_\_\_\_\_

Leson 75 f


 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #261 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 261 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « k » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 261 an. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.


## Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo prete. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo prete ? Èske ou konn kisa prete vle di ?**


 Bay elèv yo tan pou reponn :  
(1)... (2)... (3)...

☞ **Prete vle di: Mete a dispozisyon yon moun yon bagay pou yon ti bout tan.**

**Egzanp: Mario prete Emil bisiklèt li a.**


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "prete". Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo prete.

☞ **Dezyèm mo a se makèt. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo makèt ? Èske ou konn kisa makèt vle di ? Kisa nou konn al fè nan makèt ?**

 Bay elèv yo tan pou reponn :  
(1)... (2) ... (3)...

☞ **Makèt: Gwo magazen ki vann tout kalite pwodui pou manje, pou bwè ak pou pran swen kò w.**

**Egzanp: Gen makèt bò kay granpè m nan. / Nan makèt la, nou jwenn tout kalite vyann, fwi ak legim ak tout lòt pwodui pou fè manje ak bwè.**


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè fraz ak mo "makèt". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo makèt.

## Aktivite 7 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (10 mn)

### 1. Prediksyon dapre tit (3 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou pral sèvi ak tit oswa istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.**

**Tit istwa se « Gabi pral lekòl ». Kisa tit sa a fè nou panse ? Kisa nou imajine ki pral pase nan istwa dapre tit sa a ?**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

**Repons posib :**


(1) Mwen wè yon wout. 2) Mwen wè yon ti gason sou yon chèz. 3) Tigason an sou trotwa a. Mwen wè yon monn dèyè wout la.

## 2. Revizyon sou prediksyon dapre tit (3 mn)

☞ Èske gen elèv ki sonje tit istwa nou te li anvan ? Kisa ki te pase nan istwa sa a ?

 Bay elèv yo 1 mn pou reponn, epi di :


☞ Kiyès ki ka rakonte istwa a pou klas la ?

 Chwazi kèk elèv pou rakonte istwa si yon elèv sonje kèk moso nan istwa a, chwazi yon lòt elèv pou konplete. Poze elèv yo kesyon sa yo pou fè yo sonje pèsonaj ki te nan istwa a :

☞ Ki pèsonaj oswa moun ki te nan istwa ? Konbyen yo te ye ? Kisa yo t ap fè ? Kisa nou te pi renmen nan istwa sa a ?

## 3. Li istwa (10 mn)

☞ Kounye a, nou pral li istwa 2 pa 2. Nou pral nan liv lekti a nan paj 99. Lè nou fin li 2 pa 2, chak elèv ap li pou kont li, sa vle di n ap li pou konprann, n ap li byen. Apre sa, nou pral reponn kesyon sou istwa a.

 Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di lè youn ap li pou lòt, ankouraje elèv la byen epi vit.


### Gabi pral lekòl (2)

Gabi pase akote bibliyotèk la souvan. Lè Gabi ap pase nan maten, bibliyotèk la fèmèn. Men, lè li ap retounen, bibliyotèk la louvri.


Gabi pase prete liv li renmen. Li renmen liv ki gen anpil foto ak bèl istwa. Apre sa, li pase akote yon makèt.

Pou fini, li pase tou pre kay matant Tamara.

## 4. Reponn kesyon (3 mn)

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

☞ 1. De kisa istwa ap pale ?

2. Ki kote Gabi pase souvan ?

3. Nan ki moman nan jounen an bibliyotèk la fèmèn ?

4. Nan ki moman nan jounen an bibliyotèk la louvri ?

5. Kisa Gabi pase prete nan bibliyotèk la ?

6. Ki kalite liv Gabi renmen ?

7. Ki kote Gabi pase apre fin pase bò bibliyotèk la ?

8. Èske Tamara, matant Gabi rete pi prè bibliyotèk oswa li rete pi pre makèt la ? Poukisa ?




## 5. Verifye prediksyon (3 mn)

☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?

1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.

☞ 2. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mandeklas la korije si nesesè.

---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2-3 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

Repons posib :

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te li suit istwa « Gabi pral lekòl ». (4) Nou te aprann sans mo prekosyon vle di ak sa mo twotwa vle di. (5) Nou te aprann son /f/. (6) Nou te aprann ekri lèt « f » miniskil.

# Leson 76 F

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt majiskil / F/.
- Idantifye lèt majiskil « F » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « F » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 76 paj 98
- Kaye egzèsis, leson 76 paj 262-263
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)



### 1. Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Fanmi m se pa m.  
Frè m ak sè m,  
Manman m, papa m,  
Granmè m, granpè m,  
Se fanmi m.


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*




### 2. Rapèl (3 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt « f » sou tablo a? ( Non lèt sa se ? ), ( Son lèt sa se ? ).
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin ekri lèt f miniskil sou tablo a.*
- ☞ Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt F majiskil, dekri imaj ak fè prediksyon.
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*







## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)



- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt /F/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son lèt /F/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /F/ majiskil mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son an se /F/. Mo a se: « Fab ».

-  *Verifye si elèv yo leve pou yo anlè.*
- ☞ **Men yon lòt mo: "Gòl".**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **Ann kontinye ak kèk lòt mo: fou, farin, fanmi, lekti, vwa, fèmen.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*



## 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt "F" majiskil ak lèt « f » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo: (« f » ak « F »). Fè yo repete son lèt /f/ miniskil la avan.*
- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /f/, son lèt sa a tou se /F/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son lèt sa a? (/f/). Ki son lèt sa a tou? (/F/).**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /f/ ak son /F/ se menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete non lèt sa yo (« F », « f »).**
-  - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "f" miniskil. Non lèt sa se « F » majiskil.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki non lèt sa a? ("f"). Ki non lèt sa a? (« F »).**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « f » ak lèt « F ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.*

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (2 mn)

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: I, L, F, A, F, P, M, F, N, O, F, T, L, F.*
- Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt majiskil "F" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "F". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "F" sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se lèt "F" majiskil elèv la antoure ?**
-  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "K" majiskil yo.*

## Egzèsis # 1 (4-5 mn)

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 262 la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri kaye a nan paj 262 nan egzèsis # 1 ak 2 a. Ekri # 262 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**
- Repons posib: Yon lèt « F » majiskil

Leson 76 F

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

F	Y	E	F	È	S
E	L	F	È	F	S
A	V	F	Z	T	F
S	F	È	F	È	E


2- Antoure lèt F majiskil yo.

(F) B A F Z Y W F P I D F

S F R I O F B V T P L Z F

F Ò G F B N G F N G V F

F V W F G V È G V F N

262 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.





F	Y	E	F	È	S
E	L	F	È	F	S
A	V	F	Z	T	F
S	F	È	F	È	E

2- Antoure lèt F majiskil yo.

F B A F Z Y W F P I D F  
S F R I O F B V T P L Z F  
F Ò G F B N G F N G V F  
F V W F G V È G V F N

262 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.

3- Antoure lèt majiskil F nan chak mo.

			
ØÈY	FIG	FOUMI	FIL

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

f w g o n ò b v  
G O N Ò F W V B

Aktivite lib

263 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F.


- ☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:
  - ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!**
    - ☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
    - ☞ Di non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
  - ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "F" majiskil ?**
    - ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "F" nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

**Egzèsis # 2 (6 mn)**

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "F" majiskil. Toujou nan paj 262 a, nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 262a, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "F" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
  - ☞ Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "F" majiskil?**
  - ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "F"majiskil la. Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.


**Egzèsis # 3 (3-4 mn)**

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /F/, nan paj 263 a.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nanki paj egzèsis la ye. Ekri # 263 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 263 nan egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil F nan chak mo.**
  - ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki gen « F »Majiskil nan mo ki anba bwat yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**
  - ☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt kote nou wè lèt « F » majiskil nan mo ki anba imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou eksplike chak lèt yo antoure nan mo ki anba imaj yo, Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3-4 mn)


☞ N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "F" majiskil. Toujou nan paj 263 la, nan avan denye egzèsis paj la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 263 la nan egzèsis # 4 la.


☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ak li a.

 Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.


☞ Konekte menm jan ak premye imaj la, tout kote nou wè lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ak li. Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (2 mn)


 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo


☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.





 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv


☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.


 Ouvri liv lekti a nan paj 98 la. Ekri # 98 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout


Leson 75 ak 76      f F


 fèy  
fèy
  fig  
fig
  foumi  
foumi
  fil  
fil

w W    ò ò    b B    v V    g G

 gen gou vin bay bon vwa bab bri boul mwen  
vlou bwat twòp

 fi fèt fèt fòb fòl fil fou fèm fen

 vwayèl kabrit kantite veritab prekosyon  
bibliyotèk wanganègès

 fete farin fatra fanmi fèmen famasi farinen  
farinay

☞ Premye janvyè sè fèt peyi mwen.  
Pwofèsè a vle nou li fò nan klas la.  
Fanye ap kouri sou twotwa a. Li vle rive lekòl la  
a lè.  
Fanmi elèv yo kòmanse rive pou fèt la.  
Nan klas Anita a gen ven elèv.

98      Liv Mèt 1<sup>e</sup> A.F.

elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

**☞ Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**


☞ *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

**Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)**



**1. Trase lèt «F»majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)**

☞ *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 264 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /F/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*

**☞ Kounye a, nou pral trase lèt « F » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « F » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**

☞ *Bay elèv yo 30 segonn pou suiv jès w ap fè a.*

**☞ Toudabò, trase yon liy kanpe. Apre mwen trase yon liy kouche anwo li. Pou mwen fini mwen trase yon lòt liy kouche nan mitan li.**

☞ *Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*

**☞ Toudabò, trase yon liy kanpe. Apre mwen trase yon liy kouche anwo li. Pou mwen fini mwen trase yon lòt liy kouche nan mitan li.**

☞ *Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*

**☞ Kounye a, nou pral trase lèt « F » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**

☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

**2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)**

**☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “F” majiskil sou tablo a sou liy sa yo?**

☞ *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “w” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*

**☞ Toudabò, trase yon liy kanpe. Apre mwen trase yon liy kouche anwo li. Pou mwen fini mwen trase yon lòt liy kouche nan mitan li.**

**3. Ekri lèt “F” majiskil nan kaye bouyon.**

☞ *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt « F » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*

**☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou ekri lèt “F” majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**

☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

## Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

Ekri # 264 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou

☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt, silab ak mo yo epi kopye yo sou liy kaye a.

Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #265 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 265 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « F » majiskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 265 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Mwen fini fè tout travay mwen.

Fanmi Fani vin fete ak li aswè a.

Mango yo fèk kòmanse ap mi sou pye.

Leson 76 F

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 265

## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (12 mn)

### 1. Li istwa (12 mn)

☞ Nan lesan anvan an nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a 2 pa 2. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

### Lekti 2 pa 2

☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li.

Dekoupe istwa a an plizyè moso epi mete elèv yo 2 pa 2 pou yo li yon moso istwa. Asire w ke yo suiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekòde mo si yo gen difikilte.

- Premye moso a ap soti nan premye fraz nan pou rive nan dezyèm fraz la : Gabi ... fèmen.

- Dezyèm moso a ap soti nan twazyèm fraz la pou l rive nan senkyèm fraz nan, l ap soti nan : Men ... istwa.

- Twazyèm moso istwa a ap soti nan 6e fraz la pou l rive nan fen istwa a : Lè li fin .... Tamara.

Mande 2 premye elèv yo kanpe pou lekti a.

☞ Nou pare? Kòmanse !

Pandan y ap li, pase verifye si lòt elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo.


### Gabi pral lekòl (2)

Gabi pase akote bibliyotèk la souvan. Lè Gabi ap pase nan maten, bibliyotèk la fèmen. Men, lè li ap retounen, bibliyotèk la louvri.


Gabi pase prete liv li renmen. Li renmen liv ki

gen anpil foto ak bèl istwa. Apre sa, li pase akote yon makèt. Pou fini, li pase tou pre kay matant Tamara.


## 2. Lekti youn pa youn

 Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 gason ak 3 fi) ede yo, si yo gen difikilte.

## 3. Reponn kesyon

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.


☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

- ☞ **1. Ki tit istwa a?**
- 2. Ki lè bibliyotèk la louvri? Eksplike repons ou?**
- 3. Ki kalite liv Gabi renmen?**
- 4. Kisa Gabi wè sou wout li lè l ap tounen?**
- 5. Èske Gabi antre lakay matant li?**
- 6. Èske makèt la louvri lè Gabi pral lekòl? Poukisa? E lè li ap tounen sot lekòl? Poukisa?**


## Aktivite 7 An n fè yon ti teyat(3 mn)

☞ **Kounye a, nou pral jwe yon ti teyat sou istwa nou fèk li a. Eseye imajine Gabi ale prete liv nan bibliyotèk la oubyen ale kay matant li. Ki kalite konvèsasyon li fè?**

 -Divize klas la an 2, tout elèv ki sou yon bò ap travay sou Gabi nan bibliyotèk la epi lòt gwoup la ap fè yon konvèsasyon Gabi ak matant li. Nou konprann? Kiyès ki ka di m kisa nou pral fè?

*Kite elèv yo eksplike. Si yo fè erè korije yo.*

☞ **Pran yon ti tan pou repete epi apre sa m ap chwazi kèk gwoup pou vin prezante devan klas la. Apre sa nou pral chwazi Kiyès ki fè li pi byen. N ap gade kijan nou pale, kisa nou di epi si nou itilize tout enfòmasyon istwa a.**

 Bay elèv yo 5 mn pou yo prepare ti dyalog sa. Apre sa chwazi 4 gwoup pou prezante devan klas la. Lè yo fin prezante mande klas la chwazi ki prezantasyon yo renmen plis epi bat bravo pou yo.

## Aktivite 8 Evalyasyon (2-3 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**

Repons posib :

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te li suit istwa « Gabi pral lekòl ». (4) Nou te aprann sans mo prekosyon vle di ak sa mo twotwa vle di. (5) Nou te aprann son /F/. (6) Nou te aprann ekri lèt « F » majiskil.



# Leson 77 Revizyon g, G, f, F

## Objektif:


- Revize son /g/ ak son /f/
- Idantifye lèt g, G, f, F
- Dekri imaj an detay
- Konprann istwa pou reponn kesyon

## Materyèl:

Liv lekti paj 100-101. Kaye egzèsis, leson 77 paj 266-267


## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin


 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Oye! Oye!  
Tout elèv prese prese!  
Y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye!

 Felisite epi ankouraje elèv yo.


### 2. Rapèl (3 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin ekri mo ki kòmanse epi ki fini ak lèt "f" sou tablo a. Elèv yo (4 elèv yo) ap ekri youn pa youn mo sa yo: fanmi, fanal, Kòf, Souf - . Mande chak elèv lè li fin ekri mo a, fè yon fraz ki gen mo li sot ekri a ladan l.

- ☞ Premye ak dezyèm elèv la ekri mo fanmi ak mo fanal sou tablo a pou klas la?




 Ankouraje 2 elèv yo. Si elèv yo gen difikilte fè yon lòt elèv ekri mo a byen, apre sa mande elèv ki te fè erè a korije mo a.

- ☞ Twazyèm ak katryèm elèv la ekri mo kòf ak mo souf sou tablo a pou klas la?


 Ankouraje 2 elèv yo. Si elèv yo gen difikilte fè yon lòt elèv ekri mo a byen, apre sa mande elèv ki te fè erè a korije mo a. Mande chak elèv lè li fin ekri mo a, fè yon fraz ki gen mo li sot ekri a ladan l.

Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan kaye egzèsis la nan paj 196 no. 1, no. 2





## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

-  Ekri mo sa yo sou tablo a : *gaspiye, galope, fanmi, foto, gason*. Touche premye mo a pou elèv yo, epi di:
- ☞ **Ki premye son nou jwenn nan mo gaspiye ?**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason ) pou vin antoure premye son ki nan mo : *galope, fanmi, foto, gason*.
  - Bay elèv yo tan pou reponn si gen elèv ki gen difikilte, ede l.
- ☞ **Antoure premye son nou jwenn nan mo ki sou tablo a.**
  -  Bay elèv yon 30 segonn pou antoure premye son nan mo ki sou tablo, si yo fè erè, korije ansanm.
  - Pou aktivite sa a ajoute paj navigasyon ki nan kaye egzèsis la nan paj 100 (liy zandolit, palmis, anana, pwason..)



## Aktivite 3 Lekti lèt, silab, mo ak fraz ( 5 mn)

-  Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo

### 1. Lekti sou tablo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  -  Ouvri liv lekti a nan paj 100. Ekri # 100 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.
  - Chwazi kèk elèv pou li lèt yo. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li lèt byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
  -  Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy *palmis, bis, anana, chat ak pwason*. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 4 Ekri fraz (12 mn)

Leson 77 Revizyon gG, fF

1- Konekte mo ki menm yo.

fèt	FETE	farin
fanmi	FÈT	fete
farin	FARIN	fèt
fete	FANMI	fanmi

2- Kopye fraz sa a.

Foto fèt fanmi an nan kay la.

Leson 77 Revizyon gG, fF

266 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis no. 1

- Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral konekte mo ki sanble yo. Ale nan kaye egzèsis la nan paj 266.**
  - Ouvri kaye egzèsis a nan paj 266 la. Ekri # 266 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.
- ☞ **Koute byen mwen pral li konsiy lan pou nou. Kopye fraz sa a.**
  - Pase gade si tout elèv ap kopye fraz la byen, korije ansanm.
- ☞ **Mande elèv ki te fè erè yo, korije.**
  - Pase gade si tout elèv kopye fraz la byen, korije ansanm.

### Egzèsis # 2

- ☞ **Kounye a, nou pral kopye fraz nan kaye egzèsis la. Ale nan kaye egzèsis la nan paj 266, no.2.**
  - Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 266 la, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Koute byen mwen pral li konsiy lan pou nou. Konekte mo ki sanble yo.**
  - Fè premye egzanz lan pou elèv yo. Pase gade si tout elèv ap konekte mo yo byen, korije ansanm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Ki mo nou te konekte nan bwat yo.**
  - Ekri mo yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo konekte mo ki sanble yo.
- ☞ **Mande elèv ki te fè erè yo, korije.**
  - Pase gade si tout elèv konekte mo yo byen, korije ansanm.

### Egzèsis # 3

- ☞ **Kounye a, nou pral ekri yon fraz dapre sa nou wè nan imaj ki nan kaye egzèsis la.**
- ☞ **Ale nan kaye egzèsis la nan paj 267, no.3.**
  - Mete kaye la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Ekri # 267 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 267, no.3 epi gen yon kreyon pou ekri.
- ☞ **Nou pral ekri yon fraz dapre imaj nou wè nan egzèsis no 3. Koute byen, mwen pral li konsiy lan pou nou. Ekri yon fraz dapre imaj la.**
  - Pase gade si tout elèv ap ekri fraz la byen, korije ansanm.
- ☞ **Mande elèv ki te fè erè yo, korije.**
  - Pase gade si tout elèv ekri fraz la byen, korije ansanm


3- Ekri 1 fraz dapre sa nou wè nan imaj la.

Leson 77 Revizyon gG, fF

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 267

## Aktivite 5 Vokabilè (7-8 mn)


- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo sant kiltirèl. Èske ou konn mo sa a? Nan ki moman ou konn tande mo sant kiltirèl? Èske ou konn kisa sant kiltirèl vle di? Kisa yo fè nan yon sant kiltirèl?

 Bay elèv yo tan pou reponn :  
(1) ... (2)... (3)...

- ☞ Sant kiltirèl vle di: Kote moun, komedyen al jwe teyat se kote nou konn gen prezantasyon dans, festival mizik ak lòt aktivite tankou bal rèn ak wa kanaval.

 Ekri sou tablo yon egzanp fraz ak mo sant kiltirèl pou elèv yo.

**Egzanp:** « Mwen toujou al gade teyat nan sant kiltirèl la » / Chak ane sant kiltirèl òganize yon gwo festival mizik.


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "sant kiltirèl". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou yo fè lòt fraz ak mo sant kiltirèl

(1)... (2) ... (3)...

## Aktivite 6 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (19 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. Gade imaj la byen. Kisa nou wè nan imaj sa a? Kisa nou panse? Konbyen pèsonaj ki sou imaj la? Kisa y ap fè? Ki kote yo ye?


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

Repons posib:

(1) Mwen wè yon ti fi k ap mache. (2). Dèyè do tifi a gen de kay. (3). Devan yonn nan kay yo, gen yon machann, yon mesye ak yon fi. (4) GEN yon lòt kay ki klotire ak yon mi. (4). Nan lari a, tou prè moun yo gen yon machin koulè wouj.

### 2. Li istwa (10 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral li istwa 2 pa 2. Nou pral nan liv lekti a nan paj 72. Lè nou fin li 2 pa 2, chak elèv ap li pou kont li, sa vle di n ap li pou konprann, n ap li byen. Apre sa, nou pral reponn kesyon sou istwa a.

 Pase nan ranje ban yo pou ankouraje elèv yo li byen epi touche mo y ap li yo lè y ap li pou kont yo. Lè y ap li 2 pa 2, sa vle di lè youn ap li pou lòt, ankouraje elèv yo li byen epi vit.


### Sou wout lekòl la (3)

Gabi kontan pou li ale lekòl. Li ale a pye. Li pase bò Sant Kiltirèl komin nan. Nan Sant sa a, aktè vin fè teyat. Apre sa, Gabi pase kote yon restoran. Li rele Ragou. Ane pase, se la li te fete fèt li. Gabi renmen restoran sa a anpil. Finalman, li rive nan lekòl li a.

### 3. Reponn kesyon (3 mn)

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☞ **Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.**

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

☞ **1. De kisa istwa a pale?**

Repons posib:

(1) De Gabi ak sant kiltirèl la 2) De Gabi, de sant kiltirèl ak restoran ki rele Ragou a.

☞ **2. Ki kote Gabi te pase ?**

**3. Ki kote aktè yo konn vin fè teyat ?**

**4. Ki dezyèm kote Gabi pase ?**

**5. Kòman yo rele restoran Gabi te fete fèt li ane pase a?**

**6. Èske Gabi renmen restoran sa a ?**

**7. Ant sant kiltirèl la ak restoran an, kisa ki prè lekòl Gabi a?**


### 4. Verifye prediksyon (3 mn)

☞ **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje ?**

☞ **1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.

☞ **2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.

## Aktivite 7 Evalyasyon ( 2-3 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib :

1. Nou te fè egzèsis nan kaye. 2. Nou te li. 3. Nou te koute istwa « Sou wout lekòl la ». 4. Nou te aprann sans mo « sant kiltirèl ».

# Leson 78 d

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt miniskil / d/.
- Idantifye lèt miniskil « d » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « d » byen.
- Fè prediksyon sou istwa dapre tit

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 78 paj 102-103
- Kaye egzèsis, leson 78 paj 268-271
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)



### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

David ak Doudou se de frè.  
Yo toujou fè devwa ansanm.  
Yonn toujou ede lòt.  
Se de frè ki antann yo.





-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (2 mn)

- Revizyon lèt g, G, f, F
-  *Prepare tablo. Trase liy pou elèv yo vin ekri sou liy lèt n ap revize yo.*
- ☞ Kiyès ki vin ekri lèt g miniskil sou liy sou tablo a?
-  *Fè menm jan pou tout lòt lèt yo epi ede elèv yo si yo gen difikilte.*
- ☞ Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt miniskil d, dekri imaj, fè prediksyon epi konprann istwa pou reponn kesyon.

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (4 mn)

Leson 78 ak 79      d D

 dan
  drapo
  domino
  dòmi

☞ w W ò ò b B v V g G f F


☞ fè yon gou gen bèl lèt youn mwen








☞ dan dam doub vid sid dis dans

☞ finalman navige kominike disiplin konpliman enpòtan pwofesè

☞ maladi demonte mèkredi difisil avyon edikasyon dekouvèt





☞ Lè samdi maten Emil ede manman li.  
Direktè lekòl la pa vle timoun yo fè bri.  
Papa mwen dekore kay nou an pou fèt la.

- ☞ Ouvè liv lekti nou nan paj 102. An n gade 4 desen ki nan kòmansman liv la byen.
-  *Ouvri liv lekti ou a nan paj 102 a. Ekri #102 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan paj 102 a.*
- ☞ Èske tout moun jwenn paj 102 a? An n gade 4 desen yo.




-  *Metè dwèt ou sou desen yo pou elèv yo ka wè.*
- ☞ **Metè lendèks nou sou desen dan an.**
-  *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Metè lemajè nou sou desen drapo a.**
-  *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Metè lanilè nou sou desen domino a.**
-  *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Metè lorikilè nou sou desen tibebe k ap dòmi an.**
-  *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
-  *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande pi plis nan 4 mo nou sot di yo?**
-  *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /d/. Jodi a nou pral aprann son /d/.**

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)

#### 1. Rekonèt son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son miniskil /d/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di si mo sa yo kòmanse ak son lèt miniskil /d/. Leve pous nou anlè si li pa kòmanse ak son lèt /d/, metè de men nou sou ban an si li pa kòmanse ak son lèt miniskil /d/. Èske nou konprann?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /d/ mo a se: « Dife ».**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se: « Kolibri ».**
-  *Verifye si elèv yo metè men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: draje, salad, droum, jij, dra, foula, diri, fontyè, dantèl, kiltirèl, danre, plante.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Pwononse son lèt la ak non lèt la (2 mn)

- N: Ekri son lèt /d/ sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt miniskil /d/.*
- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt /d/ byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa se /d/.**
  -  *Touche son lèt /d/ sou tablo a pou elèv yo, mande yo repete son lèt /d/ ansanm avèk ou.*
  - Poze elèv yo kesyon sa a:*
  - ☞ **Ki son lèt sa? /d/.**
  -  *Bay elèv yo plis eksplikasyon si yo gen difikilte.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt miniskil « d » .**
  -  *- Touche lèt miniskil « d » sou tablo a*
  - Pwononse non lèt « d » byen fò pou tout klas la.*

☞ **Non lèt sa a se “d” miniskil.**

☞ Touche lèt la sou tablo a pou elèv yo, mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non li ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki non lèt sa a ? (“d” miniskil).**

☞ Chwazi kèk elèv pou di “non lèt « d »”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « d » miniskil. Touche lèt « d » yon dènye fwa pou elèv yo.

-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.

**Aktivite 4 Rekonèt lèt (2 mn)**

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo : d, AN, G, i, b, d, ON, f, d, K, d, R, EN, d. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “d” miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “d”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “d” sou tablo a pou klas la

☞ **Èske se lèt « d » elèv la te antoure sou tablo a ?**

☞ Toujou site non elèv lè w ap poze kesyon sa a. Si elèv la fè erè mande yon lòt elèv pou vin antoure lèt la, apre sa mande elèv ki te fè erè a pou vin antoure lèt « d » ankò.

Leson 78 d

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

h	r	d	d	d	v
d	l	g	d	n	p
a	r	d	d	a	d
p	d	n	a	n	d

2- Antoure lèt d miniskil yo.

ⓓ b a d z y w d p i d t

s d r i o d n v d p l z f

f ò g d b d g f d g v d

f d w f d v d g v d n

268 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 1 (6 mn)**

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis ou pral fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « d » yo. Nou pral sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Ale nan kaye egzèsis nan paj 268 nan nimewo 1.**

☞ Ouvri kaye a nan paj 268 la. Ekri # 268 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifie si elèv yo toujou nan paj 268 la, nan kaye egzèsis # 1.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt « d » miniskil ki menm ak sa ki agoch la ?**

☞ Mande elèv yo pou gade egzanp lan byen pou yo ka fè egzèsis la.

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifie si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se « d » miniskil ?**

☞ Poze elèv yo kesyon sa a, pou chak lèt yo ki nan bwat la pou ka verifie si elèv yo antoure bon lèt la. Di yo efase wonn yo te fè a si yo pat antoure bon lèt la. Mande elèv yo pou yo korije. Chwazi lòt elèv pou di ki lèt yo te antoure . Bay elèv yo tan pou yo korije.


Bay elèv yo tan pou reponn, si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv reponn, apre sa di elèv ki te fè erè korije lèt ki mache ansanm ak san ki antoure agoch la.

**Egzèsis # 2 (6 mn)**


☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « d » pami lèt ki nan kaye egzèsis la. Nou pral sèvi ak egzanp ki agoch egzèsis la pou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 268, nimewo 2.**



3- Antoure imaj kote nou tande son /d/ yo.



4- Antoure lèt miniskil d nan chak mo.



gan drapo domino dômi

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 269

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 268 la, nan egzèsis # 2.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt « d » miniskil yo ?**
  - ☞ *Mande elèv yo pou yo mete dwèt yo sou premye lèt ki antoure a. mande yo gade lèt la byen pou yo ka antoure tout lèt ki menm jan ak modèl la.*
- ☞ **Si nou konprann ? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt « d » miniskil ?**
  - ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt yo pou ka verifye si yo antoure bon lèt la. Si yo fè erè, di yo efase wonn nan epi korije. Bay elèv yo tan pou fè koreksyon an epi pase verifye.*

### Egzèsis # 3 (8 mn)

- ☞ **Nou pral antoure imaj ki gen son « d » ladan li. Ale nan kaye egzèsis la. N ap kontinye nan paj 269 nan nimewo 3.**
    - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 269 la, nan egzèsis # 3.*
  - ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /d/.**
    - ☞ *Mande elèv yo gade egzanp premye mo a byen, mande yo suiv egzanp sa a pou fèt lòt yo.*
  - ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
    - ☞ *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki imaj nou te antoure ki gen son « d » ladan l ?**
    - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.*
- Egzanp : Dezyèm imaj mwen antoure ki gen lèt miniskil « d » ladan l se : domino.**
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ **Di ki imaj nou te antoure ki gen lèt miniskil « d » ladan l ?**
    - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Pase verifye si elèv yo ap antoure mo ki gen lèt miniskil « d » ladan l. Korije ansanm, ekri tout mo ki gen lèt miniskil « d » ladan, mande elèv korije si yo pa t antoure mo sa yo.*


### Egzèsis # 4 (8 mn)

- ☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « d » nan mo. Ale nan kaye egzèsis nan paj 269 nan nimewo 4.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 269 la, nan egzèsis # 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « d » nan chak mo.**
  - ☞ *Mande elèv yo gade epi suiv premye egzanp lèt ki konekte a.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt nou te antoure nan chak mo**

yo?


 Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.

## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)


 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo an dezòd.

### 1. Lekti sou tablo.


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri liv lekti a nan paj 62 a. Ekri paj 62 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li..

☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la ?**

 Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè kèk lòt elèv li liy **palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Epi Chwazi elèv ki poko li ditou oubyen ki gen difikilte pou yo li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.






- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.





- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)



### 1. Trase lèt «r» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

-  *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kinan kaye egzèsis la, nan paj 176 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt "r" miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « r » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « r » la byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
-  *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, pa lwen tèt li, mwen trase yon koub tèt anba tou kout.**
-  *Mande elèv yo trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, pa lwen tèt li, mwen trase yon koub tèt anba tou kout.**
-  *Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « r » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
-  *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

-  *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "r" miniskil sou tablo a sou liy sa yo?**
-  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "r" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo.*
- ☞ **Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat liy vètikal la, pa lwen tèt li, mwen trase yon koub tèt anba tou kout. Ekri lèt "r" miniskil nan kaye bouyon.**
-  *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « r » miniskil.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "r" miniskil.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 270 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 270 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « r » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

6- Kopye mo yo ak fraz la sou liy kaye a.

ra  
rat  
retire

Timoun, pa kouri nan lakou a.

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 177

### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

- ☁ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri paj 271 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 271 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « r » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 177 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
- ☁ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

### Aktivite 7 Vokabilè (7-8 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo moulen. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo moulen ? Èske ou konn kisa moulen vle di ?**

☁ *Bay elèv yo tan pou reponn :*  
(1)... (2)... (3)...

- ☞ **Moulen vle di : Machin ki sèvi pou kraze manje oubyen fè l tounen farin. Yo konn moulen diri, pitimi, mayi, ble, kafe, pistache. Gen gwo moulen, gen ti moulen. Yo konn rele kote yo enstale gwo moulen yo, moulen tou.**

**Egzanp :**

**Moulen an fèmèn jodi a, mwen pa p ka al moulen pitimi pou m vann nan mache a demen.**

☁ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "moulen". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè. Chwazi lòt elèv ankò pou yo fè lòt fraz ak mo moulen.*

### Aktivite 8 Konprann istwa a pou nou reponn kesyon yo (18-20 mn)

#### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan yon istwa. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak desen ki nan istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.**

☁ *Pran liv lekti a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 103 a pou tout klas la ka wè byen. Ekri #103 a sou tablo a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.*

- ☞ **Tout moun nan paj 103 a ?**

☁ *Mande elèv yo gade desen an byen.*

- ☞ **Gade desen an byen.**

☁ *Epi poze klas la kesyon sa yo :*

- ☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou moun yo? Kisa moun yo ap fè ? Ki kote yo ye ? Ki lòt bagay nou wè nan imaj la ankò?**

☁ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn chak kesyon. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.*

Erik prale kay Matant Lila (1)



Yèswa, Erik prese ale dòmi. Kè li byen kontan. Manman li wè li prese pou demen rive. Demen, li prale lakay Matant Lila. Erik renmen Matant Lila anpil, anpil. Matant Lila avèk li renmen tout kalite bèt. Matant li gen anpil bèt lakay li. Erik ap panse ki bèt li ka dekouvri demen. Erik vrèman kontan pou li ale kay Matant Lila.

Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F. 100

Rita ranmase kalalou



Leson 43 ak 44

Rita rete nan ri akote moulen an. Maten an, li ale ranmase kalalou. Anpil kalalou nan lakou moulen an. Li ranmase tout kalalou ki atè a. Rita pote tout kalalou a pou matant li. Poutèt sa, matant Rita kontan anpil.

Liv lekli 1<sup>e</sup> A.F. 63

**Repons posib:**

(1) Mwen wè yon jaden epi yon fi kanpe nan jaden an. (2) Mwen wè yon panye ki gen legim atè a. (3). Fi a genyen yon mayo vèt ak yon jip jòn sou li. (4) li gen yon sandal rose nan pie li. (5) Fi a ap keyi legim (6)....

**2. Li istwa (10 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li istwa ki nan paj 63 a ansanm.**

☞ *Mande klas la touche mo yo avèk dwèt yo pandan lekti istwa a.*

☞ **Touche mo yo ak dwèt nou pandan n ap li. Nou pare? Kòmanse !**

☞ *Pandan n ap li, pase verifye ke elèv yo ap li byen epi ap touche mo yo ak dwèt yo. Si yo gen difikilte ede yo.*

**Erik prale kay Matant Lila (1)**

Yèswa, Erik prese ale dòmi. Kè li byen kontan. Manman li wè li prese pou demen rive. Demen, li prale lakay Matant Lila.

Erik renmen Matant Lila anpil, anpil. Matant Lila avèk li renmen tout kalite bèt. Matant li gen anpil bèt lakay li. Erik ap panse ki bèt li ka dekouvri demen.

Erik vrèman kontan pou li ale kay Matant Lila.

**3. Verifye prediksyon (3 mn)**

☞ **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?**

☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*

☞ **2. Èske sa nou te imajine a te rive nan istwa?**

☞ *Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) pou reponn kesyon an,*

**4. Reponn kesyon (8 mn)**

- ☞ 1. Di non 2 pèsonaj ki nan istwa a?
- 2. Ki kote Erik prale demen ?
- 3. Èske Erik te kontan ale kay matant li?
- 4. Kisa ki fè Erik renmen ale kay matant li ?
- 5. Ki kalite bèt ou panse Erik pral dekouvri kay matant li ?

**Aktivite 9 Evalyasyon (2-3 mn)**

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a?**

**Repons posib:**

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa « Erik prale kay Matant Lila ». (4) Nou te aprann sa mo prese ak sa mo dekouvri vle di. (5) Nou te aprann son /d/. (6) Nou te aprann ekri lèt « d » miniskil.

**An n fè Egzèsis an plis (8 mn)**

☞ *Pwofesè a ap fè aktivite sa si gen tan ki rete. Si gen tan ki rete fè plizyè elèv nan kèk ranje ban li istwa a pou kont yo. Ale nan paj 103 nan liv lekli a . Fè elèv yo li byen epi touche ak dwèt yo tout mo y ap li yo. Sonje chwazi elèv ki gen difikilte pou li byen pou li. Chwazi fi ak gason.*

# Leson 79 D

## Objektif yo :



- Dekouvri son ak non lèt majiskil / D/.
- Idantifye lèt majiskil « D » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « D » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl :


- Liv lekti, leson 79 paj 102 -103
- Kaye egzèsis, leson 79 paj 272-275
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)





### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

David ak Doudou se de frè.  
Yo toujou fè devwa ansanm.  
Yonn toujou ede lòt.  
Se de frè ki antann yo.






-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (2 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : dal, dodin, ale, bab, dire.*
-  **Kiyès ki ka vin antoure lèt/d/ nan mo sou tablo a?**
-  *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou vin antoure lèt /d/ miniski nan mo yo.*
-  **Jodia, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt /D/ majiskil**

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Premye son (3 mn)

-  **Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /D/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di si mo sa yo kòmanse ak son lèt majiskil /D/. Leve pous nou anlè si li kòmanse ak son lèt /D/, mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
-  **Son an se /D/ majiskil**  
**Mo a se: « Danse ».**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
-  **Lòt mo a se: « Palè ».**

Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: Droum, Matant, Dekouvri, Bèt, Dòmi, Kontan, Dra, Prese, Dakò, Pantan.**

Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son lèt la ak non lèt la (2 mn)

Ekri lèt "D" majiskil ak lèt « d » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo: (« d » ak « D »). Fè yo repete son lèt /d/ miniskil la avan.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Li son lèt /D/ byen fò pou tout klas la.

☞ **Son lèt sa se /d/, son lèt sa tou se /D/.**

Touche son lèt /D/ pou elèv yo, mande yo repete son lèt /D/ ansanm avèk ou.

Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki son sa a? (/d/). Ki son lèt sa tou? (/D/).**

Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.

☞ **Kounye a, nou pral aprann repete non lèt yo (« D », « d »).**

- Touche lèt majiskil « D » sou tablo a

- Repete non lèt « D » byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se "d" miniskil. Non lèt sa se « D » majiskil**

Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki non lèt sa? ("d"). Ki non lèt sa? (« D »).**

Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « d » ak lèt « D ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt (2 mn)

Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo : K, D, G, an, EN, p, B, D, V, s, D, L, j, D, f, p. Chwazi 4 elèv ( 2 fi ak 2 gason) pou vin antoure lèt majiskil « D » pami lèt ki sou tablo a.

☞ **Antoure lèt « D » majiskil pami lèt ki sou tablo a ?**

Toujou site non elèv lè w ap poze kesyon sa a. Si elèv la fè erè mande yon lòt elèv pou vin antoure lèt la, apre sa mande elèv ki te fè erè a pou vin antoure lèt « D » ankò..

## Egzèsis # 1 (6 mn)

Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Nou pral antoure lèt majiskil « d » yo. Nou pral sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Ale nan kaye egzèsis nan paj 272 nan nimewo 1.**

Ouvri kaye a nan paj 272 a egzèsis # 1. Ekri # 272 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « D » ki menm ak sa ki agoch la ?**

Mande elèv yo pou gade egzanp lan byen pou ka fè egzèsis la.

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

Bay elèv yo 3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Leson 79 D

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

D	W	R	D	D	E	V
	D	L	G	K	D	P
	A	R	D	D	A	D
	P	D	N	A	N	D

2- Antoure lèt D majiskil yo.


Ⓛ B A D L Y W D P I D T

S D R I O D N V D P L Z F


F Ò G D B D G F D G V D

F D W F D V D G V D N

272 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


 Repete non lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Ki lèt nou te antoure nan bwat la ?**


 Bay elèv yo tan pou reponn si yo fè erè bay yo repons la. Chwazi lòt elèv pou di ki lèt yo te antoure yo. Bay elèv yo tan pou reponn, si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv reponn, apre sa di elèv ki te fè erè korije lèt ki mache ansanm ak sa ki antoure agoch la.

**Egzèsis # 2 (6 mn)**


☞ **Nou pral antoure lèt majiskil « D » pami lèt ki nan kaye egzèsis la. Nou pral sèvi ak egzanp ki agoch egzèsis la pou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 272, nimewo 2.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 272 la, nan egzèsis # 2.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « D » yo ?**

 Mande elèv yo gade lèt yo byen epi antoure lèt ki miniskil « D » yo. Mande yo suiv premye egzanp lèt ki antoure nan premye liy lèt yo.

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt nou te antoure nan premye liy lèt yo ?**

 Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.


☞ **Di ki lèt nou te antoure nan dezyèm liy lèt yo ?**



 Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.

☞ **Di ki lèt nou te antoure nan twazyèm liy lèt yo ?**

 Bay elèv yo tan pou reponn epi korije ansanm. Kontinye menm jan ak lèt ki nan katryèm liy lèt yo. Poze menm kesyon pou lèt nou te antoure nan katryèm liy lan

3- Antoure lèt majiskil **D** nan chak mo.



MACHÈ DRAPÒ DOMINO DÒMI

---

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

v w g d ò b f


G B Ò F W V D

Aktivite lib


Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 273

**Egzèsis # 3 (8 mn)**


☞ **Nou pral antoure lèt « D » majiskil nan chak mo. Ale nan kaye egzèsis nan paj 273 nan nimewo 3.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 273 la, nan egzèsis # 3.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « D » nan chak mo.**

 Mande elèv yo gade epi suiv premye egzanp lèt ki konekte a.

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt nou te antoure nan chak mo yo ?**

 Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.



3- Antoure lèt majiskil D nan chak mo.

ĐAN    DRAPO    DOMINO    DÒMI

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

v w g d ò b f

G B Ò F W V D

Aktivite lib

Leson 79 D

### Egzèsis # 4 (8 mn)

- ☞ **Nou pral kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a. Ale nan kaye egzèsis nan paj 273 nan nimewo 4.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 273 la, nan egzèsis # 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil ki menm yo.**
  - ☞ *Pase verifye si elèv yo ap kopye lèt yo ak fraz yo byen. Ankouraje elèv yo ekri lèt yo ak fraz yo bien, mande yo ekri sou liy kaye a, mande yo ekri byen lizib.*

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)

☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 103 la. Ekri # 103 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Chwazi kèk elèv pou li lèt yo. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo.*
  - Verifye si elèv yo ap lèt yo byen. Apre sa, chwazi kèk elèv pou di son lèt ki nan liy zandolit la.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.*

Erik prale kay Matant Lila (1)

Yèswa, Erik prese ale dòmi. Kè li byen kontan. Manman li wè li prese pou demen rive. Demen, li prale lakay Matant Lila. Erik renmen Matant Lila anpil, anpil. Matant Lila avèk li renmen tout kalite bèt. Matant li gen anpil bèt lakay li. Erik ap panse ki bèt li ka dekouvrì demen. Erik vrèman kontan pou li ale kay Matant Lila.


Leson 78 ak 79 d-D


Liv lekli 5<sup>e</sup> A.F. 103


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


## Aktivite 5 Trase lèt D majiskil (15 mn)


### 1. Trase lèt «D»majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (5 mn)

 Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 274 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /D/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.


 Kounye a, nou pral trase lèt « D » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « D » a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.

 Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

 Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat, mwen trase yon koub fèmèn ki soti nan tèt liy vètikal la pou rive anba nan liy vètikal la.

 Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

 Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat, mwen trase yon koub fèmèn ki soti nan tèt liy vètikal pou rive anba nan liy vètikal la.


 Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.


 Kounye a, nou pral trase lèt « D » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)

 Kiyès ki ka vin ekri lèt "D" sou tablo a sou liy sa yo ?


 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "D" majiskil sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :

 Toudabò, mwen trase yon liy vètikal soti anwo pou rive anba. Sou bò dwat, mwen trase yon koub fèmèn ki soti nan tèt liy vètikal pou rive nan pye l.


### 3. Ekri lèt "D" majiskil nan kaye bouyon.


 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt « D » majiskil.



 Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "D" majiskil.

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kek elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou elèv yo.

### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

 Ekri # 274 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou


 Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.




**D** 6-Kopye 2 premye fraz nan li pwason an nan leson 79 la sou li kaye a.


Leson 79 D


Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 275

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo.


**Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #275 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 275 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « d » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

 **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 275 lan. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Kopye premye fraz ki nan liy pwason an nan leson 79 la sou liy kaye a.**


 Pase verifye si tout elèv ap kopye fraz la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou elèv yo.

**Aktivite 6 Revizyon vokabilè (7-8 mn)**


 **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo prese.**

**Premye mo a se <prese>.**


 **Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo prese ? Èske ou konn kisa mo prese vle di ?**


 Bay elèv yo tan pou reponn :  
(9) ... (2)... (3)...

 **Prese vle di : Yon moun kap mache vit ki pa ka tann.**


 Egzanp : Mwen prese paske mwen an reta maten an. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "prese". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo prese.

**Dezyèm mo a se <dekouvri>.**

 **Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo dekouvri ? Èske ou konn kisa mo dekouvri vle di ? Kisa nou konn dekouvri ?**


 Bay elèv yo tan pou reponn :  
(9) ... (2) ... (3)...

 **Dekouvri : Jwenn yon bagay.**


 Egzanp : Papa m dekouvri yon rat nan jaden an. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "dekouvri". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo dekouvri.

**Aktivite 7 Konprann istwa pou reponn kesyon**

**1. Prediksyon dapre desen (3 mn)**

 **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.**

**Gade imaj la byen, ak kisa imaj imaj sa fè nou panse ? Kiyès nou wè sou imaj la ? Ki koulè rad ki sou pèsonaj nan istwa a ? Ki koulè sandal yo ? Kisa yo ap fè ? Ki jès yo fè ? Kijan kay la ye ? Ki lòt bagay nou wè ankò ?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.



**Repons posib:**

(1) Mwen wè dam k ap fè babay bay yon ti gason. 2) Dam nan ap souri. 3) Ti gason kontan. 3) Li pral monte kabann li pou al dòmi.

**2. Li istwa (10 mn)**

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa 2 pa 2. Nou pral nan liv lekti a nan paj 103. Lè nou fin li 2 pa 2, chak elèv ap li pou kont li, sa vle di n ap li pou konprann, n ap li byen. Apre sa, nou pral reponn kesyon sou istwa a.

**Erik prale kay Matant Lila (1)**

Yèswa, Erik prese ale dòmi. Kè li byen kontan. Manman li wè li prese pou demen rive. Demen, li prale lakay Matant Lila.

Erik renmen Matant Lila anpil, anpil. Matant Lila avèk li renmen tout kalite bèt. Matant li gen anpil bèt lakay li. Erik ap panse ki bèt li ka dekouvri demen.

Erik vrèman kontan pou li ale kay Matant Lila.

**3. Verifye prediksyon (3 mn)**

- ☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?
  1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.
    - ☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.
  2. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?
    - ☞ Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mandeklas la korije si nesesè.

**4. Reponn kesyon (3 mn)**

- ☞ Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.
- ☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.
  - ☞ Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.
- ☞
  1. Di non 2 pèsonaj ki nan istwa a?
  2. Ki kote Erik prale demen?
  3. Èske Erik te kontan ale kay matant li?
  4. Kisa ki fè Erik renmen ale kay matant li?
  5. Ki kalite bèt ou panse Erik pral dekouvri kay matant li?

**Aktivite 8 Evalyasyon (2-3 mn)**

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa « Erik prale kay Matant Lila ». (4) Nou te aprann sa mo ak sa mo dekouvri vle di. (5) Nou te aprann son /D/. (6) Nou te aprann ekri lèt « D » majiskil.

# Leson 80 j

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt miniskil / j/.
- Idantifye lèt miniskil « j » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « j » byen.
- Fè prediksyon sou istwa dapre tit

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 80 paj 104-105
- Kaye egzèsis, leson 80 paj 276-279
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1 Kontin


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Ti pwezi, ka fè ou tranble san fred;   
 Fè ou tande mizik san tanbou,   
 fè ou swe san chalè,   
 ba ou dlo nan je san chagren.   
 Mwen renmen pwezi!

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

 *Ekri plizyè mo sou tablo a : Dalin, dodin, ale, bab, Dafne.*

- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt/d/ nan mo sou tablo a?


 *Chwazi 6 elèv ( 3 fi ak 3 gason ) pou vin antoure lèt /D/ majiski nan mo yo.*

- ☞ Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt /r/ miniskil


## Aktivite 2 An nou jwe ak imaj (5 mn)

- ☞ Jodi a nou pral jwe ak imaj ki nan liv lekti a. Ale nan liv lekti a, nan paj 104.

An n gade 4 desen ki nan kòmansman liv la byen.

 *Ouvri liv la nan paj 104 la. Ekri # 104 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Verifye si elèv yo ap pase paj liv la byen.*


- ☞ Èske tout elèv jwenn paj 104 ki nan liv la ?

 *Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*

- ☞ Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.

 *Montre klas la desen yo, epi di :*

Leson 80 ak 81 j J



janm jounou jip manje

à ò b b v v g g f f d d

do dans wa mwen lwen vle






ji jou jès jis jous pyèj plaj jant

gaspiye respekte finalman nesosite kontinye komunikasyon konvèsasyon

kalòj jounen rejete toujou bonjou deranje entèlijans jiskaskè ankouraje





☞ Èske w fin ranje tout rad ou yo?

Jedi pase, fanmi Emil te fete anivèsè li. Mwen p ap janm jete fatra nan lari a. Nan senk jou, mesye Salomon pral fè yon vwayaj. Mwen renmen jaden ki tou pre lakay mwen an.





- ☞ **Mete lendèks nou sou desen ki reprezante janm moun nan ?**  
 *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen ki reprezante joumou a ?**  
 *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen ki reprezante jip la ?**  
 *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*
- ☞ **Mete lorikilè nou sou desen ki reprezante moun k ap manje a ?**  
 *Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la ? Pase verifye si elèv yo mete men yo sou bon imaj la.*  
*Fè egzanp sa a pou elèv yo : Di ki son nou tande nan premye mo ki nan imaj la ?*
- ☞ **Ki premye son nou tande nan premye mo ki nan imaj la ?**  
 *Bay elèv yo tan pou reponn, korije si yo pa bay bon repons lan. Kontinye ak rèss mo yo, chwazi elèv ki poko patisipe pou reponn.*


### Aktivite 3 **Konsyans fonemik (5-6 mn)**

#### 1. Rekonèt son (4 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt miniskil /j/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di si mo sa yo kòmanse ak son lèt miniskil /j/. Leve pous nou anlè si li kòmanse ak son lèt /j/, mete de men nou sou ban an si li pa kòmanse ak son lèt miniskil /j/. Èske nou konprann ?**  
 *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Mo a se : « Dife ».**  
 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : « Kolibri ».**  
 *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: draje, salad, droum, jij, dra, foula, diri, fontyè, dantèl, kiltirèl, danre, plante.**  
 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son lèt la ak non lèt la (2 mn)


-  *Ekri son lèt /j/ sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt miniskil /j/.*  
 - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
 - Li son lèt /j/ byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa se /j/.**  
 *Touche son lèt /d/ pou elèv yo, mande yo repete son lèt /j/ ansanm avèk ou. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son sa ?/j/**  
 *Bay elèv yo plis eksplikasyon si yon gen difikilte.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt miniskil « j » .**  
 *- Touche lèt miniskil « j » sou tablo a*  
*- Pwononse non lèt « j » byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "j" miniskil.**

 Touche lèt la sou tablo a pou elèv yo, Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :


☞ **Ki non lèt sa a ("j" miniskil) ?**

 Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt « j »". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « j » miniskil. Touche lèt « j » yon denye fwa pou elèv yo.


## Aktivite 4 Rekonèt lèt (2 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo : j, AN, G, i, b, j, ON, f, j, K, j, R, EN, j. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "j" miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "j". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "j" sou tablo a pou klas la


☞ **Èske se lèt « j » elèv la te antoure sou tablo a ?**

 Toujou site non elèv lè w ap poze kesyon sa a. Si elèv la fè erè mande yon lòt elèv pou vin antoure lèt la, apre sa mande elèv ki te fè erè a pou vin antoure lèt « j » ankò.

### Egzèsis # 1 (6 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis ou pral fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.


☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « j » yo. Nou pral sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Ale nan kaye egzèsis nan paj 276 nan nimewo 1.**

 Ouvri kaye a nan paj 276 la. Ekri # 276 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 276 la, nan egzèsis # 1.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « j » ki menm ak sa ki agoch la ?**

 Mande elèv yo pou gade egzanp lan byen pou ka fè egzèsis la.


☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Repete non lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Ki lèt nou te antoure nan bwat la ?**


 Bay elèv yo tan pou reponn si yo fè erè bay yo repons la. Chwazi lòt elèv pou di ki lèt yo te antoure yo. Bay elèv yo tan pou reponn, si yon elèv gen difikilte mande yon lòt elèv reponn, apre sa di elèv ki te fè erè korije lèt ki mache ansanm ak san ki antoure agoch la.

### Egzèsis # 2 (6 mn)

☞ **Nou pral antoure lèt miniskil « j » pami lèt ki nan kaye egzèsis la. Nou pral sévi ak egzanp ki agoch egzèsis la pou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 276, nimewo 2.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 276 la, nan egzèsis # 2.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « j » yo ?**

 Mande elèv yo gade lèt yo byen epi antoure lèt ki miniskil « j » yo. Mande yo suiv premye egzanp lèt ki antoure nan premye liy lèt yo.

Leson 80 j

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

j	v	e	j	w	a
e	j	b	r	j	p
a	r	j	k	j	i
j	j	n	a	d	e


2- Antoure lèt j miniskil yo.

⓵ b a j l y w j p i d t


s n r i o j b v j p l z f

j ò g d j d g j d g v j


f d j f j v d g j d n

276 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

3- Antoure imaj kote nou tande son /j/ yo.



4- Antoure lèt miniskil j nan chak mo.







(j)nm    j)umou    j)ip    manje






Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 277





**Nou konprann ? Kòmanse!**

-  Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt nou te antoure nan premye liy lèt yo ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.
- Di ki lèt nou te antoure nan dezyèm liy lèt yo ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.
- Di ki lèt nou te antoure nan twazyèm liy lèt yo ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn epi korije ansanm.

**Egzèsis # 3 (8 mn)**


- Nou pral antoure imaj ki gen son « j » ladan li. Ale nan kaye egzèsis nan paj 277 nan nimewo 3.**
-  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 277 la, nan egzèsis # 3.
- Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /j/.**
-  Mande elèv yo gade egzanp premye mo a byen, mande yo suivi egzanp sa a pou fèt lòt yo.
- Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki imaj nou te antoure ki gen son « j » ladan l ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.
- Egzanp : Dezyèm imaj mwen antoure ki gen lèt miniskil « j » ladan l se : domino.**
- Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki imaj nou te antoure ki gen lèt miniskil « j » ladan l ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm. Pase verifye si elèv yo ap antoure mo ki gen lèt miniskil « j » ladan l. Korije ansanm, ekri tout mo ki gen lèt miniskil « j » ladan, mande elèv korije si yo pa t antoure mo sa yo.

**Egzèsis # 4 (8 mn)**





- Nou pral antoure lèt miniskil « j » nan mo. Ale nan kaye egzèsis nan paj 269 nan nimewo 4.**
-  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 277 la, nan egzèsis # 4.
- Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « j » nan chak mo.**
-  Mande elèv yo gade epi suiv premye egzanp lèt ki konekte a.
- Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 4 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt nou te antoure nan chak mo yo ?**
-  Bay elèv yo tan pou reponn apre sa korije ansanm.





## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)

 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.





### 1. Lekti sou tablo

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan li

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  -  Ouvri liv lekti a nan paj 104 la. Ekri # 104 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
  -  Verifeye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy **palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

Leson 80 ak 81      j J

 jann  
 joumou  
 jip  
 manje

ò ò b B v V g G f F d D  
do dans wa mwen lwen vle

ji Jou jès jis jous pyèj plaj jant

gasiye respekte finalman nesese kontinye komunikasyon konvèsasyon

kalòj jounen rejete toujou bonjou deranje entèlijans jiskaske ankouraje

Èske w fin ranje tout rad ou yo?  
Jedi pase, fanmi Emil te fete anivèsè li.  
Mwen p ap jann jete fatra nan lari a.  
Nan senk jou, mesye Salomon pral fè yon vwajaj.  
Mwen renmen jaden ki tou pre lakay mwen an.


104      Liv lekli 2<sup>e</sup> A.F.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Trase lèt «j» miniskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- ☞ **Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 282 a. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /j/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.**
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « j » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « j » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**

- ☞ Toudabò, trase yon liy kanpe epi, fè yon koube agoch.

 Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.

- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « j » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

## Aktivite 7 Vokabilè (6 mn)


- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo toutou. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo toutou ? Èske ou konn kisa toutou vle di ?

 Bay elèv yo tan pou reponn :


(10) ... (2)... (3)...

- ☞ Toutou vle di: non yo bay ti chen.

**Egzanp :** Toutou k ap jwe nan lakou Emil lan gen de mwa sèlman.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "toutou". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo toutou.


- ☞ Dezyèm mo a se Jako. Èske ou konn mo sa a ? Nan ki moman ou konn tande mo jako ? Èske ou konn kisa jako vle di ? Kisa nou konn jako ?

 Bay elèv yo tan pou reponn :

(10) ... (2) ... (3)...

- ☞ Jako: zwazo ki kapab repete sa li tande.

**Egzanp:** Jakòb di an n ale. Jako repete an n ale.


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo fè fraz ak mo "jako". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè. Chwazi lòt elèv ankò pou fè lòt fraz ak mo jako.

## Aktivite 8 konprann istwa pou reponn kesyon (15 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa imaj ki nan istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

Gade imaj la byen. Ak kisa imaj sa fè nou panse ? Kiyès nou wè sou imaj la ? Ki koulè rad ki sou pèsonaj nan istwa a ? Ki koulè sandal yo ? Kisa li ap fè ? Ki jès li ap fè ? Kijan kay la ye ? Ki lòt bagay nou wè ankò ?

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou reponn kesyon an . Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.

**Repons posib:**

(1) Mwen wè dam nan chita. 2) Dam nan ap souri. 3) Ti gason kontan. 3) Dam nan ak ti gason an ap gade jako a.

### 2. Li istwa (10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa 2 pa 2. Nou pral nan liv lekti a nan paj 103. Lè nou fin li 2 pa 2, chak elèv ap li pou kont li, sa vle di n ap li pou konprann, n ap li byen. Apre sa, nou pral reponn kesyon sou istwa a.

### Erik kay matant Lila (2)

Samdi maten, Erik leve byen bonè. Dabò, li prepare li. Answit, li salye manman li. Finalman, li ale lakay Matant Lila.


Lè li rive, li wè Mika ak Nola. Mika se yon toutou, Nola se yon mimi. Apre sa, Erik wè yon lòt bèt. Erik di: Oo Matant Lila! Apa ou gen yon lòt bèt!

Men wi, Erik, mwen fèk gen bèt sa a. Se yon jako. Li rele Jojo.


### 3. Verifye prediksyon (3 mn)

☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?


1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.


☞ 2. Ki elèv ki ka di m Kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.

### 4. Reponn kesyon (3 mn)

 Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

☞ 1. De kisa istwa ap pale?

2. Ki kote Erik prale?

3. Ki bet Erik we sou wout la?

4. Kijan mimi rele?

5. Kijan toutou rele?


### 5. Verifye prediksyon (3 mn)

☞ Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase. Nou sonje?

1. An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.

☞ 2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye, ankouraje, osinon mande klas la korije si nesesè.

## Aktivite 9 Evalyasyon (2-3 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

Repons posib:

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa « Erik kay matant Lila ». (4) Nou te aprann sa mo prese ak sa mo dekouvri vle di. (5) Nou te aprann son /j/. (6) Nou te aprann ekri lèt « j » miniskil.

# Leson 81 J

## Objektif yo :



- Dekouvri son ak non lèt majiskil / J/.
- Idantifye lèt majiskil « J » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « J » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 81 paj 104-105
- Kaye egzèsis, leson 81 paj 280-283
- Kreyon, crayon, gòm ak kaye bouyon, adwaz.

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)






### 1 Kontin

-  Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.
-  Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Ti pwezi, ka fè ou tranble san fredri;  
 Fè ou tande mizik san tanbou,  
 fè ou swe san chalè,  
 ba ou dlo nan je san chagren.  
 Mwen renmen pwezi!


-  Felisite epi ankouraje elèv yo.


### 2. Rapèl (3 mn)

-  Ekri plizyè sa yo sou tablo a : kann, mant, kanèl, mango, kenèp, etikèt, plas
-  Kiyès ki ka vin ekri lèt j sou tablo a?( Non lèt sa se ?), (Son lèt sa se ?).
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou ekri lèt j miniskil sou tablo a.
-  Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt J majiskil, dekri imaj ak fè prediksyon.
-  Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.





## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt son (4 mn)







-  Kounye a, nou pral aprann son lèt /J/. M ap pwononse son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son lèt /J/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /J/ majiskil mete de





men nou sou ban an. Èske nou konprann ?

-  Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ **Son an se /J/. Mo a se: « Joumou ».**
  -  Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Men yon Lòt mo: Chadèk.**
  -  Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: jaden, tann, jounen, jwenn, tande, jako, matant, ji, granmè, jape, silans..**
  -  Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.



## 2. Di son lèt la ak non lèt la (2 mn)

-  Ekri lèt "J" majiskil ak lèt « j » miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo: (« k » ak « J »). Fè yo repete son lèt /j/ miniskil la avan.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /j/, son lèt sa tou se /J/.**
  -  Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a
- ☞ **Ki son lèt sa a? (/j/) - Ki son lèt sa tou? (/J/)**
  -  Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /j/ ak son /J/ se menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt yo (« J », « j »).**
  -  - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "j" miniskil. Non lèt sa se « J » majiskil.**
  -  Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:
- ☞ **Ki non lèt sa? ("j"). Ki non lèt sa? (« J »).**
  -  Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « j » ak lèt « J ». Touche lèt yo yon denye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo repete son lèt yo ak non lèt yo.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt (2 mn)

-  Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: J, L, T, J, I, G, F, J. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "J" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "J". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "J" sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "J" majiskil elèv la antoure ?**
  -  Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "J" majiskil yo.

## Egzèsis # 1 (6 mn)

-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "J" majiskil. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
  -  Ouvri kaye a nan paj 280 nan egzèsis # 1 ak 2 a. Ekri # 280 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki

Leson 81 J

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

J	V	E	J	B	A
E	J	B	R	J	P
A	R	J	C	J	I
P	J	N	J	W	E

2- Antoure lèt J majiskil yo.

ⓐ B A J L Y W J P I D T

S N R I O J B V J P L Z F

ⓑ J O G D J J G I D G V J

F D J F J V D G J D N

**Gid Met la, 1<sup>e</sup> A.F. - 38 a 87**

280 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

*paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib : Yon lèt « J » majiskil**

- ☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Repete non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "J" majiskil ?**
- ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "J" nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

### Egzèsis # 2 (6 mn)

- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Toujou nan paj 280 an, nan kaye egzèsis la.**
- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 280an, nan egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "J" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
- ☞ *Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "J" majiskil.**
- ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "J"majiskil la. Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

3- Antoure lèt majiskil J nan chak mo.



4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

v j g d ò b f

D G B Ò F J V

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 281

### Egzèsis # 3 (8 mn)

- ☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /J/, nan paj 281 an.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nanki paj egzèsis la ye. Ekri # 281 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 281 nan egzèsis # 3.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil J nan chak mo.
  - ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki gen « J » Majiskil nan mo ki anba bwat yo.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?
  - ☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt kote nou wè lèt « J » majiskil nan mo ki anba imaj yo. Nou konprann? Kòmanse!
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo antoure nan mo ki anba imaj yo, Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (8 mn)

- ☞ N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "J" majiskil. Toujou nan paj 281 an, nan avan denye egzèsis paj la.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 281 an ak nan egzèsis # 4 la.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniski lak lèt majiskil ki mache ak li a.
  - ☞ Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.
- ☞ Konekte menm jan ak premye imaj la, tout kote nou wè lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ak li a. Nou konprann? Kòmanse!
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.


## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (3-5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

Leson 80 ak 81 j J



jann    joumou    jip    manje

ò ò b B v V g G f F d D

do dans wa mwen lwen vle




ji you jès jis jous pyèj plaj jant

gaspnye respekte finalman nesesisite kontinye kominikasyon konvèsasyon



kalòj jounen rejete toujou bonjou deranje entèlijans jiskaskè ankouraje

Èske w fin ranje tout rad ou yo? Jedi pase, fanmi Emil te fete anivèsè li. Mwen p ap janm jete fatra nan lari a. Nan senk jou, mesye Salomon pral fè yon vwayaj. Mwen renmen jaden ki tou pre lakay mwen an.

104 Liv lekli 1<sup>er</sup> A.F.






-  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekli an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekli nan liv**

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekli a.**
  -  Ouvri liv lekli a nan paj 104 la. Ekri # 104 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekli a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
  -  Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

**Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)**


**1. Trase lèt «J» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)**

-  Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 282 a. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /J/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « J » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « J » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
  -  Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Toudabò, trase yon liy kanpe epi, fè yon koube agoch. Anwo, trase yon liy kouche tou kout.**
  -  Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.
- ☞ **Toudabò, trase yon liy kanpe epi, fè yon koube agoch. Anwo, trase yon liy kouche tou kout.**
  -  Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « J » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
  -  Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

**2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)**


- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “J” majiskil sou tablo a sou liy sa yo?**




 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "J" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo :

- ☞ Toudabò, trase yon liy kanpe epi, fè yon koube agoch. Anwo, trase yon liy kouche tou kout.

### 3. Ekri lèt "J" majiskil nan kaye bouyon.

 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt « J » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "J" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fe menm jan ak modèl la.

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.


**J** 5- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

J J J J J


J J J J J

Jedi pase. Jina te al manje lakay granmè li.

Emil te gade yon bèl teyat.

282 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 


### Egzèsis # 5-Ekri lèt, mo ak fraz.

 Ekri # 282 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou


- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl lèt, silab ak mo yo epi kopye yo sou liy kaye a.

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.


- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

 Fè elèv yo pran kaye egzèsis yo pou yo ekri lèt « J » majiskil. Mande yo pou suiv modèl yo.


- ☞ Suiv modèl lèt la, pase kreyon sou lèt ki deja ekri an tipwen tipewen yo .

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.


- ☞ Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

 Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la.

### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #283 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 283 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « J » majiskil. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl fraz ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la . Nou pral nan paj 283. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ? Gade modèl fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

- ☞ An n fè modèl la ansanm. Kiyès ki ka di mwen kisa pou mande tèt ou lè w ap mete yon fraz nan lòd ? Kijan pou nou Chèche premye mo a ?

Repons posib

(1) Chèche mo ki gen lèt majiskil la.

- ☞ Poukisa?

Repons posib

(1) Paske yon fraz kòmanse ak lèt majiskil. (2) Paske se li ki kòmanse yon fraz.

- ☞ Byen, nou konnen yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil. Ki mo ki gen lèt majiskil la ?


1- Mete mo yo nan lòd pou ou fòme fraz.

pile - Lila - ap - piman.

Lila ap pile piman.

Janin - mandarin - . manje - ap

yon - David - jaden . - gen - bèl



**Repons:**

•Cl: Lila

☞ **Byen apre sa kijan pou nou kontinye ?**

**Repons posib**

☞ (1) Cheche kisa kap fèt. (2) Cheche mo aktivite k ap fèt la.

**Byen, ki mo k ap di mwen sa Lila ap fè ?**

**Repons posib:**

(1) Pile. (2) Ap pile.

☞ **Byen. Nou gen de mo. Ap epi pile. Kiyès ki vin avan lòt ? Èske nou di pile ap oubyen ap pile ?**

Cl: ap pile.

☞ **Byen. Kounyen an nou konnen Lila ap pile. E apre sa ? Kijan pou nou fini fraz la ?**

(1) Chèche mo ki gen pwen an sou kote li. (2) Chèche kisa Lila ap pile. (3) Chèche mo di vle di yon bagay moun pile.

☞ **Byen, kisa Lila ap pile ? Ki mo ki rete ? ki mo ki gen pwen an sou kote li ? Ki mo k ap fini fraz la ?**

Cl: Piman

☞ **Trè byen. Piman se sa Lila ap pile, se mo ki gen pwen an sou kote li. Nou konnen se li ki ap fin fraz la. Kounye a, kiyès ki ka li fraz la pou mwen.**

(1) Lila ap pile piman.

☞ **Nou fè sa trè byen. Kounye an kontinye pou lòt fraz nan aktivite sa a.**

☞ *Pandan elèv yo ap travay ekri mo yo an dezòd sou tablo a. Lè elèv yo fini mande yon elèv vin korije devan klas la pandan li bay eksplikasyon sou kijan li fòme fraz li.*

☞ **Kounye a, an n korije ansanm. Mwen pral chwazi yon elèv pou vin sou tablo a pou mete fraz la nan lòd pandan li ap bay eksplikasyon. Kiyès ki vle vin sou tablo ?**

☞ *Chwazi elèv ki poko patisipe ou fè egzèsis sa.*

**Aktivite 6 Vokabilè revizyon (6 mn)**

**1.Revizyon vokabilè**

☞ **Nan leson anvan an, nou te travay sou mo kepi. Kiyès ki ka di m kisa mo kepi vle di ?**

☞ *Chwazi 6 elèv youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.*

☞ **Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo kepi?**

☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) youn apre lòt pou reponn kesyon an. Ankouraje yo, epi korije si nesesè.*

## Aktivite 7 Konprann istwa pou reponn kesyon (10 mn)

### 1. Li istwa(10 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2, sa vle di n ap li youn pou lòt. Pandan yon elèv ap li, lòt elèv la dwe suiv epi touche mo yo ak dwèt li. Lè premye elèv la fin li pou dezyèm elèv la, Dezyèm elèv la ap li pou li tou.

☞ Fè de premye elèv yo kanpe pou lekti a.

- ☞ Nou pare? Kòmanse!

☞ Pandan y ap li, pase verifye ke lot elèv yo ap suiv byen ak dwèt yo.

### Lekti 2 pa 2

☞ Mete elèv yo 2 pa 2. Asire w yo suiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekòde mo si yo gen difikilte. Dekoupe istwa a an plizyè moso epi mete elèv yo 2 pa 2 pou yo li yon moso istwa. Asire w ke yo suiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekòde mo si yo gen difikilte.

- Premye moso ap soti nan premye fraz nan pou rive nan dezyèm nan : Samdi maten ... Matant Lila.

- Dezyèm moso a ap soti nan twazyèm fraz la pou l rive nan senkyèm fraz la, l ap soti nan : Lè li rive... mimi

- Twazyèm moso istwa a ap soti nan sizyèm fraz la pou l rive nan dènyèm fraz la : Apre, Erik ... Jojo.

### Erik kay matant Lila (2)

Samdi maten, Erik leve byen bonè. Dabò, li prepare li. Answit, li salye manman li. Finalman, li ale lakay Matant Lila.

Lè li rive, li wè Mika ak Nola. Mika se yon toutou, Nola se yon mimi. Apre sa, Erik wè yon lòt bèt. Erik di: Oo Matant Lila! Apa ou gen yon lòt bèt!

Men wi, Erik, mwen fèk gen bèt sa a. Se yon jako. Li rele Jojo.

### 2. Lekti youn pa youn

☞ Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 gason ak 3 fi) ede yo, si yo gen difikilte.

### 3. Reponn kesyon

☞ Lè elèv yo fin li istwa a fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

- ☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.

☞ Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

- ☞ 1. Kisa Erik fè samdi maten ?  
2. Ki lot bèt Erik wè lakay matant Lila ?  
3. Dekri matant Lila. Kisa li sanble ? Kijan li abiye ?  
5. Dapre imaj la, kisa matant Lila renmen fè ?  
4. Dekri lakay matant Lila. Kisa kay li sanble ? Ki kote li chita ak bèt yo ?

**5. Dekri chak bèt ki lakay matant Lila**

**Repons posib**

(1) Gen yon chen, yon chat ak yon jako. (2) Gen yon ti chat blan, yon chen koulè mawon ak yon jako ble, jòn ak vèt.

**6. Pwochèn fwa Erik al kay matant Lila, kisa li ap wè ?**

**Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)**


**☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te fè egzèsis nan kaye. (2) Nou te li. (3) Nou te koute istwa « Erik kay matant Lila ». (4) Nou te aprann sa mo ak sa mo dekouvri vle di. (5) Nou te aprann son /J/. (6) Nou te aprann ekri lèt « J » majiskil.

**Aktivite 9 An n fè yon ti teyat (3 mn)**

**☞ Kounye a, nou pral jwe yon ti teyat sou istwa nou fèk li a. Erik vin wè matant Lila. Imajine Jojo, Nola a Mika ap pale. Kisa yo di ? Ki konvèsasyon yo fè ?**

 *Pran yon ti tan pou repete epi apre sa m ap chwazi kèk gwoup pou vin prezante devan klas la. Apre sa nou pral chwazi Kiyès ki fè li pi byen. N ap gade kijan nou pale, kisa nou di epi si nou itilize tout enfòmasyon istwa a. Bay elèv yo 5 mn pou yo prepare ti dyalog sa a. Apre sa chwazi 4 gwoup pou prezante devan klas la. Lè yo fin prezante mande klas la chwazi ki prezantasyon yo renmen plis epi bat bravo pou yo.*

# Leson 82 Revizyon d D, j J

## Objektif yo :


- Revize son ak non lèt d, j.
- Rekonèt lèt d, D, j, J pami plizyè lèt.
- Ekri lèt miniskil ak majiskil d, D, j, J.
- Fè prediksyon sou istwa a dapre imaj la.

## Materyèl :

- Liv lekti, lesan paj 106-107.
- Kaye egzèsis, lesan 82 soti nan paj 284-285
- Kreyon, gòm, kaye bouyon, adwaz.


## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1 Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Vag lanmè  
Toujou ap fè ale vini chak jou,  
toujou ap fè bri, chak jou.  
Fè bato danse de bò.  
Vag lanmè pa janm poze,  
menm lè solèy kouche.

 Felisite epi ankouraje elèv yo.

- ☞ Jodi a, nou nou pral revize sa nou te wè deja, Revize son ak non lèt d, j. Rekonèt lèt d, D, j, J pami plizyè lèt. Ekri lèt miniskil ak majiskil d, D, j, J. Fè prediksyon sou istwa a dapre imaj la.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a: deja, jije, danse, jwe, dine, ji, de, jan. Mwen pral di yon lèt. Nou pral chwazi yon mo sou tablo a ki gen lèt sa a. Lèt la se (è).

 Chwazi yon elèv pou bay repons lan. Ede li si nesèsè. Kontinye avèk lèt (a, l, d, j, f, g, an, en, v, b, i, ou, o). Chwazi yon elèv pou reponn chak mo yo. Pa kite elèv yo chwazi mo ki chwazi deja.

### 1. Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt (5 mn)

- ☞ Nou pral ekri lèt yo pou kont nou an miniskil ak an majiskil.


### 2. Repete son lèt la

- ☞ Son lèt sa a se /j/


 Chwazi kèk elèv pou repete son lèt la.

### 3. Repete non lèt la


 Non lèt sa a se j.


 Chwazi kèk elèv pou repete non lèt la

## Aktivite 3 Lekti lèt, silab ak mo (15 minit)


 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo


 Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


 Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

 Bay elèv yo 2 minit pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.


 Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.


 Bay elèv yo 2 minit pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

 Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.


 Bay elèv yo 2 minit pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv

 Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.

 Ouvri liv lekti a nan paj 106 la. Ekri # 106 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

 Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?


 Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

Leson 82 Revizyon d D j J

 b B v V g G f F d D j J

 fè de je jòn vid jou vòl dwèt janm

 kado angaje korije dodine lajounen jiskask madansara medikaman

 Èske ou fin ranje tout rad ou yo?

Mwen deside ankouraje moun kenbe lari a pwòp.

Demen, mwen vle ale nan bibliyotèk katye mwen an.

Yè, David ak Sandra te ale nan bibliyotèk la.

Demen apremidi, mwen pral rankontre kanmarad mwen yo.

## Aktivite 4 Ekri mo ak fraz (10 mn)

Leson 82 Revizyon d D, j, j

1- Nwasi kare ki anba silab ki gen son /j/ yo.

manje	joumou	ranje	jape	jamè
-------	--------	-------	------	------

2- Konekte mo ki menm yo.

ji	JANM
rejete	Jl
jounen	DERANJE
janm	REJETE
deranje	JOUNEN

284 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### 1-Chèche lèt

☞ Kounye a, nou pral fè yon egzèsis sou silab. Kiyès ki ka di m kisa yon silab ye?

#### Repons posib

(1) Yon silab se yon pati yon mo. (2) Silab se yon pati yon mo nou tande. (3) ...

☞ Byen. Silab se yon pati yon mo nou tande. Pa egzanp si mwen di lekòl mwen tande 2 pati: Le-kòl. Mo sa a gen 2 silab. An n ale nan kaye a nan paj 284 la. Nou pral fè nimewo 1 an. Mwen pral li konsiy la pou nou:

☞ Ouvri liv kaye a nan paj 284 la. Ekri # 284 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Li konsiy la pou elèv yo de fwa. Apre sa, mande yo fè aktivite 1 an.

☞ Fè menm jan pou aktivite 2 ak 3.

☞ Nan chak etap, verifye travay 3 fi ak 3 gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.

### 2. Ekri mo

☞ Nou pral itilize sa nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di silab, epi lèt ki nan mo yo pandan n ap ekri yo. Rete nan kaye a.

☞ Sonje ekri mo yo sou tablo a.

☞ An n fè yon egzanp sou tablo a. N ap ekri yo. danje = d/ /an/ /j/ /e/.

An n ekri mo a ankò. danje = /d/ /an/ /j/ /e/. Repete tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.. An n kontinye ak kèk lòt mo. Ale nan kaye egzèsis la nan paj 285. Fè egzèsis nimewo 4 la. Mwen pral li konsiy la pou nou.

☞ Ouvri liv kaye a nan paj 285 lan. Ekri # 285 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Bay elèv yo tan pou yo ekri chak mo. Pase gade travay elèv yo pou w ka korije si nesesè. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li byen.

3- Konekte mo ki menm yo.

Imaj	Lajounen	Ranje
RANJE	JAMÈ	IMAJ
lajounen	Ranje	jamè
Jamè	Imaj	LAJOUNEN

4- Ranje lèt yo nan lòd pou ou ekri yon mo ou konnen

janti, joko, ranje, joumou	
k o j a	joko
j t a n i	
j o u m o u	
j e a n r	

Aktivite lib

285 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

## Aktivite 5 Vokabilè(10 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### 1. Premye mo a se: « plimaj ».


☞ Leve men nou si nou konnen mo plimaj. Kiyès ki ka eksplike sa yon plimaj ye? Nan ki moman nou konn tande mo plimaj?

☞ Chwazi yon fi ak yon gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.


☞ Nan istwa nou pral li jodi a, plimaj vle di: « tout plim ki sou nenpòt ki kalite zwazo ».

**Egzanp : Wanganègès se yon zwazo ki gen bèl plimaj.**

Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo plimaj.

 Bay elèv yo tan pou fè fraz yo.

☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad yo di yo?**

 N: Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

## 2. Dezyèm mo a se: « Bridesoukou ».

☞ **Leve men nou si nou konnen mo bridesoukou a. Kiyès ki ka di kisa yon bridesoukou ye? Kijan li fèt? Nan ki moman nou konn tande mo bridesoukou a?**

 Chwazi 1 fi ak 1 gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, bridesoukou vle di : ki rive san atann. Pa egzanp si mwen di Bridesoukou gen lapli sa vle di lapli a rive san mwen pa atann li. Sa vle di te gen dwa gen soley, tan an pa t mare. Mwen pa t ap espere lapli a.**

 Chwazi 1 fi ak 1 gason pou yo reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.

☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo bridesoukou.**


 Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi 1 fi ak 1 gason pou di fraz yo te fè a.

### Aktivite 6

## Konprann istwa pou reponn kesyon

### 1. Li istwa

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a. Nou pare ?. Nou pral li 2 istwa.**

 Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil fot. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li pou kont yo. Pandan elèv yo ap li, pwofesè a pase gade si y ap suiv ak dwèt yo.

#### Erik kay Matant Lila (3)


Erik kontan li kay Matant Lila. Li ka wè Jojo, jako li a. Jojo gen yon bèl plimaj.

Jojo kòmanse pale. Jojo di:

- Bonjour.

Erik pantan! Li di :

- Se Jojo ki pale a?

 Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a 2 pa 2 pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute 2 elèv byen. Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a pou kont yo.


- Men wi Erik. Jako se yon bèt ki repete sa li tande. Jojo toujou tande mwen salye moun. Li salye moun tou.

Jojo di:

- Bonjour Erik.


Erik ak Matant Lila tonbe ri.




 Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo; li istwa ansanm avèk klas la 2 fwa dousman pandan y ap suiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi Chèche kòman ou ka ede elèv yo amelyore. Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.

☞ Koute epi reponn kesyon sa yo sou istwa nou te li a.

## 2. Reponn kesyon

 Lè elèv yo fin li istwa a, fè yo gade imaj ki anlè istwa a byen pou yo ka reponn kesyon sou imaj la ak sou istwa a.

☞ Kounye a, nou pral reponn kesyon sou imaj ki akonpanye istwa a ak sou istwa a.

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon. Toujou ankouraje elèv yo bay repons ak anpil detay. Felisite elèv ki bay plis detay la.

☞ 1. Kisa Jojo ye?

2. Kisa Jojo te fè?

3. Kijan Erik santi li lè li tande Jojo ap pale? Pou kisa?

4. Kòman Jako konnen mo?

5. Kisa Jojo te di Erik?

6. Poukisa Erik ak matant Lila ri?

7. Poukisa matant Lila toujou ap salye moun?

**Repons posib**

(1) Paske li gen lisaj. (2) Paske moun toujou ap vizite li. (3) Matant Lila toujou di moun kay li bonjou. (4) ....

8. Ki lòt mo Jojo ap vin aprann kay matant Lila? Eksplike repons ou a.


**Repons posib**

(1) Kijan ou ye? (2) Kijan fanmi an ye? (2) Non lòt bèt yo. (3) Li ap aprann non bèt yo paske matant Lila di yo anpil. (4) Li ap aprann kijan ou ye paske anpil moun vin wè matant Lila?


---

## Aktivite 7 Evalyasyon (3 mn)

☞ Ki mo vokabilè nou te aprann jodi a?

 Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.

☞ Kiyès ki ka di kisa mo sa yo vle di?

 Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.

☞ Kiyès ki ka fè yon fraz ak chak mo sa yo?

 Chwazi 4 elèv: 2 fi ak 2 gason pou yo di kisa yo te aprann jodi a.

# Leson 83 ch

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt miniskil / ch/.
- Idantifye lèt miniskil « ch » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « ch» byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj.
- Li epi konprann yon istwa.

## Materyèl :


- Liv lekti, leson 83 paj 108 -109
- Kaye egzèsis, leson 83 paj 286-289
- Kreyon, gòm ak kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)




### 1 Kontin

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Chen se yon bon zanmi,  
li toujou mache ak mèt li,  
li pwoteje mèt li tout kote l pase.  
An n pwoteje chen yo!


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (2 mn)

-  *Ekri plizyè mo ak lèt J majiskil sou tablo a tankou : Jodia, pous, jako, plis, jenou, , jete, Jean, ji, jou, jwe. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure kote yo wè lèt "J" majiskil nan mo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure mo ki gen J majiskil sou tablo a ?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin antoure kote yo wè lèt "J" majiskil nan mo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann ekri lèt miniskil (ch), dekri imaj epi fè prediksyon sou istwa.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti a "lèt, silab ak mo" ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (4 mn)

Leson 83 ak 84 ch CH



chape cheval cochon nich

b B v V g G f F d D j J  
 ji fèt fòk fot vwa mwen

chat nich chak mèch chans klòch bouch  
 chanm manch planch

ranje genyen etidye règleman vwayaje  
 aktivite patisipe ankouraje rekòmanse

richès dimanch kribich chanjman  
 chokola chifonnen kachiman

Ti sè Anita a kache deyè pye chadèk la.  
 Dominik al chèche yon flè choublak pou  
 manman li.  
 Chodyè bouyon Anita a vid.  
 Chak maten, mwen pran chemen lekòl mwen.

100 Liv lekli 5<sup>e</sup> A.F.

Ouvri liv la nan paj 108 la. Ekri # 108 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si tout elèv nan menm paj avèk ou.

☺ Jodi a, nou pral fè yon jwèt. Nou pral jwe ak desen ki nan liv lekli a, nan paj 108 la. An n gade 4 desen yo. Mete lendèks nou sou desen pen an.

☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè

☺ Mete lendèks nou sou desen chape a.

☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.

☺ Mete lemajè nou sou desen cheval la.

☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.

☺ Mete lanilè nou sou desen cochon an.

☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.

☺ Mete lorikilè nou sou desen nich la.

☞ Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.

☺ Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.

☞ Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye.

☺ Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di la yo ?

☞ Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.

☺ Son an se /ch/. Jodi a nou pral aprann son /ch/.

## Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Rekonèt son (4 mn)

☺ Kounye a, nou pral aprann son lèt konbinezon (ch) miniskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son (ch) miniskil, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son konbinezon/ch/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?

☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.

☺ Son an se /ch/. Mo a se : chat.

☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.

☺ Lòt mo a se : mango.

☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.

☺ An n kontinye ak kèk lòt mo: channmas, chalè, pasyans, chanm, chosèt.

☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.





### 2. Di son lèt la ak non lèt la (2 mn)

☞ Ekri lèt konbinezon "ch" miniskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son lèt la : « (ch) ». Fè yo repete son lèt /ch/ miniskil la.



-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Repete son lèt yo byen fò pou tout klas la.






☺ Son lèt sa a se /ch/.


-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a (/ch/)?**
  -  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /en/.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt la ("ch" miniskil).**
  - N : - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*
  - Di non lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "ch" miniskil.**
  -  *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa? ("ch").**
  -  *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt la se « ch ».*

#### Aktivite 4 Rekonèt lèt miniskil (ch) (4 mn)

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil tankou: an, ch, ou, b, p, k, on, ch, o, t, l, ch. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt miniskil "ch" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "ch". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "ch" sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se lèt « ch » miniskil elèv la antoure ?**
  -  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "ch" miniskil yo. Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

#### Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (10 mn)

-  *Fè elèv yo li liy lèt, silab, mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*
- 1. Lekti sou tablo**
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
    -  *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
    -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
    -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
    -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*



chape cheval kochon nich

b B v V g G f F d D j J

ji fèt fòk fot vwa mwen

chat nich chak mèch chans klèch bouch  
chanm manch planch

ranje genyen etidye règleman vwayaje  
aktivite patisipe ankouraje rekòmanse

richès dimanch kribich chanjman  
chokola chifonnen kachiman

Ti sè Anita a kache deyè pye chadèk la.  
Dominik al chèche yon flè choublak pou  
manman li.

Chodyè bouyon Anita a vid.

Chak maten, mwen pran chemen lekòl mwen.

108 Liv lekòl 1<sup>er</sup> A.F.

## 2. Lekti nan liv

### ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 108 la. Ekri # 108 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a.

### ☞ Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?

☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Egzèsis # 1 (4-5 mn)

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

### ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis la sou lèt "ch" miniskil. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

☞ Ouvri kaye a nan paj 286 nan egzèsis # 1. Ekri # 286 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

### ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib: Yon lèt « ch » miniskil.

☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :

### ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 2 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

### ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Repete non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

### ☞ Èske lèt sa a se lèt "ch" miniskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi fè yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "ch" miniskil lan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

## Egzèsis # 2 (6 mn)

### ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Toujou nan paj 164 la, nan kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 286 la, nan egzèsis # 2 a. B: Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "ch" miniskil yo ki menm jan ak modèl la. Mande elèv yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

### ☞ Nou konprann ? Kòmanse !

Leson 83 ch

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.


p	ch	en	d	ch	a
ch	b	an	ch	j	l
l	r	ch	o	ch	o
p	ch	n	ch	on	e

2- Antoure lèt ch miniskil


ch b an t ch y w ch p i d  
s ch r i on m b v ch p l z  
ch ò g d ch d g j ch g v ch  
ch d ch f j v d ch j ch n

286 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

3- Antoure imaj kote nou tande son /ch/ yo.



4- Antoure lèt miniskil ch nan chak mo.



cat      chen      chemiz      nich

Aktivite lib

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 287

- ☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 1 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Repete non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "ch" miniskil?**
  - ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efas wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "ch" miniskil la. Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3-4 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /ch/miniskil. Nan paj 287 lan.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 287 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 287 lan nan egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son /ch/.**
  - ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**
  - ☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /ch/. Nou konprann? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3-4 mn)

- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "ch" miniskil. Toujou nan paj 287 lan, nan dènye egzèsis la.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 287 an ak nan egzèsis # 4 la.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou pral antoure lèt miniskil ch nan chak mo.**
  - ☞ Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.
- ☞ **Antoure lèt miniskil (ch) nan chak mo, gade modèl la byen. Nou konprann? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou eksplike chak lèt yo antoure nan chak mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Ekri lèt la sou tablo ak nan kaye (4-5 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "ch" miniskil sou tablo a sou liy sa yo?

*Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "ch" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo.*

### 2. Ekri lèt "ch" miniskil nan kaye bouyon.

*Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou ekri lèt « ch » miniskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*

- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou ekri lèt "ch" miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade li byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

*Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou elèv yo.*

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

ch


ch ch ch ch ch

ch

Erik chèche chen Chal la.

Ana chita chak jou sou cheval la.

Leson 83 ch



6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.


ch

Natacha kache dèyè pye chadèk la.

Michèl chanje chodyè Chal la.

Leson 83 ch

Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F. 289



### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #288 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 288 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « ch » miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*

- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a.

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou elèv yo.*

### Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.


*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #289 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 289 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « ch » miniskil la. Apre sa, mande elèv yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*

- ☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 289 la. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen? Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou elèv yo.*

## Aktivite 7 Konprann istwa pou reponn kesyon

Apremidi mwen



Apremidi enpòtan pou mwen. Mwen kite lekòl la a inè. Mwen pran chemen lakay. Lè mwen rive, mwen antre nan chanm mwen. Dabò, mwen retire inifòm, chosèt ak soulye. Mwen mete lòt rad. Apre sa, mwen tann lè manman mwen rele nou. Nou ale manje ansanm. Answit, nou pale sou jouen lekòl la. Lè nou fini, mwen etidye epi fè devwa mwen. Pita, mwen ale teke mab ak kamarad mwen.

Leson 83 ak 84 ch-CH

Liv lekòl 1<sup>a</sup> A.F. 109

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral i-majine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a, n ap sèvi ak desen ki nan istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

Louvri liv nou nan paj 109.

*Bay elèv yo tan pou yo fè sa.*

- ☞ 1. Gade desen an byen.

*Mwen panse istwa a pral pale sou...*

- ☞ 2. Mande kamarad ki bò kote w la kisa li wè nan desen an.

 Mwen wè...

☞ **3. Kiyès ki ka di mwen kisa li wè nan desen an?**

 Chwazi yon fi ak yon gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.

**Repons posib**

(1) Mwen wè yon tigason chita nan chanm li. (2) Mwen wè yon tigason k ap li. (3) Mwen wè yon gason ak yon pantalon vèt epi yon mayo wouj.


☞ **4. Kiyès ki ka di mwen kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

**Repons posib**

(1) Mwen panse se istwa yon tigason ki sot lekòl.  
(2) Mwen panse istwa a pral pale sou yon tigason ki renmen lekòl. (3)...

**2. Li istwa (15 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.**

 Pandan elèv yo ap li, pwofesè a pase gade si y ap suiv ak dwèt yo.

**Apremidi mwen**

Apremidi enpòtan pou mwen. Mwen kite lekòl la a inè. Mwen pran chemen lakay. Lè mwen rive, mwen antre nan chanm mwen. Dabò, mwen retire inifòm, chosèt ak soulye. Mwen mete lòt rad. Apre sa, mwen tann lè manman mwen rele nou. Nou ale manje ansanm. Answit, nou pale sou jounen lekòl la. Lè nou fini, mwen etidye epi fè devwa mwen. Pita, mwen ale teke mab ak kamarad mwen.

**3. Reponn kesyon**

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon.

☞ **1. Ki tit istwa a?**

**2. Kisa elèv la fè an premye lè li rive lakay li?**

**3. Kisa li fè pandan l ap manje ak manman l?**

**4. Kiyès manman an rele vin manje? Eksplike repons ou.**

**Repons posib**

(1) Papa elèv la ak res fanmi an. (2) Moun nan kay la. (3) Elèv la ak frè ak sè li paske li di manman mwen rele NOU vin manje. Poutèt sa mwen panse li gen lòt frè ak sè.

**5. Ki dènye aktivite li fè?**


**6. Ki koulè inifòm li?, sak li?**

**4. Verifye prediksyon (3 mn)**

☞ **Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.

☞ **Ki elèv ki ka di m kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, (2 fi ak 2 gason) epi verifye chak repons.



---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

(1) Nou te aprann son ak non lèt miniskil /ch/. (2) Nou te aprann ekri lèt « ch » miniskil. (3) Nou te li istwa : « Apremidi mwen ». (5) Nou te reponn kesyon sou istwa a .

# Leson 84 CH

## Objektif:


Ekri lèt majiskil CH  
Rekonèt korespondans ant lèt majiskil ak lèt miniskil  
Konprann istwa pou reponn kesyon

## Materyèl


Liv lekti, leson 84 paj 108-109  
Kaye egzèsis, leson 84 soti paj 290 rive 293

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann ?**

Chou se yon bon legim.  
Machann chou renmen pase,  
nan katye a epi y ap rele:  
«Men bèl chou, men bèl chou».


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*




### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a: chapo – kalalou – chik – planch – pik – chwal – plant – planch – imaj – charite. Chwazi 6 elèv pou vin antoure lèt “ch” miniskil sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure konbinezon “ch” miniskil nan mo ki sou tablo.**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifiye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte, fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi rekonèt epi ekri lèt « CH » majiskil, konprann istwa pou reponn kesyon.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti la nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*



## Aktivite 2 Konsyans fonemik (10 mn)

### 1. Rekonèt premye son (3 mn)






- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt « ch ». M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /CH/, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son /CH/, mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /ch/. Mo a se: « chak ».**

-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lèt mo a se: « zòrèy ».**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo plat sou ban an. Epi korije si nesèsè.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: jou, chanje, zaboka, chèche.**  
Kounye a, nou pral jwe yon jwèt mwen pral di yon lèt epi n ap di mwen kèk mo nou konnen ki kòmanse ak lèt sa. Nou pare?
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*



## 2. Konpare premye son nan mo (3mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou 2 mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo pa kòmanse ak menm son, mete men nou plat sou ban an.**  
Pè mo a se chosèt-chalè.
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lèt pè mo a se: chaje-jaden.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo plat sou ban an. Epi korije si nesèsè.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt egzanp: chaje-jaden, jape-chape, chagren-cho, pech-chita, chabon-cheval, jounen-jenou.**

## 3. Pwononse son ak non lèt la (4 mn)

-  *Ekri lèt majiskil «CH» sou tablo a. Fè yo repete son lèt majiskil 2 fwa. fè yo repete son combinezon lèt miniskil la avan.*  
- Touche chak lèt ki nan lèt majiskil « CH » pou elèv yo sou tablo a lè y ap repete son an  
- Pwononse chak son ki nan lèt majiskil « CH » byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt majiskil la se /CH/.**
-  *Toujou sonje touche lèt ki nan lèt majiskil la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt majiskil la epi repete son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son lèt majiskil sa a? / CH/.**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann pwononse non lèt majiskil sa a « CH ».**
-  *Toujou sonje touche lèt ki nan lèt majiskil la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt majiskil la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki non lèt majiskil sa a? "CH"?**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt majiskil" la. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt majiskil sa a se « CH », fè yo repete non lèt majiskil la.*

## Aktivite 3 Rekonèt lèt CH (14 mn)

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: EN, CH, ON, AN, OU, CH, AN, A, L, CH, EN, K, P, I, CH, ON.*  
Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt majiskil lèt « CH » majiskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure lèt « CH », mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yo lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi vin idantifye lèt majiskil « CH ». Retounen mande menm elèv ki te gen difikilte a pou li idantifye lèt majiskil « CH ».
- ☞ **Èske se lèt majiskil « CH » elèv la antoure?**
-  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Chwazi kèk lòt elèv ankò pou vin idantifye lèt majiskil « CH » sou tablo a.*

Leson 84 CH

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

P	CH	D	CH	A
CH	B	CH	J	L
L	CH	O	CH	O
P	CH	N	B	E

2- Antoure lèt CH majiskil yo.

CH B A T CH Y W CH P I D  
S CH R I O M B V CH P L Z  
CH Ò G CH D G J CH G V CH  
CH D CH F J V D CH J CH

290 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (4-5 mn).

- Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la, Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
- Ouvri kaye nan paj 290 egzèsis # 1. Ekri nimewo 290 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib :**


- Yon lèt «CH » majiskil.
- Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :
  - ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
  - ☞ **Èske lèt sa a se lèt « CH » majiskil?**
  - Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "CH" an. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo korije si nesesè.

### Egzèsis # 2 (6 mn).

- ☞ **Nou pral antoure lèt « CH » majiskil. Pou sa nou pral ranje sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 290, nimewo 2.**
- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 290, egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure konbinezon lèt « CH » majiskil ki menm jan ak modèl la.**
- Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye konbinezon ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa ou mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
- Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt « CH » majiskil?**
- Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "CH" a. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3 mn).

3- Antoure lèt majiskil CH nan chak mo.



← Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

k w l on ch b v

L ON CH W V K B

Aktivite lib

Kayò egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 281

- ☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis ak lèt « CH ». Ale nan kaye egzèsis nan paj 291 nan nimewo 3.
  - ☞ Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 291 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « CH » nan chak mo ki anba imaj la.
  - ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?
  - ☞ Chwazi plizyè plizyè elèv ki pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte epi di yo :
- ☞ Antoure menm jan ak premye lèt ki nan premye mo a, tout lòt lèt « CH » majiskil ki nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ Bay elèv yo 1 a 2 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo esplike chak lèt yo antoure ak sa yo pa antoure pou yo di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (8 mn).

- ☞ N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt « CH » majiskil toujou nan paj 291 nan nimewo 4.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 291, egzèsis # 4.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak lèt majiskil ki mache ak li a.
  - ☞ Mande elèv yo gade egzanp premye mo a byen, mande yo suivi egzanp sa a pou fèt lòt yo.
- ☞ Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ Bay elèv yo 1 a 2 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt oubyen lèt miniskil ak majiskil nou te konekte ?
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo esplike chak lèt yo konekte yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv ede yo.

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)

☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

Leson 83 ak 84 **ch CH**



chapo cheval kochon nich

b B v V g G f F d D j J  
 j j fèt fòk fot vwa mwen

chat nich chak mèch chans klòch bouch  
 chanm manch planch

ranje genyen etidye règleman vwayaje  
 aktivite patisipe ankouraje rekòmanse

richès dimanch kribich chanjman  
 chokola chifonnen kachiman

Ti sè Anita a kache deyè pye chadèk la.  
 Dominik al chèche yon flè choublak pou  
 manman li.  
 Chodyè bouyon Anita a vid.  
 Chak maten, mwen pran chemen lekòl mwen.

108 Liv 1<sup>er</sup> A.F.

## 2. Lekti nan liv

- ☞ **Kounye a, nou pral li liv lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 108 la. Ekri # 108 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Chwazi kèk elèv pou li lèt yo. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo. Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Apre sa, chwazi kèk elèv pou di son lèt ki nan liy zandolit la.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon gen difikilte pou l li yon fraz, fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

### Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

**Ch** 5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

Ch Ch Ch Ch Ch

Ch

Chodyè Chouchou a chavire.

David chèche chosèt chire a.

292 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

## 1. Trase lèt « CH » majiskil ak dwèt nou sou ban (2-3 mn)

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kin an kaye egzèsis la, nan paj 292-293. Avan elèv yo ekri lèt u tablo a, fè yo trase lèt majiskil "CH" ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo l e w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral ekri lèt majiskil « CH » anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « CH » byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou. Gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
  - ☞ Bay elèv yo 30 segond pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Gade byen. Mwen trase yon demi sèk ki kòmanse anwo adwat ki fini anba adwat. Apre sa, mwen trase 2 liy kanpe, epi pou fini, mwen trase yon ti liy kouche nan mitan de liy kanpe yo.**
  - ☞ Mande elèv yo trase lèt la anlè ak dwèt yo menm jan avèk ou.
- ☞ **Mwen trase yon demi sèk ki kòmanse anwo adwat ki fini anba adwat. Apre sa, mwen trase 2 liy kanpe, epi pou fini, mwen trase yon ti liy kouche nan mitan de liy kanpe yo.**
  - ☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt majiskil « CH » sou ban an pou kont nou.**

☞ Verifye si tout elèv yo ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon. (4-5mn)

☞ Kiyès kiyès ki ka vin ekri lèt majiskil "CH" sou tablo a, nan liy sa yo?

☞ Chwazi 8 elèv (4 fi ak 4 gason) pou vin ekri lèt « CH » majiskil sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann esplikasyon an pou yo.

☞ Mwen trase yon demi sèk ki kòmanse anwo adwat ki fini anba adwat. Apre sa, mwen trase 2 liy kanpe, epi pou fini, mwen trase yon ti liy kouche nan mitan de liy kanpe yo.

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo, pou ekri lèt majiskil « CH ». Fè yon modèl sou tablo a pou elèv yo.

☞ Tout elèv, pran kaye bouyon nou, pou nou ekri lèt majiskil « CH ». Gade modèl la byen pou nou ka fè menm jan.

☞ Pase verifye si tout elèv yo ap trase lèt la nan kaye bouyon. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann esplikasyon an pou yo.

Leson 84 CH

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

Ch CH CH CH CH

Ch

Chodyè Chouchou a chavire.

David chèche chosèt chire a.

292 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

## Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #292 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 292 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « CH » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak fraz yo epi kopye yo sou liy kaye a. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen?

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann esplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #293 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 293 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « ON » majiskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 293 la. Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen?

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann esplikasyon an pou yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 6 Li istwa a (15 mn)

☞ Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

☞ Pandan elèv yo ap li, pwofesè a pase gade si y ap suiv ak dwèt yo.

### Apremidi mwen

Apremidi enpòtan pou mwen. Mwen kite lekòl la a inè. Mwen pran chemen lakay. Lè mwen rive, mwen antre nan chanm mwen. Dabò, mwen retire inifòm, chosèt ak soulye. Mwen mete lòt rad. Apre sa, mwen tann lè manman mwen rele nou. Nou ale manje ansanm. Answit,

nou pale sou jounen lekòl la. Lè nou fini, mwen etidye epi fè devwa mwen. Pita, mwen ale teke mab ak kamarad mwen.

### Reponn kesyon

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

 *Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon.*

☞ 1. Ki tit istwa a?

2. Kisa élèv la fè an premye lè li reive lakay li?

3. Kisa li fè pandan l ap manje ak manman l?

4. Kiyès manman an rele vin manje? Eksplike repons ou.

**Repons posib**


(1) Papa elèv la ak res fanmi an. (2) Moun nan kay la. (3) Elèv la ak frè ak sè li paske li di manman mwen rele NOU vin manje. Poutèt sa mwen panse li gen lòt frè ak sè.

5. Ki dènye aktivite li fè?

### Aktivite 7 Teyat (3 mn)

☞ An n fè yon ti teyat

Kounye a, nou pral jwe yon ti teyat sou istwa nou fèk li a. Elèv la tounen lakay li. Kisa ki pase? Pran yon ti tan pou repete epi apre sa m ap chwazi kèk gwoup pou vin prezante devan klas la. Apre sa, nou pral chwazi kiyès ki fè li pi byen. N ap gade kijan nou pale, kisa nou di epi si nou itilize tout enfòmasyon istwa a.

 *Bay elèv yo 5 mn pou yo prepare ti dyalog sa. Mete yo nan gwoup 4 moun, mande yo chwazi pèsonaj yo. Apre sa chwazi 4 gwoup pou prezante devan klas la. Lè yo fin prezante mande klas la chwazi ki prezantasyon yo renmen plis epi bat bravo pou yo.*


### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

(1) Nou te aprann son ak non kobinezon lèt CH majiskil. (2) Nou te ekri lèt majiskil avèk fraz nan kaye la. (3) Nou te li istwa. (4) Nou te reponn kesyon sou istwa.

### Aktivite lib (8 mn)

 *Si gen tan ki rete fè elèv yo fè « aktivite lib » ki nan kaye egzèsis la nan paj 199. Mande elèv yo ekri kèk mo yo konnen ki gen lèt "CH" ladan yo.*



# Leson 85

## Objektif:



- Dekouvri son ak non lèt z
- Aprann ekri lèt miniskil z
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj
- Dekri yon imaj an detay
- Konprann istwa pou reponn kesyon

## Materyèl

- Liv lekti, leson 85 paj 110-111
- Kaye egzèsis, leson 85 soti paj 294 rive 297




## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin (2mn)



-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☛ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen! M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann ?**
-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

Moun manje zwazo.  
Zwazo manje zandolit.  
Zandolit manje zoranj.  
Zoranj tonbe sou zèb.  
Yo tout jwenn kichòy.

### 2. Rapèl (3mn)

-  *Ekri plizyè lèt sa yo sou tablo a : CH, Z, R, PL, V, CH, OU, W, CH, B, Y, CH. Chwazi 6 elèv pou vin antoure lèt "CH" majiskil sou tablo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka vin antoure lèt "CH" majiskil sou tablo a?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifie si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte, fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☛ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt « z » miniskil, konprann istwa pou reponn kesyon.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti la nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

-  *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou ouvri liv la anfas klas la, epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☛ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a, pou nou ouvri l nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri liv lekti a nan paj 110 la. Ekri # 110 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye.*

Leson 85 ak 86 z Z

  
zaboka

  
zanno

  
zoranj

  
kenz

15

v v g g f f d d j j ch ch

pwa blan chak chans klòch mwen kwen  
pwòch wòch wouj










zo ze baz zèb zèl zòn zen sèz zip zap  
gaz zèb trèz zanj chèz kenz

machann reveye kòmanse ankourajman

zanmi zòtèy chemiz egzèsis zaboka  
zandalit prezidan sezisman machandiz





Demen, zanmi mwen yo ap vini nan fèt mwen.  
Vandredi elèv yo pral pase egzamen kreyòl.  
Tanzantan, mwen ale gade match foutbòl sou  
katye mwen.  
Ema preferè itilize valiz nwa li a.  
Lè samdi nou toujou fè pwovizyon nan mache a.

110 Liv 1<sup>er</sup> A.F.

-  *Pwofesè a ap chwazi yon elèv pou fè sa. Si li fè li byen di li sa epi fè jès la ankò pou klas la. Si li pa fè li byen di mèsi epi raple klas la mouvman yo.*
- ☞ **Èske tout moun jwenn paj 110 la ?**
-  *Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
- ☞ **Nou pral jwe ak 4 desen sa yo.**
-  *Montre klas la desen yo, epi di :*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen zaboka a.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen zanno a.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen zoranj lan.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen kenz lan.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
-  *Vire liv la pou elèv yo ka wè desen w ap touche a. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman 4 mo nou sot di yo?**
-  *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /z/. Jodi a nou pral aprann son /z/.**

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (10 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (3mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt « z ». M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /z/, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son /z/, mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /z/. Mo a se : « zwazo ».**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : « chanm ».**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo plat sou ban an. Epi korije si nesesè.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo : zanj, joumou, zen, sen, sonnen, zòtèy, chare, zanmi.**
- Kounye a, nou pral jwe yon jwèt mwen pral di yon lèt epi n ap di mwen kèk mo nou konnen ki kòmanse ak lèt sa. Nou pare ?**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Idantifye premye son nan mo (3mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a. Mo a se zanj. « Premye son » an se : /z/. Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : zanj, joumou, sonnen, zòtèy, chare, zanmi.**

### 3. Di son lèt ak non lèt la (4 mn)

- ☞ Ekri lèt miniskil «z» sou tablo a. Fè yo repete son lèt miniskil 2 fwa.  
-Touche lèt lèt miniskil «z» pou elèv yo sou tablo a lè y ap repete son an.
- ☞ **Son lèt miniskil la se /z/.**
  - ☞ Toujou sonje touche lèt miniskil la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt miniskil la epi repete son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:
- ☞ **Ki son lèt miniskil sa a? /z/.**
  - ☞ Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt miniskil sa a «z».**
  - ☞ Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt miniskil la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:
- ☞ **Ki non lèt miniskil sa a "z"?**
  - ☞ Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt miniskil" la. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt miniskil sa a se «z», fè yo repete non lèt la.

### Aktivite 4 Rekonèt lèt CH (14 mn)

Leson 85 Z

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

o	z	k	d	z	a
e	l	z	z	l	p
a	z	d	l	a	z
p	a	z	a	z	e

2- Antoure lèt Z miniskil yo.

(z) b a z l y w t p i d z  
s z r i o z b v t p l z f  
z ò g d ch d g j z g v z  
ch d z f j v d z j ch n

294 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


- ☞ Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: en, z, ch, on, an, z, ou, ch, s, z, an, a, l, ch, v, z, k, p, i, ch, z.  
Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt miniskil lèt «z» miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure lèt «z», mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yo lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi vin idantifye lèt miniskil «z». Retounen mande menm elèv ki te gen difikilte a pou li idantifye lèt miniskil «z».
- ☞ **Èske se lèt miniskil «z» elèv la antoure?**
  - ☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Chwazi kèk lòt elèv ankò pou vin idantifye lèt miniskil «z» sou tablo a.

### Egzèsis # 1 (4-5 mn).






- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la, Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen.**
  - ☞ Ouvri kaye nan paj 294 egzèsis # 1. Ekri nimewo 294 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch?**

**Repons posib:**  
Yon lèt «z» miniskil.






  - ☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di:
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo:
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt «z» miniskil?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "z" la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo korije si nesesè.


**Egzèsis # 2 (6 mn).**

- ☞ **Nou pral antoure lèt « z » miniskil. Pou sa nou pral ranje sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 294, nimewo 2.**
  -  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 294, egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt « z » miniskil ki menm jan ak modèl la.**
  -  *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa ou mande a.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  -  *Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2 . Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt « z » miniskil?**
  -  *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "z" a. Mande elèv ki fè erè yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 3 (3 mn).**

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis ak lèt « z ». Ale nan kaye egzèsis nan paj 295 nan nimewo 3.**
  -  *Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 295 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure imaj kote nou tande son «z».**
  -  *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la non imaj li wè ki nan bwat la ?**
  -  *Chwazi plizyè elèv ki pou di non imaj kote yo tande son « z » nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte epi di yo :*
- ☞ **Antoure imaj kote nou tande son « z » miniskil ki nan bwat la. Nou konprann ? Kòmanse !**
  -  *Bay elèv yo 1 a 2 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo esplike chak imaj yo antoure ak sa yo pa antoure pou yo di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

**Egzèsis # 4 (8 mn).**

- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt « z » miniskil toujou nan paj 295 nan nimewo 4.**
  -  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 295, egzèsis # 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt miniskil « z » nan chak mo yo.**

**3- Konekte mo ki menm yo.**

<p>imaj</p> <p>RANJE</p> <p>lajounen</p> <p>Jamè</p>	<p>Lajounen</p> <p>JAMÈ</p> <p>Ranje</p> <p>Imaj</p>
--	--

**4- Ranje lèt yo nan lòd pou ou ekri yon mo ou konnen**

janti, joko, ranje, joumou

k o j a      j a k o

j t a n i      \_\_\_\_\_

j o u m o u      \_\_\_\_\_

j e a n r      \_\_\_\_\_

Aktivite lib

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 285

Mande elèv yo gade egzamn premye mo a byen, mande yo suivi egzamn sa a pou fè lòt yo.

**Nou konprann ? Kòmanse !**

Bay elèv yo 1 a 2 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt miniskil nou te antoure nan chak mo yo?**

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo esplike chak lèt yo te antoure nan mo yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv ede yo.

**Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)**

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.

**1. Lekti sou tablo**

**Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

**Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

**Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

**Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv**

**Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

Ouvri liv lekti a nan paj 110 la. Ekri # 110 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Chwazi kèk elèv pou li lèt yo. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo. Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Apre sa, chwazi kèk elèv pou di son lèt ki nan liy zandolit la.

**Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**

Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

Leson 85 ak 86      z Z

zaboka

zanno

zoranj

kenz

v V g G f F d D j J ch Ch

pwa blan chak chans klòch mwen kwen pwòch wòch wouj

zo ze baz zèb zèl zòn zen sèz zip zap gaz zèb trèz zanj chèz kenz

machann reveye kòmanse ankourajman

zanmi zòtèy chemiz egzèsis zaboka zandolit prezidan sezisman machandiz

Demen, zanmi mwen yo ap vini nan fèt mwen. Vandredi elèv yo pral pase egzamen kreyòl. Tanzantan, mwen ale gade match foutbòl sou katye mwen. Ema prefere itilize valiz nwa li a. Lè samdi nou toujou fè pwovizyon nan mache a.

110      Liv lekli 1<sup>er</sup> A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon gen difikilte pou l li yon fraz, fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

**Z** 5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

z z z z z z

Z

Leson 85 z

Chen ak chat se de bon zanmi.

Jedi, elèv yo pral pase egzamen.

296 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

**Z** 6- Kopye fraz yo sou liy kaye a.

Mwen pral vizite vwazen an.

Ana itilize valiz wouj li a.

Leson 85 z

Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 297

### 1. Trase lèt « z » miniskil ak dwèt nou sou ban (2-3 mn)

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kin an kaye egzèsis la, nan paj 296-297. Avan elèv yo ekri lèt u tablo a, fè yo trase lèt miniskil "z" ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo l' e w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ Kounye a, nou pral ekri lèt miniskil « z » anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « z » byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou. Gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.
  - ☞ bay elèv yo 30 segond pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ Gade byen. Anwo, mwen trase yon liy kouche tou kout. Epi, mwen trase yon liy panche adwat. Ansuit, mwen trase 1 liy kouche tou kout adwat.
  - ☞ Mande elèv yo trase lèt la anlè ak dwèt yo menm jan avèk ou.
- ☞ Anwo, mwen trase yon liy kouche tou kout. Epi, mwen trase yon liy panche adwat. Ansuit, mwen trase 1 liy kouche tou kout adwat.
  - ☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt miniskil « z » sou ban an pou kont nou.
  - ☞ Verifye si tout elèv yo ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.



### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon. (4-5mn)

- ☞ Kiyès kiyès ki ka vin ekri lèt miniskil "z" sou tablo a, nan liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 8 elèv (4 fi ak 4 gason) pou vin ekri lèt « z » miniskil sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann esplikasyon an pou yo.
- ☞ Anwo, mwen trase yon liy kouche tou kout. Epi, mwen trase yon liy panche adwat. Ansuit, mwen trase 1 liy kouche tou kout adwat.
  - ☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo, pou ekri lèt miniskil « z ». Fè yon modèl sou tablo a pou elèv yo.
- ☞ Tout elèv, pran kaye bouyon nou, pou nou ekri lèt miniskil « z ». Gade modèl la byen pou nou ka fè menm jan an.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv yo ap trase lèt la nan kaye bouyon. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann esplikasyon an pou yo.

### Egzèsis # 5-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #296 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 296 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « z » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt ak fraz yo, epi kopye yo sou liy kaye a. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen?
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann esplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.





## Egzèsis # 6-Ekri sou liy kaye egzèsis la.

-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri #297 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 297 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt «z» miniskil la. Apre sa mande elèv yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **N ap kontinye ekri nan kaye egzèsis la. Nou pral nan paj 297 la. Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a. Èske tout moun nan menm paj avèk mwen ?**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*


## Aktivite 7 Vokabilè (6 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.**

### 1. Premye mo a se: « katye »

- ☞ **Leve men nou si nou konnen mo katye. Kiyès ki ka eksplike mwen sa yon “katye” ye? Kisa nou ka wè landan li? Sa li sanble? Nan ki moman nou konn tande mo “katye”?**
-  *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, “katye” vle di : Espas kote yon gwoup moun abite. Kiyès ki ka di m ki jan katye li a rele ? Kisa ki ladan li? Èske li gen anpil kay? Li gen lekòl? boutik? magazen?**
-  *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ **Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo katye.**
-  *Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo.*
- ☞ **Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad li a di li?**
-  *Chwazi twa pè elèv epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.*

### 2. Dezyèm mo a se: machann

- ☞ **Leve men nou si nou konnen mo machann. Kiyès ki ka dekri yon machann pou klas la? Ki kote nou konn wè machann? Kisa yo fè? Ki kalite machann nou konnen? Nan ki moman nou konn tande mo machann a?**
-  *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè. Bay elèv yo tan pou yo reponn chak nan kesyon yo..*
- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a, machann vle di : Moun ki gen machandiz pou vann.**
- Egzanp : Andre se yon bon machann, li toujou gen anpil pwodui diferan pou l vann.**
- ☞ **Ki lòt mo nou konnen yo rele moun k ap vann machandiz?**
- Repons posib**
- (1) Vandè.
- ☞ **Ki kalite machann oubyen vandè nou konnen? Ki kote ou ka jwenn oubyen wè yon vandè?**
- Repons posib**
- (1) Mwen konn wè machann nan mache oubyen nan lari a sou twotwa a.
- (2) Mwen konn wè machann sou wout la, k ap mache a yon panye sou tèt yo.

- ☞ Kiyès ki ka di m si yo konnen yon moun ki se yon machann?
  - ☞ Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.
- ☞ Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo machann.
  - ☞ Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo.
- ☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad li a di li?
  - ☞ Chwazi twa pè elèv epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo.

### Aktivite 8 Prediksyon dapre tit (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. Nou ka sèvi ak desen oswa tit istwa a pou nou fè sa. Jodi a n ap sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Tit istwa jodi a se: « Sizè nan maten ».
  - ☞ Mande elèv yo repete tit istwa a. Apre sa di:
- ☞ Kisa ki pral pase nan istwa a dapre nou? Kiyès ki ka di mwen kisa li panse ki pral pase nan istwa a?
  - ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn kesyon an. Epi nan tout repons ou jwenn yo, chwazi 2 epi ekri yo sou tablo a.

### Aktivite 9 Li istwa a (15 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
  - ☞ Pandan elèv yo ap li, pwofesè a pase gade si y ap suiv ak dwèt yo.

#### Sizè nan maten

Chak samdi maten, fanmi mwen avè m leve bonè. Se yon bon plezi: lè nou tande katye a reveye. Nou tande kri anpil zannimo tankou: kòk ak chen.

Mwen respire bon odè jasmen nan lakou a. Mwen kontan tande vwa ak pye machann ak kiltivatè kap pase. Yo chante sou wout la lè yo pral nan mache. Mwen tande : men bon mayi zaboka ak legim.

#### Reponn kesyon

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
  1. Kijan jounen samdi a kòmanse nan katye a
  2. Ki bèt moun yo tande le maten?
  3. Kijan yo rele bri chak bèt yo fè?
  4. Ki odè ki genyen nan lakou a?
  5. Ki moun yo konn tande?
  6. Kisa vandè yo chante lè maten?
  7. Poukisa vandè yo pase bonè nan maten?



---

## Aktivite 10 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

**Repons posib:**

1. Nou te aprann son ak non lèt z miniskil.
2. Nou te ekri lèt avèk fraz nan kaye egzèsis la .
3. Nou te li istwa.
4. Nou te reponn kesyon sou istwa.

# Leson 86 Z

## Objektif:



- Dekouvri son ak non lèt Z
- Aprann ekri lèt majiskil Z
- Konprann istwa pou reponn kesyon

## Materyèl

- Liv lekti, leson 86 paj 110-111
- Kaye egzèsis, leson 86 soti paj 298 rive 301




## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### 1. Kontin (2mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann ?**
-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

Moun manje zwazo.  
Zwazo manje zandolit.  
Zandolit manje zoranj.  
Zoranj tonbe sou zèb.  
Yo tout jwenn kichòy.





### 2. Rapèl (2 mn)

-  *Ekri plizyè mo ak lèt z miniskil sou tablo a : chemiz, jwenn, zèb, kichòy, kòmanse, zouti, libète, zen, kalalou, manje, zanj. Chwazi 6 elèv pou vin antoure lèt "z" miniskil nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt "z" miniskil nan mo ki sou tablo a?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte, fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann rekonèt epi ekri lèt « Z » majiskil, konprann istwa pou reponn kesyon.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti la nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*




## Aktivite 2 Konsyans fonemik (10 mn)

### 1. Rekonèt premye son (3mn)






- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt « Z ». M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /Z/, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son /Z/, mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ?**

-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /Z/. Mo a se: « Zanj ».**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se: « labapen ».**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo plat sou ban an. Epi korije si nesèsè.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: zo, bon, chak, zòtèy, goute, zile, baz, zen, zwazo, blan, zaboka, machann, zòn, zanmi.**
- ☞ **Kounye a, nou pral jwe yon jwèt mwen pral di yon lèt epi n ap di mwen kèk mo nou konnen ki kòmanse ak lèt sa. Nou pare?**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*



## 2. Konpare premye son nan mo (3mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou 2 mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo pa kòmanse ak menm son, mete men nou plat sou ban an.**
- Pè mo a se: zile-zèl.**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt pè mo a se: zwazo-jape.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo plat sou ban an. Epi korije si nesèsè.*
- ☞ **Lòt pè mo a se: zanj-zwazo.**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt egzanp: zanmi-lekòl, van-vann, chofè-zorye, zanmi-zanj, zoranj-zòtèy, vandè-baz.**

## 3. Di son lèt ak non lèt la (4 mn)

-  *Ekri lèt majiskil «Z» sou tablo a. Fè yo repete son lèt miniskil 2 fwa.*
- Touche lèt majiskil « Z » pou elèv yo sou tablo a lè y ap repete son an.*
- ☞ **Son lèt majiskil la se /Z/.**
-  *Toujou sonje touche lèt lèt majiskil la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt majiskil la epi repete son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki son lèt majiskil sa a? / Z/.**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt majiskil sa a « Z ».**
-  *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt majiskil la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a:*
- ☞ **Ki non lèt majiskil sa a "Z"?**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt majiskil" la. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt majiskil sa a se « Z », fè yo repete non lèt la.*

## Aktivite 3 Rekonèt lèt CH (15 mn)

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: Z, p, f, Z, j, g, b, AN, Z, ou, z, l, Z, r, z, K, z, en, Z*
- Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt majiskil lèt « Z » pami lèt yo ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure lèt « Z », mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yo lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi vin idantifye lèt majiskil « Z ».*
- Retounen mande menm elèv ki te gen difikilte a pou li idantifye lèt majiskil « Z ».*
- ☞ **Èske se lèt majiskil « Z » elèv la antoure?**
-  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Chwazi kèk lòt elèv ankò pou vin idantifye lèt majiskil « Z » sou tablo a.*

Leson 86 Z

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

Z	I	Z	D	I	A
E	L	Z	I	Z	P
A	Z	D	Z	A	I
P	A	Z	A	Z	E

2- Antoure lèt Z majiskil yo.

ⓐ B A Z L Y W T P I D Z  
S Z R I O Z B V T P L Z F  
Z Ò G D C H D G J Z G V Z  
C H D Z F J V D Z J C H N

298 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (4-5 mn).

- Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la, Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen.**
- Ouvri kaye nan paj 298 egzèsis # 1. Ekri nimewo 298 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**
- Repons posib: Yon lèt « Z » majiskil.
- Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**
- Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt « Z » majiskil?**
- Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "Z" majiskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo korije si nesesè.

### Egzèsis # 2 (6 mn).

- ☞ **Nou pral antoure lèt « Z » majiskil. Pou sa nou pral ranje sèvi ak lèt yo pou nou fè sa. Toujou nan kaye egzèsis nan paj 298, nimewo 2.**
- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 298, egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Gade modèl la, antoure lèt « Z » majiskil yo.**
- Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa ou mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
- Bay elèv yo 4 mn pou yo fè egzèsis # 2. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Touche chak lèt ki nan liy yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt « Z » majiskil?**
- Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan liy yo pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "Z" majiskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3 mn).

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis ak lèt « Z » majiskil. Ale nan kaye egzèsis nan paj 299 nan nimewo 3.**
- Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 299 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

3- Antoure lèt majiskil Z nan chak mo.

				15
QABOKA	ZANNO	ZORANJ	KENZ	

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

k w l on ch v z

ON K Z CH W V L

Aktivite lib

299 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil « Z » nan chak mo ki anba bwat ki gen imaj yo.
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo. Epi li mo ki anba chak bwat yo.*
- ☞ Kiyès ki ka di klas la non imaj li wè ki nan premye bwat la ?
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv ki pou di non imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte epi di yo :*
- ☞ Antoure lèt majiskil « Z » nan chak mo ki anba bwat ki gen imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ *Bay elèv yo 1 a 2 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo esplike chak lèt « Z » majiskil yo antoure nan mo ki anba bwat ki gen imaj yo ak sa yo pa antoure pou yo di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

3- Antoure lèt majiskil Z nan chak mo.



4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

k w l on ch v z  
ON K Z CH W V L

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 299

### Egzèsis # 4 (8 mn).

- ☞ N ap fè yon dènye egzèsis toujou nan paj 299 nan nimewo 4.
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 299, egzèsis # 4.*
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la : Konekte lèt oubyen lèt miniskil ak majiskil ki menm yo.
  - ☞ *Mande elèv yo gade egzanp lan byen, mande yo suiv egzanp sa a pou yo ka fè lòt yo.*
- ☞ Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ *Bay elèv yo 1 a 2 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm. Di ki lèt miniskil ak majiskil nou te konekte?
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo esplike chak lèt yo te konekte yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv ede yo.*

## Aktivite 4 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (15 mn)

☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.*

### 1. Lekti sou tablo

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.

3- Antoure lèt majiskil Z nan chak mo.



QABOKA ZANNO ZORANJ KENZ

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.



k w l on ch v z  
ON K Z CH W V L

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 299






-  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
-  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv**


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
-  Ouvri liv lekti a nan paj 110 la. Ekri # 110 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Chwazi kèk elèv pou li lèt yo. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo. Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Apre sa, chwazi kèk elèv pou di son lèt ki nan liy zandolit la.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la?**
-  Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon gen difkilte pou l li yon fraz, fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)**

**1. Trase lèt « Z » majiskil ak dwèt nou sou ban (2-3 mn)**

-  Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti kin an kaye egzèsis la, nan paj 300-301. Avan elèv yo ekri lèt u tablo a, fè yo trase lèt majiskil "Z" ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo l' e w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral ekri lèt majiskil « Z » anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « Z » byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou. Gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
-  Bay elèv yo 30 segond pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Gade byen. Anwo, mwen trase yon liy kouche tou kout. Epi, mwen trase yon liy panche adwat. Ansuit, mwen trase 1 liy kouche tou kout adwat.**
-  Mande elèv yo trase lèt la anlè ak dwèt yo menm jan avèk ou.
- ☞ **Anwo, mwen trase yon liy kouche tou kout. Epi, mwen trase yon liy panche adwat. Ansuit, mwen trase 1 liy kouche tou kout adwat.**
-  Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt majiskil « Z » sou ban an pou kont nou.**
-  Verifye si tout elèv yo ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

**2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon. (4-5mn)**

- ☞ **Kiyès kiyès ki ka vin ekri lèt majiskil "Z" sou tablo a, nan liy sa yo?**
-  Chwazi 8 elèv (4 fi ak 4 gason) pou vin ekri lèt « Z » majiskil sou tablo a. Si yo gen difkilte, reprann espikasyon an pou yo.



## 2. Lekti youn pa youn



Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 gason epi 3 fi). Ede yo si yo gen difikilte. Pou fini, fè kèk elèv pase devan yonn pa yonn pou vin istwa a pou klas la ak bon ton. Felisite yo e ankouraje yo si yo te fè sa byen.

### Reponn kesyon

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.



Chwazi yon fi ak yon gason pou reponn chak kesyon.

- ☞ 1. Ki tit istwa a?
- 2. Kisa kiltivatè konn fè?
- 3. Kisa machann nan ap vann?

Repons posib:

(1) Li ap vann fwi ak legim. (2) Li ap van viv. (3) Li ap vann zoranj. (4) Mwen pa konnen kisa li ap vann, istwa a pa di sa.

- 4. Kisa machann yo di nan chan an?
- 5. Lè y ap respire nan maten ki odè yo pran?
- 6. Di non bèt yo tande kri yo?

### Aktivite 7 Teyat (5 mn)

☞ An n fè yon ti teyat

Kounye a, nou pral jwe yon ti teyat sou istwa nou fèk li a. Moun kay yo leve epi yo tande machann yo. Yo decide yo pral achte sa yo bezwen pou jounen an. Kisa konvèsasyon yo sanble?



Bay elèv yo 5 mn pou yo prepare ti dyalog sa. Mete yo 2 pa 2, mande yo chwazi pèsonaj yo. Apre sa chwazi 4 gwoup pou prezante devan klas la. Lè yo fin prezante mande klas la chwazi ki prezantasyon yo renmen plis epi bat bravo pou yo.

### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a?

Repons posib:

(1) Nou te aprann son ak non lèt Z majiskil. (2) Nou te ekri lèt yo avèk fraz nan kaye egzèsis la. (3) Nou te li istwa. (4) Nou te reponn kesyon sou istwa.

### Aktivite lib (8 mn)



Si gen tan ki rete fè elèv yo fè « aktivite lib » ki nan kaye egzèsis la nan paj 299 la. Mande elèv yo ekri lèt ak kèk mo yo te wè nan leson jodi a.



# Leson 87 Revizyon ch CH z Z

## Objektif:



- Revize son ak non lèt ch, ak lèt z.
- Revize lèt ch, CH, ak lèt z, Z pami plizyè lèt.
- Ekri lèt miniskil ak majiskil ch, CH ak lèt z, Z.
- Dekri imaj an detay.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj.

## Materyèl

- Liv lekti, leson paj 112-113
- Kaye egzèsis, leson 80 soti nan paj 302 rive 305




## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1. Kontin (2mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann ?**
-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


Tout moun pote kole,  
pou nou fè lapwòpte.  
N ap wouze, n ap bale.  
N ap jete fatra nan poubèl,  
pou katye nou ka bèl.


## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5 mn)

-  *Ekri mo sa yo sou tablo a: chalè, zwazo, chanm, adwat, chwèt, zile.*
- ☞ **Mwen pral di yon lèt. Nou pral chwazi yon mo sou tablo a ki gen lèt sa a. Lèt la se (ch).**
-  *Chwazi yon elèv pou bay repons lan. Mande lòt elèv ede li si nesesè. Kontinye avèk lèt z.*
- Chwazi yon elèv pou reponn chak mo yo. Pa kite elèv yo chwazi mo ki chwazi deja.*
- ☞ **Kounye a, nou pral jwe yon jwèt mwen pral di yon lèt epi n ap di mwen kèk mo nou konnen ki kòmanse ak lèt sa. Nou pare ?**
-  *Chwazi 3 elèv pou chak lèt. Fè egzèsis sa vita k anpil gete. Fè lik ak lèt ( i, ch, en, j, n, f, ou, en, a, i, o, k, z, r).*





 *Pase gade travay elèv yo pou w ka korije si nesèsè. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li byen.*

 **Nou te ekri mo, kounye a nou pral ekri yon fraz. Mwen ap li fraz la plizyè fwa pou nou. M ap li fraz la dousman. Nou pare ? M ap li fraz la yon premye fwa. Poko ekri men koute byen. Yè, Erik ak David te jwe foutbòl nan stad la.**


**Kounye a, mwen pral li fraz la ankò. M ap li fraz la Dousman. Yè/ Erik ak David / te jwe foutbòl / nan stad la.**

**Pran yon ti tan pou nou ekri li. Mwen pral li fraz la ankò.**


**Yè/ Erik ak David / te jwe foutbòl / nan stad la.**

**M ap li yon dènye fwa: Yè/ Erik ak David / te jwe foutbòl / nan stad la.**


**Kounye a, nou pral korije ansanm. Mwen pral chwazi two moun vin ekri sou tablo a fraz la.**


 *Mande elèv yo korije si yo fè erè nan mo yo. Mande yo pase yon trè sou mo ki pa byen ekri a epi fè koreksyon an.*


## Aktivite 5 Lekti lèt, silab, mo ak fraz (10 mn)


 *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd, lèt, silab ak mo yo.*

Leson 87 Revizyon ch CH z Z


 g G f F d D j J ch Ch z Z


 lèt fab sid vle dam vid krab chèz janm mwen


 jenou zoranj navige deside korije egzèsis finalman revizyon


 Radyo a bay nouvel peyi a chak apre midi. David pèdi pati domino a. Mwen envite zanmi mwen yo vin lakay mwen. Chodyè bouyon Anita a vid. Mwen renmen jaden ki tou pre lakay mwen an. Bra Nina ap fè li mal. Li pral pran medikaman pou sa. Direktè lekòl la pa vle timoun yo fè bri.

### 1. Lekti sou tablo


 **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo sou tablo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo pou nou ka li yo byen.**


 *Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.*

 **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, ak mo sou tablo a youn pa youn. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo ki sou tablo a pou chak elèv ka li.**


 *Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.*

### 2. Lekti nan liv

 **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 *Ouvri liv lekti a nan paj 112 la. Ekri # 112 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab ak mo yo nan liv lekti a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li a. Chwazi kèk elèv pou li lèt yo. Lè yo fini, chwazi lòt elèv ankò pou di son lèt yo sot di a. Mande yo touche ak dwèt yo chak lèt ak chak mo y ap li. Sonje chwazi elèv ki poko ka li byen pou li. Ankouraje lòt elèv ki li byen ede sa ki poko ka li yo. Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Apre sa, chwazi kèk elèv pou di son lèt ki nan liy zandolit la.*

 **Kiyès ki ka li liy zandolit la pou tout klas la**

 *Verifye si elèv yo ap li lèt yo byen. Fè menm jan an pou liy palmis, bis, anana, chat ak pwason. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

## Aktivite 6 Vokabilè (5 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### 1. Premye mo yo se: "telefòn selilè"

- ☞ Leve men nou si nou konnen mo « telefòn selilè ». Kiyès ki ka di m kisa yon "telefòn selilè" ye? Kisa li sanble? Nan ki moman nou konn tande mo "telefòn selilè"?
  - ☞ *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn, ankouraje osinon korije, si nesesè.*
- ☞ Nan istwa jodia a "telefòn selilè" vle di: "Yon telefòn se yon aparey ki pèmèt moun kominike. Yon selilè se yon kalite telefon pòtatif. Sa vle di moun ka deplase ak li. Yo pote li nan pòch oubyen nan sak yo ». Egzanp: Manman Kati gen yon nouvo "telefòn selilè"; li toujou mete li nan pòch li lè li soti. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo telefòn selilè.
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo.*
- ☞ Kiyès ki vle pataje ak klas la sa kamarad li a di li?
  - ☞ *Chwazi twa pè elèv epi mande yo pataje ak klas la sa kamarad yo te di yo*

## Aktivite 7 Lekti (15 mn)

- ☞ Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a, nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil. Nou pral li istwa an de pati. Ale nan liv lekti a paj 113.
  - ☞ *Fè yo li premye pati istwa a. istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil fot. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li pou kont yo.*

### Bouki ak Malis

Samdi pase, Bouki te kontan. Li te fèk achte yon telefòn nan men Malis. Apre sa, li eseye telefòn nan. Malezman, li pa mache.

- ☞ *Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm pati istwa a 2 pa 2 pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute 2 elèv byen. Si yo li 8 mo byen nan 10 mo: ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm pati istwa a pou kont yo.*

Pandan Malis chita lakay li, Bouki parèt. Li wè Bouki byen fache. Li mande li sa li genyen. Bouki reponn li : telefòn nan pa bon ! Malis di: eskize m Bouki. Mwen pral chanje telefòn nan pou ou. Apre sa, zanmi yo antann yo.

- ☞ *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo: li istwa ansanm avèk klas la 2 fwa dousman pandan y ap suiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi Chèche kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

### Reponn kesyon

- ☞ Koute epi reponn kesyon sa yo sou istwa nou te li a.
  1. Ki moun ki te vann Bouki telefòn selilè a?
  2. Ki moun Bouki te rele ak telefòn nan?

3. Ki kote li te jwenn Malis?
4. Èske Bouki te fache?
5. Kisa Bouki genyen?
6. Kisa Malis te fè?
7. Èske Bouki ak Malis te antann yo?

# ANÈKS

## Leson 38 k K

★	K	a = ka	an → k = ank
		è = kè	ou → k = ouk
		o = ko	a → k = ak
		i = ki	o → k = ok
		e = ke	è → k = èk

## Leson 38 en EN

	Pl → en = Plen	s → en = sen	m → en = men
★	p → en = pen	t → en = ten	
	K → en = Ken	n → en = nen	

## Leson 43 ak 44 en EN

★	R	a = Ra	R	è = Rè
		an = Ran		e = Re
		i = Ri		ou = Rou

## Leson 45 ak 46 y Y

★	y	ou = ya	y	o = yo	a → y = ay
		i = yi		an = yan	e → y = ey
		ò = yò		en = yen	en → y = eny
		a = ya		è = yè	è → y = èy

## Leson 54 ak 54 on ON

	Pl → on = Plon	s → on = son	m → on = mon
★	p → on = pon	t → on = ton	
	K → on = Kon	n → on = non	

### Leson 55 ak 56 w W

★	w	a	= wa	an	→	w	= anw
		è	= wè	ou	→	w	= ouw
		o	= wo	a	→	w	= aw
		i	= wi	o	→	w	= ow
		e	= we	è	→	w	= èw

### Leson 58 ak 59 ò Ò

★	F	→ ò	= fò	s	→ ò	= sò	m	→ ò	= mò
	l	→ ò	= lò	t	→ ò	= tò			
	k	→ ò	= kò	n	→ ò	= nò			

### Leson 60 ak 61 b B

★	b	a	= ba	an	→	b	= anb
		è	= bè	ou	→	b	= oub
		o	= bo	a	→	b	= ab
		i	= bi	o	→	b	= ob
		e	= be	è	→	b	= èb

### Leson 63 ak 64 v V

★	v	a	= va	an	→	v	= env
		è	= vè	ou	→	v	= ouv
		o	= vo	i	→	v	= iv
		i	= vi	a	→	v	= av
		e	= ve	è	→	v	= èv

### Leson 73 ak 74 g G Gr

★	g	a	= ga	an	→	gr	= angr
		è	= gè	ou	→	gr	= ougr
		o	= go	a	→	gr	= agr
		i	= gi	o	→	gr	= ogr
		e	= ge	è	→	gr	= ègr



Leson 75 ak 76 f F

★	f	a	= fa	an	→	f	= anf
		è	= fè	ou	→	f	= ouf
		o	= fo	a	→	f	= af
		i	= fi	o	→	f	= of
		e	= fe	è	→	f	= èf

Leson 78 ak 79 d D

★	d	a	= da	an	→	d	= and
		è	= dè	ou	→	d	= oud
		o	= do	a	→	d	= ad
		i	= di	o	→	d	= od
		e	= de	è	→	d	= èd

Leson 80 ak 81 j J

★	j	a	= ja	an	→	j	= anj
		è	= jè	ou	→	j	= ouj
		o	= jo	a	→	j	= aj
		i	= ji	o	→	j	= oj
		e	= je	è	→	j	= èj

Leson 83 ak 84 ch CH

★	ch	a	= cha	an	→	ch	= anch
		è	= chè	ou	→	ch	= ouch
		o	= cho	a	→	ch	= ach
		i	= chi	o	→	ch	= och
		e	= che	è	→	ch	= èch

Leson 85 ak 86 z Z

★	z	a	= za	an	→	z	= anz
		è	= zè	ou	→	z	= ouz
		o	= zo	a	→	z	= az
		i	= zi	o	→	z	= oz
		e	= ze	è	→	z	= èz

Fin  
2018